# IУАЩХЬЭМАХУЭ

12+

ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

**июль 4 август**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий,
БищIо Борис, Гъут Iэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид,
Тэтрокъуэ Астемыр, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2020

# Псалъащхьэхэр

## ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ ирокъу


**Мыкъуэжь Анатолэ.** Зыужьыныгъэм и шэсыпIэ........................................ 3
**НэщIэпыджэ Замирэ.** Хэку зауэшхуэм и лIыхъуэжьхэм – ЩIыхь!.... 6
**Тхьэгъэзит Зубер.** МафIэ мыужьых. *Усэ* ................................................... 11
**Гъубжокъуэ Лиуан.** Автобус къэувыIэпIэм деж. *Усэ* ............................ 12
**КIэщт Мухьэз.** Дэшхуей гуэрэн. *Усэ* ........................................................ 12
**Ацкъан Руслан.** «Аргуэру нэгум къысфIыщIохьэ зауэр...». ЛъэIу. *Усэхэр* ................................................................ 14
**Мыкъуэжь Анатолэ.** «Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну...». Макъхэр. *Усэхэр* ...................................................... 15
Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм яуса урыс уэрэд цIэрыIуэхэр.................. 17
**КIыщокъуэ Алим.** Щынэхужьыкъуэ. *Романым щыщ пычыгъуэхэр* ............................................................. 28


## ЖьантIэ

*ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий илъэс 80 ирокъу*


**ТIымыжь Хьэмыщэ.** ЛъэпкъылI Iумахуэ................................................ 65
**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Литературэ щIэныгъэм гъуэгу нэху щыхэзыша............................................................ 69
**БакIуу Хъанджэрий.** Шэрджэс поэзием и зыужьыныгъэ гъуэгуанэр................................................................ 73


## Усыгъэ


**Пушкин Александр.** Онегин Евгений. *Усэу тха романым щыщ едзыгъуэхэр* ......................................... 96


## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** XX лIэщIыгъуэм и 60-80 гъэхэм къэбэрдей новеллэм зэрызиужьар............... 143


## Публицистикэ


**Аброкъуэ Беллэ**. ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ................................. 151


## IуэрыIуатэ


Нарт хъыбархэр..................................................................................... 154


## Дэ къытхуатх


**Шыпш Залинэ.** Я гум фIыкIэ къинащ....................................................... 156

Псалъэзэблэдз........................................................................................... 158

# Зыужьыныгъэм и шэсыпIэ

Илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, дунейпсо зыужьыныгъэм и япэ гулъхэр къэтIэпIу щыхуежьа лъэхъэнэм, нобэ зи цIэр ямыщIэж усакIуэ гуэр, гущIыхьэ щыхъуу, щIэупщIэгъащ: «ИIэну кIэ цIыху гужьгъэжьым?!» А зэман жыжьэм къыщыщIэдзауэ цIыху хейуэ щыIэм я хъуэпсапIэщ я уафэр къащхъуэу, я щIылъэр щхъуантIэу, я бын япIыжрэ я гуащIэ хьэлэлым къыпэкIуар IэфIу яшхыжу дунейм тетыныр. АрщхьэкIэ щыIэщ а хъуэпсапIэ нэхум и бий кIэуфIыцIхэр. Ахэр нэпсеягъэр зи псэм псыдыуэу къыщIэф, ахъшэмрэ мылъкумрэ зи нэр къыщхьэрипхъуа, цIыху гуауэмрэ гузэвэгъуэмрэ гухэхъуэ хэзылъагъуэ, зауэр фейдэ хэкIыпIэ щIыныр зи нэрыгъ бзаджэнаджэхэрщ. Апхуэдэхэм ЩIым и бынжэу зыкъалъытэж икIи шэч лъэпкъ къытрахьэркъым Дунейм и тепщэу щытыну езыхэм зэрахуэфащэм. Я мурад Iейхэр зрагъэхъулIэн папщIэ, абыхэм я гъуэгум къащыпэщIэхуэ псори хьэдэлъэмыж зэтращIэ. А Iиблис щылъхухэрщ цIыхубэр игъащIэ лъандэрэ бэлыхь хэзыдзэр – зауэ-банэ хэзымыгъэкIыр.

Зауэр щхьэм къимытIасэ щIэпхъаджагъэщ, гущIэгъуншагъэщ, хьэдэгъуэдахэщ. Къыпхуэмылъытэн хуэдизщ абы мыгъуагъэрэ тхьэмыщкIагъэу къишэр. ЦIыху бжыгъэншэхэр зэрыхэкIуадэм, ныкъуэдыкъуэ зэрыхэхъухьым нэмыщI, зауэм щIыуэпсым и дахагъэмрэ и беигъэмрэ Iисраф зэтрещIэ, лIэщIыгъуэ минхэр зи ныбжь культурэм и Iэужь лъапIэхэр зэтрекъутэ, сабий зеиншэхэмрэ зи нэм нэпс къыщIэмынэжа фызабэ тхьэмыщкIэхэмрэ мин бжыгъэкIэрэ къызэренэкI, цIыхугухэм шынагъэрэ фIэщмыхъуныгъэрэ ирелъхьэ, цIыхупсэхэм мыкIуэдыжын фэбжь яредз, зи гъащIэр зэтекъута щIэблэ гугъапIэншэхэр губгъуэжьым къренэ.

Ахэращ зауэр хьэкIэкхъуэкIагъэу щыIэм я нэхъыкIэу къыщIэлъытапхъэр. Аращ цIыху хейуэ щыIэм я нэлат зауэ зэщIэгъэстакIуэхэм щIалъыгъэсыпхъэр.

Зы зауэ лIэужьыгъуэ закъуэщ бгъэзахуэ хъуну щыIэр. Ар ущалъхуа Хэкур иубыду пщылIыпIэ уригъэувэн мурадкIэ къыптеуэ бийм иращIылIэ зауэрщ. ДэркIэ апхуэдэ щхьэхуитщIыжакIуэ зауэу щыташ Хэку зауэшхуэр.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и мафIэсым ЩIы хъурейр зэщIилыпщIэным зымащIэщ иIэжар. И гъуэм имыхуэжу къежьа благъуэ фIыцIэм и мурадащ дыгъэр иубыду дунейр кIыфIыгъэм щIригъэлъэфэну. АрщхьэкIэ нэхугъэм и телъхьэхэм къызэпаудащ а мурад фIейр. Псом хуэмыдэу абы удын жагъуэ езыдзар совет зауэлIхэрщ, совет цIыхубэрщ.

... 1941 гъэм июным и 22-м пщэдджыжьыр сыхьэти 4-м нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къытеуат. Лэжьэгъуэ махуэр хьэлэлу къезыхьэлIа гуащIэрыпсэухэр гъэмахуэ жэщым и жьыбгъэ щабэм IэфIу щIэжеикIырт. Зи нэ жей къемыкIуэр курыт еджапIэр къэзыух ныбжьыщIэхэрт – хъуэпсапIэ дахэхэр зи гум щыпхъэру нэхущ пшэплъым IущIэну зи мурадхэрт. Иужьрей уэзджынэр къызыхуеуагъащIэу гъащIэм лъэбакъуэщIэ хэзычэ а щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ, я гуращэхэр яIэщIигъэхуу, къахэIуащ гуIэгъуэм и тхьэгъуш макъ. Ди Хэкум и уафэ къащхъуэр яуфэбгъуащ нэмыцэ кхъухьлъатэхэм, ди щIыналъэм

къизэрыгуащ биидзэ бжыгъэншэхэр. КъуэкIыпIэ пшэплъыр кърiIащ къэрал гъунапкъэр зыхъумэ ди сэлэтхэм я лъым. Абыхэм яхуэщыгъуэ хуэдэ, нэхущ бзу цIыкIухэми я жьгъыру макъыр пачащ. Абдеж къэIуащ псэзэпылъхьэпIэ ихуа Хэку-анэм и джэ макъ! ИкIи ди къэралышхуэм лъэпкъыу исыр зылI и быну зэкъуэувэри блыну пэщIэуващ лъэгущIэтын дищIын мурадкIэ къежьа бий хьэщхьэрыIуэм.

Лъыпсрэ нэпскIэ гъэнщIа гъуэгуанэ гугъу къызэпачащ ди цIыхухэм. ЦIыкIуи ини, жьыи щIэи – зэрыкъэралу къэмылэнджэжу пэщIэтащ ди лъапсэм псы изыгъэжыхьыжыну зи гугъа бий ерум.

1945 гъэм майм и 9-м ди ТекIуэныгъэкIэ иухащ илъэсиплI зи кIыхьагъа а зауэ гъуэгуанэ хьэлъэр – Хэку зауэшхуэр. Кремлыщхьэм къыщхьэщыт вагъуэ къуапитхур нэхъри къызэщIэлыдащ, салют бжыгъэншэхэм щхъуэкIэплъыкIэу къызэщIагъэнэхуащ ди Хэкум и уафэ къащхъуэр. ГуфIэгъуэ нэпсымрэ гуауэ нэпсымрэ яфIызэхэлъэдэжауэ, цIыхухэм щIагъэкIырт ТекIуэныгъэм и нэпс!

Зауэ куэд кърагщIылIащ Урысейм. Ауэ ар зэи зыми лъэгуажьэмыщхьэу хуэгъэувакъым. Къэхъуакъым къытеуа бийм ар щыпэмылъэща – джатэ къихакIэ къыхуэкIуар а иIыгъа джатэм щытемыкIуэдэжа!

Аращ ноби: фIыкIэ къытлъихьэм – фIыуэ дыкъыхущIэкIынущ, IейкIэ къытщишэм – фIы щIихынукъым.

Зауэмрэ мамырыгъэмрэ литературэ псом и темэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къогъуэгурыкIуэ Гомер и деж къыщыщIэдзауэ. Зы лъэпкъи щыIэу къыщIэкIынкъым зауэм къихьа гузэвэгъуэхэмрэ зи гуащIэкIэ псэужхэм я плъапIэ мамырыгъэмрэ яхуэфэщэн тхыгъэкIэ пэмыджэжауэ. Адыгэ литературэми увыпIэшхуэ щаубыд а темэхэм. ИкIи жыIапхъэщ зауэмрэ мамырыгъэмрэ ятеухуауэ ятхахэм я нэхъыфIыпIэм ди тхакIуэ пажэхэм я IэдакъэщIэкIхэри – ар прозэуи щIы, усыгъэуи щрырет – зэращыщыр. Псом хуэмыдэу а темэхэр кууэ, гъащIэм и пэжыр я лъабжьэу, щызэпкърыхащ зауэм и курыкупсэм хэта ди тхакIуэ нэхъыжьхэм я тхыгъэхэм.

Зауэ лъэхъэнэм, зауэ нэужь илъэс хьэлъэхэм, мамырыгъэм ятеухуауэ утыкушхуэ узэрихьэ хъун тхыгъэ купщIафIэхэр я Iэдакъэ къыщIэкIащ ди тхакIуэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми.

Мамырыгъэр зыузэщIыныгъэм, цIыхугъэм, дахагъэм я шэсыпIэщ. Дунейр мамыру екIуэкIмэщ щIэныгъэми, культурэми, литературэми, гъащIэм и адрей IэнатIэхэми зыщебгъэужьыфынур, а зыужьыныгъэр цIыхум и фейдэ зыхэлъхэм, къэкIуэну щIэблэхэм я насыпым щыхуэбгъэлэжьэфынур.

Iэщэ къыщIэпщтэн щхьэусыгъуэ уимыIэу, уи мурад дахэхэр зэбгъэхъулIэу дунейм утетыныр, шэч хэмылъу, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ насыпышхуэщ. Аращ цIыхухэмрэ къэралхэмрэ, зауэ-банэ хэмыту, зэгурыIуэн, сыт хуэдэ Iуэхуми псалъэкIэ унафэ тращIыхьын щIыхуейр. Апхуэдэ лъагапIэ цIыху акъылыр нэсатэмэ, шэч лъэпкъ къытумыхьэжу жыпIэ хъунут фIы зигу илъ псоми я мурад нэхъыщхьэр къайхъулIауэ. АрщхьэкIэ а хъуэпсапIэ нэхур уэгум къыщыблэ вагъуэ жыжьэу мызэкIэ тпэIэщIэщ.

ЩIы щIагъым мэкъумэш щызыщIэ гуэрхэр ноби яужь итщ Урысейр и пIэ кърашу имылэжьыпхъэ ирагъэлэжьыну. АрщхьэкIэ ди къэра-

лыр ящыщкъым нэуфIыцIщхьэрыуэу мылгъурыджейм нытелъадэхэм. ЗэпIэзэрытущ, зэпэшэчауэщ ар сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыбгъэдыхьэр.

МынэхъыфIу пIэрэт гъащIэм и псынэр зыгъэутхъуэну, уеблэмэ изыгъэгъущыкIыну хэт а щхьэзыфIэфIхэр зыщIэгупсысыжамэ, Урысейм и тхыдэм зэ ириплъэжу икъукIэ зэрыщхьэрыуэр къагурызыгъэIуэжын дерс къыхахамэ?! Шэч хэмылъу, нэхъыфIт.

ЦIыхуу щыIэм псэупIэ закъуэу диIэр мы ЩIы хъурейрщ. Аращ ар, нэр напIэм зэрихъумэм хуэдэу, тхъумэн, дгъэфIэн, дгъэлъэпIэн щIыхуейр. Аращ фIы зигу илъ псори нэхъри зэкъуэувэу мамырыгъэм и телъхьэ къару лъэщу къыщIэувыпхъэр. Аращ мы дунейм тхакIуэу тетыр, къалэмыр я Iэщэу, ем пэувын щIыхуейр.

Дунейр къызыхуигъэщIар залымыгъэкъым, мыгъуагъэкъым, хьэзабкъым.

Дунейр къызыхуигъэщIар гуфIэгъуэщ, гуапагъэщ, фIылъагъуныгъэщ, насыпщ.

ЩIыр щIыщыIэр сабий къыщалъхунырщ, ЩIыр щIыщыIэр къыщыкIынырщ гуэдз!

Ди къэралышхуэм и дэнэ щIыпIи Iэтауэ щагъэлъэпIащ Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур.

ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьыжахэм ди щхьэр яхудогъэщхъ!

Ирехъу ди Хэку уардэр нэхъри быдэ икIи лъэщ!

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым*
*и редактор нэхъыщхьэ*

# Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм – ЩIыхь!

1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м, Москва и Утыку Плъыжьым ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкIауэ щытащ, нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр Хэкум ирахужу совет лъэпкъыр Хэку зауэшхуэм зэрыщытекIуам и щIыхькIэ.

Илъэс 75-рэ дэкIри, ТекIуэныгъэ Иным и щIыхькIэ парадыр а махуэ дыдэм, мэкъуауэгъуэм и 24-м, екIуэкIащ. Гъэ къэс накъыгъэм и 9-м зэхашэ зэхыхьэшхуэр мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м щIагъэIэпхъуам и щхьэусыгъуэр коронавирус уз зэрыщIалэм дызригъэува щытыкIэ гугъурщ.

Махуэр дыгъэпсрэ Утыку Плъыжьым щызэхуэсахэр нэфIэгуфIэу екIуэкIащ парадыр. Абы хэтыну Урысейм къэкIуат Абхъазым и Президент Бжание Аслъэн, Белоруссием и Президент Лукашенкэ Александр, Къэзахъстаным и Президент Токаев Къасым-Жомарт, Къыргъызым и Президент Жээнбеков Сооронбай, Молдавием и Президент Додон Игорь, Сербием и Президент Вучич Александр, Таджикистаным и Президент Рахмон Эмомали, Узбекистаным и Президент Мирзиёев Шавкат, Осетие Ипщэм и Президент Бибилов Анатолий, Босниемрэ Герцеговинэмрэ я Президиумым сербхэм я лIыкIуэу хэт Додик Милорад.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа парадым хэтащ дзэм къулыкъу щызыщIэу мин 14-м щIигъу, дзэ техникэу 200-м щIигъу, кхъухьлъатэрэ вертолёту 75-рэ.



Парадыр езыгъэкIуэкIар армэм и генерал, ЛъэсырыкIуэдзэм и командующэ нэхъыщхьэ Салюков Олегщ, абы парадыр и пащхьэ иришащ Урысей Федерацэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр, армэм и генерал Шойгу Сергей.

Парадым и пэщIэдзэм, хабзэ зэрыхъуам тету, Урысей Федерацэм и ТекIуэныгъэм и дамыгъэмрэ Къэрал ныпымрэ утыку кърахьащ бэракъзехьэхэм. ЛъэсырыкIуэу Утыку Плъыжьым къихьащ расчёт 40-м щIигъу, абыхэм яхэтт IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэм я дзэ частхэм, дзэ къулыкъущIапIэхэм щыщ офицерхэр, сержантхэр, сэлэтхэр, дзэ еджапIэхэм я курсантхэр, Суворовым, Нахимовым я цIэхэр зезыхьэ училищэхэм щIэсхэр, кадетхэмрэ юнармейцхэмрэ.

Урысеидзэм къулыкъу щызыщIэхэм я гъусэу Москва и Утыку Плъыжьым къихьащ Азербайджаным, Арменией, Белоруссием, Индием, Къэзахъстаным, Къыргъызым, Китайм, Молдавием, Монголием, Сербием, Таджикистаным, Туркменией, Узбекистаным щыщ дзэ гупхэр.

Псоми яцIыхухэм нэмыщI, а махуэм ягъэлъэгъуащ дзэ техникэщIэу 20. Юбилей парадым хэтт нэхъ лъэщ ящIа Т-90М, Т-80БВМ танкхэр, БМП-2, БМП «Курганец-25», БМП «Армата» дзэ машинэхэр, «Деривация-ПВО» зенитнэ артиллерие комплексыр, «Бук-МЗ» зенитнэ ракетэ комплексыр, ракетэ системэхэу С-350 «Витязь»-мрэ С-300В4-мрэ, топгъауэ комплекс «Панцирь-СIМ»-р, нэгъуэщIхэри.

Уэгум щыдиIэ къарур къагъэлъагъуэу гуп 16 хъу кхъухьлъатэ 75-рэ блэлъэтащ. Абыхэм яхэтт Ми-26, Ми-8, Ми-35, Ка-52, Ми-28 вертолётхэр, А-50, Ил-76, Ту-95, Ту-22, Ту-160, Ил-78 кхъухьлъатэхэр, МиГ-29, Су-24 кхъухьлъатэ гупитIыр, уэгум щекIуэкIа теплъэгъуэр зэхуащIыжащ МиГ-31К, Су-57 кхъухьлъатэ гупитIым, итIанэ Су-25

штурмовикихым Урысей Федерацэм и ныпым и плъыфэхэр къапихыу телъыджэу уэгум иташ.

Парадым къыщызэхуэсахэм захуигъэзащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир:

– ПщIэ зыхуэсщI ветеранхэ, Урысейм и цIыхухэ, хамэ къэралхэм къикIа хьэщIэхэ, сэлэтхэ, матросхэ, сержантхэ, старшинахэ, мичманхэ, прапорщикхэ! ПщIэ зыхуэсщI офицерхэ, генералхэ, адмиралхэ!



Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъумкIэ сынывохъуэхъу! Планетэ псом и къэкIуэнур илъэс пщIы бжыгъэкIэ зыубзыхуа, нэхъ ин дыдэу, мыхьэнэшхуэ зиIэу тхыдэм къыхэна ТекIуэныгъэмкIэ сынывохъуэхъу.

Путиным жиIащ илъэс 75-рэ ипэкIэ мэкъуауэгъуэм и 24-м Кремлым деж ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкIауэ зэрыщытар. Ар тхыдэм къыхэнащ нэрымылъагъу къарум и джэлэсу, фIыр Iейм, мамырыгъэр зауэм, гъащIэр ажалым зэрытекIуэм я нэщэнэу. Абы щыгъуэм хэкум и хъумакIуэ лъэрыхьхэм утыкум щыхыфIадзат зэрыпхъуакIуэхэм я ныпхэмрэ штандартхэмрэ, ар и щыхьэтт захуагъэ зэрыщыIэмрэ лей зэрамыгъэгъунумрэ.

– Утыку Плъыжьым ирикIуа полкхэм я дэтхэнэ лъэбакъуэми нэрымылъагъуу ди нэгу къыщIагъэуващ Хэкум щхьэкIэ зэуа дэтхэнэ зыри, ТекIуэныгъэр къытхуахьу къэкIуэжахэри, зауэ губгъуэм къина ди хэкуэгъу мелуанхэри. Нобэ ди щхьэр яхудогъэщхъ зауэм хэкIуэдахэм, дунейм ехыжа ветеранхэм, – къыпищащ Президентым. – Дэ зэи тщыгъупщэнукъым нацизмэм зыIэщIилъхьа совет цIыхухэр, Совет Союзым и республикэхэм ис лъэпкъхэм ящыщхэр. Ахэр зылI и быну зэкъуэувэри, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу зэуащ. Езыхэм я хэкур кърагъэла нэужь, адэкIи кIуащ – Европэ къэралхэр зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIахыу, Холокост шынагъуэм и лъэужьыр ягъэкIуэду, нацизмэм и жыпхъэ мыхъумыщIэм Германием и цIыхубэр щахъумэу. Нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ Армэ Плъыжьыр мыхъуамэ, дунейм къыщыхъуну щыта шынагъуэр.

Абы и сэлэтхэр зыхущIэкъуар зауэтэкъым, къэрал къэзэуныртэкъым, щIыхьрэ пщIэрэтэкъым, атIэ къатегуплIа бийр ирагъэкIуэтыжу

текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэу я хэкужь къагъэзэжынырт. ИкIи уасэшхуэ щIатащ Европэм и щхьэхуитыныгъэм: хамэщI губгъуэхэм я щхьэхэр щагъэтIылъащ ди зауэлIхэм.

Дэ ди къалэныр ахэр зыщыдмыгъэгъупщэнырщ. Тщыгъупщэ хъунукъым нацизмэм езэуэнымкIэ нэхъ хьэлъэ дыдэр совет цIыхубэм къазэрытещIар.






1941 гъэм Германием IэщэкIэ зэщIэузэда и къарум и процент 80-р Совет Союзым къыпэщIагъэуват. Ауэ а къару гущIэгъуншэр совет цIыхубэ зэкъуэтым и пащхьэ щымахэу къыщIэкIащ.

Ди цIыхухэм я фIыгъэкIэ дэ шынагъуэшхуэ къызэднэкIащ, гущIэгъуншагъэм дытекIуащ. Ди зауэлIхэм зэтракъутащ бийм и дивизие 600-м щIигъу, кхъухьлъатэрэ танкыу къыдэбгъэрыкIуам я процент 75-р зэхакъутащ икIи зауэр и кIэм нагъэсри, ТекIуэныгъэр къытхуахьащ.

Мис аращ зауэм и пэжыпIэр. Дэ ар тхъумэн, къыдэкIуэтей щIэблэм я деж нэтхьэсын хуейщ. Мис а пэжращ нобэрей парадри зытеухуар, а пэжым и лъагъуэм ирикIуа ди зауэлIхэрщ, ЕтIуанэ дунейпсо зауэм кIэ езытахэрщ.

Нобэ урысей дзэм хэтхэм я гъусэу парадым ирикIуэнущ Азербайджаным, Арменией, Белоруссием, Индием, Къэзахъстаным, Къыргъызым, Китайм, Молдовэм, Монголием, Сербием, Таджикистаным, Туркменистаным, Узбекистаным я дзэхэм я лIыкIуэхэри. ФIыщIэ яхузощI планетэ псом мамырыгъэр щызэтегъэувэным зи псэр щIэзытахэр ягу къагъэкIыжыну хамэ къэралхэм къикIыу Москва къэлъэта ди хьэщIэхэм. Дэ зэи тщыгъупщэнукъым ди акъылэгъуу ТекIуэныгъэм щIэзэуахэм я хахуагъэр, Европэм и къэралхэр нацизмэм щыхъумэным щIэбэнахэр.

Дэ дыщыгъуазэщ нобэ планетэм и пащхьэ къиувэ гугъуехьхэм, абы къыхэкIыу нэхъ гуащIэжу зыхыдощIэ цIыхум, абы и хъуэпсапIэхэм, гурыфIыгъуэхэм, мамырыгъэм, псэукIэ тыншым я лъапIагъыр. КъыдгуроIуэ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ дзыхьыр егъэфIэкIуэным я мыхьэнэри, абы къыхэкIыу сыт хуэдэ дунейпсо IуэхукIи дызэрыщIэну, дызэдэлэжьэну дыхьэзырщ.

Абыхэм ящыщщ псоми я зэхуэдэ шынагъуэншагъэ системэ къызэгъэпэщыныр. Дызэкъуэтмэщ зэманым къиxь шынагъуэхэм дащыпэлъэщыфынур.

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Нобэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр къэрал зэпэщхьэхуэхэм щопсэу, ауэ абыхэм я хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ зэи зэпэщхьэхуэ пхуэщIынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар зыми хуэмыдэ лъапIэныгъэщ. Дэ ветеранхэм дазэрыхуэарэзым гъуни нэзи иIэкъым. Абыхэм я гъащIэр халъхьэурэ хьэкъ ящIыфащ дунейпсо лъапIэныгъэр, цIыхугъэр, захуагъэр хъумэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Дэ тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым ди ветеранхэм я лIыгъэр ди цIыхухэм зэи ящыдмыгъэгъупщэнымкIэ, ар дызыхэпсэукI зэманми къэкIуэнуми щыдиIэ пщэрылъ инщ.

Нацизмэм текIуахэм – ЩIыхь!

Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм – ЩIыхь!

Апхуэдэу иухащ УФ-м и Президент Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэр.

# КIуэкIуэ Казбек лIыхъужьхэм я фэеплъым пщIэ хуещI

Мэкъуауэгъуэм и 24-м, 1941 – 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщахьрэ илъэс 75-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ ТекIуэныгъэм и Парадыр щрагъэкIуэкI махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, цIыхубэм я щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзытахэм пщIэшхуэ зэрахуищIыр къигъэлъагъуэу, удз гъэгъахэр трилъхьащ «ЩIыхьым и МафIэ мыужьых» фэеплъу Налшык къалэм дэтым.





Дауэдапщэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, республикэм и хабзэхъумэ, къарузехьэ органхэм я унафэщIхэр.

# «Полк уахътыншэр» – онлайну

Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди къэралым хабзэ щыхъуащ, накъыгъэм и 9-м «Полк уахътыншэ» зыфIаща урысейпсо зэщIэхъееныгъэр къыщызэрагъэпэщу. Илъэс блэкIахэм ар дахэу щекIуэкIащ Урысейм и къалащхьэми хэгъэгухэми. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми гъэ къэс цIыху мин 40-м нэблагъэ (Урысей псор къапщтэмэ, мелуани 10) къыдокI а махуэм.

«Полк уахътыншэм» и сатырхэм хэту уэрамым ирокIуэ республикэм и Iэтащхьэр, КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и Правительствэм я унафэщIхэр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, еджапIэхэм я лIыкIуэхэр, студентхэр.

ЦIыхухэм яIыгъщ зауэм лIыхъужьыгъэ щызезыхьа я адэшхуэхэм я сурэтхэр. Апхуэдэр мащIэкъым. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Фэеплъ тхылъым» итщ Хэку зауэшхуэм и зэманым республикэм щыщу хэкIуэда сэлэт 38046-м я цIэхэр.

«Полк уахътыншэм» хэт цIыхухэр ЗэгурыIуэныгъэм и утым деж щыIущIэ хабзэщ зауэм и ветеранхэмрэ тылым щылэжьахэмрэ.

Мы гъэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, коронавирус уз зэрыцIалIэм дызригъэува щытыкIэ гугъум къыхэкIыу «Полк уахътыншэ» урысейпсо зэщIэхъееныгъэр екIуэкIакъым. Ауэ ар онлайн жыпхъэм иту къызэрагъэпэщащ. Урысей псом и цIыхухэм я Iыхьлы лIыхъужьхэр щызэхуахьэса сайтым итт сэлэт хахуэхэм я сурэту 2 392 199-рэ, ахэр ТекIуэныгъэм и махуэм медиаэкран 200-м щIигъукIэ къагъэлъэгъуащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

## МАФIЭ МЫУЖЬЫХ

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
ЖаIэ лIахэм псори я зэхуэдэу,
Ауэ дыноплъыху,
Ауэ дыноплъыху,
Ди лIыхъуужьхэм я макъ зэхыдохыр:

«Дэ къытхуэкIуэ псоми лъагъунлъагъу,
Дэ дымылъэгъуахэр фрелъагъу.
Дэ тхулъэмыкIахэр зылъэвгъэкI.
Зауэ лыгъэ къэвмыгъэхъу афIэкI.
Ди щIыналъэр къэвгъэщIэрэщIэж.
Дэ дымыгъэщIахэр — къэвгъэщIэж».

ТекIуэныгъэ ин,
ТекIуэныгъэ ин
Зауэ гъуэгум тету ахэр хуэплъэт.
Я псэм пащIыр зыт,
Я псэм пащIыр зыт:
Ди сэлэтхэм я гур Хэкум хуэблэт.

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
Уэ къыпхуэкIуэм нэпсыр къыфIыщIохур.
ЩIыр щытыхукIэ блэ,
ЩIыр щытыхукIэ блэ, —
Хэку лIыхъуужьхэр ди гум иумыгъэхуу.

Пхуэдэ абы фIэкI,
Пхуэдэ абы фIэкI
ТфIэфIщ дэ щIылъэм щызэщIамыгъанэм,
Мамырыгъэм дэ,
Мамырыгъэм дэ
Гурэ псэкIэ арщ дыщIыхуэбанэр.

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан

## АВТОБУС КЪЭУВЫIЭПIЭМ ДЕЖ

Магъыр щIалэ цIыкIур зэгуэуду,
Джэшым хуэдэу, къолъэлъэх и нэпс,
Автобусым блишащи и адэр
КъыкIэлъыкIуэ къэувыIэпIэм нэс.

Магъыр сабийр, зыми хуэмыудэIуу,
«Папэ» фIэкI и макъым къимыкIыж...
Иджыпсту абы и гузэвэкIэм
ПлIыщIрэ зы гъэр сэ сигу къегъэкIыж...

Дыкъыкъуанэу анэм и кIэ къуагъым,
МафIэгужьхэм мащIэм дыхана?!
ПсыхэкIуадэу сабийм ди гъы макъыр,
Дэ адэншэу дапщэ дыкъэна?!

Абы щыгъуэ мафIэгухэм я Iугъуэу
Ди адэхэм я нэкIухэр зыгъэпщкIуар
Нобэм къэскIи хэлъкъэ атIэ тхъугъэу
Фызабэхэм я щхьэм къыхэнау!..

О, шоферхэ, мафIэгузехуэу щыIэ!..
Фи гулъэфым, маржэ, фыхуэсакъ,
ФытемыплъэкъукIыу фыкъэувыIэ,
КъэмыIу щIыкIэ сабийм я гъы макъ!

ЩIэблэр топ уэ макъым зыкIи хуейкъым,
Къыхэмыщту ахэр ирежей...
ЩIыми, псыми, уэгуми фыщызекIуэ,
Зауэ гъуэгур къыхэвмых къудей!

КIЭЩТ Мухьэз

## ДЭШХУЕЙ ГУЭРЭН

*Хэку зауэшхуэм хэкIуэда*
*КIэщт Мамилэ и фэеплъу*

Гъатхэ къэсыху,
Зи пщIащэр жьыху

Дэшхуейр къыщытщ зыкъиблэу.
Дэ дежьэ пэт,
Иджыри къэтщ
Ар зыгъэкIа Мамилэ.

Щытехьэм гъуэгу,
ЩIалэм и нэгу
Иплъэщ нэщхъейуи нанэ,
И къуэм и жып
Зы дэ Iэбжьыб
ИрикIутащ, гъынанэу.

Къэхъуащ щымэх,
ФIэщIу псэр хах,
Ауэ ишхакъым дэхэр:
Дэхэм Iуплъам,
Нанэ къэнам
Илъагъут и нэкIу лэдэххэр.

Фэеплъти, щысхьт,
Бгъэм дэлъу здихьт,
Къихьэсыжакъым унэм:
Щхьэхьу бий жэм
ИутIыпща шэм
ФIигъэункIыфIати и нэр.

ИгъэпщкIури щIым,
Дэм щIыгъуу щым
Хъужащ Мамилэ и гур.
Нуру бла гум
И гъусэу дэр
Иритыжащ зей щIыгум.

Гъатхэм и бзиймм
Зыщиукъуэдиймм,
ЩIы яуIам Iэ дилъэу,
Дэшхуей гуэрэн
Дыгъэм Iуплъэн
ПапщIэ
КъыхокIыр щIылъэм.

Къепщэм борэн,
Дэшхуей гуэрэн
Зэкъуэувар мыдзыхэ.
Нанэ нэщхъейу
Щыблэкlым дей,
Ахэр къыпфlощlыр гухэ:

Я тхьэмпэ къэс,
Къыпфlэщlу нэпс,
Уэсэпс пощэщ къудамэм, —
Нанэ еша
Къыхуигъэша? —
Хутолъэщlыхь и дамэм.

Гъатхэ къэсыху,
Зи пщlащэр жьыху
Дэшхуейхэр щокl Дон lуфэм.
Ахэм къысфlощl
Дон lуфэ куэщl
Щраплъ Мамилэ и фэ.



АЦКЪАН Руслан

* * *

Аргуэру нэгум къысфlыщlохьэ зауэр,
щlы щхьэфэм lугъуэ тхышэр къыщотэдж.
Йоувыкlыр топхэр, гъащlэм тегъэпсауэ,
вуужу шэ икlахэр зэподжэж.

Къежэх лъы хуабэм нитlыр фlыщlихъумэу,
зауэлlыр зэ ныбжьэгъухэм яхоплъэж.
Щыхэкlым и псэр, къэса бийм щихъумэу,
зытелъ щlы кlапэр бгъэгум щlекъузэж.

… Сурэтым щабэу делъэ анэм и lэр,
абы фытоткlуэ и нэпс пщтыр къекlуар.
Сабийр мэжей, бгъэм щlэлъу адэ пыlэр,
щхьэгъубжэм lутщ нысащlэ зигу бэгар.

Къысфlэщlу сэ жэуап зым хуемытыну
мы упщlэм къунтхыу си псэм зыщегъэш:

нэхъ тынш лъы бгъажэу зауэм уIутыныр
е упэплъэныр зауэм кIуам нэхъ тынш?..

ЛЪЭIУ

*Хьэх З.*

СыкъэпцIыхужу пIэрэ, си губгъуэ:
зи адэр зауэм и пэ псэуар,
къызыхуадзыжу гъуэгухэм зи гугъэр
адэншэ къабзэу къэнар сэращ.

Анэм и куэщIым ущыпэсщI щыIэт,
уи дежт псэхупIэ сэ щызгъуэтар.
ЗэблэпхыкIауэ и джанэ щIыIухэр
си сабиигъуэр къыпхуэзгъэнат.

Иджы, си губгъуэ, зы лъэIу пхузиIэщи,
жьыбгъэ Iуэхуншэм ар иумытыж:
губгъуэу щIым тетыр щытмэ зэрыщIэу,
си адэр зэрылъыр къысхуэгъуэтыж...



МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

* * *

Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну,
ЩIым гуапэу къедэхэщIэну.
Зауэм и Iугъуэм щIиуфэм —
Дыгъэм и лажьэр сыт?

Хуейщ бзухэр уэгум итыну,
Хуиту уэрэд къράшыну.
Шэм и фий макъым игъащтэм —
Бзухэм я лажьэр сыт?

Удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну,
Еплъ псоми ягу хигъэхъуэну.
Ем къыщIэхутэм и лъэгум —
Гъэгъам и лажьэр сыт?

Хуейщ сабий цIыкIухэр джэгуну,
ЩIым гуфIэу къыщажыхьыну.

Балигъхэр зэгурымыIуэм,
Сабийм я лажьэр сыт?

## МАКЪХЭР

КъыщоIур щIылъэм
Макъ зэмыщхьу Iэджэ,
Я бжыгъэр дапщэ хъуми
Хэт ищIэн?
Я уэрэд дахэр
Къуалэбзум пщэдджыжькIэ
Мы си псэм гуапэу
СфIэфIщ къедэхэщIэн.

И дауш макъым
СедаIуэу щIэмычэу
Пщыхьэщхьэ хъуам
Псы Iуфэм сыIутын,
Iэгуауэ иным
Унэр зэтричу
СфIэфIщ хьэгъуэлIыгъуэ хъуамэ
Сыхэтын.

КъыщоIур щIылъэм
Макъ зэмыщхьу Iэджэ,
Я бжыгъэр дапщэ хъуми
Хэт ищIэн?
Мэгъуагъуэ уафэр,
Къыгуохху къырым дзакIэ, —
Апхуэдэ макъри
Трырет мы щIым.

Сабий къалъхунум
ПсэкIэ щыгуфIыкIыу,
ЦIыхубзхэр насыпыфIэу
ИрещэIу.
Ауэ ирехъу щIыр
Гуауэм къыдэмыскIэу —
Мы щIылъэм
Шэ фий макъ къыщремыIу.

# Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм яуса урыс уэрэд цIэрыIуэхэр

## КАТЮШЭ

*(«Катюша»,*
*слова Михаила Исаковского,*
*музыка Матвея Блантера, 1938 г.)*

Къэгъэгъахэщ мыIэрыси кхъужьи,
Пшагъуэ Iувхэр псым къыщхьэщыхьащ;
Пщащэ закъуэ къыпхолъагъуэр жыжьэу:
Ар Катюшэ бжьэпэм къытехьащ.

Къытехьащи, щIедзэ и уэрэдым,
ЩIалэ къаргъэм щхьэкIэ иусам,
ЩIалэ хахуэм, пщIэр зыфIэмыкIуэдым,
Гурэ псэкIэ фIыуэ илъэгъуам.

Лъатэ, лъатэ си уэрэдыр, хъунум,
Дыгъэ гъуэгукIэ си псэр схунэхьэс,
Ди къэрал гъунапкъэхэр здахъумэм
ЗауэлI щIалэм мыр схулъэгъэIэс:

Къыппежьэнщ Катюшэ, къэбгъэзэжмэ,
И гурылъхэр уэ къыбжиIэжынщ;
Уи IэнатIэр быдэу пхуэбгъэпэжмэ,
Псалъэ ттахэр сэ схуэгъэпэжынщ.

Къэгъэгъахэщ мыIэрыси кхъужьи,
Пшагъуэ Iувхэр псым къыщхьэщыхьащ.
Хэт мо нэпкъым къыщылъагъуэр жыжьэу?
Ар Катюшэ бгыщхьэм къытехьащ.
Хэт мо нэпкъым къыщылъагъуэр жыжьэу?
Ар Катюшэ бжьэпэм къытехьащ.

## IЭЛЪЭЩI ЩIЫХУ ЦIЫКIУ

*(«Синий платочек»,*
*слова Якова Гольденберга (Галицкого),*
*музыка Ежи Петерсбурского. 1940 г.)*



2 Заказ №406

Уи Iэлъэщ1 цIыкIур къысфIэщIырт
ПлIэ ехуэхам темыхуэн;
Сыщебгъэжьэжым
Птащ псалъэ пэжу,
Iэлъэщ1 щIыху цIыкIур пхъумэн.
Иджы, си нэху,
Слъагъукъым, Iэлъэщ1ыр къэпщтэху.
Абы си гъащIэр
Зэрыдза тIуащIэу
КъыпкIэрипхащ, сыбэуэху.

А уи пощт-щимэр къыщыкIуэм,
СигукIэ уи макъ зэхызох,
Хьэрф зэкIэлъыкIуэм
Iэлъэщ1 щIыху цIыкIур,
ЩIыхуу хэтхауэ, къызох.
Си пщIыхь ухэтщ,
ЖэщкIэ солъагъу уи сурэт,
Жэщ зызыуфэм,
Уи нитI щIыхуфэр
Нэхуу сэ си нэм къыщIэтщ.

Iэлъэщ1 цIыкIу яту фэеплъу,
Дапщэ мы зауэм къэкIуа?
Дапщэ къытпэплъэр,
Псэууэ мафIэплъым
ДыхэкIын, бийм дытекIуау.
Дэ дилъ тщIэжынщ,
Ди лъапIэхэ, дынэкIуэжынщ.
СыхэкI псэууэ хъумэ,
Iэлъэщ1 щIыху цIыкIу пхъумэр
Сэ си IэкIэ уэ птеслъхьэжынщ.
СыхэкI псэууэ хъумэ,
Iэлъэщ1 щIыху цIыкIу пхъумэр
Сэ си IэкIэ уэ птеслъхьэжынщ

## ЩIЫУНЭМ

*(«В землянке»,*
*слова Алексея Суркова,*
*музыка Константина Листова, 1942 г.)*

Пхъэ здэдгъэс пэшхьэку цIыкIур ди жьэгущ,
Сагъыз ткIуэпсхэр уи нэпсу къысфIощI.
Сэлэт пшынэр щIыунэм щоджэгу,
Си гупсысэм макъамэр къыдощI.
Сэтей жьыбгъэм кIэщIэтщ уэ уи макъ,
Мэзкуу уэсым уи нэгур къыхощ,
ИщIэ хуэдэу, пшынауэр мысакъ,
Ди уэрэдым и макъыр хуит дощI.
ИщIэ хуэдэу, пшынауэр мысакъ,
Ди уэрэдым и макъыр хуит дощI.

Куэду дэлъщ ди зэхуакум бэлыхь,
Сэ, си нэху, сыппэжыжьэщ мыбдей;
Сынэсыну уи дей — гъуэгур кIыхьщ,
СыкIуэдынум — лъэбакъуэ къудейщ.
Еуэ пшынэ, уи нейкIэ, борэн,
Уи уэрэдыр щхьэ сщIын псэ фэеплъ?
Ди щIыунэр щхьэ щIыIэу къэнэн,
Си гум илъ лъагъуныгъэм къегъэплъ.
Ди щIыунэр щхьэ щIыIэу къэнэн,
Си гум илъ лъагъуныгъэм къегъэплъ.

Пхъэ здэдгъэс пэшхьэку цIыкIур ди жьэгущ,
Сагъыз ткIуэпсхэр уи нэпсу къысфIощI.
Сэлэт пшынэр щIыунэм щоджэгу,
Си гупсысэм макъамэр къыдощI.
Сэтей жьыбгъэм кIэщIэтщ уэ уи макъ,
Мэзкуу уэсым уи нэгур къыхощ,
ИщIэ хуэдэу, пшынауэр мысакъ,
Ди уэрэдым и макъыр хуит дощI.
ИщIэ хуэдэу, пшынауэр мысакъ,
Ди уэрэдым и макъыр хуит дощI.

## ЛИЗАВЕТЭ

*(«Лизавета»,*
*слова Евгения Долматовского,*
*музыка Никиты Богословского, 1942 г.)*

ЗыIыгъ, Лизаветэ,
Дунейм сэ сытеткъэ,

Сызэрылъэрытетыр
Уэ уи фIэщ щIы къудей.
Бий бзаджэм дытекIуэм,
Сытесу шы къекIум,
Сэ  сынэкIуэжынущ уэ уи дей!
Бий бзаджэм дытекIуэм,
Сытесу шы къекIум,
Сэ  сынэкIуэжынущ уэ уи дей!

Къыспэплъэ, си дахэ,
Плъагъунщ гъатхэ махуэу:
Фи куэбжэшхуэр схуIуахыу,
Шы къэплъар ирапхынщ.
Ди щIыгу сынэсыжмэ,
ЩIым уэсыр текIыжмэ,
ДыпсэуухукIэ тщIэр зэIэпытхынщ.
Ди щIыгу сынэсыжмэ,
ЩIым уэсыр текIыжмэ,
ДыпсэуухукIэ тщIэр зэIэпытхынщ.



Уэракъэ, си плъапIэ,
Зэпхар си гугъапIэр,
УгуфIэжу, си лъапIэ,
Биймь текIуам упежьэнщ.
Къеуэнкъэ пшынауэр,
Къэфэнкъэ-тIэ щауэр,
Куэд къэна, а махуэм дэ дежьэнщ.
Къеуэнкъэ пшынауэр,
Къэфэнкъэ-тIэ щауэр,
Куэд къэна, а махуэм дэ дежьэнщ.

Уэращ, Лизаветэ,
Си гугъэр зытетыр,
Сызэрылъэрытетыр
Уэ уи фIэщ щIы къудей.
Бий бзаджэм дытекIуэм,
Сытесу шы къекIум,
Сэ сынэкIуэжынущ уэ уи дей!
Бий бзаджэм дытекIуэм,
Сытесу шы къекIум,
Сэ сынэкIуэжынущ уэ уи дей!

## ЖЭЩ КIЫФI

*(«Темная ночь»,*
*слова Владимира Агатова,*
*музыка Никиты Богословского, 1943 г.)*

Жэщыкур кIыфIщ, шэхэр фийуэ щолъатэр сэтейм,
КIапсэ шар жьыбгъэ лъагэм дожьу, вагъуэ тхъуахэрщ ди нэхур.
Жэщыкум уэ, си гум ещIэр, узэрымыжейр,
Ди сабийм убгъэдэсщ, си дуней, нэпсхэр плъэщIурэ щэхуу.

Уэ сыпIуплъэн сэ иджыри зэ сыту сыхуейт,
Сыту сыхуейт уи нэгу дахэр пщэдей слъагъуну.
Ауэ мыбдей ди жэщ ухыр мы махуэт, махуейт,
Мы псэхэх тафэ фIыцIэм, си нэху, зэпихащ ди лэгъунэр.

Мэхъур си фIэщ, зэрыщыIэр уэ уи гур мыбдей,
А фIэщ сщIым, афэ джанэм нэхъей, шэ здэлъатэм сехъумэ.
Фэ фи закъуэхукIэ, солъаIуэр, зыфхъумэ къудей,
Сыт къысщыщIми, жыпIэнщ: къысхуэкIуэж, къысхуэкIуэж укъел хъумэ. 

БлокIыр ажалыр, абы куэдрэ сэ сыхуэзащ,
Месыр аргуэру гъунэгъущ, си щхьэщIыбым къеIусэу.
Уэ укъызожьэ, жэщ псом сызыхъумэр аращ,
Бийм дытекIуэм жысIэнщ, дызэуащ, си дуней, дызэгъусэу!

## ФРОНТЫБГЪУ МЭЗЫМ

*(«В лесу прифронтовом»,*
*слова Михаила Исаковского,*
*музыка Матвея Блантера, 1943 г.)*

Къегъафэ щэхуу жьым жыг хуейр,
Тхьэмпэгъуэхэр къыпех;
«Бжьыхьэ пщIыхьэпIэ» вальс ижьрейр
Пшынауэм гум кърех.
Мэлъатэ макъыр, мэщэтэж,
ДокIуей, къохыжыр щIым.
ЗауэлI ныбжьэгъухэр мыпсэлъэж,
ЙодаIуэ, хъуауэ щым.

Зауэшхуэм ипэ гъатхэ кIуар
Дигу вальсым къегъэкIыж.

Дыкъыздэфар, фIыуэ тлъэгъуар
Ди нэгум щIэмыкIыж.
Абы иужь блэкIащ гъатхищ,
Утыкум дыщитам.
КъытфIощ дгъэщIау иужь гъащIищ,
Iэпэгъу дэ щыдгъуэтам.

Иджы аргуэру къоIур ар,
Макъамэр мэзым хэтщ.
ЕдаIуэхэм щхьэж и хъыбар
КъокIыж игу, и нэм щIэтщ.
Мэлъыхъуэр ди псэр щыIэм гъуэгу,
Iыхьлыхэр ди гум къокI;
Зэ диплъэжынтэкъэ я нэгу —
Зауэкум гъуэгур пхокI.

Дыпсэууэ дихьэм гъатхэм, фIыт,
Абы дыщыгугъынщ.
Ажалым дыкъыхихым, сыт,
Зы бжьыхьэ уэших тхуэгъынщ.
Мы зыр ди фIэщщ: сыт къэмыхъуам,
Къытхэткъым икIуэтын,
IэнатIэ бзаджэ къыттехъуам
Нэрыгъыу Iумытын.



Аращ, ныбжьэгъухэ, и чэзум
Ди Iэщэр быдэу тлъащ!
ДыкъигъэскIэжкъым дэ гъущI зум,
Топышэ фийм десащ.
Дэ дощIэр бийр зыгъэгужьейр:
Iэпщэрызауэр къос,
Хуэгъункъым бийм тIиха дунейр,
Ажал къэфэгъуэр лъос.

Къегъафэ щэхуу жьым жыг хуейр,
Тхьэмпэгъуэхэр къыпех;
«Бжьыхьэ пщIыхьэпIэ» вальс ижьрейр
Пшынауэм гум кърех.
Мэлъатэ макъыр, мэщэтэж,
ДокIуей, къохыжыр щIым.

ЗауэлI ныбжьэгъухэр мыпсэлъэж,
ЙодаIуэ, хъуауэ щым.

## МЕСЫР МО ДЖАБЭМ ЗЫГУЭР КЪОХЫР

*(«Вот кто-то с горочки спустился»,*
*народная песня довоенного периода.*
*Использован первый официальный вариант, исполнявшийся*
*Государственным академическим хором под управлением*
*А. В. Свешникова в 1944-1945 гг.)*

Месыр мо джабэм зыгуэр къохыр,
Аракъэ си псэр зыхьэхуар?
И джанэр морэ-удзыфафэщ,
Аращ сэ си лъэр щIыщIэхуар.

И дамэтелъхэр дыщэу маблэ,
Мэлыд и орден бгъэм хэIуар.
Сыщыхуэзат абы ди хьэблэм,
Сытыт зыхуейуэ къыщIэкIуар.

Щхьэ ди колхозым къыщыхутэу,
Си жей мамырыр икъута?
Щхьэ химыщIыкIыу е хэмыту,
Сэ лъагъуныгъэр къызита?

ГуфIэу щыблэкIкIэ, сфIощI сымэхыу,
И Iэр къишиймэ — сыкъолыд.
Псэм фIэфIт слъагъуну ар щIэх-щIэхыу,
Щхьэм сегъэIущыр: зыубыд.

Месыр къуажапщэм зыгуэр къохыр,
Аращ си пщIыхь зытеухуар.
И джанэр морэ-удзыфафэщ,
Аращ сэ си псэр зыхьэхуар.
И джанэр морэ-удзыфафэщ,
Аращ сэ си псэр зыхьэхуар.

## БИЙМ И ГЪЭСАЩ И АДЭЖЬ УНЭР

*(«Враги сожгли родную хату»,*
*слова Михаила Исаковского,*
*музыка Матвея Блантера, 1945 г.)*

Бийм игъэсащ и адэжь унэр,
Зэрыунагъуэу иукIащ.
Иджы ар дэнэ здэкIуэжынур?
Сэлэтыр зауэм къикIыжащ.
Здихьар сэлэтым и гуузыр
ГъуэгуитI здыдэкI лъагапIэм икущ,
Зыдилъэр щабэу Iэ кIэзызыр
Удз щIагъым щIэту Iуащхьэ цIыкIущ.

Щхьэщытщ щхьэгъусэм и кхъэ мащэм,
ЛIы нэпс IэщIэкIри, ткIуэпс пыжащ.
ЖеIэр: — КъыщIэкI, си унэгуащэ,
Плъагъурэ, уи дей сыкъэкIуэжащ.
Къэбгъэхьэзыркъэ хьэщIэшхыныр,
Iэнэшхуэр псынщIэу къэузэд;
Ди адэ-анэм къехъуэхъуну,
КъэкIуэнкъэ нобэ хьэщIэ куэд.



Зыри сэлэтым къепсэлъакъым,
Кхъащхьэ удз сысым фIэкI нэгъуэщI.
КIэщIэткъым псалъэ жыыбгъэ макъым,
Нэр здынэплъысыр губгъуэ нэщIщ.
ХитIащ пIэщхьагъым деж сэх мывэ,
ЗэрыхъукIэ, кхъэр зэлъыIуихащ,
Сэлэт къэлътмакъыр игъэуври,
Шагъыр хужь гуащIэр кърихащ.

Сумыгъэкъуаншэ, сэ си дахэ,
Фысхуэхъумакъым, си дуней.
Псэууэ къэнахэм фыщыдахым,
СиутIыпщакъым бийм фи дей.
Дыгушхуэу, къэтIэтын фадэбжьэр
ГуфIэгъуэ махуэу сэ сыхуейт.
Ажалым схуIуихат ди куэбжэр,
Си къэсыжыгъуэр си махуейт.

Ар жиIэу, йофэ фадэ гуащIэм
Урыс сэлэтыр, бийм текIуар,
Нэрыгъыу, щымысхьыжу гъащIэм,
Лъэс защIэу илъэсиплIкIэ кIуар.

ИщIамэ, зэрылIыхъужь дыдэр,
Нэсынт-тIэ нэпсхэр и къэптал?
Нэпс бжьыгъэм деж дыгъэм полыдыр
Будапешт къалэм и медаль.
Нэпс бжьыгъэм деж дыгъэм полыдыр
Будапешт къалэм и медаль.

## ЗАУЭ ГЪУЭГУХЭР

*(«Эх, дороги»,
слова Льва Ошанина,
музыка Анатолия Новикова, 1945 г.)*

Зауэ гъуэгухэр,
Сабэ лъэужь,
Пшагъуэу сэтей лъэгухэр,
ЗэщIэкIа ежьужь.
Сыт ди натIэм,
Нобэ къритхар?
ЩIэтлъхьэжащ щIы ятIэм,
Гъуэгур зыухар.

Къегъэхъей шырыкъум сабэр
ЩыщIыIэм, щыхуабэм,
Есыр мафIэм удз къэдабэр,
Шэ цIывхэр мэфий.

Зауэ гъуэгухэр,
Сабэ лъэужь,
Пшагъуэу сэтей лъэгухэр,
ЗэщIэкIа ежьужь.
КъоIу фоч уэгъуэр,
Выдхэр ди ужьщ,
Здэджэлам ныбжьэгъуэр
Щысщ хьэдэ бзуужь.

Псэухэр гъуэгум тету макIуэ,
МахуакIуэу, жэщакIуэу,
И щIыналъэщ мыр теуакIуэм —
Ар дищI къитхужащ.

Зауэ гъуэгухэр,
Сабэ лъэужь,
Пшагъуэу сэтей лъэгухэр,
ЗэщIэкIа ежьужь.
Ди лъэныкъуэр
Хэти и пщIыхьщ.
Поплъэр анэр и къуэм,
Хэкум гъуэгур кIыхьщ.

ДокIу гъуэгуанэр лъэс къудейуэ,
Дыхуейуэ, дыхейуэ,
Ди щIыбагъым дэтщ дыдейуэ,
Дуней тхуэхъумар.

Зауэ гъуэгухэр,
Сабэ лъэужь,
Пшагъуэу сэтей лъэгухэр,
ЗэщIэкIа ежьужь.
Iуэху зетхьахэр
Дигу къытфIокIыж.
Гъуэгум цIыху ихьахэр
Нэгум щIэмыкIыж.



## ПСОМ ЯПЭР – КХЪУХЬЛЪАТЭЩ

*(«Первым делом – самолеты»,*
*слова Алексея Фатьянова,*
*музыка Василия Соловьева-Седого, 1945 г.)*

Долъэтэф къуалэбзум хуэдэу, дзыншэу,
Уэгум дитщ, тфIэфIкъым щIым дытIысын;
ДыщымыIэщи щIым – дыфызыншэщ,
Уафэ нэгум щхьэгъусэ бгъуэтын?

Сыти щIэ, сыти жыIэ, ди IэнатIэр
ДощIэр дэ, дощIэр дэ, дыхуэIэжьужьщ!
Псом нэхъ япэр, псом нэхъ япэр ди кхъухьлъатэрщ,
– Пщащэ дахэхэр-щэ? – Пщащэхэр иужьщ.
Псом нэхъ япэр, псом нэхъ япэр ди кхъухьлъатэрщ,
– Пщащэ дахэхэр-щэ? – Пщащэхэр иужьщ.

Удихьэхмэ хъыджэбз теплъэ гуакIуэм,
Мыр къыбжиIэмэ, сыт уэ пщIэжын:
«УупщIэнум сэр щхьа, дыдей накIуэ»,
Къыппэщылъу пщэдей лъэтэжын.

Сыти щIэ, сыти жыIэ, ди IэнатIэр
ДощIэр дэ, дощIэр дэ, дыхуэIэжьужыщ!
Псом нэхъ япэр, псом нэхъ япэр ди кхъухьлъатэрщ,
— Пщащэ дахэхэр-щэ? — Пщащэхэр иужьщ.
Псом нэхъ япэр, псом нэхъ япэр ди кхъухьлъатэрщ,
— Пщащэ дахэхэр-щэ? — Пщащэхэр иужьщ.

Пщащэ цIыкIу къытхуэзам, дахэкIейми,
Ди щхьэр дгъазэркъым, псалъэ зэттащ;
Зауэр кIуэху, зэныбжьэгъухэм, дыхуейми,
Хъыджэбз Iуэху зедмыхуэну жытIащ.

Сыти щIэ, сыти жыIэ, ди IэнатIэр
ДощIэр дэ, дощIэр дэ, дыхуэIэжьужыщ!
Псом нэхъ япэр, псом нэхъ япэр ди кхъухьлъатэрщ,
— Пщащэ дахэхэр-щэ? — Пщащэхэр иужьщ.
Псом нэхъ япэр, псом нэхъ япэр ди кхъухьлъатэрщ,
— Пщащэ дахэхэр-щэ? — Пщащэхэр иужьщ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим

# ЩЫНЭХУЖЬЫКЪУЭ

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*



Хьэбибэ шэч къытрихьэртэкъым и псалъэр алыхьым деж зэрынэсым. «Къыстеплъхьэр си хьэлъэу» жиIэ щхьэкIэ, къыдэIэпыкъуу и гугъэт. КъыдэIэпыкъуу щымытамэ, Албиян зыхэта мафIэм къыхэкIрэт? Бомбэр уэм хуэдэу къелъэлъэхыу, Дон къызэпрысыкIащ. Иджы мес, алыхьым и шыкурщ, къигъэзэжащи, нацдивизэм хэтщ командиру. Насыпкъэ ар? Тхьэмахуэ дэкIыркъым, я унэ къэкIуэжурэ, и бынхэр имылъагъуу. Шууэ къэкIуэжмэ, и хъыджэбз цIыкIур шым трегъэтIысхьэри кърешэкI. ХакIуэ къарэшхуэми сабийр сыту щымышынэрэ? АтIэ, ар алыхьыр аракъэ зи фIыщIэр? Зэзэмызи Албиян къуажэмкIэ къегъазэ, и анэмрэ и шыпхъумрэ илъагъуну. Тхьэм гъащIэ кърит, и нэщIэбжьэ тхьэм димыгъэлъагъукIэ.

Езы Албияни фIыщIэ зыхуищIынур ищIэркъым, насыпу щыIэр къеуэлIа къыфIощIыж, зыхэтым яхэзэгъащи, хъарзынэщ. Зыхуейр къемыхъулIэу зэрыщытар щыгъупщэжащ.

Институтым щIэтIысхьа къудейуэ и адэр лIэри къимыгъэзэжу хъуакъым.

ЕтIуанэ курсыр къимыухыу институтыр зэхуащIыжри, лэжьапIэ лъыхъуэн хуей хъуащ.

ЕрагъпсэрагъкIэ фэтэр тIэкIу зэригъэпэщри, иджы дыунэнщ, щыжиIэ дыдэм, дзэм яшащ, и унэми сытми гу щимыхуэу.

Дзэм щыIэныр зэфIэкIри къэкIуэжа нэужь куэдрэ дэсакъым – зауэр къежьэри, аргуэру военнэ хъужащ. Фронт здэкIуари я нэхъ гугъу дыдэу къыщIэкIащ. Дон Iуфэ дунейкъутэжу щызэрыукIт, нэмыцэм Ростов яубыдын я хьисэпу. Ар бжьыхьэу 1941 гъэр арат. Албиян псым итхьэлэным тIэкIут къэнэжар. Къелащ. Куэдыщэ дыди дэмыкIыу ираджэри, унафэ къыхуащIащ: укъызыхэкIа лъэпкъым нацдивизэ зэхашэри, укIуэжу абы ухыхьэн хуейщ, жаIэри.

Езы Албиян кIуэжыну хьэзырыпст. Куэдрэ зримылъэфыхьу, къытридзэри къэкIуэжащ, къыздикIари къыздихуари ямыщIэу.

Иринэ къигуфIам щIэ щIэттэкъым. Албиян и взводыр колхоз бригадэм хуащIа пщыIэм тест, губгъуэм исуу. Къалэм километриблкIэ пэжыжьэт, итIани, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу Албиян я унэ къэкIуэжырт. Иринэрэ Данэ цIыкIурэ щхьэгъубжэм IутIысхьэрти щыст, шы къарэ шу къакIуэу ялъагъуху. Албиян и шым зэреджэр «Казбект». Я

унэ къыщIыхьэжакъэ – Данэ цIыкIу зыгуэр къримытыну Iэмал иIэтэкъым, кIэнфет е компот имыгъуэтамэ, пхъэщхьэмыщхьэ къыхуихьырт. Езы сабий цIыкIур шы къарэм есати, сытегъэтIысхьэ, жиIэу тепыIэжыртэкъым. Шы къарэ фэкъу лъакъуэхури Iэсэт, дахэт, и цыр цIурт. Миномёт командирым шы иIэн хуейтэкъым, лейтенанту щыт пэтми. ИтIани, езы Албиян шы къом къахуауэ щилъагъум, кIуэри езыр зыхуей дыдэр къыхихащ, полк псоми къыхахырти. Езыри, губгъуэм ису и взводыр игъасэрти, шуми лъэсми къэзылъагъу щыIэтэкъым. Щыхуейм деж шэсырти, унэмкIэ зригъэхьт.

Шым хуей щыхъур а зы закъуэр аратэкъым. УэтIпсытI хъумэ, бригадэ унэм и хъуреягъкIэ вагъэти, упхыкIыну Iэмал закъуи иIэтэкъым. Шхын е нэгъуэщI щхьэкIэ зыщIыпIэ укIуэнумэ, шууэ фIэкIа лъэбакъуэ пхуэчынутэкъым. Красноармеецхэм нэхъыбэр гуэншэрыкът е кIэрэхът, ящыгъри щIагъуэтэкъым – джэдыгупIыргът. Машинэ сыт жыпIэнущи, дивизэ зэхуашэс къудейм машинэ дэнэ кърахын. Машинэри зыгуэрт – взводыр е хуэпакъым, е Iэщэ къудей кърatакъым. Лъэпкъ зырызыххэу зэхэдзащи, тIу зэгурыIуэу бгъуэтынукъым, командэ птымэ, дахэ-дахэу къагурыIуэми зыгуэрти.

«Казбекыр» ямыIамэ, взводыр гугъу ехьынут, езы Албияни я унэ кIуэжыфыну щытатэкъым. Езы штаб дыдэм укIуэн хуеймэ, узэрыкIуэнур дауэт? ХакIуэ къарэр аращ сытри зи фIыщIэр.

Албиян къэкIуэжмэ, Иринэ лъэкI къигъанэртэкъым, и лIым зауэри дзэри щыгъупщэу зигъэпсэхуащэрэт, жиIэу и ужь итт, унэр зэлъыIухауэ, шхын сытхэри хьэзыру кърыригъэхьэлIэжырт. АрщхьэкIэ дуней тыншыгъуэр къыплъысами, зауэ зэрыщыIэр, куэд дэкIами мащIэ дэкIами абы кIуэн зэрыхуейр хэт щыгъупщэнт? Я нэхъыфI дыдэу плъагъу цIыхубзым убгъэдэсми, ар уигу икIыну Iэмал зимыIэт.

Иринэ нэжэгужэу зыкъыпфIигъэщI щхьэкIэ, абыи и нэгум ущIэплъэмэ, зэрыгузавэм гу лъыптэрт.

Дапщэщ дыдашыну пIэрэ, жиIэу аратэкъым Албиян зэгупсысыр. Фронтым зэ щыIати, ар зищIысыр ещIэ. И взводыр егъасэ, миномёт игъащIэм ямылъэгъуар ядж, пхъэм миномёт къыхащIыкIауэ. Iэмалыншэр гугъукъэ. ПхъащIэ гуэр яхэмытамэ, зыри хъунутэкъым. ПхъащIэр IэкIуэлъакIуэу къыщIэкIащ, Албиян ирита эскизым еплъурэ ищIри фIыцIэуи илэжащ, миномёт дыдэм зыкIи къыгуэкIыркъым. Губгъуэм иту колхозхэт къахуэзэми, иджыри къэс зым и гум къэкIакъым миномётыр пхъэм къыхащIыкIауэ.

– Куэдщ, зауэми и гугъу умыщI. ТIэкIу дигу зэхуэIэфIу дыщIэвгъэс, – жиIэрт Иринэ.

Албиян хуэшэчынт?

Зэгуэр Албиян гуфIэу къэкIуэжащ.

– Матчасть къыуата? – жиIэри, Иринэ дыхьэшхащ, Албиян зыщIэхъуэпсыр ищIэрти.

– Матчастри зыгуэр хъунщ, – жиIэрт Албиян, – мис, Верховнэ Советым грамотэ къызатащ! Ди взводым япэ наградэ кърατащ. Еплъыт.

Албиян папкэ плъыжьыр зэтрихри, грамотэр иригъэлъэгъуащ.

– Еплъ! Итым еджэт: «За успехи в боевой и политической подготовке...» Абы къикIыр пщIэрэ? Си взводыр нэхъыфIым ящыщу аращ...

– Взводым и командирым хуэдэу.

– Ари хэлъщ. Взводыр щыфIкIэ, командирри Iейкъым.

ТIури дыхьэшхащ.

– Сынохъуэхъу, – жиIэри, Иринэ занщIэу и нэпсым къызэпижыхьащ.

Данэ цIыкIуи, жинт плъыжьыр щилъагъум, и Iэ цIыкIур къишиящ.

– НтIэ, фронтым и кIуэгъуэр къэсащ.

– Приказ щыIэ? – жиIэри, Иринэ и лъакъуитIыр щIэхуным тIэкIут къэнэжар, апхуэдизкIэ къэщтати.

– Приказ щыIэкъым, ауэ грамотэ щыIэщ.

– ЛIо грамотэ щыIэкIэ?..

– Приказ щыIэ дыдэуи щIы, – жиIащ Албиян и фIэщу, – взводым и командирым ар къыщыжраIэнур сытым и деж? ЗыщIапхъэ псоми ящIа иужьщ. Грамотэм итщ «За успехи в боевой и политической подготовке», жиIэу. КIэщIу жыпIэмэ, итогым дынэсауэ аращ. Итогым дынэсамэ, дзэ гъэсэныр духауэ аракъэ къикIыр? Ар духамэ, мыбы деж дыщIыдэсын лъэпкъ щыIэжкъым, фронтым кIуэн хуейщ.

Албиян жиIэм уемыувэлIэну Iэмал иIэтэкъым, итIани, Иринэ идакъым:

– Щыгъэт адэ, нэхъ фытрагъэгушхуэн щхьэкIэ грамотэ къыватынкIи мэхъу. Грамотэмрэ приказымрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ, – жиIэри.

Албиян и фызым едэуэну хуеиххэтэкъым. Иринэ щыуапэми щреуэ.

– Мы зымкIэ дызэгурыгъаIуэ, – жиIащ Албиян, – иджыпсту зи гугъу тщIам утепсэлъыхьу уи жьэм псалъэ къыжьэдумыгъэкI. Укомандир фызщ, военнэ щэхур уи дежкIи щэхущ. Плъэгъуакъэ плакат «Болтун – находка для шпиона», жиIэу?

А жэщым жейм езэгъар Данэ цIыкIущ. Албиян и нитIыр зэтепIауэ хэлът, Дон Iуфэ щилъэгъуа зауэр кином хуэдэу и нэгум щIэкIыжу. Уафэри щIылъэри пхузэхэмыгъэкIыу, псыри къэкъуалъэ хуэдэт. Пшэплъым ещхьу, бэракъыр Iугъуэм щIахъумэу, гъущIыр зэрышхыу, къызэрыгъачэу, зэныкъуэкъуу, къызэрыгъэплъу гъуэзыр къапихырт. Сэлэтхэм я шырыкъум лъыпсыр из хъуауэ здэкIуэм, лъыкъуалэр шырыкъу лъапщэм къыдрихуейуэ къажыхьырт. Iугъуэм къыхэжар напIэзыпIэм хэлъэдэжрэ, къаукIами сытми умыщIэу, бзэхыу. Псым есу зэпрыкIыну зи хьисэп красноармеец уIэгъэ хъуахэр, нэмыцэр автоматрэ пулемёткIэ къеуэурэ, псым щIрагъэлъафэу. Албиян и нэгум щIэтт банапцIэ тIэкIуу псы нэпкъым тетыр; псы Iуфэм сызэрынэсу, а банэ тIэкIум сыхэпщхьэнщи, хэт ищIэрэ, шэ къыстемыхуэм, псэууэ сыкъелынкIэ хъунщ, жиIэу лъэкI къимыгъанэу еIэрт. Иджы зы лъэбакъуэ хуэдиз тIэкIу скIужыфащэрэт, щыжиIэ дыдэм Албиян псы Iуфэр къыIэщIыхьащ...

Ростовыр бийм яIэщIыхьэри, иужькIэ а къалэм нэмыцэр дахужын щхьэкIэ хэкIуэдари мащIэт? Албиян къызэрыфIэщIымкIэ, нацдивизэр фронтым яшэмэ, къаплъи-къэдаIуэ, Ростов и гъунэгъуу щызэуэнщ.

Иринэ зиущэхуа щхьэкIэ жейртэкъым. Абы и «кинор» нэгъуэщIт. Абы и нэгум щIэтыр Албиян и дэшыкIэу зэрыдашынур арат. Япэм щыдашам щэ егъэжьэгъуэ ирагъэжьэжауэ щытащ, ирашажьэм къигъэзэжурэ, ирашажьэм къигъэзэжурэ.

Щхьэнтэ щIагъым и щхьэр щIиIуауэ, Иринэ хуэм цIыкIуу гъырт.

Пщэдджыжьым Иринэ тIэкIу хилъэфа къудейуэ, Албиян къэтэджри къуажэм кIуащ, и анэмрэ и шыпхъумрэ илъагъужыну. Зэанэзэп-

хъум дыгъуасэ гукъанэ къыхуащIати, Албиян зэрыкIуэжар хъарзынэ хъуащ.

– А си псэр зышхын, а сызрашэкIыжын, – жиIэри, Хьэбибэ къэгуфIащ, и къуэр къэкIуэжауэ щилъагъум. IэплIэшхуи иришэкIауэ ба хуищIырт, Албиян и шыпхъум сэлам къудей ирыримыгъэхыу, – алыхьыр арэзы къыпхухъу сэ сызэрыпхуэарэзым хуэдэу. Сыту фIыуэ укъэкIуэжа... Пщэдджыжь дыгъэр армырауэ пIэрэ укъэзышэжар? Лъэбакъуэу къэпчам хуэдиз гъащIэ тхьэм къыуит. Сыт хуэдэ укъызыхэкIари? Фи дежкIэ укъикIа хьэмэрэ полъкум укъикIа? Данэ цIыкIуи сыт хуэдэ? Хэт имылъагъунрэт а пцIащхъуэ цIыкIур... а си дуней нэху цIыкIур.

И анэм и IэплIэм къикIыу, и шыпхъум дежкIэ зыщигъазэм, Апчарэ къыщиудри и дэлъхум зридзащ. Сэлам зэрырихынур щыгъупщэжауэ, зыкIэриукIауэ магъ, и дэлъхум и пщэпкъыр иубыдауэ.

– Сыт фыщIэгъыр. Щывгъэт. Хэт нобэ щIэфлъхьэр?..

– ЕупщI уи шыпхъум, – жиIэри, Хьэбибэ нэхъ къэгумэщIащ. И пхъум екIужмэ зэрыфIэфIыр и макъымкIэ къапщIэрт. – Уи шыпхъум лIы дэкIуэну мурад ищIащ. Къыдэнэжын и гугъэу мэгузавэ. Дыгъуасэ абы къызжиIар зэхэпхатэми!.. Уэ, жи, илъэс пщыкIух фIэкIа умыхъуу удэкIуэсащ. Сэри сыдэгъэкIуасэ, жиIэри къызэщащ. Мутай Чокэ къеуэсащ унэми, псэупIэ къыдитыжыркъым. Обкомым яшати – хэзэгъакъым, наццивизэр къеджати – военнэ щыгъын хуэхъун ягъуэтакъым. Дунейм теткъым ар зэрыхъун, Апчарэ лIы хуэхъумэ хуэхъуащ...

– СыдэкIуэ мыгъуэркъым. Щхьэ сыбгъэбампIэрэ? – жиIэри, Апчарэ къыщиудауэ унэм щIэлъэтри, шыгъуэгу хадэм илъэдащ.

Албиян кIэлъыжэнут и шыпхъум, ауэ Хьэбибэ идакъым.

– Ягъэ кIынкъым, хъыджэбзыр гъымэ, и нэр нэхъ дахэ мэхъу, – жиIэри. – Сыту хъарзынэу нобэ укърихьэлIат уэри. Апчарэ фермэм макIуэ. Заведыш ящIащ. КъалэкIыхьым окопэ къитIу мазитI щыIати, сыгузэвакъым, езым хуэдэт псори. Фермэм макIуэри, согузавэ. И щхьэ закъуэ и лъакъуитIщ. И щхьэ къихьэр ищIэнущ.

Апчарэ дэкIуэн зэримурадыр и дэлъхум и фIэщ хъурт. Зэгуэр къэкIуэжауэ, и шыпхъур мафIэу къызэщIэнауэ къыхуэзат, сыту пIэрэ хъыджэбзым къыщыщIар жыуигъэIэу. ЗэдэлъхузэшыпхъумI я закъуэу унэм къыщIэна нэужь, Апчарэ джэш Iэбжьыб къипхъуатэри пхъуантащхьэм трилъхьащ, «сыздашэну лъэныкъуэр бжесIэн?», жиIэри. Жылэм джэшыдзу дэсым я нэхъыфIщ жыпIэнт, абы жиIэм уедаIуэмэ.

Албиян и шыпхъум бгъэдыхьауэ джэшым йоплъ. Модрейми и нэр тенауэ джэшхэр, дэтхэнэр дауэ щылъми, фIамыщI закъуэ хэлъым нэхъ и гъунэгъум, нартыху хьэдзэри зэрыхъуам – псоми мыхьэнэ зырыз яIэщи, йоплъ.

– Мис унэ сыздашэнур. Плъагъурэ? Мыр сэращ...

– Уэлэхьи, уоджэгум уэ.

– Сыджэгуркъым, тхьэ, си фIэщщ.

– Укомсомолкэщ, джэш уодз...

– Зэт. Ди анэм джэшкIэ къещIэ псори. Сэ къасщIэ щхьэ мыхъурэ? УкъыщымыкIуэжым ди анэм джэш идзри жиIауэ щытащ, «къаплъикъэдаIуэ, Албиян къэмыкIуэжмэ», жиIэри...

Аращ иджыпсту Албиян и гум къэкIыжар. И шыпхъур, дауи, зыхуеяр и псэлъыхъум и гугъу ищIмэ фIэфIу арагъэнт, джэш идз нэпцI

зищIу. Арыншэми езым ищIэжыртэкъэ здашэну лъэныкъуэр? Чопракъыщхьэщ Мутай Чокэ и унэр зыдэтыр. Иджы къытехьэри, шыгъуэгу хадэм илъэдауэ магъри итщ.

– Епсалъэ уи шыпхъум, – жиIэу Хьэбибэ и къуэм елъэIурт, – и щхьэм итыр къыпхуэщIэнукъым. Шхуэ пщIэхэслъхьэу шхуэмылакIэр субыдыжын – пэрыIэбапIэ иIэкъым. Зэ фронтым сокIуэ, жиIэри кърихьэжьауэ щытащ, зэ ПВО курс сокIуэ, жиIэри дигъэгузэващ. ПВО курс жыхуаIэри хэт ищIэрэ?

– ЩыIэщ апхуэдэ курси. Аэростат сытхэр я Iэмэпсымэу.

– Тэмэм. Сэри зэхэсхащ. Хъыджэбз цIыкIухэм абы хуэдэ зыгуэр яхьу жьы къепщэри, ерэстату плъагъур яхуэмыубыду зэридзэурэ яIэщIиудри, зы хъыджэбз цIыкIу зэрыкIэрыщIауэ иIэтри, бгъуэтмэ къащтэ. Иджы мес уолъагъу: фермэм сокIуэ, жиIэри иукъуэдиящ.

Албиян и шыпхъур здэкIуа хадэмкIэ кIуащ. Апчарэ псы Iуфэм Iуту хадапхэ дыдэмкIэ щыIэщ, псыIэрышэм и макъым едаIуэ хуэдэу. Псы цIыкIур гъэмахуэм къуэм дэзу къажэрт, Чопракъ къыхэжу. ЩIымахуэ хъуакъэ – нэхъыбэм мэгъуж. ПсыIэрышэр иджы къожэх, нэри пэри ихьу, жыг хадэ щIагъ защIэкIэ.

– Апчарэ! – жиIэу Албиян джа щхьэкIэ – дэнэ, зэхихакъым.

Мы сэ сызыхэт Iуэхум елъытауэ зэанэзэпхъур зыхэтыр кIэнджэгу хуэдэщ, жиIэу арат Албиян зэгупсысыр. Езы Мутаевым сыту къыгурымыIуэрэ нобэ хуэдэ махуэм абы ухэт зэрымыхъур? Албиян и шыпхъум гъунэгъуу бгъэдыхьащ.



– СыкъыщIэкIуар пщIэрэ, си шыпхъу? – жиIэри, Албиян щекIуалIэм, модрейм занщIэу зыкъридзащ. Апчарэ и нитIыр апхуэдизкIэ къилыдыкIырти, Албиян ар щилъагъум, Хьэбибэ жиIар и гум къэкIыжащ: «Хъыджэбзыр гъымэ, и нэр нэхъ дахэ мэхъу», жиIэу.

– Сыт?

– Матчасть къыдат. КъыбгурыIуа?

– Ари зыгуэр хъунщ. Алыхьым и хьэтыркIэ, игъащIэкIэ зыгуэр къысхуэпщIэххэну щытмэ, сыздэшэ, Албиян. Сыздэшэ фронтым, – жиIэу и дэлъхум и Iэр Апчарэ икъузырт.

– Сыт жыпIэр зищIысыр?

– Сыхэгъэхьэ уи взводым. Сэбэп сыхъунщ.

– Ди анэм и закъуэ къэбгъанэуи?..

Апчарэ и нэпсым аргуэру къызэпижыхьащ.

– Зэхэпхрэ сэ жысIэр? Миномёт къыдатащ, миномёт дыдэ. Сэ пхъэм къыхащIыкIауэ зы сиIэщ. Уэ военнэ кружок ибогъаджэ. Ухуеймэ узот, сэбэп фхуэхъунщ. Дэ иджы дыхуеижкъыми, щхьэхуэщ.

– Миномёт жыпIа? – Апчарэ иджыпстущ и дэлъхум жиIам щегупсысар. ИгъащIэкIэ миномёт жыхуаIэр зригъэщIэну хуэмеиххэми, и дэлъхум и фэеплъу ихъумэнкъэ. – Зи, абы нэхъ дызыхуей сыт Iэмэпсымэ щыIэ. КхъыIэ, зыми иумыт дэр фIэкIа. Тхьэмахуэм тIэу зэхуос кружокыр, фочыр, сурэтым деплъурэ, зыдогъащIэ...

– НтIэ, дызэгурыIуащ. Къыпхуэсшэнщ миномётыр.

– Чокэ сыкъигъэгугъат фоч къызитынуи, сиIэкъым, жиIэри къыдитакъым.

«Аргуэру Чокэр къыхеIу», – жиIэу, Албиян и гум къэкIащ.

Хьэбибэ бжэIупэм Iуту плъэри зэдэлъхузэшыпхъур хъарзынэу зэпсалъэу щилъагъум, и гур нэхъ тIысыжауэ и Iуэху и ужь ихьэжащ.

Куэд дэмыкIыу Хьэбибэ и гур аргуэру къызэфIэнащ:

– А си Албиян, а си дуней нэху. Нобэ хуэдэу уи адэжь и унэ укъихьэжауэ услъагъужыну пIэрэ? – жиIэри, арщхьэкIэ Албиянрэ Апчарэрэ къэкIуэжу я Iэуэлъауэ макъ шызэхихым, гъыным пригъэчащ, жьэгу пащхьэм деж тIысащ мафIэр зэщIигъэсту: си нэпсыр Iугъуэм къыщIихуа я гугъэнщ, жыхуиIэу.

МафIэр къызэщIэлыдащ. Шэ игъэпщтыну шыуаным иту фIидзар пыIэ хужьышхуэ хуэдэу къыдэкIуейрт.

* * *

Нацдивизэр зэрыдашынури цIыхум дэнэ къыщащIа, ар ягъэщэхуу, зым зы псалъи жрамыIа пэтрэ? Хэкур зэрыхэкуу къэукхъуащ жыпIэнт. Тэрч адрыщI щыпсэуи Чопракъыщхьэ дэсри шууэ, выгуу щхьэхьу Налшык станцым къызэрохь, лъэслъэбыкъыр нэхъыбэу.

Станцыр заборкIэ къэщIыхьащи, и хъуреягъкIэ цIыхур къеувэкIауэ зэхэтщ. Эшелоныр здэщытым и гъунэгъуу Iуагъэхьэр военнэрщ е къулыкъущIэшхуэхэр аращ. Станц пщIантIэ цIыкIум удэплъэмэ, цIыхур Iувщ, машинэу, шыгуу, шыуэ, Iэщэ-фащэу, Iэмэпсымэу дэтри куэдщ. Ашыкхэр зэтегъэуващ дэтщ.

Хьэбибэрэ Апчарэрэ Данэ цIыкIу я гъусэу къакIуэри увыпIэфI къагъуэтащ, – заборым зы пхъэбгъу къыкIэрыудауэ гъуанэщи, ухуеймэ дэпщыпIэ хъарзынэ иIэщ. Данэ цIыкIу мызэ-мытIэу дэпщурэ пщIантIэ кIуэцIым дыхьауэ къаубыдыжащ.

Миномётчикхэм ягури яшри вагоным ирашэну я чэзум пэплъэрт. Албиян заборым къекIуалIэурэ Iэджэрэ къэлъэIуащ:

– Фыщымыт мыбдеж. Сабийр гугъу ивогъэхь, фэри гугъу фохь, – жиIэу.

АрщхьэкIэ дэнэт...

Албиян мэхъущIэ, жиIэу зыми и жагъуэ хъуртэкъым. И анэри, и фызри, и шыпхъури, Данэ цIыкIу зэрагъусэу, заборым Iутт, дзэр мафIэгум зэритIысхьэм еплъу. Албиян гъунэгъуу къекIуалIэмэ, «уи анэр къызэрыпхуэарэзыуэ алыхьри къыпхуэарэзы ухъу», «уи щхьэм хуэсакъыж, тIасэ», «узэрынэсу письмо къэптхынщ», жиIэу арат къытрагъазэу-нытрагъазэу щыми жаIэр.

«Эмкэ» гуэрхэр къэсри, станц пщIантIэ кIуэцIым дыхьащ. Iэтащхьэхэр къэсауэ арат. Я нэхъыбэр Апчарэ ицIыхурт. Зыр Къул Зулкъэрнейт, республикэм и унафэщIт, лIы сырыхуфэ, военнэ щыгъынкIэ хуэпауэ, и фэкIэ урысым ещхьу. И гъусэр Бахъуэр арат, НКВД-м щылажьэу, ещанэри дивизэм я командир КубанцевкIэ зэджэр арат. Кубанцевыр цIыхум и курыкупсэм итт, Iуэхуу екIуэкIыр абы къыдокIуэкI жыпIэну. Зэ зыр, зэ нэгъуэщI къыбгъэдэлъадэурэ честь кърат, къоупщI, зыхуейр зэхаха иужь, IуокIыжри унафэр ягъэзащIэ.

Красноармеецхэм Iэ дэхьеигъуэ яIэтэкъым, зыкъом зэуэ зэдоIэри, машинэшхуэм илъыр зэрилъу платформэм тралъхьэ. Гури шыри аращ. Иныкъуэм шыр яхуэмыкIуэм, едэхащIэурэ вагоным иралъафэ. Старшинахэм, зэрыгъэкIийурэ, я макъыр икIащ.

Апчарэ а къомым еплъмэ, егъэщIагъуэ. Иджыблагъэ парад щащIам, военнэхэр нэгъуэщIу къыфIэщIат хъыджэбзым. Командирхэри красноармеецхэри парадым хэтахэр арауэ пщIэжынкъым.



3 Заказ №406

Парадыр Апчарэ и гум икIыжынкъым. Май махуэу, дунейм и дахэгъуэ дыдэу, жыгхэр къэгъэгъа къудейт. ДэнэкIэ уплъэми удзыпцIэу, уафэр къабзэу, къалэм дэт унэхэми хужьыбзэу сэху текIауэ, паркым ит парашют кьелъапIэ лъагэри жыгым къахэпIиикIыу – псори дыгъэ нурым хэджэгухьырт.

Жыжьэу уплъэмэ, къуршыр къалэм къеувэкIауэ къеплъ хуэдэт, затхьэщIауэ, къабзэлъабзэу зэщIэупсауэ, я пыIэ хужьхэр дэгъэкIуэтеяуэ. Нэхъ укъехмэ – мэзыр щхъуабзэщ, бгы лъапэр жыг хадэ защIэщи, зэщIэгъэгъащ. Жыгым санаторэхэр къыхощ. Япэм а санаторэ дахэхэм цIыхум зыщагъэпсэхуу щытамэ, иджы госпиталь ящIащи, уIэгъэ хъуахэр абы щагъэхъуж, нэхъ зыкъэзыужьахэр хадэм итщ, пхъэ лъакъуэ хъужауэ.

ЛIэуэ щIалъхьэжаи къахокI.

Парад щащIа махуэми, нобэ хуэдэу, цIыхуу къекIуэлIам щIэщIэттэкъым. Псоми я щыгъын нэхъ дахэр зыщатIэгъауэ, хъыджэбзхэм нысащIэм хуэдэу зыкърахыу, щIалэжь цIыкIухэр зэрызехьэу, лIыжьхэр башышхуэ хъужауэ – псори парадым еплъыну къэкIуат, я благъэ, я дэлъху, я къуэш дивизэм хэт, хэмыт жаIэу зыри еплъакъым.

Апчарэ шызакъуэгу цIыкIум ису фермэм къехри, пщэдджыжьым жьыуэ я унэ къыIулъэдэжат, и анэр здишэу къалэм кIуэн и мураду. АрщхьэкIэ Хьэбибэ абы пэплъэу пхущысинт, Данизэт гъусэ ищIри, лъэсу парадым кIуат.

Гъуэгум здэкIуэм Апчарэ зиплъыхьырт, и анэр къилъагъун и гугъэу. Псори къалэмкIэ кIуэрт, къалэм къикIыж зырызыххэ фIэкIа щыIэтэкъым. Къущхьэ фызхэр жэщым гъуэгу зэрытетар нэрылъагъут – ешаелIауэ кIуэрт, я сабий цIыкIухэри я гъусэу. ЩIалэ цIыкIухэр шыд шут, гъуэмылэр яIыгъыу. Пхъэ лъакъуэ гуэр хуэзати, Апчарэ «щхьэ къизмыгъэтIысхьэрэ?» жиIэрт, итIани, и анэм хуэзэмэ, «икIыж» жыпIэу дауэ ибгъэкIыжын?

Апчарэ тIэкIу къыкIэрыхуауэ къэкIуат. Дом СоветкIэ еджэу унэ ныкъуэщIышхуэм и пащхьэм деж шыгъажэри, чы еуэнри, нэщэнэ еуэнри – псори щекIуэкIырт. Ар яухмэ, парад ящIыну арат. Апчарэ псори фIэгъэщIэгъуэнт.

ЦIыхур Iув щхьэкIэ, Апчарэ и шызакъуэгум иувэжауэ псори тыншу илъагъурт. Лъэсхэр, дауи, къехъуапсэрт.

Дыдейхэм ящыщ гуэр сыхуэзэщэрэт, жиIэу Апчарэ здэщытым, и тхьэкIумэм къицырхъащ:

– Аппа! – жиIэу сабий макъ цIыкIу.

КъызэплъэкIмэ, – Данэ цIыкIущ, абы фIэкIа «АпэкIэ» къеджэ щыIэкъым.

Иринэ хъыджэбз цIыкIур иIыгъыу къакIуэу щилъагъум, Апчарэ шызакъуэгум къелъэри, и нысэм IэплIэ хуищIащ. Данэ цIыкIуи зыкъридзщ, Апчарэ и пщэм зыкъришэкIри, ба къыхуищIащ. Щыри шызакъуэгум дэкIуейри иуvауэ заплъыхьырт.

Данэ цIыкIу псом нэхърэ нэхъ дэзыхьэхар Апчарэ и шы джэдуу-фэр арат. «Шагъдий» фIища щхьэкIэ, шы увыIар арат. Шыр зэфIэту жейрт, жэщ псом гъуэгу тетати, и пащхьэм илъ мэкъу тIэкIури ишхыртэкъым. Албиян шым тригъэтIысхьэу есати, Данэ цIыкIу, «шагъдийм» тетIысхьэн и гугъэу, и Iэ цIыкIуитIыр ишийрт, и анэмрэ Апчарэрэ игъэдыхьэшхыу.

– Албиян плъэгъуакъэ? – жиIэри, Апчарэ нэхъапэ щIэупщIащ.
– Миномётчикщ Албиян. Джигитовкэм хэтынукъым.
Апчари Ирини зыхуейр Албиян шы жэрым тесу утыкум къилъадэрэ сэшхуэ жанкIэ чыр пигъэлъэлъу, нэщанэ еуэми ятекIуэу, цIыхур Iэгу ирагъауэу ялъагъуну арат. ИгъащIэми адыгэм хабзэу яхэлъщ шуузей ягъасэу. АрщхьэкIэ неIэмал. Утыкум, хуит уамыщIауэ, укъилъадэ хъунукъым. Джигитовкэр ямыухыпэу зскадронхэр зэрызехьэ хъуащ, парадым зэрыхэтынум зыхуагъэхьэзыру. Командирхэм щхьэж и увыпIэ къагъуэтыжу, я подразделенэхэр зэрыщтыпхъэу ягъэуву, командэ ятырт. Шы щагъэджэгум утыкум къихьар нэхъ шуузей дыдэхэр аращ, пцIащхъуэм хуэдэу къилъадэрти, нэр темыпыIэу уэгум къилъэтыкIырт, щIым лъакъуэкIэ еIусаи емыIусаи жыпIэу аргуэру уанэгум ису, е шыр жэрыжэм зэрытету шы ныбэгумкIэ щIэпщырти, аргуэру шэсыжырт. Я благъэ, я лъэпкъэгъу, е я цIыхугъэ ялъэгъуамэ, и цIэр жаIэу цIыхухэр зэрыгъэкIийрт, ялъагъур ягъэщIагъуэрт.
Иринэрэ Апчарэрэ я нэр къихуу плъэрт.
Грузовик машинэ къакIуэрт, зенитнэ установкэ иту – пулемётиплI зэгуэту. Псоми ар я щыпэлъагъути, зищIысыр зыщIэр зырызыххэт. Зы лIыжь гуэрым, упщIэ пыIэшхуэ хъужауэ, пулемёт зэгуэтыр щилъагъум, и пыIэ тхьэкIэр дригъэджэрэзеящ, нэхъыфIу илъагъун папщIэ. Абы къыбгъэдэт лIыжьым нэхъ хищIыкIыу къыщIэкIынти къэпсэлъащ:
– Ерпланым мыхьыр езыгъэхьынур арaщ. Шэр къилъэлъу уафэм теубыди, вагъуэр къещэщэхынщ. Ерплан жыхуаIэр балиипкъым ещхьущ къызэрелъэлъэхынур.
– Догуэ, танкым пэмылъэщыну пIэрэ? Ди къуэш и зы лъакъуэ пымытыжу къэкIуэжащи, нэмыцэр танккIэ къыттекIуэу жеIэ.
– Танкым танк пагъэув, шум – шу, лъэсым – лъэс. Арaщ хабзэр.
Топауэ полкри парадым хэтакъым, топ зэрамыIэм къыхэкIкIэ. ТопиплI къудейт яIэри, ар полк хъу хуэдэу утыкум къибгъэхьэмэ, цIыхур дыхьэшхынщ, жаIэри ядакъым.
Иринэрэ Апчарэрэ зэрыгъэгуфIащ:
– Албиян! Албиян! Плъагъурэ? – жаIэри.
Иринэ и хъыджэбз цIыкIур къиIэтри и дамэм тригъэтIысхьащ:
– Мес уи дадэ. Еплъ! АбыкIэкъым уздэплъэнур? МобыкIэ плъэ!
Данэ цIыкIу и адэр аратэкъым илъагъур, гъуэгум шывей хуабэ телъым бзу цIыкIухэр ежати, арат сабийм фIэгъэщIэгъуэныр.
– Албиян! – жиIэри, Апчарэ и макъ къызэрихькIэ джащ, и IэлъэщI тIэкIур игъэдалъэу.
Албиян зэхихщ ари, къеплъэкIащ, къыпыгуфIыкIыу, къицIыхужщ къеджари, псоми Iэ къахуищIащ.
Уэрамыщхьэм деж духовой оркестр щытщи, марш щIимычэу йоуэ. Къатищу зэтет унэшхуэу плIанэпэм деж тетым балконышхуэ иIэщ. Шыхэр Iэлщи, оркестрым щыблэкIкIэ, бгъукIэ зыщIрагъэхыну хуожьэ, шым тесхэм яшхэр ерагъкIэ яIыгъщ. Музыкэ игъащIэм зэхэзымыха шыр убыдыгъуейкъэ.
Балконышхуэм тетщ дивизэм я командирыр, республикэм и унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри я гъусэу. Апчарэрэ Иринэрэ я щхьэ мыгъуагъэ хуахьыжат, Албиян «ди батарее», «ди миномётчикхэр», жиIэу и напщIэ телъар щалъагъум. Абы хуэдэ батареет сымылъагъужар, жиIэрт

игукIэ Апчарэ, гуитI къудей, самовар уэнжакъым ещхьу зырыз – зыр нэхъ иныIуэу, адрейр мыхьэнэншэ дыдэу бжьамиитI ярыту щилъэгъуам. Красноармеец плIыщI хуэдизи лъэсу гум и ужь иту кIуэрт. Арат батареекIэ зэджэри, я командирхэр шууэ, япэ иту блэкIырт. Албияни абы яхэтт. Езы командирхэм къулейсызыфэ ятетти, цIыхум къалъагъумэ, я гуапащэу зэрыщымытым гу лъыптэрт.

Ар къагурыIуэу къыщIэкIынт балконышхуэм тетхэми. Абы гу лъызымытэр Хьэбибэу къыщIэкIынт. И къуэр щилъагъум, и нэпсым къызэпижыхьри, Албиян фIэкIа абы илъэгъуа щыIэкъым.

Музыкэр щызэхихым, и гур къызэфIэнэпащ. ИгъащIэми абы хуэдэт Хьэбибэ, музыкэ, уэрэд зэхихмэ, и гум хыхьэрт. Духовой оркестрыр марш щеуэкIэ, Хьэбибэ къэуIэбжьырт. Абы и гугъэщ, музыкэкIэ нацдивизэр зауэм Iуашэурэ, мо шуудзэм я джатэр кърапхъуэтауэ нэмыцэр зэхаупщIэтэну. КъыхуэмыщIэр зыт – Албиян и красноармеецхэр лъэсу дауэ зэрыкIуэнур. Шум лъэсыр дэхъурэ?

– Сыту куэдыщи хъурэ, ярэби, – жиIэу, Данизэти егъэщIагъуэ, – кIэи пэи иIэкъым. КъокIуэри къокIуэ. КъокIуэри къокIуэ. Дэни кърахa абы хуэдиз щIалэ? Псори зэщIакъуа мыгъуэу жаIэрти!

– Зауэр ныбэнэщIщ, си псэ тIэкIу. Зауэ мыгъуэр пхуэгъэнщIын! – жиIэу, Хьэбиби дзэм яхэплъэрт.

Парадыр зэфIэкIщ, цIыхур зэбгрыкIыжри, щхьэж и къарум къызэрихькIэ тхьэлъэIу тIэкIуи ящIащ. Ауэрэ куэдыщэ дыдэ дэмыкIыу, аргуэру хэкур къызэрыIэтащ. Мы зэм псори къыздэкIуар Налшыккъым, сыту жыпIэмэ КъалэкIыхьым нэсыху станц къэс полк зырыз щитIысхьэрт. ИтIани, хэт и къуэш е и дэлъху дэнэ щитIысхьэми псоми тыншу ящIэрти, здэкIуапхъэм кIуащ.

Пэжу, нацдивизэр абы хуэдэу псынщIэу дашын я гугъакъым. Фронтыр махуэ къэс нэхъ гъунэгъу къэхъурт. Ростов адэкIэ дунейкъутэжу зауэр щекIуэкIырт, хъыбару къэIум уедаIуэмэ, уи щхьэфэцым зиIэтырт. Эвакуацэуи къакIуэм щIэ щIэттэкъым. Арауэ къыщIэкIынт нацдивизэр щIепIэщIэкIыр.

Парадым дахэ дыдэу хэта красноармеецхэр, командирхэр нобэ пщIэнтIэпсыр къайхуэхыу зэрызохьэ, зэрогъэкIий. Хъуани зэхыбох.

Платформэр, вагоныр паровозым Iуелъэф из хъуамэ, нэщI къыIуилъафэмэ, аргуэру из е тез ящI. Машинэм, шыгум я зэхуакум ашыкхэр дагъэувэ, къэпхэр дакуэ. Езыхэм я гъуэмылэр, я хьэпшып тIэкIур красноармеецхэм щхьэхуэу ягъэтIылъ.

Дивизэм дзэпщу яIэ Кубанцевым япэрей зауэшхуэ лъандэрэ зыкIэримыха и шпорыр мэзу, псынщIэу къекIухьри. Командирым и ныбжьыр илъэс щэ никъуэм нэсами аращ, итIани жьыфэ тетщ. И къулыкъум зэрыхэхъуэшхуи щымыIэу, куэд щIауэ дзэм хэтщ. Кавалерист бэлыхьу щыт пэтми, щIэныгъэшхуэ иIэу къыщIэкIынкъым, ауэ лъэрызехьэщ, и Iуэхуми фIыуэ хещIыкI. И джанэм хэлъ орден колодкэхэм къагъэлъагъуэ лIыгъэ зэрыхэлъри, зауэм лIы хуэдэу зэрыщызэуари. Военнэ округыр куэдрэ егупсысащ, нацдивизэм хэт командиру дгъэувын – дивизэр зэхэзышэ лъэпкъым ящыщ, хьэмэрэ хэт дгъуэтми зыгуэр дгъакIуэмэ хъуну, жаIэу. Хэт ягъакIуэми, дивизэр армэ псом хэмыгъуащэу зыгъэзэзэуэн гуэр хуейт. Iэджэми я цIэ ираIуащ. Дивизэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхашащи, е адыгэ командир, е къущхьэ командир гъэувын

хуейщ, жиIэу зыукъуэдияи щыIащ. АрщхьэкIэ хъун хуэдэ гуэр ягъуэтакъым.

Анатолий Федорович Кубанцевыр а лъэхъэнэм ирихьэлIэу Налшык дэт госпиталь гуэрым уIэгъэ хъуауэ щIэлът. Военнэ округым и штабым Къулым къыхуиIуэхуащ, Кубанцевыр зригъэцIыхуу, ар дивизэм и командиру ягъэувым идэнрэ имыдэнрэ яжриIэну. Къул Зулкъэрней полковникым деж кIуащ, епсэлъащ, бгъэдэсащ. Иужьым штабым я деж телеграммэ иригъэхьащ: Кубанцевыр командиру ягъэувыну оборонэмкIэ комитетыр лъаIуэу.

Къулыр щIепIэщIэкIари мыращ:

ОборонэмкIэ комитетыр зэныкъуэкъуырт: нацдивизэ зэхэтшэн хьэмэрэ зэхэдмышэн, жаIэу. Зэхэтшэнщ жызыIэу зи псалъэ яхутемыкIыр езы Къулыр арат. Абы политикэшхуэ хилъагъуэрт, сыту жыпIэмэ нацдивизэ лъэпкъым я мылъкукIэ зэхашэмэ, советскэ цIыху лъэпкъ псори зэрызэкъуэтыр къегъэлъагъуэ. Нэмыцэр тхэмэ ятхыр арат: советскэ къэралым ухэуэмэ, лъэпкъ зэмызэгъ защIэу зэхэтщи, зэбгрыжыжынщ, жаIэу. Шэшэн-мышкъышхэми, къалмыкъхэми дзэ зэхашэрт. Абыхэм къакIэрыхуну Къулым фIэфIтэкъым.

Нацдивизэ зэхэпшэну зымыди щыIэт. Абыхэм щIамыдэр: зауэр адыгэ зауэкъым е шэшэн-мышкъыш зауэкъым. Къэрал псом я зэхуэдэ зауэщ. Зы лъэпкъ закъуи щыIэкъым зауэм хэмыт. Псори мэзауэ, адэ щIыналъэр я зэхуэдэ адэ щIыналъэщи. Конституцэм итщ: лъэпкъ къэс щхьэж и щIыналъэр ихъумэжу аракъым, атIэ псоми я къару зыуэ, ялъэкIыр ящIэу, зэакъылэгъуу бийм поуври зэтракъутэ, жиIэу. Дэ партымрэ правительствэмрэ ди пщэ къыдалъхьэр гъэзэщIа зэрыхъунум и ужь дивгъэт, дзэ зэхэшэныр генералхэм къахуэвгъани, жиIэу къэувари мащIэкъым.

Зэныкъуэкъум Къул Зулкъэрней ятекIуащ.

Нацдивизэ зэхашэну щызэгурыIуэм, аргуэру зы вопрос къэхъеящ:

– Сыт хуэдэ дивизэ зэхуэтшэсынур – шуудзэ хьэмэрэ лъэсыдзэ? – жаIэу. АбыкIи псори зэакъылэгъутэкъым. Иныкъуэр дауэрт: шуудзэщ зэхэтшэн хуейр, адыгэр игъащIэм шууейщ, жаIэу. Суворов, Кутузов сымэ я дзэм адыгэ эскадронхэр хэту зэрыщытари ягу къагъэкIыж. ИсториекIэ жыжьэ уIэбэмэ, абы хуэдэ куэд бгъуэтынут, сыту жыпIэмэ Къэбэрдейр илъэс щиплI ипэкIэ Россием хыхьауэ щытащ. Шуудзэр зымыдэми жаIэн ягъуэтырт: иджырей зауэм шум щахузэфIэкIышхуэ щыIэкъым, танкымрэ авиацэмрэ куэдщи, шур Iисраф хэхъухьынущ, абы нэхърэ, щымыхъунукIэ, лъэс дивизэ зэхэдвгъашэ, жаIэу.

ЛъэныкъуитIыр зэгурыIуэн хьисэпкIэ Зулкъэрней игъакIуэри Кубанцевыр кърригъэшащ заседанэм, госпиталь зыщIэлъым къыщIригъэшри. Полковникыр, дауи, кавалерием и телъхьэт. Шуудзэм я чэзури икIакъым, фронтым румын кавалерие жыпIэми, Венгрым я дзэ жыпIэми, шуудзэ дапщэ ухуей. Абыхэм ебутIыпщ хъуркъэ шуудзэр, жиIэри Кубанцевыр къэуващ. Нацдивизэм и унафэр абдеж къащтащ.

Дзэр зэхашауэ, еуэу ягъасэу зэхэту, Кубанцеври хъужри и IэнатIэ Iуувэжащ. ДыщэкIыу щыIар къалъыхъуэжри Къулым унафэ ищIащ: икIэщIыпIэкIэ полковникым и Iэщэ-фащэр хуагъэхьэзырыну, ялъэкI къамыгъанэу сэшхуэр, къамэр, бгырыпхыр, уанэр ягъэщIэрэщIэну. Дидан Бекъант уанэр зи Iэдакъэ щIэкIын хуейри, абы ищIа уанэм хуэдэ

узэриIэн. Еплъым игъэщIагъуэу уанэ бэлыхь ищIри, езы Къулым иригъэлъагъужащ. Дивизэр дивизэ хъун щхьэкIэ куэд хуейт. ОборонэмкIэ Комитетым лъэкI къигъэнакъым. ЩIалэгъуалэ зэхуашэсар иджыри гъэсэн хуейт, арщхьэкIэ фронтыр къэкъутати, дзэр абы фIэкIа бгъэгувэ хъунутэкъым. Езы Къулми нацдивизэм яригъэшхыныр гъуэтыгъуей хъуат, шы Iус къудейри имыгъуэту гугъу ехьырти, дзэр дашмэ идэрт.

Кубанцевымрэ Къулымрэ эшелоныр хьэзыр хъуарэ мыхъуарэ зэхагъэкIыху, политотделым трагъэува Хуламбаев СолтIан унафэ ищIащ, пIалъэ имыIэу грузовик ягъэуву трибунэ ящIыну. Эшелоныр емыжьэ щIыкIэ митинг тIэкIу егъэкIуэкIын хуейт. Вагонхэм, платформэхэм трагъэувэнур трагъэуват, «гъуэгу махуэ» жыпIэу эшелоныр ебгъэжьэн фIэкIа къэмынэжауэ.

Зулкъэрнейрэ командирымрэ мы махуитI екIуэкIам плIэ къэпсэлъэгъуэ къэпсэлъат, ноби къэмыпсалъэу дауэ хъунт. ЦIыхуу къызэхуэсам зыгуэр яжумыIэу ядэнт. Эшелоным итIысхьэнур итIысхьа иужь, станц пщIантIэ кIуэцIым дэхуэр къыдагъэхьащи, цIыхур иувыкIауэ щытщ, гъущI гъуэгум бгъурыту.

Хьэбибэ иджыпстущ и гум къыщыкIыжар: Темыркъан мыгъуэм и шырыкъуитI и кIэрзинкIэм илът, и къуэм иритыну къыздихьауэ. А шырыкъуитIыр шырыкъу угъурлыуэ къилъытат, сыту жыпIэмэ Темыркъан ар щыгъыу дэнэ кIуами лажьи хъати имыIэу къэкIуэжа мыгъуэт. Езыми «шырыкъу угъурлыуэ къыщIэкIащ» жиIэрт. АтIэ, Албиян лъретIагъэ а шырыкъуитIыр. Лъэдакъэ лъагэщ жумыIэмэ, дэбгъуэн щыIэкъым, щIэрыпсщ жыпIэнщ шырыкъу лъапщэр мэлыдри. Албиян зылъитIагъэмэ, и кIыхьагъым сантиметритху хэхъуэнущ.

Албияни зэрыцIыкIу лъандэрэ а шырыкъуитIыр блыным фIэлъауэ ещIэжыр. Хьэбибэ зэзэмызэ илъэщIырти, аргуэру блыным фIидзэжырт. Зэгуэр Албиян щитIэгъати, дыхьэшхри зылъихыжащ, цIыхубз туфлъэ лъыптIэгъа хуэдэт, лъапэкIэ ущIихуэнут. Хьэбибэ шырыкъуитIыр и къуэм иритри:

– А си псэр зи къурмэн, мы шырыкъуитIыр уи адэм къыщIэнащ. И фэеплъу нэхъ мыхъуми зехьэ, – жиIэу.

Албиян Iихын идэртэкъым:

– Къэгъанэ, ди анэ. Сэ сиIэщ шырыкъу.

– КъеIых, и жагъуэ умыщIу, – жиIэри Ирини елъэIуа иужь, Албиян шырыкъуитIыр Iихри, и красноармеец гуэрым иритащ, «гъэтIылъ» жиIэри. ПщIэну щыткъым абы ухуей щыхъунур.

Станц пщIантIэм командиру дэта къомым ящыщ зым псоми гу лъатат. И лъакъуэ лъэныкъуэр пхауэ, езыми баш зыщIигъакъуэу, итIани, мыр сыту лъэрызехьэ, лIы псынщIэ, жыуигъэIэу зэ адэкIэ жэуэ, зэми къигъэзэжу, и унафэр кIэщIу, гурыIуэгъуэу, псынщIэуи ягъэзащIэу командирыр яхэтт. Ар полкым и командир къуэдзэт, и унэцIэр Локотошщ. Госпиталым щIэлъати, дивизэ зэхашауэ щызэхихым, лъаIуэри къагъэкIуащ. И лъакъуэ уIэгъэ хъуар мыхъужыпауэ госпиталым къафIыщIэкIат.

Капитан Локотош дежкIэ Албиян плъэри, гушыIэ хуэдэу, къыжьэдэхуащ:

– Плъагъурэ, ди анэ. Мор зы шырыкъу закъуэм ирокъу. Уэ шырыкъуитI сэ къызэптащ.

Албиян и гушыIэкIэр Ирини игу ирихьакъым. Капитан щIакъуэм и гугъу имыщIын щхьэкIэ, Апчарэ тепсэлъыхьу хуежьащ: фронтым кIуэсэну и мымураду си фIэщ хъуркъым, жиIэу. «Боевая Апчара» жаIэу школым къыдеджэхэм ауэ сытми жаIа фи гугъэ. Ахэр зэпсэлъэху хъыджэбз цIыкIур бзэхащ, зыми имылъагъуу.

Абдеж дыдэм зыгуэрым и макъ зэхахащ:

— Хэт и хъыджэбз цIыкIу ди гъусэу фронтым нэкIуэнур? – жиIэу.

ЗэплъэкIхэмэ, капитан Локотош Данэ цIыкIу иIыгъыу къабгъэдохьэ.

– Фыфей? Фубыд. Зыгуэр къыжьэхэуэнкIэ мэхъу. Шым бгъэдэту къэзубыдыжащ.

– Уа, дакъикъитху пхущысыркъым мыр. Тхьэр арэзы къыпхухъу, – жиIэри, Иринэ и сабийр къыIихыжащ.

Локотош IуигъэзыкIыж пэтрэ, Албиян къигъэувыIащ:

– Товарищ капитан. ЗэгъэцIыху си Iыхьлыхэр. Мыр ди анэрщ. Мыр ди унэгуащэрщ. Мори си шыпхъущ. ЗэгъэцIыху. Си шыпхъур хъыджэбз зи шэгъуэщ. Пэжу жыпIэмэ, къылъыхъу гуэри щыIэщ.

Апчарэ плъыжьыбзэ къэхъуащ:

– Щыгъэт, кхъыIэ. Алыхь, зы псэ зыIут къыслъымыхъуа! Сыт жыпIэ делагъэр? – жиIэри.

– ЗэвгъэцIыху фэри: капитан Локотош. Куэд щIакъым госпиталым къызэрыщIэкIыжрэ.

– А си щIалэ цIыкIу, – жиIэри Хьэбибэ нэмэзыбзэ къибж хуэдэу къригъэжьащ: – алыхьым и нэфI къыпщыхуэ. Гъуэгуу щыIэм я нэхъ дахэм тхьэм утригъэувэ. Нобэ фыузыншэу фызэрыдэкIым хуэдэ къабзэу, фыкъэкIуэжауэ тхьэм дигъэлъагъу. А зи анэ тхьэ еуа мыгъуэ. Уилъ пщIэкIащ. Тхьэм абы нэхъ гуауэщхьэуэ ухуимыгъазэкIэ. Уи анэр дэнэ щыIэ, си щIалэ цIыкIу?

– Ленинград.

– Ленинград жыпIа, тIыкIуэ? А зи гугъу пщIы къалэр нэмыцэм къаувыхьауэ жаIэ мыгъуэри. Уи анэ мыгъуэр абы нэс дауэ кIуэфа?

Локотош зыгуэр къеджэри IукIыжын хуей хъуащ, Хьэбибэ зыщIэупщIам и жэуапым нэмысу.

– Къысхуэвгъэгъу, къызоджэ, – жиIэри Локотош ещIэкъуауэу псынщIэу зыIуригъэхащ. Честь зыгуэрым щриткIэ, капитаным и башыр зы Iэм IэщIихырти, адрей IэмкIэ иубыдырт, аргуэру зыщIигъакъуэу здэкIуэнум кIуэрт.

Трибунэр хьэзыр хъуащ.

ЦIыхуу къызэхуэсам трибунэр яфIэIуэхутэкъым. Щхьэж и благъэ, и дэлъху, и къуэш къигъуэтыжауэ епсалъэу щытт.

Красноармеецхэр вагонхэм къикIиикIыу, Iэ ящIу къоплъэ. Зенитчикхэр вагонымщхьэм тест, зэзэмызэ уафэм дэплъейуэ. ПулемётиплIу зэгуэтыр иужь дыдэ ит платформэм тетщ.

Абдежым, къыздикIари къыздихуари умыщIэу, Мутаев Чокэ къэсащ. Ар псом япэ къэзылъэгъуар Апчарэт. Чокэ куэд щIат къызэрыкIуэрэ, ауэ Хьэбибэ щышынэрти, къабгъэдыхьэн ирикуртэкъым.

ИкIэм-икIэжым, Албиян зыкъыхуигъэзащ:

– Мэ Чопракъ ауз къыщызгъуэта щтауч, дыуэм хуэдэу зехьэ, ди псы Iуфэр уигу къигъэкIыжу, – жиIэри.

– Мывэр си гуфIакIэм дэлъу. Ара? – Албиян щтауч мывэр къыIихри къыпыгуфIыкIащ.

– Арауи щIы. Ухуеймэ, Гитлер и щхьэм уреуэмэ, къелынкъым.

Щтаучым и закъуэтэкъым Чокэ къигъэхьэзырар. Щтаучым зэреуэн гъущI тIэкIуи иIыгъыу къыщIэкIащ.

– Ари сыт зищIысыр?

– Псори узыхуейщ, – жиIэри, фитиль хужьи и жыпым кърилъэфащ.

– Щтауч себгъэуэнущ уэ слъагъум.

– ПщIэну щыткъым абы ущыхуеинур. Сеныч щумыгъуэт уихуэмэ, е мафIэ щIэбгъанэ мыхъунумэ, мыбы нэхъыфI щыIэкъым. Уэшхи къегъэшх, уэси къегъэс – къыщIэнэнущ. Жьапщэми нэхъыфIыжщ.

Чокэрэ Албиянрэ зэрыIушащ.

– Берычэт бесын. Уэлэхьи, сымыгъэкIуэдын, си къуэшыжь.

– Хьэбибэ, Иринэ, Апчарэ щхьэкIэ умыгузавэ. Си нэIэ ятезгъэтынщ. Сэ сыпсэууэ, абыхэм лей къалъызгъэсынкъым. Сыт диIэми, унэкIи, шхынкIи, щыгъынкIи – псомкIи дызэдэгуэшэнщ. Письмо хуэстхынщ жыпIэрэ къысхуэптхмэ – уи зы письмо къакIуэмэ, тIу нэстхыжынщ. Тхьэм ещIэ къэхъунур. Си натIэ илъри сщIэркъым. Сэри къызэджэу дзэм сашэнуми хэт ищIэрэ? Сашэми, сызэрымыгузавэр уощIэ. Аращ сызыхуей дыдэр. Ауэ мызэкIэ сыкъагъэнащ. Сыту сынохъуапсэ уи гугъэрэ? Упсэууэ укъэкIуэжамэ, абы нэхъ гуфIэгъуи дэнэ щыIэ...

Паровозым бахъэ зыщIешэ. Машинистхэми хьэзыру я щхьэр щхьэгъубжэм къыдагъэжауэ къоплъэ, дапщэщ дежьэну пIэрэ, жаIэу.

– Узыншэу, си къуэш.

– Гъуэгу махуэ, сыхьэтым я нэхъыфIым...

Чокэрэ Албиянрэ IэплIэ зэхуащIыху, трибунэм деж цIыхур щызэхуэсащ. Сигнальщикыр сигнал еуащ. Локотош, рупор къиштауэ, цIыхур трибунэм къекIуэлIэну лъаIуэрт.

ЦIыхур зэрызекъуэу трибунэмкIэ къеIащ. Хьэбибэ сыми здахьу кIуэрт. Ерагъыу грузовикым жьэхамыгуэу къызэтеувыIахэщ.

Митингым щIадзащ. КъызэIузыхар Къул Зулкъэрнейщ. И псалъэм кIыхь зригъэщIакъым. Сыт щхьэкIи зебгъэщIын, дивизэм и зэхэшэкIэ хъуар зымыщIэ ини цIыкIуи хэкум зыри искъым. Къуажэ къэс, колхоз къэс мащIэрэ зэхуэса, дивизэм и гугъу ящIу, зыхуэныкъуэр, зыхуэчэмыр зэхуахьэсу. Зыгуэрхэр къэпсэлъэнти, иIэ маржэ, иджы дызыхуейр къызэхэфлъхьэ: щIакIуэ зиIэм – щIакIуэ, мэлыфэ зиIэм – мэлыфэ, къамэ, бгырыпх, уанэ, шхуэ, нахътэ, хьэзыр, шырыкъу, лъэпэд, къамышы, лъэрыгъ, пыIэ, сэшхуэ – зи сыт уиIэми къэгъэтIылъ. ИкIи къагъэтIылъыырт. ЯмыIэр къагъуэтырт, къамыгъуэтым – етIысылIэрти ядырт, ящIырт. Езыхэр хуэныкъуэ щхьэкIэ къагъанэрэт. Гуэдз зиIэм и гуэдзыр къишэрт, мэл зиIэри арат – лы къаритырт, тхъу, дагъэ, кхъуей – зи къатена щыIэкъым, жаIэр къатащ.

Арат Зулкъэрней иджыпсту зи гугъу ищIри, партымрэ правительствэмрэ я цIэкIэ Къулыр цIыхум ехъуэхъурт:

– Ди къарум къихь къэдгъэнакъым, – жиIэрт Зулкъэрней, – ди щIалэхэм зыхуей ягъуэтын щхьэкIэ, ди дивизэр хуэщIауэ фронтым кIуэн папщIэ. Дэ иджыри куэдым дыхуэныкъуэу щытыну къыщIэкIынщ. Ауэ дивизэм и щIыхуэ къыттенауэ тлъытэркъыми, абы дрогушхуэ. ДгъэпщкIуу къыткъуэна щыIэкъым. Фэ нэхърэ нэхъ тфIэлъапIэщ, жытIэу едмыта къэна? МазитхукIэ зы щIакхъуэ Iыхьэр ядэдгуэшу, зы шыуаным ишхыкI бынунэм хуэдэу ди шхын Iыхьэ зэхэлъу дызэдэпсэуащ, дивизэр дгъэпIыщIакъым, дгъэмэжэлIакъым, щыгъын хуэдгъэныкъуакъым. Ди гуфIакIэм дэсым хуэдэу дгъэхуэбащ. Дгъэхуэбамэ, дгъэхуэбар ди бынщ, бийм пэуву дыкъахъумэнкIэ дызыщыгугъ ди щIалэхэр аращ.

Нэмыцэ фашистхэр мэпIэцIеиж Москва яубыдыну я хьисэпу. НтIэ, ди гуфIакIэ дэсу тпIа ди дивизэр нобэ зауэм Iуохьэ. Ди гущхьэм и гъунэгъу дыдэу тIыгъа ди зауэлIхэм ящремыгъупщэ ди бэуэкIэр, ди гум и къеуэкIэр. Бийм зевдзауэ фыщезауэм деж ар фигу къэвгъэкIыж, – Къулым эшелоным ис командирхэм, красноармеецхэм я дежкIэ зигъэзащ, и псалъэр абыхэм зэхахмэ нэхъ къищтэну. – Ди къуэшышхуэу фIыуэ тлъагъухэ! Ди гум фыкъыщIитхъыу фыдогъажьэ, сыту жыпIэмэ, фыздэкIуэр хьэгъуэлIыгъуэкъым. Зауэм фыдогъакIуэ. Бийм федгъэзэуэну. ЛIыгъэ зефхьэну дыфщогугъ! Ди напэ къэфтхьэщIыну дыфщогугъ! Бийм фытекIуэну, хэвгуэну дыфщогугъ! Дэри дыхъуахъуэмэ, ди хъуэхъур фытекIуэну, фытекIуэну, фытекIуэну аращ.

Нобэ хуэдэу махуэ дахэуи щрырет дыщызэхуэзэжыну махуэри. Ди къалэн дгъэзэщIауэ, ди напэр къабзэу, лIы хуэдэлIу дызэхуэгуфIэу дызэхуэзэжыну сохъуахъуэ! Ди текIуэныгъэм и саулыкъукIэ «Ура!», ди Хэкум папщIэ «Ура!», Сталиным и цIэкIэ «Ура!».

Iэгуауэм иджыри щигъэтыжатэкъым, Апчарэ псом нэхърэ нэхъ ину «Ура» щыжиIэм, занщIэу Чокэ къыбгъэдэхутащ.

Апчарэ къеплъэкIыу ар къилъэгъуа щхьэкIэ, и Iэгу еуэныр щигъэтыртэкъым, Къулым дежкIэ плъэурэ «Ура» жиIэрт.

– Хуламбаев СолтIан уи деж сыкъигъэкIуащ, – жиIэри, Чокэ мащIэу къеIусащ Апчарэ и Iэблэм. – ЩIалэгъуалэм я цIэкIэ псалъэ тIущ жыIэ. Иджыпсту псалъэ къыуатынущ. КъыбгурыIуа?

– Сыт жыпIэр зищIысыр? Сэ сщIэрэ абы жыпIэн хуейр. Си гугъу умыщI, кхъыIэ.

Чокэ IукIыжыну и мурадыххэкъым:

– Райкомым ди унафэу къэлъытэ. Батальоннэ комиссарри къолъэIу. Хуламбаевыр. ИIэт. НакIуэ. ПсалъитI пхужымыIэнуи! Уи дэлъхур ибогъажьэ. Абы жепIэр псоми яжеIэ. Заседанэ тщIыху хъарзынэу укъопсалъэри.

А тIури иджыри куэдрэ зэпсэлъэну къыщIэкIынт Хьэбибэ мыхъуамэ.

– ЛIо, нысащIэ мышынэр мэл щхьэ фIэбзам щошынэ, жыхуаIэм ухуэдэ? Махуэ еным сэ къызжепIэн угъуэт, иджы жыпIэн умыгъуэту ара? Жылэр зауэм макIуэ. КъэзыгъэзэжынуР пщIэрэ? Уи псэр къэпсэлъэн хуейщ, уи гур дэнэ къэна. КIуэ, къыщыпхуагъэфащэкIэ... – жиIэри, анэр къыхуилъащ.

– КIуэ, кIуэ. Трибунэм унэсыху зыгуэр къэбгупсысынщ, – жиIэу Ирини тригъэгушхуэрт.

Апчарэ и Iэр Чокэ иубыдри трибунэмкIэ ишащ. АдэкIэ зэрыхъуари зэрыщIари ищIэжыркъым – занщIэу трибунэм къытехутащ. Плъэмэ – езы Къул Зулкъэрней къыбгъурытщ. Дауэ къыщIидзами, сыт жиIами Апчарэ ищIэжыркъым, жейм хэту пщIыхьэпIэ илъагъу хуэдэт.

Гужьея хуэдэу, иджыпсту дыдэ и анэм, и нысэм ябгъэдэту здэщытамкIэ плъащ, арщхьэкIэ ахэр щытыжу илъэгъуакъым. Хьэбибэ сыми трибунэм нэхъ гъунэгъуу къекIуэлIат, Апчарэ жиIэр нэхъыфIу зэхахын папщIэ.

Жыжьэ къипсэлъыкI хуэдэу, Къул Зулкъэрней и макъыр Апчарэ зэхихащ.

– ЩIалэгъуалэм я цIэкIэ фермэм тет Къэзанокъуэ Апчарэ псалъэ идот! – жиIэу.

Апчарэ абдеж здэщытым плъэмэ – Iэлъэщ I защIэщ нэхъыбэу илъагъур. ЦIыхубз къомым пилоткэ е упщIэ пыIэ ящхьэрыгъыу цIыхухъу зырызыххэ фIэкIа яхилъагъукIыртэкъым. Апчарэ къыхущIэмыдзэу тIэкIурэ щытащ. ЦIыхур щым хъуат, хъыджэбз цIыкIур зэрыукIытэ, жаIэу.

– Ди зауэлI, ди дэлъхуфIхэ! – жиIэри Апчарэ и нэкIущхьитIыр цIыплъ къэхъуауэ къыщIидзащ. Чокэ «нып цIыкIу» уи нэкIущхьэм къаIэт, жиIэу дыхьэшхырт абы щхьэкIэ. – Си дэлъхушхуэ Албиян! – Апчарэ и макъым нэхъ зиIэт хъуащ, – нобэ федгъажьэ нэхърэ фыкъэкIуэжу дыкъыфпежьауэ щытамэ, сыту ди насыпышхуэт. Иджыпсту зызоплъыхьри, слъагъур Iэлъэщ Iыщхьэ защIэщ. Сабиищхьэри абы хуэдэу. ПыIэ зыщхьэрыгъыр зырызыххэщ. ПыIэ зезыхьэфыр зауэм щыIэщ. Фронтым кIуар фи закъуэкъым. Ауэ фэр фIэкIа фронтым нэгъуэщI мыкIуэжу махуэ дыхуэзэну сохъуахъуэ! ФIыуэ зэрылъагъуитI, зэдэлъхузэшыпхъуитI зэкIэрамычу дыщыпсэуну махуэр къэсыну сохъуахъуэ! Нобэ ди гум фыкъыщIитхъыу фыдогъажьэ. Гуауэ мыухыжыр ди гум къинауэ дыкъонэ.

Флъагъурэ, нобэрей махуэр зэрыдахащэ! Дунейм и щыгъын нэхъ дахэ дыдэр зыщитIэгъащ. Ди хъыджэбзхэми, нысащIэм хуэдэу, зыкърах! Флъагъурэ, къуршхэр иувыкIауэ щытщ. Мис, дэри! Фи анэхэр, фи шыпхъухэр, фи нысащIэхэр – дэращ родинэ хъужыр! Бийм дыщыфхъумэ, къэвмыгъакIуэу фиувыкIи фыщыт, мо къуршхэм жыыбгъэ къамыгъакIуэу зэрыщытыфым хуэдэу. Дызэревмыгъапхъуэ нэмыцэм, Iисраф девмыгъэщI. Фэращ дызыщыгугъыр. Фэращ къытщхьэщыжыну диIэр. Зэхэфхрэ, Албиян? Зэхэпхрэ, си дэлъхушхуэ? – жиIэу, Апчарэ и гур къызэфIэнащ...

КъедаIуэ къомым къахэгуоукIыу Хьэбибэ и макъри къэIуащ:

– Зэхех, си хъыджэбз! Зэхех... жыIэ иджыри! – жиIэу.

И анэм и макъ щызэхихым, Апчарэ и псалъэр IэщIэхуащ. АрщхьэкIэ, жиIэну зыхуеяр жиIати, жэрыгъэ защIэкIэ, цIыхухэр Iэгуауэшхуэ къыхуеуэу, Апчарэ трибунэм къехыжри, Хьэбибэ сымэ здэщытым деж, къызэщIэплъауэ, и нэкIущхьитIыр дэпым хуэдэу, къэувыжащ.

– ЖысIэнур сщIэркъым жыпIати! Уи жьэ цIыкIум къихьыр сэ сщIэркъэ, – жиIэри Хьэбибэ и пхъум и дамэм теуIуащ. Псом яужь къэпсэлъар Кубанцевыр арат. Абы жиIэн хуейр нэхъ къэгъуэтыгъуейт. Полковникым къыгурыIуэрт дивизэ хьэзыр мыхъуар, Iэщэ-фащэкIи нэгъэса мыхъуар фронтым щашэкIэ ар гузэвэгъуэм къызэрыхэкIыр.

Дауи, ар Iэмалыншагъэм къыщыхахкIэ, а цIыху зэхэт къомыр сыткIэ къэбгъэгугъэ хъуну? Гъавэм цIыхубз фащэри дэкIуэу, хэкум я дивизэм ирамыта къагъэнакъым. Дивизэм фи напэ къитхьэщIынщ, нэмыцэм текIуауэ къигъэзэжынщ, жыпIэу къэбгъэгугъэнур и жьэм къекIуэркъым. Кубанцевыр дапщэрэ хуэза дивизэ зэхаша къудейр зауэм Iуашамэ, махуэ зыбгъупщIкIэ а дивизэм щыщ къэмынэу хэкIуадэу! Я номер е я ныпыр къанэми нэгъуэщI къэмынэу. Дэ ар къытщыщIынкъым, жыпIэу дауэ пхужыIэн? Мо къызэхуэса къомыр зыхуейри, зыщIэхъуэпсри, къызэрыпщыгугъри аращ  – бийр зэтедгъэщэхэнщи, Берлин дынэсынщ, жыуагъэIэну.

Дивизэм и командирым и псалъэр къригъэжьащ макъ псыгъуэ цIыкIукIэ. Фыз макъым тIэкIу ещхьти, хуэбгъэфэщэнутэкъым, Iэ ижьыр апхуэдизу игъэдалъэрти, и псалъэр зэбгрепхъ жыпIэнт.

– Фэ фи фэ дэкIар историем щыгъупщэнкъым. Абы и хъыбарыр дыщэпскIэ ятхауэ флъагъунщ. Нобэ фэ евгъажьэ нацдивизэм хэт зауэлIхэм ялъэкI къамыгъанэу, я псэ емыблэжу фэ къахуэфщIар зэрагъэпэжыным и ужь итынщ. ЩIэгъэкъуэн фыкъытхуэхъу, нобэ къэс ди щIэгъэкъуэну фызэрыщытам хуэдэу. Бийр хэдгъащIэурэ, и къарур едгъэухынщ, и дыгъужьыгъуэ къызэрыкIам итхуэжынщи, идукIыхьынщ.

Фыкъытпэплъэ, къэдгъэзэжынщ. Ди текIуэныгъэм папщIэ «Ура!»

Аргуэру урамрэ Iэгуауэмрэ фызхэм я гъы макъыр, я зэщыджэ макъыр къыхыхьэжауэ зэрызехьэшхуэ къэхъеящ. Горнистым и сигналри къэIуащ.

Паровозри псчэ хуэдэу хъуащ, бахъэм щIигъэнауэ, эшелоныр ежьащ. Паровоз уэнжакъым мафIэ хъуаскIэр къилъэлъырти асыхьэту ункIыфIыжырт. Станцым тета къомыр зэрызехьэрт, мафIэгум кIэлъыжэ хуэдэу.

Нацдивизэр дашащ. Хэт ищIэрэ, куэд мыщIэу нобэ дэкIа къомым я письмор паровоз уэнжакъым къилъэлъ мафIэ хъуаскIэу Iэрамэ-Iэрамэу къаутIыпщу плъагъунщ. Абыи хэт игъэгуфIэнщ, хэти игъагъынщ.

* * *

МахуищкIэ щIимычауэ зауэр екIуэкIауэ, занщIэу щым хъуащ. ЕплIанэ махуэм нэху зэрыщу аргуэру топауэм къиублэн я гугъа щхьэкIэ, зы кIакхъуи щIачакъым, е зы танкым и макъи къэIуакъым. Махуищым и кIуэцIкIэ нэмыцэ атакибл зэпаудам цIыхууи Iэщэ-фащэуи мащIэ хэкIуэдат! Нацдивизэм яхэщIари мащIэтэкъым.

Апчарэ мызэ-мытIэу хуежьат и дэлъхур къигъуэтынуи, Локотош игъэкIуакъым. Iэ дэхьеигъуэ къудей ихуакъым. Апчарэ телефон Iэмэпсымэр зригъэщIауэ, еуэ иригъэшхыу телефонисткэ гъуэзэджэ хъуащ. Хэт хуейми йопсалъэ, и дэлъху закъуэр здэщыIэ батареем телефон кIуэркъыми, и гум къыщIетхъ.

– Зауэр кIащхъэ хъумэ, уи дэлъхум ухуэзгъэзэнщ, – жиIэри, Локотош къигъэгугъащи, мис, кIащхъэ хъуащ. Миномётчикхэм я гъунэгъупсу иптап артиллеристхэм я топыр ягъэувати, занщIэу телефон иратащ.

Локотош телефон къеуащ, иптап артиллеристхэр къызэтыт, жиIэри, Абы жиIэр Апчарэ тыншу зэхех:

– «Еянэ!» Уэра ар? Уи гъунэгъур къеджэт! Къэзанокъуэр жыIэ. Командир взводщ. Зыгуэр гъажэ. Тэмэм, Албиянщ и цIэр.

Апчарэ и гур къолъэт. «Ярэби, мыпщIыхьэпIэу пIэрэ мыр?» – жиIэу зэхихар и фIэщи хъуркъым, гуфIэщауэ и нэр къыщхьэрипхъуащи. Куэд дэмыкIыу и дэлъхум и макъи зэхихати, къищIэжыххакъым. Албиян и макъыр икIат.

– Лейтенант Къэзанокъуэр нодаIуэ!

– Капитан Локотошщ ар. Сэлам, си къуэш. Дауэ защIрэ нэмыцэм?

– Заущэхуащ. Тхьэм ещIэ я гугъэр.

– Ди дежкIи мамырщ. УкъэдаIуэрэ – Iуэху гуэркIэ сыпхуейщ. Парашютисткэ къэдубыдащ. КъыбгурыIуа? ДеупщIати – уи шыпхъуу жеIэ. Иджы пцIырэ пэжрэ зэхэдгъэкIын щхьэкIэ укъакIуэу зумыгъэлъагъуу хъуркъым...

– Хэт и парашютисткэ? Дэнэ къикIа? – жиIэу Албиян къэгузэващ. Апчари къэуIэбжьауэ трубкэм икIие пэтащ, арщхьэкIэ капитаным щышынэри, ерагъыу зызэтриIыгъащ.

– Хэт и парашютисткэ, жи? КъакIуи плъагъунщ. ИIэ, зумыгъэгувэ...

– СынокIуэ...

Миномётчикхэр здэщысыр жыжьэ дыдэтэкъым, ауэ нэмыцэм укъамылъагъун щхьэкIэ ныбапхъэкIэ зыкъомрэ укъэпщын хуейт. Сыхьэт дэмыкIыу, Албиян къэсащ. Локотош ар къакIуэу щилъагъум пежьащ, шыгъу зыщIэлъу щыта кладовкэм къыщIэкIри. ДэнэкIи шыгъумэ къыщIихырти, езыри яшыуа хуэдэт.



Лейтенантым честь къритри:

– Товарищ капитан, уи унафэм ипкъ иткIэ... – жиIэу рапорт къыщритым, модрейм зэпиудащ:

– Хъунщ, хъунщ. Дауэ фыкъела дыгъуасэ? – жиIэри.

– Боекомплекту щы идгъэсыкIащ. Лагъымыр къыдомэщIэкI.

– Ныфхуедгъэшэнщ. Куэд фхэщIа?

– Щы уIэгъэ хъуащ. Ещанэр уIэгъэ хьэлъэщ – дзажэналъищ хиудащ. Миномётым и командирт. ЩIалэ хъарзынэ мыгъуэр лIэнкъэнэнщ... Дэнэ щыIэ зи гугъу пщIа парашютисткэр?

– Зэ умыпIащIэ. НакIуэ, тIэкIу дедзэкъэнщ.

ТIури кладовкэм щIыхьащ. Унэр кIыфIти, Iэнэр бжэщхьэIум узэребакъуэу щытт. Iэнэ хъужыр ашыкыжь гуэру арат. Нэкулъ, аркъэ птулъкIэ, консерв, щIакхъуэ фIыцIэ – зи ерыскъы узыхуейщ. Ашыкым стэкан цIыкIуищи тету щилъагъум, Албиян игъэщIэгъуащ: парашютисткэр арауэ пIэрэ ещанэр, жиIэу. Капитаным зыгуэр зэрибзыщIыр белджылыт.

– ТIыс. Уэри узэрымэжалIэр сощIэ. Ныжэбэ жэщым кухняр нагъэкIуакъым. Нызэрежьэу, къоуэри къакъутэ, аргуэру незгъажьэмэ – ари къакъутэ пэтащ. Нэхущыра ар ныщысар? Сэри си IэфракIэ къэзгъэшакъым.

Локотош тIысри стэкан цIыкIуищми ныкъуэ-ныкъуэ иригъэхъуа иужь телефон трубкэр къищтащ:

– Парашютисткэм къеджэт мыдэ!

Албиян ар зыхуихьыным егупсысу щысыху, и шыпхъур унэм къыщIэлъэдащ. Апчарэ лIитI щысым ящыщу и дэлъхур дэтхэнэр арами занщIэу къыхуэцIыхуакъым. Езы Албиян дыди арат – и шыпхъур зэхэзещхъуэн ищIащ, пилоткэ, военнэ фащэ щыгъыу зэи илъэгъуатэкъыми.

– Си дэлъху Албиян! – жиIэри, Апчарэ Iэнэм щыблэкIым псори кърикъухь пэтащ.

Зэдэлъхузэшыпхъур зэхуэзащи, зэпкъроупщIыхь.

– Мыр дэнэ укъикIа?

– Албиян!

– Мыбы щыпщIэри сыт?

– Телефонисткэщ. Уафэм къехащ.

– Мыра парашютисткэ жыхуэпIар?

– Iэу, ар уфIэпарашютисткэкъэ? – жиIэри зэдэлъхузэшыпхъум я Iэр Локотош иубыдащ. – Куэдщ, фытIыс. Фыщызэпсэлъэни фихуэнщ. Фадэр изгъэхъуащ. Къафщти, зырыз дэдвгъэдз! АдэкIэ зыгуэр хъунщ.

Албиянрэ Апчарэрэ я жьафэр зэтехьэжыртэкъым, гуфIэщати. Бжьэ зырызи, нэхъыби дадзыхауэ я гур жан къэхъуат. Апчарэ и гур къызэфIэнащи, и дыхьэшхри и гъынри зэхэтщ. Албиян зыщIэмыупщIи щыIэ! Локотош а тIум зэран яхуэхъуртэкъым, стэканыр нэщI хъумэ, ирегъахъуэри щысщ. Апчарэ жиIэну зыхуейр куэдыщэщи, псоми я щхьэфэ йоIэбэ. Посылкэ къомыр зэрызэхуахьэсари, гъуэгум къыщыкIуэм къэхъуа-къэщIари, къуажэм хъыбару щызекIуэри – псори пхужыIэн. Абы и щIыIужкIэ иджыпсту игу къэкIыжат:

– Ана-а-а! Сохраннэ запискэ къомыр си сумкэм илъу къэнащ. КIуэдмэ, зэIыхьакъэ? – жиIэри.

– Сыт сохраннэ запискэ?

– Жэмыр дгуэшакъэ, сохраннэ запискэ къеIытхыурэ! Дгуэшыпэу дгуэшакъым. НэмыцэркъакIуэмэ, дыдейхэм яхъумэну аркъудейщ. Нэмыцэр дахужмэ, къыдатыжыну депсэлъащ псоми...

– Нэмыцэм трахмэ, сыт къыуатыжын?

– Птрах хъурэ? Иумыт.

– КъоупщIтэми? Данке шон, уи жэмыр, хуит сыпщIмэ, дэсхунут, жиIэу къолъэIун уи гугъэ? Жэм куэд вгуэша?

– Щэрэ тIощIрэ. ИужькIэ дгъуэтыжыр дгъуэтыжащ. Сыт пщIэн. Фермэм къытебнэмэ, нэмыцэм яшхынщ. НтIэ, дэнэ тхьын?

– ЗэрыжыпIэмкIэ, оккупацэм Iуэхур тевухуащ?

Апчарэ жиIэнур имыщIэу Iэнкун хъуащ:

– Тедухуакъым икIи... КъакIуэ хъужыкъуэмэ, жысIэри аращ. Къулым идэххэртэкъым жэмыр дгуэшу. Iэщыр къуршым и гъунэгъуу Iыгъын хуейщ, партизанхэр къырым итынущи, я нэIэ къатетын хуэдэу, жиIэу. АрщхьэкIэ Сосмакъ ТIалиб дигъэгуэшащ. Партым хэти комсомоли зы къэмынэу псори партизаным хатхащ. Уеблэмэ, нэхъыбэрэ казармэм щIэсщ, махуэкIэ загъасэ...

– Iэщыр эвакуировать ящIакъым. Ар зыгуэру хъунщ. ЦIыхур-щэ? Iисраф защIэ хъункъэ? – жиIэри, Локотош къэгузэващ.

Албиян капитаным и гум къэкIа дыдэр къэкIащи, Иринэрэ Данэ цIыкIурэ эвакуацэм мыкIуэу къыдэнэн я хьисэпу пIэрэ, жиIэу щIэупщIэнут. Абы Апчари гу лъитат:

– Ди анэм идэрэ? И закъуэпцIийуэ къыпхудэнэрэ? Иринэ аттестатымкIэ ахъшэ къыIихыну военкоматым щыкIуэкIэ командирхэм я фызхэм IуощIэ. Езыр-езыру фызхэр зэгурыIуащ хэт дэнэ лъэныкъуэкIэ игъэзэнуми. Данэ цIыкIуи и анэм къыкIэрыкIыркъым. Иринэ очрэм щытыху, хъыджэбз цIыкIум псори егъэдыхьэшх. «Зауэм

сыкIуэнурэ фашист сукIынущ», жи. «А си бзу цIыкIу, уэ укъаукIынкъэ?» жаIэмэ, «си папэ абы щыIэщи, сакъригъэукIрэ?» жи.

Данэ цIыкIу и письмор Апчарэ сумкэм къыдихри и дэлъхум иритыжащ.

Зи Iыхьлы, зи адэ-анэм щIэмыгупсыс гъуэтыгъуейт. Дон дежи нэмыцэр къыщагъэувыIэфакъым. Ростову Кавказым и куэбжэ жыхуаIэу щытар яубыдащи, мес – Кавказ куэбжэр зэIуха хъуащ. Нацдивизэм къыпэщытыр танк дивизэщ, мотопехотэр дэщIыгъужу. Шы къомыр сэбэп хъуххэркъым. Ирагъэшхын дэнэ къэна, псы къудей ягъуэтыркъым. Авиацэр къосри, шыр къызэралъагъуу, бомбэр кърапхъых. Нобэ ди оборонэр нэмыцэм къызэпатхъмэ – зэфIэкIащ. Кавказым нэс бийр къэзыгъэувыIэн щыIэкъым.

– Уа, мы губгъуэм дивмыгъэсу, дэ тщIа окопэ къомым дыкIуэу щхьэ дивмыгъэтIысхьэрэ? ХьэулейуэкъэттIа абы хуэдиз кумб? Тхьэ, фи фIэщ зэрыхъун – зы топ, топитI диIэ къудеймэ, зы танк шэрхъ зыщIэт зэпрымыкIыфын а ровыжь сэ сщIэм, – жиIэри, Апчарэ военнэ Iуэхум зэрыхищIыкIым гу лъаригъэтащ.

Локотош дыхьэшхащ.

– Дон уфIэров цIыкIу? КъызэпрыкIакъэ. Мы зы топ, уэлэхьи, абы Iутари, – жиIэри Албиян идакъым. – Россей псори зэхатIыхьа щхьэкIэ сыт и мыхьэнэ, Iэщэ уимыIэмэ. Миномёт къудей ирикъуу диIэкъым. ЦIыхур йокуэдэкI, Iэщэм дрикъуркъыми. Кумбым уитIысхьэкIэ упэлъэщрэ...



Абдеж красноармеец гуэр гужьеяуэ къыщIолъадэ:

– Товарищ капитан, нэмыцэ! Мотоциклым исщ.

Мотоцикл макъи къоIу.

Локотош пистолетыр кърепхъуэтри, унэм къыщIолъэт. Абы и ужьым иту Албиян къыщылъэтати, къызэплъэкIри и шыпхъур щилъагъум, унэм къыщIэмыкIыну къыжриIащ.

Фермэм хуэм дыдэу мотоцикл гуэр къытехьэрт, нэмыцитI тесу, колляскэм ис нэмыцэ офицерыр планшеткэм илъ картэм еплъырт, адрейм Iэнкуну зеплъыхь, дымыщхьэрыуауэ пIэрэ жиIэ хуэдэ. Фермэм тесIауэ ялъагъуу къыщIэкIынкъым, псоми загъэпщкIуащи.

Красноармеецым и фочыр мотоциклыр зыхум триубыдауэ къуэгъэнапIэм къуэтщ. Албиян гранатэр къигъэхьэзыращ.

Силос гъэтIылъыпIэм деж щагъэпщкIуауэ щыт машинэр нэмыцэм къыщалъагъум, къэувыIащ. АдэкIэ плъэмэ – ди красноармеецхэу уIэгъэ хъуахэм ящыщу зы гуп къакIуэу ялъагъу. Нэмыцэм кIэщIу ягъэзэжыну хуожьэ. АрщхьэкIэ бгъэзэжын папщIэ, къэбгъэшын хуейкъэ. Мотоциклым къыщигъэшым, Локотош пистолеткIэ еуащ. Мотоциклыр зыхур занщIэу и щхьэм епхъуэри къехуэх пэтащ. Люлькэм ис нэмыцэр и автоматым щепхъуэм, Албиян гранатыр идзри мотоциклыр щхьэпридзыным тIэкIущ къэнэжар. Красноармеецым и фочышэри мотоциклыр зыхум техуащ...

КъуэгъэнапIэм къуэта Локотош сымэ къыкъуэлъэтщ, нэмыцэ ундэрэщхъуам зрадзри, и Iэщэр къыIэщIаудащ, и мотоциклри ягъэункIыфIри и Iэри япхащ. Ар къыщалъагъум, цIыху зыбжани къызэхуэсащ.

Апчарэ, Iэщэ сиIа мыгъуэтэми, жиIэу, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжырт. Локотошрэ Албиянрэ шэ зытехуа нэмыцэ мотоциклистыр ямыгъэлIэну и уIэгъэр хуапхэнут. АрщхьэкIэ дэнэ – и пщэ гурыгъыр

зэрыудащи, и псэр хэти-хэмыти, и щхьэр фIолэл, кIапсэ цIыкIукIэ пыщIа хуэдэ.

Локотош мэгуфIэ, «бзэгу» къытIэщIыхьащ, жеIэри. Апчарэ и гум къэкIыжащ дыгъуэпшыхь комдивым совещанэ ищIу зытепсэлъыхьар. Совещанэр телефон защIэкIэ зэфIэкIащ, псори я пIэм ису, хэт сыт жиIэми телефонкIэ жиIэрт. Апхуэдэ совещанэ хэти илъэгъуа?

Комдивым зы командирым е и цIэ, е и званэ иримыIуэу, номер защIэкIэ зэфIигъэкIащ. «Товарищ первэ», «товарищ третэ» – арат зэреджэр, жаIэри щIагъыбзэкIэ жаIэрт, итIани Апчарэ къыгурыIуащ зи гугъу ящIыр. Комдивыр зыхуей щыIэтэкъым, «бзэгу» къаубыдыну фIэкIа.

«Къыдэзауэр тщIэркъым. Бийм утекIуэн щхьэкIэ, зыхуэдэр зэбгъэщIэн хуейщ: танкыр дапщэ хъурэ, мотопехотэри аращ».

«Товарищ третэкIэ» зэджэр къыщиудащ, «бийм и унэцIэм демыупщIу идогъэсыкI», жиIэри.

Комдивым ар идакъым, «деупщIмэ, нэхъыфIщ, и тIасхъэ тщIэмэ, IэмалкIэ нэхъ Iэзэ ухъуркъэ», – жиIэу. Комдивым бзэгу къэзыубыдыр къигъэгугъащ орденкIэ.

Иджы мес. «Бзэгуу» зыхуеяр алыхьым къаритащ. Албиян кърatыну пIэрэ орден? НэмыцитIри псэууэ щытамэ, Локотошрэ Албиянрэ я зырыз къалъысынкIэ хъунт. Красноармеецыр-щэ? Ари хэтащ нэмыцэр къыщаубыдым. Алыхьым ещIэ, щыми зы орден кърaтын, жиIэу Апчарэ зэрыхъунур ищIэртэкъым.

– Пхэт мыбы и уIэгъэр, – жиIэри, Албиян и шыпхъум дежкIэ къеплъэкIащ.

Нэмыцэ офицерыр лIы фIыцIэ къуэгъут, Кавказым къыщалъхуа жыпIэну. Гранат, къутахуэ и нэIум техуауэ хэлъти, лъыкъуалэр лIым къежэхырт, и дамэтелъыр лъы защIэ хъуауэ, и пщампIэм лъыр дэлъадэрт. Нэмыцэм и уIэгъэр Апчарэ ипхэхукIэ, Локотоши телефонкIэ «бзэгу» къаубыдам и хъыбар иригъэщIащ. Ар зэрызэфIэкIыу, капитаныр Iэбэри стэкан цIыкIухэм аргуэру ярыз ищIащ.

– ИIэт, къыдэхъулIам и саулыкъукIэ, – жиIэу Локотош сабийм хуэдэу гуфIэрт. – Иджыпсту къэсынурэ яшэнущ. ИщIэ хуэдэт «бзэгу» дызэрыхуейр. Хьэбыршыбыр. Апчарэ, иIэт, дахэ, нэмыцэбзэ зыкъэщIыт. Оценкэр сэ пхуэзгъэувынщ.

Апчарэ и нэр нэмыцэм тенат. И фэкIэ цIыхум хуэдэ цIыхущ, итIани, цIыхум хьэзаб мащIэ трагъэлъ. Ярэби, мыра фашист жыхуаIэу цIыху зыукIыр, унэр зыгъэсыр, сабийми цIыхубзми гущIэгъу яхуэзымыщIыр? ИтIани еплъ, Локотош бжьэ къыхуригъэхъуащ. Сэри сыщымымэхъашэу абы и уIэгъэр дауэ хуэспха? Си IитIкIэ а емынэунэ хъуным щхьэ сеIуса къудей? – арат хъыджэбзыр зэгупсысыр.

– ЗыкъэпщIыну нэмыцэбзэ?

– Дэнэ къикIа нэмыцэбзэ? Алыхь, игъащIэм «уд» фIэкIа зы симыIа.

Локотош гушыIэрт. Апчарэ хигъэзыхьа щхьэкIэ, езым нэмыцэр нэмыцэбзэ иригъэджэжын хуэдэу ищIэрт. Плену къаубыдам и планшеткэм дэлъа картэр къыдихауэ еплъырт. Ростовскэ областыр арат картэм къигъэлъагъуэр. Къалэу итым къанэ щымыIэу къэрэндащ щIыхукIэ жор тегъэуват. Уеблэмэ, къутыр цIыкIуу нобэ зытесми жор щIыху тетт. Танк дивизэм я штабыр епIэщIэкIат, дауи, къутырым жор щIыху щы-

трагъэувам, сыту жыпIэмэ, къутырыр иджыри яубыдатэкъым. Офицерыр щызыгъэуари арат.

Нэмыцэм и щхьэр къыфIэхуат. И жьафэри зэтекъузауэ щыст. И нэIу пхам лъы къижыр увыIатэкъым. Апчарэ, абы еплъмэ, нэхъри и щхьэм хузэгуэпыжырт, сеIэу мыбы и уIэгъэр щхьэ къэзмычэтхъэжрэ, жиIэу. Нэмыцэри мэгузавэ, къыспкърыупщIыхьа иужь срагъэсыкIыну къыщIэкIынщ, жиIэу.

– Уа, мыдэ мыхэр здынэсар? – жиIэри, Локотоши къэуIэбжьащ.

Жор щIыху тещIыхьат нэгъуэщI къалэ куэдми, Ростов мыдэкIэ укъэIэбэмэ. А къалэхэр нэмыцэм яIэщIыхьауэ радиом къитатэкъым иджыри. Ростов, Батайск, Сальск, Тихорецк – псори жор щIыху защIэщ. Дон адэкIэ уIэбэрэ: Цимлянская, Морозовская, Калач жыпIэми аращ.

Локотош зэхихащ мы щIыпIэм щызауэр венгру зэрыщытыр. Сыту пIэрэ нэмыцэм венгр мыбы нэхъ къыщIагъэкIуар? Къалмыкъыр кърагъэщтэну ара? Венгрхэмрэ къалмыкъхэмрэ сыткIэ зэпыщIа? ИжькIэ уIэбэмэ, урыс пащтыхь Алексей Михайлович и лъэхъэнэм къалмыкъхэм я лIыкIуэ Тибет нэс кърагъэкIри къагъэкIуауэ щытащ, иджы къалмыкъхэр зэрыс щIыналъэр нэщIти, дывгъэубыд жаIэу лъаIуэу, урыс пащтыхьым хуит ищIати, къалмыкъхэр илъэситхукIэ гъуэгу тетащ, а щIыналъэр яубыдын папщIэ. Гитлер зэгупсысар аракъым, дауи. АтIэ? Адэ ижь-ижьыжу гункIэ зэджэ цIыху лъэпкъ Тибет лъэныкъуэмкIэ къикIри, «шылэ гъуэгум» тетурэ, Европэм нэс къэкIуауэ щытащ. КъэкIуа иужьи, ямыгъэзэжу, къызыхыхьа цIыху лъэпкъым яхэшыпсыхьыжащ. Гунхэр зыхэшыпсыхьыжа лъэпкъхэм ящыщ зыщ венгрхэри. Къалмыкъыр къыздикIа Тибетым къикIащ гунхэри, жиIэри Гитлер венгрыдзэр къалмыкъым къариутIыпщащ. Къалмыкъхэр я диным икIыу нэгъуэщI дину советскэ цIыху лъэпкъхэр зэзыпх къуэшыгъэр къабыл зэращIар Гитлер зыуи кърыдзакъым.

Нэмыцэ къепэзэзэхым абыхэмкIэ уеупщI щхьэкIэ мыхьэнэ иIэтэкъым. Абы хищIыкIи щыIэу къыщIэкIынтэкъым. Локотош исторэ Iуэху къыхимыгъэщу щIэупщIащ:

– Дэтхэнэ частыт уздэкIуэр? – жиIэри.

Нэмыцэм зипIытI-зихузу гу щылъитэм, Локотош аргуэру щIэупщIащ:

– ЖыIэт, ди деж укъакIуэм уи гуапэу укъэкIуа хьэмэрэ ущыуэу укъэкIуа? Фи картэм соплъри, псори тэмэмщ. Ущыуэну Iэмал иIэкъым. Ара?

Нэмыцэр щыуауэ зиумысыжыну Iэмал зимыIэт, арщхьэкIэ я картэм тетыр мытэмэму жиIэн и щхьэ трилъхьэртэкъым.

– Сэ сыздэкIуэр сэ сощIэж: урыстэкъым икIи нэмыцэтэкъым.

– Венгрхэм я дежт. Ара? – жиIэри, Локотош нэмыцэм и нэгум щIэплъащ. Модрейми зигъэпагэу и щхьэр еIэт.

– ВжесIэнукъым. Военнэ тайнэщ.

– Ар щэху сытми! 44-нэ танк дивизэм е 168-нэ мотобригадэм сыщIэупщIатэмэ, арат щэхур. Абы я гугъу щыпщIыни уихуэнщ. АтIэ, урысым я дежи нэмыцэм я дежи умыкIуэмэ, дэнэ уздэкIуэнур – венгрхэм я деж? НэгъуэщI щыIэкъым: е ди дей укъэкIуэнщ, е алыхьым и пащхьэ уихьэжынщ – нэгъуэщI кIуапIи-жапIи щыIэкъым.

Плену къаубыдам и планшеткэм зэрыбкIэ тхауэ тхылъымпIэ гуэри дэлъу Локотош къилъэгъуащ. Ар листовкэт, урысыбзэрэ нэмыцэбзэкIэ тедзауэ. Апхуэдэ Iэджэ кхъухьлъатэхэм кърапхъыкIырт, Iэщэр хыфIэвдзи плену зыкъэфт, жаIэу. Листовкэм итщ, фыкъыщыкIуэкIэ лошкIэ къыздэфщтэ жиIэуи, зи, мырамысэрэ шхурэ уагъэшхынщ жыпIэнщ.

Мы зэм листовкэм итыр нэгъуэщIт. Нэмыцэ генералхэр гузавэрт Кавказым ис лъэпкъхэр партизану къуршым ихьэжмэ, бэлыхь мащIэ дыхагъэтынкъым, жаIэу. Листовкэр зытеухуар арат: урысыбзэкIэ ятхар зыхуатхыр Кавказым щыпсэухэр арат: дыпартизанщ – сыт жыфIэу фымыделэ, дэ дынакIуэмэ, дынышIэкIуэр нэгъуэщIкъым – большевикымрэ журтымрэ факъыIэщIэдгъэкIыну аращ, фи мылъкуи, фи дини я гугъу тщIынукъым, щIы фызытесри фыфеижщ, жиIэу. НэмыцэбзэкIэ тхар зыхуатхыр езым я сэлэтхэр арат: фыхуэсакъ, Кавказым ис лъэпкъ цIыкIу къомыр щтэуэ къуршым имылъэдэжын щхьэкIэ тIэкIу ятефIэтыкI, лей зевмыхьэ. Арыншамэ, сентябрым и 25-м ирихьэлIэу ди дзэр Баку дыхьэрэ, абы и ужькIэ Индием нэсу японыдзэм IущIэнукъым, жиIэу.

– Баку щынэсыну махуэр план ящIащ, – жиIэри, листовкэр Апчарэ къезытам иритыжащ.

– Индием щынэсынури ящIэ, – жиIэри, Албияни нэмыцэм дежкIэ еплъэкIащ.

Локотош пленым йоупщI:

– Военнэ щэхукъым зи гугъу сщIынур – жыIэт пэжыр: фи гугъэ фыкъыттекIуэну?

Албиян къызэрилъытэмкIэ, нэмыцэм ущIеупщIыххэни щыIэкъым. Листовкэм итыр гурыIуэгъуэкъэ. Дэнэ дапщэщ нэсын хуейми, цIыху зэмылъэпкъэгъухэм дауэ яхущытын хуейми – псори ябзщ-ядри, планыр зэбграгъэхащ.

Нэмыцэ офицерым куэдрэ зрилъэфыхьакъым, занщIэу къызыкъуихри:

– ДыфтекIуэ-дыфтемыкIуэми, зауэ щыхъукIэ зыгуэр текIуэн хуейщ, зэуэкIэ фэдгъэщIэнщ, – жиIэри.

Локотошу плъагъур занщIэу къыщылъэтащ, мафIэу къызэщIэнауэ. Зэхихар и фIэщ мыхъуу, аргуэру еупщIащ:

– Дауэ жыпIа?

Нэмыцэри къэгузэвэжат: «ДыфтекIуэ-дыфтемыкIуэми, зэуэкIэ фэдгъэлъагъунщ», – жиIэри.

Офицер пленым жиIар Локотош урысыбзэкIэ зэридзэкIащ, модрейхэми къагурыIуа пэтрэ.

– Мо зи тхьэкIумэ гуэлэлыр ара зэуэкIэ дэзыгъэщIэнур?! Зи анэр... – жиIэу Албиян зыгуэр къыпищэнути, и шыпхъур щилъагъум, щигъэтыжащ.

– Куэдщ, тIысыж уэри, Албиян. Мы къытпэщIэхуар зыгуэрщ. Гупсысэ зиIэщ. Хуигъахъуэт зы бжьэ. Зи мыхъуми учителщ, дэ ученикыущ дыкъызэрибжыр, – жиIэри, Локотоши Iэнэм бгъэдэтIысхьэжащ.

Телефоныр къеуащ. Апчарэ трубкэр къищтэри занщIэу капитаным иритащ:

– Уэращ зыхуейр.

Трубкэм къибыргъукIыр комдивым и макът. Хъыбарыр абы деж нэсати, ари гуфIэрт. «Первэр» къэпсалъэрт:

– Бдзэжьей пащIэкIапсэ къэбубыда? Афэрым, ярэби, нтIэ, къекъу мыдэкIэ. Сэри сыпкърыуупщIыхьынщ. НэмыцэбзэкIэ уIэкIуэлъакIуэу зэхэсхащ, уэри къакIуэ. Си машинэр нызогъакIуэ. ЕтIуанэрей нэмыцэр псэу? ТIу диIамэ, нэхъыфIыжт. ЛIамэ лIащ – зэпыту укIуэ. Къекъу мыдэ псэум. Орденым и унафэр тIэкIу дэкIмэ, тщIынщ.

Нэмыцэри къэпIейтеящ, сыту пIэрэ зи ужь итыр: саукIыну ара, саукIмэ, дэтхэнэр арауэ пIэрэ сызыукIынур, жиIэу. И нитIыр къыихуу гъуэрыгъуэу псоми йоплъ.

Локотош трубкэр трилъхьэжащ. Мы зэуэкIэ дэзыгъэщIэну зи хьисэпым дауэу пIэрэ дызэрыригъэджэнур, жиIэу щIэмыупщIэу хуэшэчынутэкъым. Нэмыцэм ар ауэ сытми жиIакъым, дауи, зэхихащ зыгуэрым жиIэу. Ауэ хъумэ, Гитлер и офицерхэм ди зэуэкIэр зыуи къалъытэркъым. Локотош а псалъэм кIэ иритыну арат щIэмыпIащIэр.

– НтIэ, зэуэкIэ Iэмал дыбгъэщIэну укъэкIуа? – жиIэри, капитаныр щIэупщIащ.

Нэмыцэ офицерым и нитIыр ашыкым телъ шхыным тенауэ, и Iупсыр къыIурыжырт, фIыншэ щIилъхьэным нэсауэ.

– Щхьэ зыри жумыIэрэ! Дэтхэнэ операцэр ара зэпкърытхмэ, нэхъ пфIэфIыр? – жиIэрт Локотош, и гур къезауэу. Зауэр къыщаубла махуэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым капитаныр фронтым Iутщи, дэнэ сыт къыщыхъуами ещIэ. Нэмыцэхэр япэ къыттеуати, ди дзэм зaужьыху Iэджи къытщыщIащ, дыкъимыкIуэту хъуакъым. ИтIани, нэмыцэр зыщыгугъа «зауэ кIэщIыр» дэнэ щыIэ? Ар дэнэ къэна, Москва деж я джабэр щыщIаудакъэ! Дэ къыттекIуэн дзэ щыIэкъым, жаIэу я щхьэ щытхъужу щыта дзэр губгъуэм къыщракъухьакъэ?

– Дэтхэнэ операцэра зэпкърытхынур, зо? – жиIэри, Локотош аргуэру щIэупщIащ.

– Керченскэр, – жиIэри нэмыцэм и жьэм къыжьэдэхуащ. – Урыс дзэпщу Суворовым бжыгъэкIэ мыхъуу лIыгъэкIэ текIуэ, жиIэу щытащ. Абы жиIам дэращ тетыр. Къырым, Керчь и деж фи дзэр щынэхъыбащ IэджэкIэ, арщхьэкIэ текIуар фэракъым. Дэ дынэхъ мащIэми, бжыгъэкIэ мыхъуу, лIыгъэкIэ дыфтекIуащ.

Локотош, къэгубжьыщати, уеуэу букIами, лъы ткIуэпс къыщIэкIынтэкъым. Керчь къыщыхъуар капитаным тыншу ищIэрт. Нэмыцэм жиIар Албиян сыми перевод къахуищIакъым.

– ЗэпсэлъапIэ дихуэнщ иджыри. Мо къытпэплъэм деж дыкIуэнщ, дыгувэу ядэнкъым, – жиIэри, капитаным и псалъэм кIэщI зригъэщIащ.

Абдеж дыдэм ирихьэлIэуи комдивым и машинэ зэхэцIэлар къэсащ. Пленыр зышэну къэкIуар Якъубт. Нэмыцэр къэзыубыдар ара хуэдэ, Якъуб зигъэбэлыхьт. Зимыгъэбэлыхьуи хъунт, и фащэр щIэрыпсщ, званэри къратащи, и пщампIэм зы шпали хэлъщ. Пистолетыр и ныбэм деж телъщ, нэмыцэм я щIыкIэу. Эмблемэ лъэпкъ и пщампIэм хилъхьакъыми, и званэр зищIысыр къыпхуэщIэнукъым: командир, е политработник, е военюрист? ЗанщIэу капитан званэр къратауэ пIэрэ, жиIэу Апчарэ зэрыжиIэнур ищIэркъым.

– Уэри мыбы ущыIэ? – жиIэри, Якъуб нэжэгужэу Апчарэ дежкIэ къеплъэкIащ. – Уи гъусахэр нэмыцэм япэщIэхуэ пэтащ.

– Сынохъуэхъу. Тхьэм уи доверыр нэхъ лъагэ ищI, – жиIэри, Апчарэ щIалэм и Iэр иубыдащ.

– А-а. Уаушэ.

Локотошрэ Албиянрэ къэтэджауэ щытти, тIури къехъуэхъуащ. А тIум, дауи, ящIэрт Якъуб зэрымыкапитаныр. Военюрист, ещанэ рангыу – арат абы и званэр. Езы Якъуб «товарищ капитан» жиIэу зыгуэр къепсэлъамэ, «сыкапитанкъым» жиIэу и псалъэм къыхигъахуэртэкъым.

– ЕгъэджакIуэм укъыкIэлъыкIуа? – жиIэри, капитаныр еупщIащ.

– Хэт и егъэджакIуэ?

– ЕгъэджакIуэщ уи пащхьэм исыр. Фезгъэджэну сыкъэкIуащ, жи. Фыкъыдэзауэркъым дахэ-дахэу, лIыгъэ зэхэкIыпIэ дивгъахуэркъым, фэ фокIуэт, дэ фи ужьыр тхууэрэ девгъэшащ – аращ къыдиудэкIыр. УфIэмащIэ?

– Сталиным и приказым щымыгъуазэу пIэрэ? – жиIэри, Якъуби щIэупщIащ, и нэщхъыр зэхиукIауэ.

– Приказ щэхуу къыщIэкIынщ... Дауэ щыгъуэзэн...

– Апхуэдэу щэху дыдэкъым. ЩыгъуэзэнкIи мэхъу. Зэхэфхакъэ – и номерыр 227? ИIэ, девгъажьэ, комдивыр къытпоплъэ. Си машинэм дихуэнущ псори. Уэри унэкIуэн хуейщ.

– Зи, дыхьэзырыпсщ.

Бешту Якъубрэ Локотошрэ нэмыцэ офицерыр къагъэтэджри щIашащ. ЗэдэлъхузэшыпхъуитIым я закъуэ унэм къыщIэнащ. Иджы дызыхуейм хуэдизрэ дызэбгъэдэсынкъэ, жаIэу етIысэха къудейуэ, зыгуэр къакIуэу и Iэуэлъауэ зэхахащ.

– Дэнэ къыщызгъуэта хъуну Налшык къикIа хъыджэбзыр? – жиIэу зы цIыхухъу макъ гуэр щIэупщIэрт.

Апчарэ къыгурыIуат зи гугъу ящIри, япэ зыкъригъэщри унэм къыщIэкIащ:

– Сэрауэ пIэрэ узылъыхъуэр? – жиIэри.

– Ахьай уэра. ИIэт, къызжеIэт, дауэ си фызыр нэмыцэм яIурыбдзэну иужь узэритар?

Албияни унэм къыщIэкIмэ – полкым и комиссар Къуэшрокъуэ Дотий бжэIупэм Iутщ.

– Тэмэм, товарищ комиссар. Си шыпхъум лIыгъэ зэрихьэн и гугъати, къехъулIакъым. УмыцIыхумэ, зэгъэцIыху.

– ЖыIэт: дэнэ пхьа Iузизэ?

Дотий и ныбжькIэ лIыкут, и натIэ, и жьафэ сытхэр зэлъат, и нэгу куэд зэрыщIэкIар къыуигъащIэу. Езыр лIы къуэгъу нащхъуэт, нэпкъпэпкъышхуэт, фэкIэ адыгэм сыткIэ ещхь жыпIэну. Апчарэ къызэрыфIэщIамкIэ, Дотий лIы ябгэт, и фащэ сытхэмкIэ комиссару къызэрыпщIэн кIэрылъ щымыIэми. И щыгъыныр красноармеец щыгъынт. И пщампIэм шпалитI хэлът, и джанэ Iэщхьэми вагъуэ плъыжь тедат.

Щыри зэрыцIыхуа иужь унэм щIыхьащ уэршэрыну, хъыджэбзым ищIэу хъуар жрагъэIэну.

* * *

Зыкъомрэ щыса иужь Албиян мыкIуэжу хъуакъым, и шыпхъум бгъэдэсынкIэ зимыгъэнщIа пэтми. УмыкIуэж, жиIэу Дотий жиIакъым, езыр Iэджэм щIэупщIэн и хьисэпти.

Апчарэ и дэлъхур иригъэжьэжри, комиссарым деж къигъэзэжауэ псори зэрыхъуари зэрыщIари жиIэну хьэзырыпст. Iузизэ и кIуэжыкIэ хъуам и пэжыпIэр Дотий ищIэртэкъыми, ари зригъэщIэну и нэ къикIырт.

Iуэхур зэрыхъуар мырат: Чорэ Хьэталийрэ Iузизэрэ станцым тест, Апчарэ къэкIуэжмэ жаIэу. Абдежым машинэ зыкъом къэсщ, пIащIэ-тхъытхъыу къапэщIэхуэр машинэм из ящIри, хьэпшыпу къахуэмыIэтыр взорвать ящIыну хуежьащ. Хьэталий ар щилъагъум, къэгужьеящ. Лейтенант гуэрым гурыIуащ, посылкэ зытIощIырыпщI ириту, Армавир нэс нигъэсыну. АрщхьэкIэ Апчарэ щымыIэр дэнэ къипхыжынт? Зауэм и Iэуэлъауэр дакъикъэ къэс нэхъ гъунэгъу къохъу, зыпIэжьэну Iэмал зимыIэщ. Хьэталий къижыхь-нижыхьу станцым тетащ, гъунэгъуу топышэ къауэ хъухукIэ, иужьым Iузизэр машинэм иригъэтIысхьэри, макIуэ-мэлъей. АрмавиркIэ яунэтIащ.

СолтIан и кIуэдыкIэри Дотий ищIэрт. И хьэпшыпу къигъэнар къызэщIикъуэри, Хъуламбайр къежьэжащ, дивизэм къалъэщIыхьэжыну. Гъуэгум къыздэкIуэм къэзакъ цIыхубз гуэр къыхуэзащ. СолтIан къыщилъагъум, цIыхубзыр гъуэгыу къелъэIуу хуежьащ, сыздэфшэ, сыздэкIуэ станцыр жыжьэкъым, километритхущ зэрыхъур, жиIэу.

ЦIыхубзым и хьэтыр СолтIан илъэгъуащ. Машинэм къригъэтIысхьэрэ къежьэжмэ, къокIуэри къокIуэ, къокIуэри къокIуэ, километритху жыхуиIар километр тIощIым фIэкIащ.



Станц зи гугъу ящIам дыноблагъэ щыжаIэ дыдэм, шофёрым и машинэр къигъэувыIащ.

– Нэмыцэ!

Плъэмэ, станцым къикIыу сэлэт изу ису бронетранспортёр къокIуэ, и джабэм жор хужь тетщи, шэч хэлъкъым зэрынэмыцэм.

Шофёрым къиIуантIэщ рулри, машинэр кIэнауэм дэлъэдащ. ЦIыхубзыр гъыуэ хуежьащ. Шофёрым и бжэр къыIуидзри, гуэдзым хэлъэдауэ и занщIэр и гъуэгуу мажэ. Бронетранспортёрыр пулемёткIэ кIэлъыуа щхьэкIэ, техуаи-темыхуаи. Шофёрыр яIэщIэкIауэ къыщIэкIащ. Политотделым и начальникым сыт къыщыщIами абы дэнэ щищIэнт, машинэм ису гъуэгум къытринащ.

– Аращ, дахэ, зэрыхъуар, – жиIэу Дотий нэщхъей къэхъуащ, – ди политотделым тетар нэмыцэм япэщIэхуащ, нэмыцэм я офицерыр дэ къытпэщIэхуащ. Къэзылъэфри зылъэфыжри пщIэнукъым, жыхуаIэр аращ.

Комиссарым и гушыIэкIэр Апчарэ игу ирихьакъым.

Дотийрэ Апчарэрэ зэпсалъэу щысыху, Локотоши и Iуэху зэфIэкIри къигъэзэжащ.

– Пша?

– Сшащ, уэлэхьи.

– Псэлъэрейуэ къыщIэкIа нэмыцэр?

– Ар зыхуэсшам лIар ягъэпсэлъэф, – жиIэри, Локотош здэщысам деж тIысыжащ.

– Дэри зи щхьэфэ димыIэба къэна? Апчарэ тхьэмыщкIэм мащIэ игъэва уи гугъэ? Бэлыхьлажьэу и фэ дэкIам ущIэмыупщIэ, – жиIэу Дотий хъыджэбзыр фIэгуэныхьт.

– ИтIани, къелащ – плъагъуркъэ?

– КъелыкIафIэу ари! ИмыщIэххэу фронтым и курыкупсэм хэхуащ. Хэт и гугъэнт апхуэдэу хъуну? Ягъэ кIынкъым, мызэкIэ къренэ. Дунейр

нэхъ зэIубз хъумэ, едгъэшэжынщ, – жиIэри, Дотий хъыджэбзым и гур дахэ хуищIащ.

– Аращ сэри си гугъэр. Ди полкым хэстхащ. Псори къыхуэдгъуэтащ, бостеикIэ закъуэ згъуэтыркъым, – жиIэрт Локотоши, хъыджэбзыр щIримыгъэгъуэжын щхьэкIэ.

– Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэрэ?

– ПэжкIэ соIуэ. Аслъэныкъуэ тхьэмыщкIэр пыIэ хуеиж? ХэкIуэдащ псыхэкIуадэу. А щIалэм илъ тщIэжауэ къэлъытэ. Мес, къытедгъэбэгакъэ зы нэмыцэ...

Дотий идакъым:

– Ей, ди цIыхуу кIуэда къомым ялъ тщIэжыным иджыри куэд хуейщ, – жиIэри. – Нэмыцэу ди щIым къихьа илъэпкъыр дукIами, дилъ тщIэжауэ къэплъытэ хъунукъым.

Комиссарым ар щыжиIэ щыIэт. Зауэм Iисраф хэхъухьа цIыху къомым и нэмыщIыжкIэ, зауэр къиублэным и пэ къихуэу ягъэтIысу дэхуэха лъэпкъри зи пэм кърихуар нэмыцэр арауэ Дотий къилъытэрт. А лъэхъэнэм езыр НКВД-м хэту щытащ, щIэ жыхуаIэр ищIэу. Сыт Iуэху а къулыкъу щIапIэм щекIуэкIми, къабыл имыщI къыхэмыкIыу лэжьащ, кIуэи Дидан Бекъан вгъэтIыс жаIэху. УанащIэ Iэзэр ицIыхурт, пылъIауэ зи гугъэн щыIэтэкъым. Бекъан бий хъуауэ къалъытэмэ, хэт итIанэ узыщыгугъ хъуну къэнэжар, жиIэри, Дотий гупсысащ. УанащIэм къыщхьэщыжу Дотий и начальникым псалъэ зы-тIу жриIати, абы фIэкIа хэмылъу зыхэтам къыхадзри, хьэщIэщ гуэрым трагъэуващ. НКВД-м щылажьэм я нэм укъыщIэуэу куэдрэ ущыт зэрымыхъунур ищIэрти, Дотий еуэри Донбасс кIуащ.

Иджы а лъэхъэнэм Iумпэм къэзыщIахэм я нейкIэ зы лIыгъэ гуэр зезмыхьауэ згъэзэжынкъым, жиIэу и гум ириубыдащ. Сэ гурыщхъуэ къысхуэзыщIыжам ягу илъар сэ зэрысхуэмыфащэр езгъэщIэнщ, жиIэ щхьэкIэ, зэрыригъэщIэжыну и мурадри дахэ-дахэу ищIэртэкъым. КъыщыщIа псори зи деж щилъагъур нэмыцэр арации, къикIуэтынукъым, лъэкI къимыгъанэу зэуэнущ, зауэм хэкIуэда псоми ялъ ищIэжын хуэдэу.

Iузизэ къызэрыкIуэнури Дотий зэхихат, арщхьэкIэ а махуэм ирихьэлIэу приказ къэкIуат, фронтым дивизэр Iухьэн хуейуэ. Езы Дотий къанэрэ и фызым IущIэми къыхуадэнут, арщхьэкIэ си полкыр здэкIуэм сэри сыкIуэн хуейщ, жиIэри, станцым кIуэн идакъым.

ЩIимыдар сыт жыIэт? Аргуэру зыгуэр къыскIэралъхьэмэ, жиIэри, и дзэр шащ. Абы и щIыIужкIэ, езыр зэуэну мэпIэцIеиж. Полкыр зауэм щыIухьэм комиссарыр и фызым деж кIуащ, жаIэу цIыхум зэхахмэ, хьэдэгъуэдахэкъэ.

– Нэмыцэм къыджиIар пщIэрэ? – жиIэри, Локотош иджыри щIызэгуэпыр кърригъэжьащ. – ЗэуэкIэ фщIэркъыми, фэдгъэщIэнущ, жи. Иджыри къэс зэуэкIэ дымыщIамэ, дапщэщ щызэдгъэщIэнур? ЗэуэкIэ умыщIэмэ, уилъ дауи пщIэжа хъуну?

– Сталиным и приказым уеджакъэ?

– Седжащ.

– Абы итщ псори. Приказым сыкъыщемыджауэ, зы эскадрон къэзгъэнакъым. Иджыпстуи сыкъыздикIыжыр аращ. «ДыкъимыкIуэтын», – жаIэри тхьэ яIуэ. Апчарэ и дэлъху Албиян мыбдеж щысащ: «Нэмыцэр куэд хъуми, дэ лагъыму диIэр нэхъыбэжщ», – жиIащ. Адрейхэри абы хуэдэщ – зыкърагъэукIынущ. Къэрабгъэ яхэткъым. Си фIэщ

хъуащ хьэкъкIэ гвардейскэ дивизэ дызэрыхъунур. Ди газетым и редакторым жесIащ, орден ущIэупщIэмэ ятх бланкым хуэдэ, щымысхьу, куэд тхутридзэну. Бланкыр къыдомэщIэкI – мащIэ дгъэлъэгъуа уи гугъэ орден кърэтыну. ЛIыгъэ зезыхьэр нэхъыбэжщ.

Комиссарым жиIэм Локотош тегупсысыкIауэ къыщIэкIынт:

– Ярэби, зы тхьэмахуэкIэ тхузэтеIыгъэну пIэрэ нэмыцэр? – жиIэу щIэупщIати.

Къуэшрокъуэм игъэщIэгъуащ.

– Приказ щыIэщ...

– Дызыхуэныкъуэ мыгъуэр приказу щытатэми?.. Ди дзэр къыщIикIуэтыр приказ №227-р иджыри къэс къызэрыдэмыкIар ара уи гугъэ? Танкым шур щIраутIыпщари сыт – джатэкIэ танкыр пхуэупщIэтэну? Мо нетIэ ша нэмыцэм жиIэр зэхэпхакъым: танк полк къокIуэри, нэху зэрыщу, мыхьыр фагъэхьынщ, фымыпIащIэ, жи. Танкым и закъуэ: топышхуи, миномёт ини кърaлъэфалIэ. Дэ япэдгъэувынур сыт? Албиян хъарзынэу жиIащ «лагъыму диIэр нэхъыбэжщ», жиIэри. Нэмыцэм жыр джанэ щыгъщ, лагъымкIэ уапэлъэщрэ – бгым джэдыкIэкIэ уеуэ хуэдэщ. Нэмыцэм танкыр я куэдщ, дэ къыдэкуэдэкIыр сыт жыIэт – лIыгъэ закъуэрщ. Ди лIыгъэм танк къыщIагъужатэми! Зи джабэ щIаудыр плъагъунт. Авиацэ жыIэт. Дэнэ щыIэ?

– Ари а приказым итщ.

– Приказым ит нэхърэ уэгум итащэрэт. Нэмыцэр мес – Армавир нэсащ.

– Окопэ къомыр-щэ.

– Окопэ, окопэ. ЛIо, окопэкIэ зэфIэкIрэ. Ростови и хъуреягъкIэ къатIыхьат. Зыри къикIакъым. Дон уфIэокопэтэкъэ. Щхьэ къызэпрыкIа? Приказ закъуэм мыхьэнэ иIэкъым. Танкым танк пэувын хуейщ, пехотэм – пехотэ, авиацэм – авиацэ. Дэ дыкавалериещи, я кавалериер къащтэ мыдэ. Нэмыцэм Iэщэу яIэм хуэдиз дэри къыдэти, дыкъикIуэта – тхы итIанэ приказ дапщэ ухуейми... Iэщэ уиIэмэщ, приказми къару щигъуэтынур. «...Уафэ щхъуантIи, е ди щIылъи, е тенджызи...», жытIэу мащIэрэ уэрэд жытIа? Тенджызым тетым я хъыбар хэт ищIэрэ, ауэ уэгум итымрэ щIылъэм тетымрэ ди Iуэху щIагъуэкъым...

Дотий зыри жимыIэу, капитаным жиIэм емыувалIэ пэтми, едэIуащ. Локотош, кадровэ командирщи, нэмыцэ пленым жиIар шэуэ къытехуащ. «Сталиныр и фIэщ хъужыркъым» жаIэу зэгуэр езым къыхужаIауэ щытар и гум къэкIыжащ, арщхьэкIэ и жьэм къыжьэдэкIар аратэкъым:

– А уэрэдри тэмэмт. Дэри ди гугъащ, а зэрыжыпIэ дыдэм хуэдэу, танкым – танкыр пэуву, пехотэм – пехотэр, кавалерием – кавалериер, зы къэралым зы къэрал пэуву дызэуэну. Хъуакъым. Ди уэрэдым зэрыхэтым хуэдэу французхэр, полякхэр, инджылызхэр щхьэ мызэуарэ? Зэуакъым. Я къарур къаймэщIэкIа е зэгурымыIуа – дэ губгъуэм дыкъранэри ежьэжащ. Гитлер зырызурэ Европэм къэралу исыр зэщIикъуащ, Iэщэу яIэри зрилъэфалIэри, дэ къыдиутIыпщащ. Псалъэм папщIэ, дэ къыттекIуэу щIы – хэт абы къыпэрыуэжыну къанэр? Дэр фIэкIа Гитлер пэщIэувэфын къэрал щыIэкъым. Гитлер дыхигуэмэ, дуней хъурейр иубыдауэ лъытэ. Аращ Сталиным приказ щIитхар. ДыкъаукIыху, ди пIэм дитын хуейщ...

– Аращ сэри жысIэр. Дыздитым дивмыгъэкI, къэдгъэувыIэн хуейщ нэмыцэри, къэдвгъэгъэувыIэ...

А зэныкъуэкъуитIыр нэхъ зэкIужыгъуафIэу зэкIужынщ, жиIэри, Апчарэ зыми емыупщIу щIэжри и посылкэхэм ящыщу ашыкитI къихьащ. Еуэщ-еIэри зэтриудри шагъыр абдж къыдихати, стакан цIыкIухэм иригъэхъуащ, шхыни къытрилъхьащ.

Арщхьэкlэ дэнэт – шхынми фадэми зыри еIусэркъым. Дотий къызэщIэплъауэ тутын йофэ, Iугъуэм игъэмэхыу. Псчэныр щегъэтри, кърегъэжьэж:

– Хуэмыза лIыфIщ. Бгым адэкIэ къыщыхъур плъагъун щхьэкIэ, бгым и щыгум уитын хуейщ. Армыркъэ – плъагъунукъым дэтхэнэ джабэм мэкъу щыпаупщIми Iэщ щагъэхъуми. Сталиныр бгым и щыгум итщи, псори елъагъу. НэхъыфIыр зыщIэр аращ. Ар хьэкъкIэ си фIэщ мэхъу. Нэмыцэ къэралым дэрэ зызэддзатэми – согъэпцI, хэдмыгуэтэм. Гитлер псоми зэуэ заридза – заридзакъым, зырызурэ хигуащ. Иужьым къару игъуэтауэ къыщIэкIынти, «пшэрыхь сыхуейщ», жиIэри нэхъ къэрал пIащэу Францымрэ Англымрэ заридзащ. Къэрал цIыкIуфэкIу къомыр едгъэшхмэ, зигъэнщIынщи, тIысыжынщ, жаIэу гугъа щхьэкIэ, зыщыгугъам Iуэхур къыщыщIэкIакъым. Къэрал зыIурыгъэлъэдэныр Гитлер IэфI къыIурыхъуащи, къэувыIэжыфыркъым. Нэхъ пшэру, нэхъ ину, жи! Шыгъу зышхар псы йофэж. Лы куэдыщэ ишхащи, шагъыр тефыхьыжыну аращ зыхуейр. – Дотий Iэбэри стакан цIыкIур къищтэри еIубащ, и псалъэр нэхъ гурыIуэгъуэ хъун щхьэкIэ. – Дэ нэхъ къэралышхуэ щыIэкъым. Уэри уощIэ. Гитлер дызыIуридзэфыну Iэмал зимыIэщ. И къурмакъейм дытенэнурэ илIыкIынущ...

– Брест къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым аращ дэри жытIэр. Зыгуэр сыту и тэмакъ темынэрэ?..

– Дауэ темынэу? Дзэ къыIунэжа. Iудудакъэ? Москва дежщэ? ДыкъигъапцIэу къыттемыуатэми! Аратэкъым, си къуэш, абы къыщыщIынур, – Дотий шхыным хэIэбащ.

– «ДыкъигъапцIэри» жыпIакъэ? АтIэ, къэгъэпцIэгъуафIэу дунейм утет хъурэ? «Провокацэм фыхуэсакъ», «провоцировать фащI», – жаIэурэ ди нэр щхьэ къыщапхъуа? Нэмыцэр топкIэ къауэмэ – ей, я гугъу фымыщI, провокацэщ ар. Нэмыцэм я кхъухьлъатэ къыттеуэмэ – ей, провокацэщ, фемыуэ, жаIэурэ ди Iэщэр ди нэр къижу хэкIуэдащ. Иужьым Iэщи сыти димыIэжу, сыт тщIэнт, дыкъыщIигъэIащ...

Апчарэ и гум къэкIыжащ Бекъан «хьэлъэ птемылъмэ, псым икIыгъуафIэу уикIынщ» зэрыжиIэу щытар.

– ДыкъыщIигъэIэрэт, ди Iэщэр диIэжамэ? Топхэр зытеубыдэн хуейм теубыдауэ дыщысакъэ? Командэ закъуэ къатамэ, абы фIэкIа дыхуейт. Алыхьыр нахуэу согъэпцI, я кIэтIий умылъагъужу хьэдэ лъэмыж дымыщIтэмэ.

– Феуа мыгъуэщэрэт.

– Деуа мыгъуэщэрэт. Сеуэнуи си мурадакъэ? Идакъым ди комиссарым, «судым уеттынщ», жиIэри. Пэжщ, Сталиным хуэдэу псори слъагъуу бгым и щыгум ситакъым. Ауэ нэмыцэм я мурадыр къэтщIауэ дыщыст, тщIэнур дамыгъащIэу. Зы сыхьэт закъуэкIэ япэ зыкъидгъэщатэми...

Дотий едаIуэщ-едаIуэри, имыщIэххэу и жьэм къыжьэдэхуащ:

– Сталиныр уи фIэщ хъужыркъым, – жиIэри.

Локотош шынакъым.

– Сталиныр си фIэщ мэхъу. Зыщумыгъэгъупщэ. Ауэ сэ слъагъуу щытар Сталиным илъэгъуакъым. КъыжраIэм трищIыхьу щытащ. ЗэрыжепIэми куэд елъытащ. «Гитлер дыкъигъэпцIащ», жыбоIэ...

Локотош къызэрыкIыпащ:

– Дауэ дыкъызэригъэпцIар? Къалащхьэу дуней псор къыпщыгугъыу зыкъебгъэгъапцIэ хъурэ? Хъунукъым. Прави уиIэкъым. УкъигъэпцIамэ, сыт къиихьар? Кхъухьлъатэ защIэу минрэ щитхурэ аэродромым тету хьэбэсабэ хъуащ, танкыу зы минкъым зэхакъутари, топ жыпIэнущи аращ. Абы и закъуэ – красноармеецрэ командиру дапщэ Iэщэншэу къанэу Iисраф хъуар? А къомыр къэгъэсэбэпа хъутэмэ, нобэ дыздэщытым деж дыщытрэт? Мис арат Гитлер и тэмакъым къупщхьэу тенэнур. Зауэми, тхьэ имыIуамэ, зэгуэр кIэ игъуэтынкъэ. Псэууэ къанэм ялъагъунщ: къэгъэпцIэгъуафIэу дыкъезыгъэгъэпцIам хуэфащэ ягъуэтынщ. Езы генералхэм зэрыщытар ятхыжынщ...

– Зэрыщыта дыдэу ари.

– Зэрыщыта дыдэу ятхыжынукъым...

– Сыт щхьэкIэ?

– Зи щхьэкIэр аращ. Щыуам зыумысыжыгъуафIэу зиумысыжрэ? НэгъуэщI игъэкъуаншэу хуежьэнщ, плъагъункъэ.

– Сэ слъагъунукъым.

– Сыт щхьэкIэ? ДытекIуэну уи фIэщ хъуркъэ?

– Мэхъу. Ауэ слъагъунукъым.

– ИтIанэ сэри зыри къызгурыIуэркъым: дэнэ деж укъэувами, жыбоIэ: бийм дытекIуэнущ, бийр лъэгущIэт тщIынущ, бийм и бгъэгум диувэнущ, жоIэри, иджы дытекIуауэ умылъагъуну аращ жыпIэр.

– Сэ зауэм сыхэкIуэдэнущ, – жиIэри, Дотий кIэщIу пичащ, зыхуихьыр къыпхуэмыщIэу.

– Ар сыт жыIэкIэу жыпIэрэ, комиссарым ар жаIэу хабзэкъым. Упсалъэмэ, зы жыпIэу, уи гум илъыр нэгъуэщIу, ар дауэ? ЦIыхур тебгъэгушхуэу бгъэззэуэну уи борщщ, итIани «сыхэкIуэдэнущ», жыбоIэ.

Дотий жиIэр и фIэщу зэрыжиIар Локотош къищIати, нэхъ бэяужащ.

– СызэрыхэкIуэдэнур хьэкъкIэ сощIэ, – жиIэрт Дотий, и макъыр нэхъ кIащхъэ хъуауэ, – сызыхуеиххэри аращ! Ситу, жыIэт? Зэгуэр сыхэкIуэдауэ къэслъытэжат. ЕтIуанэу сыкъалъхужам хуэдэу псэууэ сыкъелати, си гум изубыдащ: си гъащIэ сэ схуахъумар хэслъхьэху сымызауэм, зы лIыгъэ бэлыхь зесхьэхукIэ, жысIэри. Аращ, фыкъаукIами, фыкъимыкIуэт, жиIэу зэрыт Сталиным и приказым гурэ псэкIэ сфIэкъабылу сыщIеувалIэри. Дунейм сэ сыщIэгузавэр зыщ: япэ къаукIым сахэмыхуащэрэт, жысIэу. Бийм ящыщу зыбгъупщI изгъэсыкIауэ сыкъаукIмэ, аращ сызыхуейр. УIэгъэ сыхъуауэ сылIэнуи сыхуейкъым. Моуэ бийм зездзауэ, схуэукIыр сукIыу, езыр слъагъуу, сэри сыкъилъагъуу, мыхьыр зэрыдгъэхьу зэуапIэм сыIуту сыкъаукIмэ, абы нэхъ насып си дунейкIи си ахърэткIи сыхуейкъым...

– Уа, мыр сыт комиссар? – жиIэу, Локотош зэригъэщIэгъуэнур ищIэртэкъым.

– Иджыпсту етIуанэрей эскадроным сыкIуэнурэ приказым сакъыхуеджэнущ. ЯжесIэнур пщIэрэ? КъаукIами, имыкIуэтыну зигурэ зи

щхьэрэ зэтелъыр фыкъызбгъэдэувэ, жысIэнущ. КъахэмыкIын уи гугъэ къызбгъэдэувэн?

– Комиссарыр здэкIуэм псори кIуэнщ. Абы шэч лъэпкъ къытесхьэркъым. Ауэ къебгъэукIын мыгъуэщ. УлIэнми лIыгъэ хэлъщ, жаIэ, узэуэнми зэуэкIэм Iэмал иIэщ. Ууврэ зыкъебгъэукIкIэ сыт и мыхьэнэ?

Апчарэ комиссарым еплъырт и нэр тенауэ. Иджыпстущ абы къыщыгурыIуар Iузизэ зэрылъэщыджэу и щхьэр къихьу къыщIэкIуар. Фыз тхьэмыщкIэм ищIэрт и лIым и гум илъри къэкIуащ игъэгуфIэну, мис къызэплъ, къуэ къыпхуэслъхунущи, лъэпкъым къупщхьэ яхуэхъунщ, уэри уи щхьэ пхъумэфмэ, уи щIалэм и насыпышхуэщ, жиIэ хуэдэу.

– Сэ зауэм сыщыIухьэкIэ дауэ сыкъела хъуну пIэрэ жысIэу аракъым сызэщэнур. Сэ сыхрекIуади, уэ ятекIуам ящыщ тхьэм уищI. «Сыкъелащэрэт» жызымыIэу зауэр аращ, си къуэш, текIуэнур...

– Уешащи аращ, комиссар...

– Узэуэныр зэрымытыншри сэри къэсщIащ, – жиIэри, Апчари и псалъэ къыхиIуащ.

– Еша къудейуэ ара? Фадэм къыхихынкIи мэхъу, мес Iубыгъуэ закъуэ Iухуащи, плъыжьыбзэ хъуащ.

Комиссарым и гум илъар жиIати, и псалъэм кIэщI зригъэщIмэ, фIэфIт:

– Къэгъанэ ари, капитан. ИIэ, ди хъыджэбз хьэщIэм и узыншагъэкIэ бжьэ зырыз къэдвгъэIэт.

Капитаныр хьэзырыххэщ.

– Апчарэ, уи саулыкъукIэ!

Дотий хъуэхъу жиIащ:

– Тхьэм гъащIэ къыуит, Апчарэ. Уи нэгу щIэкIын хуеяр зауэм цIыху зэрыхэкIуадэр аратэкъым. ГуфIэгъуэм укъыхуалъхуауэ тхьэм къыщIигъэкI. Ди текIуэныгъэри уи нэ дахитIымкIэ улъагъу, си шыпхъу. ТкIуэпс къизмынэу софэ...

Комиссарым Локотошрэ Апчарэрэ я Iэр къиубыдыжри, здэкIуэну жыхуиIа эскадронымкIэ кIуащ.



* * *

Нэмыцэм я атакэр кIащхъэ хъуащ, мащIэ-мащIэурэ пичыжыпэри, щым хъужыпа щхьэкIэ, цIыхум зыгъэпсэхупIэ яIэкъым. Мычэму окопэ къатI, топышэрэ фочымрэ къыIуашэ, цIыхум яшхын, жаIэри мэгузавэ. УIэгъэ хъуауэ окопэм илъхэр щIыбагъымкIэ яша зэрыхъунум и ужь итщ. Танк къакIуэмэ, жаIэу, танкхэр адэкIэ-мыдэкIэ ягъэуври, умылъагъуу ягъэпщкIу. А псом и щIыIужкIэ псыкъуий къамытIу хъурэ. Шым псы яIухуакъым махуищ мэхъури. Шыр дэнэ къэна, цIыхум ирафын ягъуэтыркъым. Псыкъуий къагъуэтмэ, хьэбыршыбыр изщи, нэхъапэ щIыкIэ къигъэкъэбзыкIын хуейщ. Псым Iэщ лIа хадзащи, мэ къызыхихи щыIэщ. Красноармеец бел цIыкIукIэ псыкъуий къэптIыныр мастэкIэ псынэ къэптIэщI хуэдэщ.

А къомым хэт тепсэлъыхьми Апчарэ зэхех, телефону щыIэр коммутаторым къыпыщIащи. ЦIыхур зэрыпсалъэр нэхъыбэу щIагъыбзэщ.

Локотош зыщIэупщIэр «папиросщ». Адрейр зыхуейр «коробкэщ», ещанэр мэлъаIуэ «пыжьбанэ» къэвгъакIуэ жеIэри.

Абы къикIыр ищIэртэкъым, и телефонист нэхъыжьу Адэмокъуэм къыгуригъэIуэху.

«Коробкэ» жыхуаIэр танкт, «пыжьбанэр» – броневикщ, «папирос» жиIэмэ, топышэ къикIыу арат. Е, псалъэм папщIэ, комдивым жеIэ: «Жылапхъэу нормитI тефсэ». Абы къикIыр сыт? Топышэу, фочышэу, лагъыму боекомплектитI вгъэс, жиIэу аращ. Мыпхуэдэу щыжаIи къохъу: «Катя фIыцIагъэ» жеIэри мэлъаIуэ, жиIэу. Ар зэхэзыхми жеIэр «фIыцIагъэр тхыт». «Катюшэр» зытеубыдэн хуей координатыр аращ абы зи гугъу ящIыр. Апчарэ ар фIэгъэщIэгъуэну йодаIуэ, къыгурымыIуэмэ, и гъусэм йоупщI.

Капитаным зэрыжиIам хуэдэщ: узэуэным Iэмал иIэщ. IэмалкIэ, хьилэкIэ уIэзэмэ, ари куэд и уасэщ. Апчарэ мычэму имыщIэ къещIэри, зэрытелефонисткэм щогуфIыкIыж. Аращ «зауэм и бзэ» жыхуиIэри.

Зы жэщым нэхърэ къыкIэлъыкIуэ жэщыр нэхъ шынагъуэж хъууэрэ йокIуэкI. Нэмыцэм я пулемёт къэлъэлъакъэ – дыдейри аращ, я топ къэуакъэ – ди топри йоуэж, зы хьэрэкIытIэ драдзеякъэ – дыдейхэми драдзей. Псом я нэхъ Iейр сыт жыIэт – «методическэ огонь» жыхуаIэр аращ. Абы уигъэжейркъым. ДакъикъитIху дэкIыхукIэ зы топышэ къоуэ, цIыхур ямыгъэжейурэ гугъу ирагъэхьын щхьэкIэ. Моуэ жейм сыхелъафэ щыжыпIэ дыдэм, «ду» жиIэу къэуэнщи, укъигъэскIэнщ. Аргуэру дакъикъитху дэкIмэ, зы напIэзыпIэкIэ къэмыгувэу аргуэру къэуэнщ.

Окопэм исхэр жэщкIэщ щышхэр. Походнэ кухняр кIыфI дыдэ мыхъуауэ окопэмкIэ кIуэ хъуркъым. Къалъагъумэ, топкIэ къоуэри – зэфIэкIащ, кашэр уафэм дрепхъей. КъызэралъагъуриДауэ – хьэрэкIытIэ яутIыпщри, дунейр нэху ещI. Дыгъуэпшыхь ди кухнитI къакъутащи, Локотош ищIэнур ищIэркъым. Ежьащ кухня лъыхъуэну. Къигъуэтыни къимыгъуэтыни.

Нышэдибэ нэхущым нэмыцэр атакэ къежьэн я гугъауэ загъэхьэзырат. Дапщэ хъуа иджы сыхьэтыр?

Апчарэ Щынэхужьыкъуэ щыщыIэм тэмэму къищIэрт зэманыр здынэсар, къуршым еплъырти. Мыбы дэнэкIи плъэ – губгъуэ защIэщ, бгы жыхуэпIэр щыIэхxэкъым. Iуащхьэ джафэкIэ Локотош зэджэр Iуащхьэ хуэдэ Iуащхьэми зыгуэрти. ТIэкIунитIэ къыхэпIиикI къудейщ, ауэ тактическэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу жаIэ. Пэжыр пэжщ – Iуащхьэр джафэ жыпIэмэ, джафэщ. Мо губгъуэшхуэм шы щыбгъэхъуну уасэ иIэжкъым, ауэ иджы уиш мыбы итыну ухуейкъым, удз дэнэ къэна, псы къудей ягъуэтыркъым. Шыр гугъу зэрехьыр Бекъан илъэгъуамэ, фIэгуэныхь хъунти, гъынт. Кхъухьлъатэм иукIыр куэд мыгъуэти...

Дыгъэр къыщIэкIа къудейщи, къыдэкIуеин дзыхь имыщIу, и пIэм ит хуэдэщ, аращ Апчари зэманыр здынэсар къыщIыхуэмыщIэр. Адэмокъуэм сыхьэт иIэу щытамэ, зыгуэрти.

Сыхьэт зиIи щыIэу къыщIэкIынт.

Зы напIэзыпIэу, къыздикIари къыздихуари умыщIэу, дунейкъутэж къэхъуащ, щIыр зэщIэзджызджэу. Iугъуэри сабэри зэхыхьэжауэ, жыг баринэм ещхьу, дрихуейрт, а жыг щхьэкIэри адакъэкIэу зыкъишэжырти, жьыр къыздепщэ лъэныкъуэр уигъэлъагъурт. Iугъуэр зэмыфэгъут, абы еплъмэ, Локотош къищIэрт топышэр зыхуэдэр: термитнэрэ фугаснэрэ. Комиссарыр здэкIуа лъэныкъуэмкIэ Iугъуэ защIэщи, зыри плъагъужыркъым. Дотий мыгъуэ къемыхъулIауэ узиIэ и «мурадыр».

Коммутаторым иджыпсту бгъэдэсыр Адэмокъуэр аращи, Апчарэ зигъэпсэхуми хъунущ. Телефон кIапсэр зэпиудмэ, зэпищIэжыну кIуэнур Адэмокъуэрщ, етIуанэ аппаратым къыбгъэдэнэнур Апчарэщ.

Уэгум кхъухьлъатэ макъ къыщоIу. Бомбардировщикхэр лъахъшабзэу къокIуэ, зыщышынэн щыIэкъым. Япэ итым лъэныкъуабэ зищIри, и дамэ щIагъым бомбэр къыщIэлъэлъащ, птулъкIэ фIыцIэм ещхьу. Я пашэм зэрищIа дыдэу адрейхэми защI, зы хьэ и лъакъуэр щиIэтам, хьищэм я лъакъуэ щаIэт, жыхуаIэм хуэдэу. Бомбардировщикхэм хъурейуэ къауфэрэзыхьыр, ди окопэм ящхьэщымыкIыу. Iугъуэ фIыцIэм уафэ лъащIэр щIигъэнащ. Адэмокъуэр къэгузэващ, штепсылыр гъуанэ цIыкIум ириIу щхьэкIэ зыри зэхихыркъым. Линиер зыщIыпIэ деж щызэпыудащ. Апхуэдиз топышэрэ бомбэрэ къыщыуэкIэ зэпимыудуи къэнэн.

– ТIыс иджы. Сэ сымыкIуэу хъунукъым, – жиIэри, Адэмокъуэр Апчарэ къеджащ.

Адэмокъуэр щIалэжтэкъым, и ныбжьыр хэкIуэтат. Налшык къалэ пощтым щылажьэу къыщIашри дзэм хагъэхьат. И хьэлкIэ цIыхубз хьэл гуэрхэри хэлъщ жыпIэнт. ЩIэн хуейр езым ищIэнущ, Апчарэ иримыгъэщIэн щхьэкIэ. АпхуэдизкIэ и нэIэ хъыджэбзым тригъэтщи, Апчарэ щызэгуигъэпи къохъу. Иджыпстуи аращ – хъыджэбзыр къигъанэри, езыр ежьащ.

Апчарэ япэ зи макъ зэхихар «пятэращ».

– Танкхэр къыттеуащ. Танкым я ужьым автоматчикхэр итщ. Танкыр щы мэхъу, – жиIэрт «етхуанэм».

«Первэм» жеIэ:

– Уи гъунэгъум дэIэпыкъу. Ар нэхъ къыхагъэзыхь уэ нэхърэ.

– Дауэ сыдэIэпыкъун – уи щхьэр къэпIэтыну Iэмал зимыIэщ.

– Уэ укъыщалъхуам сыщIэгуфIар пщIэрэ? ЛIы хуэдэлI къыхэкIынущ, жысIэри аращ. КъыбгурыIуа? Абы щыгъуэ цIэ пфIэзмыщами, нобэ пфIэсщынущ. ПфIэсщыну цIэр зыхуэдэр пщIэрэ? Нобэ лIыгъэ зепхьэм елъытащ. Уи муслъымэныцIэр пхуэсхъуэжынщ, умыгузавэ. Виктор пфIэсщынщ. Виктор жиIэмэ, текIуа жиIэу аращ. ТекIуэ бийм. Е Владислав пфIэсщын? ЩIыхьыр зи IэмыщIэ илъ, жиIэу. УкъимыкIуэт, си къуэш, укъимыкIуэт...

Апчарэ «первэм» артиллеристхэм я телефоныр кърет. Комдивым и макъыр нэгъуэщI мэхъу.

– Афэрым. ТанкитI зэхэфкъутащ. Си гур вгъэзэгъащ. Сывохъуэхъу: тхьэм хывигъэгъахъуэ. СызэрыфщыгугъауэфыкъыщIэкIащ. Фи гъунэгъур дауэ щыт – и пIэм ис? Фыхуэсакъ. Нобэ гуащIэнущ. «Пятэм» танк теуащи, фэри фымыбэлэрыгъ – къыфтеуэнщ... – жиIэу, комдивым топауэм я гур дахэ ещI.

– Дыбэлэрыгъынтэкъым. «Папирос» къыдомэщIэкI... Ди зы «сигарэр» исыкIыпащ.

Апчарэ къыгурыIуащ абы зи гугъу ищIыр – зы топ къакъутауэ аращ.

Зауэр нэхъри нэхъ гуащIэж мэхъу. Топышэр полкым я щIыбагъым къыщыуэ хъуащ. Адэмокъуэм къитIа кIэнауэ куум Апчарэ итIысхьауэ исщ. Кхъухьлъатэри ящхьэщыкIыркъым: иныкъуэм ягъэзэжмэ, нэгъуэщIхэр къос. Бомбэ зытрадзэнур дэни щалъагъурэ – псори Iугъуэ защIэ хъуащ, пшагъуэ фIыцIэм ещхьу.

Комдивым и макъыр къэIуу Апчарэ аргуэру зэхех. Антон Федорович зыгуэрым хуохъущIэ.

– Уэрэд жыпIэу щытакъэ: «Маскировкэр пщымыгъупщэу, окопэ тIыныр уэ нэгъэс», – жыпIэу. АтIэ, аращ, окопэр куу щIы. ЩIыр зыхъумэр къехъумэж. ЩIэпщхьэ щIы щIагъым. Жырым нэхърэ щIыр нэхъ быдэщ. Уи гъунэгъум шы дыдэм окопэ къахуитIри иригъэуващ. КъыбгурыIуа? СощIэ сэри! Умыбэлэрыгъ.

Аращи, комдивым увыIэгъуэ иIэкъым. Зэ зым, зэ адрейм йопсалъэ. Хэт сыт жриIэнуми ещIэ. Зым дэIэпыкъуну къегъэгугъэ, адрейм йошхыдэ, ещанэм и гур дахэ хуищIурэ трегъэгушхуэ. «Сывиадэ хуэдэщ, си напэ тевмых», – аращ хэт епсалъэми и псалъэр зэриухыр. Псоми къафIощI комдивыр гъунэгъу дыдэу къащхьэщыту, гузэвэгъуэ къалъысмэ, къадэIэпыкъуну. Комдивым зэуапIэ псом и нэIэ тету, къыщыхъу илъэпкъыр и нитIкIэ илъагъу хуэдэщ.

Антон Федорович и макъыр зэхихмэ, Апчари и гур нэхъ къызэрогъуэтыж.

Асыхьэту «четвёртэм» и макъ къэIуащ, «псынщIэу «первэр», жиIэри. Гузэвэгъуэ зэрихуар белджылыт. Комдивыр зыгуэрым епсалъэрти, и псалъэр зэпимыуду хъуакъым:

– «Четвёртэр» къолъаIуэ. Узот.

«Четвёртэ» хъужыр Дотийт. Абыи танкищрэ автоматчикыу зы ротэрэ къытеуат. Комиссарыр зыщIэлъэIур «катюшэр» автоматчикхэм къахигъэуэну арат. Бийм и квадратыр къыжриIащ. Дакъикъэ тIощI дэкIмэ дыхуеижынукъым – автоматчикхэр ди окопэм къэсынущ, жиIэу комиссарым комдивыр игъэпIащIэрт. Комиссарыр Апчарэ и нэгум щIэт хуэдэт – лIы къуэгъум красноармеец щыгъын щыгъыу, и бгырыпхыр щIэкъуза пэт, и ныбэ иуэжам къолэлэхыр. Комдивыр мэхъущIэ: «Уэ абы щхьэ ущыIэ. КъаукIыху зэуэнхэр зэхэпшэу уахэт?».

«Приказыр-щэ? ФаукIами, фыкъимыкIуэт, жаIащи, ди пIэм дитынущ».

– Ит, ит. «Катюшэр» ялъэIэсынщ...

ДакъикъипщIи дэкIа хъунтэкъым, «катюшэу» машиних къигъэсауэ Апчарэ щилъэгъуам. Къызэрысуи, брезентыр тралъэфри, аппаратыр Дотий зи гугъу ищIа квадратым траубыдэри, хьэIуцыдзым ещхьу машинэхэр зэщIэкъугъащ. Апчарэ ищIэрт «катюшэр» здэщытым деж гъунэгъуу ущыт зэрымыхъунур. Нэмыцэм гу къызэрылъатэм хуэдэу ахэр здэщыта щIыпIэм къеуэнущ, езы «катюшэхэри» зэрытам куэдрэ имыту, зэуэнум еуа нэужь ежьэжынущ.

Машинэхэри зэбгъурытт, жыжьэу уеплъмэ, выгум, мэкъугум ещхьыркъабзэт, брезентыр ятелъмэ. Ятемылъмэ, рейкэ зытралъхьа унащхьэм хуэдэщ, жыпIэнт. Лагъым фIыцIэ кIыхь абы телъхэм я кIэм мафIэр къилыдыкIыу телъэтыкIырти, Iугъуэ фIыцIэр ялъэфу, зытраубыдам кIуэрт. Окопэм Апчарэ и щхьэр къригъэжауэ маплъэ. Машинихри брезенткIэ щIахъумэжауэ щежьэж дыдэм, Дотий и макъ къэIуащ: «Артиллеристхэ, берычэт бесын! Хьэкъурт хъун хуэдэу фымыгъэлыгъуамэ, согъэпцI! Хуэзакъэ нэмыцэр?..» – жиIэу.

«Катюшэм» я шэр гуащIэт, термитнэ мафIэр зылъэIэсар къелынутэкъым. Ар зылъагъур делэ щыхъу щыIэт. Иджыпсту ар щеуэм автоматчик къомыр хэкIуэда дэнэ къэна, зы танки мафIэ исауэ къыщIэкIащ.

«Дотий зыщIэхъуэпс дыдэр къехъулIауэ къыщIэкIынщ», – жиIащ Апчарэ игукIэ. Бийм и «щIыхуэ» комиссарым къытехуагъэнкIи мэхъу, и гъащIэ хилъхьэми арэзы техъухьын хуэдэу.

«Катюшэ» къомыр здэщыта дыдэм топышэр къытелъалъэу хуежьащ, арщхьэкIэ машинэхэр бгъуэтмэ къащтэ – ежьэжахэщ.

Адэмокъуэри ешаелIауэ къэсыжащ. А лIым и нэкIэ илъэгъуат зауэм и гуащIэгъуэр. Линиер щызэпыудам лъыхъуэурэ лIыр жыжьэ кIуат. Уеблэмэ, миномётчикхэм я окопэм «щыхьэщIащ». Албиян хуэзати, и шыпхъум къыщIэмыупщIэу къэнэнт. Адэмокъуэм жиIар жиIэжырт:

– Зи, умыгузавэ, си шынэхъыщIэ. Си нэIэ тезгъэтщ. Линиер зэпыудмэ, згъакIуэркъым. Сэ сокIуэ, езыр аппаратым къыбгъэдызонэри. Коммутаторым бгъэдрес, нэгъуэщI сыхуейкъым. Ар куэдыщэщ хъыджэбзым дежкIэ.

Апчарэ ар и гум ирихьакъым:

– ЛIо, нтIэ, сыщIумыгъакIуэр? Линиер сэ схузэпыщIэркъэ. СощIэр ар зэращIыр. Школым физикэ дыщеджакъэ, – жиIэри, зигъэгусэ хуэдэу зищIащ.

Адэмокъуэм щIимыгъакIуэр нэгъуэщIт:

– Линиер зэпыщIэжыныр гугъукъым. Абы и къэгъуэтыныр аращ гугъур, си шыпхъушхуэ. ЗэпылъитI я гур зэпыудамэ, я зэпыщIэжыныр зэрыгугъум хуэдэщ. КъыбгурыIуа?..

Миномётчикхэм уIэгъэр я куэдт. Батареем и командирыр Адэмокъуэм илъагъуу санэскадроным яшащ, уIэгъэ хъуауэ. Абы и пIэ иувар Албиянщ. А хъыбарыр Апчарэ и гуапэ мыхъуа дэнэ къэна, нэхъри гузэващ, си дэлъхури уIэгъэ хъумэ, жиIэу. Апчарэ пщIыхьэпIэу илъэгъуат и дэлъхур уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ, бинткIэ уIэгъэр хуипхэу.

– Гугъуми ирегугъу. Къэзгъуэтынщ, – жиIэу Апчарэ зэрыжиIам тетт.

Адэмокъуэр етIысэхащ. Коммутаторым теIэбэри, хъыджэбзым и псалъэм къыпидзащ:

– Мы аппаратыр военнэ уи гугъэ? Локотош совхоз гуэрым къагъэнауэ къигъуэтати, къищтащ. Мыбы хуэдэ коммутатор зиIи щыIэкъым зы полки. Полевой телефонкIэ зэджэр нэгъуэщIщ. Мыр, тобэ ирехъу, совхозым и директорым деж щIэту щытагъэнщ. Полевой телефоныр нэхъ зэгъэщIэгъуафIэщ. Мыбы бгъэдэси, уи дежкIэ нэхъыфIщ. «По-пластунскэ» жыхуаIэм хуэдэу упщыфрэ уэ сытми?..

– Ар сыт зищIысыр. Шындырхъуом ещхьуи?

Адэмокъуэм и мурадт хъыджэбзым и щхьэр иудэгунуи, иригъэдаIуэрт:

– Ей, си шыпхъу, зэгъэщIэгъуейщ. Дзэм хэтым мазэ псокIэ яхузэмыгъащIэу йолIалIэ. УзепщыпщэзакъуэкIэ зэфIэкIрэ. Зэм шындырхъуом хуэдэу, зэми блэм зебгъэщхьу, зэм танэ лъеикIэу улъейуэ. Аращ «по-планстунскэ» жыхуаIэр.

– Танэ дэлъеикIэри хэту жыпIа? НтIэ, сэра уи гугъэ танэ лъеикIэ зымыщIэр?

Адэмокъуэм нэхъ щIегъэхуабжьэ.

– Уэ уамыгъэлъагъумэ, уэр-уэру пхузэгъэщIэну Iэмал иIэкъым. КъыбгурыIуа?

– Сэ къызгурыIуар пщIэрэ – иджы топышэм телефон кIапсэр зэпиудмэ, кIуэнур сэращ.

– Уи дэлъхум идэрэ? Идэнукъым. Сэ псалъэ естащ Албиян: уи шыпхъум щхьэкIэ умыгузавэ. Иджы езыр батареем и командирщи, телефонкIэ епсалъэ, – жиIэу, Адэмокъуэм зи зыхигъэзагъэртэкъым.

– Си дэлъхум «по-пластунскэ» жыхуиIэм хуэдэу къипщыпщыхьыфу пIэрэ?

Абдеж аргуэру кхъухьлъатэ макъ къэIуащ. Плъэмэ, уафэ лъащIэм точкэ фIыцIэ цIыкIу куэд щIэту уолъагъу. Точкэ цIыкIухэр ин мэхъу, нэхъ лъахъши защI. Кърум ещхьу, зэкIэлъхьэужьу къокIуэ.

– НитIысхьэ кумбым, – жиIэри, Адэмокъуэм унафэ ищIащ.

Арыншэми, Апчари есэжат бомбардировщик къэсмэ, кумбым ипщхьэу.

Коммутаторри къызэщIэвууащ. Дотий и макъ аргуэру зэхэпхырт. Комиссарыр лъаIуэрт, Iуащхьэ джафэм и щIыбагъым щызэхуосри, «катюшэр» къахэвгъауэ, жиIэу. Абы нэмыщIкIи миномётчикхэм унафэ яхуищIырт, лагъымым щымысхьу, мо нэмыцэ къому атакэ къежьэну зи хьисэпым къахэуэну.

– Шэч хэлъкъым, – жиIэрт Дотий, – Iуащхьэ джафэр яубыдын я мурадщ. Бомбардировщикхэр къытщхьэщытщи, зыкъыдагъэIэтыркъым. ЗэрытщхьэщыкIыу, атакэ къэкIуэнущи, феуэ, я мурадыр къевмыгъэхъулIэ. Зивмылъэфыхь куэдрэ!

Бомбардировщикхэр уэгум иту «катюшэр» утыкум къихьэ хъунутэкъым.



Бомбэм щIыр ягъэхъей. Апчарэ зиущэхуауэ кумбым исщ. Албиян и миномётхэри мауэ, арщхьэкIэ абыхэм я уэ макъыр бомбэм зэхыуагъэхыркъым. Миномётчикхэм я миномётыр кууэ окопэм итщи, щIамыгъачэу мауэ, Iуащхьэ джафэм и пщэдыкъым дэуэу. Нэмыцэхэр зыщыгугъар: авиацэр уэгум итыху, ди жагъуэгъум зиущэхуауэ окопэм исынщи, нэхъ гъунэгъуу къепщылIэн жаIэу я мурадати, къайхъулIакъым.

Апчарэ къыжраIэжат Чопракъ аузым къикIа бронебойщик щIалитIым Iэмалу къагупсысам и хъыбар. ЩIалитIым гъуджэ тIэкIу къагъуэтати, я окопэм и щIыбымкIэ трагъэуват, абы уиплъэмэ, бийр къакIуэрэ къэмыкIуэрэ плъагъуу. Езы тIур окопэм ису къыдэплъеймэ – псори ялъагъу. Бронетранспортёр е танк къалъэгъуа – йоувыкIри йоуэ. «ЧопракъдэсхэрIэмалкIэ Iэзэщ», – жиIэри, Апчарэ дыхьэшхат, ар щызэхихым. Посылкэ къомыр щызэхуахьэсым ящIатэмэ, гъуджи далъхьэнтэкъэ.

Бомбардировщикхэр уэгум зэрикIыжу, нэмыцэр атакэ къежьащ. Пщыхьэщхьэ хъуати, а зэр арауэ къыщIэкIынт нобэкIэ атакэ къызэрыкIуэнур. Дотий здэщыIэ щIыпIэр арат нэмыцэр нэхъ зытефыщIыхьыр. Сыт ямыщIэми, «лIэну мурад зыщIар» яхуигъэкIуэтыртэкъым. Езы Дотий къылъысу нэмыцэ зыбгъупщI автоматкIэ зэтриукIауэ къыщIэкIынущ.

Дыдейхэми яхэкIуэдыкIар мащIэтэкъым. Пшапэр зэрызэхэуэу лъэныкъуитIми зауэр щагъэтыжащ. ЗэуапIэ лъэныкъуэмкIэ къикIыурэ уIэгъэ хъуа къомыр зэкIэлъхьэужьу къежьауэ къокIуэ. Я щыгъын тIэкIур зэхэфыщIауэ, езыхэри лъы защIэу, уIэгъэ хьэлъэ хъуахэр зэрылъ гум и ужь иту санэскадроныр здэщыIэмкIэ яунэтIащ.

УIэгъэ хъуа щIалэ къомыр щилъагъум, Апчарэ и нэпсыр хуэубыдыжакъым. Дыгъуасэ епщIанэ классым щеджэу щытахэм еплъ къащыщIам: хэт и Iэр хужькIэ пхауэ адрей Iэм телъщи, сабий быдзафэ зэрахьым хуэдэу хуэсакъыпэу ехьыр. Модрейм зигъэшащ, дуней

хьэзабыр и щIыбым илъым хуэдэуи, лъэбакъуэу ичыр и псэм зыхещIэ. Нэхъ лъэрызехьитIым мыкIуэжыфу гъуэгум къытенам и блыпкъ зырызыр яубыдауэ, лъэпэрапэ мыгъуэу, гуIэжу къокIуэ. ЩIалэ цIыкIу дыдэ и лъакъуэ лъэныкъуэр елъэф, баш зыщIигъакъуэурэ. Абы хуэдэ щIалэ къэфэну къытехьамэ, къыдэфэн хъыджэбз къыдэмыкIмэ, укIытэжауэ щIалэхэм я щIыбагъым къыдэувэжу щытащ. И лъакъуэр зэрыпха бинтри къэтIэтащи, елъэф. ИтIани, къэгумащIэу, зы псалъи къажьэдэкIыркъым икIи щэIуркъым. ЛIыгъэ мыгъуэм зрагъэхь. ЛIыгъэ яхэмылъамэ, танкым пэуву къагъэувыIэфрэт.

Нэху щыри, Локотош нэмыцэ мотоциклыр ищIыжри тетIысхьэжауэ илъэгъуащ. Шофёрымрэ езымрэ махуэ псокIэ елIэлIати, ящIыжыфащи, капитаныр мэгуфIэ. Локотош, шы къарэ тес хуэдэ, мотоциклыр зэ губгъуэмкIэ еху, зэми къегъэзэжри, Апчарэ зригъэлъагъуу блож. Хъыджэбзми ар фIэгъэщIэгъуэну и нитIыр тенащ.

– Дауэ къыпщыхъурэ? – жеIэри Локотош Апчарэ къоупщI, хъыджэбзым зыгуэр хищIыкI хуэдэ.

– Хъарзынэщ, тхьэ.

– Уехъуэпса?

– НтIэ.

– Уехъуэпсамэ, узот. Аракъэ хабзэр?

– Ауэ жысIащ, армыхъумэ сыткIэ сыхуей.

– СыткIэ жыпIа? Адэмокъуэм фэрэ фызыхуей дыдэщ. Зи, фи коммутаторыр, фи Iэмэпсымэр ифлъхьэнщи, макIуэ-мэлъей. Аргуэру зы мотоцикл уиIэныр Iей сытми? Сэ зэзэмызэ сыхуей хъумэ, сытетIысхьэнщ. Гъуэгу дытехьэрэ – фыфейщи, фис.

Адэмокъуэр зыхуеиххэр аращ. Локотош нэхърэ нэхъ Iейуэ мотоциклкIэ IэкIуэлъакIуэкъым. Машинэр зэрызэрихуэфыр къаригъэлъагъуну тетIысхьэри, мотоциклыр къызэщIигъэплъауэ адэкIэ жащ, мыдэкIэ жащ. Фермэр хъурейуэ къижыхьри къигъэзэжащ.

Локотош и гуапэт мотоциклым хэзыщIыкIым зэрыритыр.

– Хъарзынэ хъунущ. Апчарэ коммутаторыр иIыгъыу люлькэм исынщ, езы Адэмокъуэр мотоциклым тесынщ. Зи, алыхьым узэрелъэIунщ.

Капитаным и гур зэгъауэ тетIысхьэщ мотоциклми, полкым я НП-м кIуащ.

Адэмокъуэмрэ Апчарэрэ къэнащи, капитаныр здэкIуэмкIэ маплъэ.

– Мотоцикл зехуэкIэ дэнэ щызэбгъэщIа? – жиIэри, Апчарэ щIэупщIащ.

– ЛIо, Локотош и закъуэ уи гугъэ механизацэм хэзыщIыкIыр? – жиIэри модрейри къыпыгуфIыкIащ. – Зауэм ипэкIэ МТС-м сыщылажьэу щытащ.

Адэмокъуэр зэрыцIыкIу лъандэрэ IэпщIэлъапщIэт. Зыми зыри къримыгъэлъагъу щхьэкIэ, езым псоми гу лъитэрт. Нэм илъагъур Iэм ещIэж, жыхуаIэм хуэдэти, теплъакъэ – зэфIэкIат. ЩIалэ цIыкIуу пхъэ автомобиль, шэрхъищ щIэту, ищIри, жылэм ягъэщIагъуэу, Iуащхьэм къежэхауэ щытащ. Уеблэмэ, а автомобилым ису хьэгъуэлIыгъуэм кIуат, арщхьэкIэ чэф зиIэ щIалэ къомыр къежэри фIакъутащ.

Япэ дыдэ къуажэм кино къыщыкIуам киномеханикым кIэрыхъыжьащ, кино гъэлъэгъуэкIэ сыгъащIэ, жиIэри. Киномеханикыр зыхуейр апхуэдэ гуэрт. Езыр хъыджэбзым япылъу тIысыжырт, щIалэ цIыкIум киноаппаратыр къыхуигъанэрти.

МТС зэрагъэпэщу илъагъури – машинэм дихьэхащ, и диным икIыным хуэдэу. Дзэм яшати – связист хъуащ, телефонми хъарзынэу хищIыкIырти.

КъыкIэлъыкIуэ махуэри нэхъ гуащIэжу къыщIэкIащ. Нэмыцэр хэ къэкIуэгъуэ атакэ къэкIуат. Зауэр зы дакъикъэ закъуэкIэ увыIакъым. «Iуащхьэ джафэ» жаIэу арат псоми яхуэмыгъэныщкIур. Iуащхьэ жыхуаIэри Мэшыкъуэ Iуащхьэ хуэдиз мэхъу жыпIэнщ. Бомбэмрэ топышэмрэ ар зэрыщытам нэхърэ нэхъ цIыкIуж ящIащ. «Катюшэ» машинихым абы иращIам урикъунти. Нэмыцэр зэщэри арат – Iуащхьэр яубыдыну, арщхьэкIэ иратыртэкъым. Атакитхур дыдейхэм зэпаудащ, нэмыцэм мыхьыр ирагъэхьу. Ауэрэ атакэ ехани къежьащ... Дыдейхэм я къарур къомэщIэкIри, Iуащхьэр фIаубыдынкIэ шынагъуэ хъуащ...

Пщыхьэщхьэ хъуауэ, командирхэр зэхуэзауэ зочэнджэщ, пщэдей зэрызэуэну планым йогупсыс, топсэлъыхь. Дотий жиIэр мыращ: танк къутауэ губгъуэм къинам телефонист игъэтIысхьауэ ди артиллерием я мафIэр корректировать егъэщIын хуейщ. А танкыр нэмыцэм Iуамылъэфыжын щхьэкIэ, бронебойщик гъэтIысауэ ебгъэхъумэ мэхъу, тягач къакIуэр икъутэн хуэдэу. Комиссарым зэрыжиIа дыдэм хуэдэу, кIыфI зэрыхъуу, нэрыплъэ, танк зэракъутэ гранатэ яIэу, телефони ялъэфри красноармеец гуп нэмыцэ танк къутам итIысхьэну ягъэкIуащ.

Танкыр зыплъыхьыпIэ хъарзынэ хъуащ, укъиплъмэ, нэмыцэм я оборонэр тыншу плъагъуу. Машинэ къекIуалIэми, танк е топ кърашалIэми – зи умылъагъу щыIэкъым. Къалъэгъуар телефонкIэ штабым къыжраIэри, мыдэкIэ абы и унафэр кIэщIу ящI. Топ, миномёт сытхэр хьэзырыпсщи, «феуэ» жыхуаIэм йоуэри зэхагъэщащэ. «Катюшэ» машинэхэри зыхуеиххэр араци, узэуэнумэ къеблагъэ. Нэмыцэм кIуапIи жапIи ямыгъуэту къажыхь, гужьеяуэ. «Iуащхьэ джафэр» зыIэщIэдмыгъэхьэмэ, псэупIэ къыдатынукъым, жаIэу абы тращIыхьауэ нэмыцэм аргуэру загъэхьэзыр. ИтIани, мыхьыр ирагъэхь, «Iуащхьэ джафэр» я нэм бжэгъуу къыщIэуэ хъуащи, увыIэркъым.

Пщыхьэщхьэ хъуауэ, нэмыцэм гу лъатащ бэлыхьлажьэр къызэрыкIыр танк къутауэ губгъуэм итыр зэрыарар. НтIэ? Танкыр къыIулъэфын хуейщ. Ди бронебойщикхэри зэщэр аратэкъэ. Танк къакIуэу щалъагъум еуэри якъутащ. Ди артиллеристхэми унафэ хуащIат танкым къекIуэлIапIэ имыIэу мафIэкIэ къаухъуреихьыну. Нэмыцэм къагурыIуащ танкыр къыIуплъэф зэрымыхъунур. Къэнэжыр сыт? Танкыр гъэсын хуейщ, жаIэри, къеуэу къыщIадзэри, я танкыр зэхакъутэжащ, термит топышэкIэ мафIи къыщIагъэнащ.

Красноармеец танкым исахэри хэкIуэдащ.

Комиссарым езым и IэкIэ листовкэ «молния» жыхуаIэр къыдигъэкIащ, «еджи уи ныбжьэгъум ет», жиIэу тетхауэ. ЩIалитI танкым исам зым и унэцIэр Къурмэнт, адрейм и унэцIэр ящIэртэкъым, и цIэм фIэкIа – Алий. Листовкэр зы эскадроным ирахым, адрей эскадроным яхьурэ, псори еджащ, щIалитI хэкIуэдам я цIэри, я унэцIэри мащIэ-мащIэурэ псоми къащIэжащ.

ИкIэм-икIэжым, нэмыцэм, къарууэ яIэр зэхалъхьэри, «Iуащхьэ джафэр» яубыдащ. Иджы ар къатумыхыжрэ, пщэдей щыщIэдзауэ нэмыцэр Iуащхьэм тесынущ.

Арат нэхъыбэу командирхэр зэгупсысыр...

*ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий илъэс 80 ирокъу*





# ЛЪЭПКЪЫЛI IУМАХУЭ

Зыпэрыт IэнатIэм къыдэкIуэу, щIэныгъэлIым гъащIэм фIыуэ хищIыкIыуи къыщIэкIмэ, я насыпщ ар зыхэт гупми, унагъуэми, лъэпкъми. БакIуу Хъанджэрий къызэрытхыхьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щылажьэхэм апхуэдэкIэ зи насып къикIахэм захыдобжэ дэ. Адыгэхэм игъащIэми жаIэ: цIыхур къызэрацIыхур и дуней тетыкIэмрэ и IуэхущIафэмрэщ. Ауэ БакIуум хуэдэ цIыху къызэрымыкIуэм и лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэбгъащIэрэ и дуней тетыкIэр абы хэплъэхьэжкIэ, фIэщ щIыгъуейщ ар зыхуэдэр нэсу къыпхузэIухыну. Абы щхьэкIэ, илъэс бжыгъэхэр тригъэкIуадэурэ лъэпкъ литературэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр езым къызэрихутэжым, тхакIуэ щхьэхуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щIэныгъэм и мардэхэм тету зэрызэпкърихым хуэдэу, щIэныгъэлIым и лэжьыгъэхэри джыжын хуейщ. Си фIэщ мэхъу зэгуэр зэ апхуэдэ къэхутакIуи къызэрыкъуэкIынур. Мы тхыгъэ кIэщIми и къалэныр а Iуэхум щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр еувэлIэну къыхуеджэнырщ. Абы илъэныкъуэкIэ сэбэп хъуну къытщохъу лэжьэгъум, ныбжьэгъум, нэхъыжьым хуэгъэза мы ди псалъэхэри.

5 Заказ №406

БакIуу Хъанджэрий къызэрысцIыхурэ зыкъом щIами (абы щыгъуэ «Адыгэ псалъэ» газетым сыщылажьэрт), лэжьэгъу къызэрысхуэхъурэ зэману дэкIар мащIэщ. Абы къыхэкIыу БакIуур зыгъэгуфIэ е зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ куэдыр, зыхэпсэукI дунейр къэгъэлъэгъуэныр схузэфIэмыкIынри, уеблэмэ абыхэм яхуэфэщэн псалъэ сымыгъуэтынри Iуэхум хэлъщ. Ауэ институтым лэжьэгъу дызэрыщызэхуэхъурэ абы дэтлъэгъуа хьэл-щэнымрэ IуэхущIафэмкIэ къелэжь пщIэ леи, псалъэм я нэхъ гуапэри...

Сабийр дунейм къыщIытехьэр насыпыфIэ хъун папщIэщ. Дэтхэнэ адэ-анэми я хъуэпсапIэр аращ. Ауэ езыхэм емылъыта щхьэусыгъуэкIэ быныр зэфэну насыпыпсыр нэгъуэщIыпIэкIэ цIыху гущIэгъуншэхэм щыдагъэуэх къохъу. Апхуэдэу ящIат блэкIа лIэщIыгъуэм икухэм ирихьэлIэу дунейпсо мафIэр зэщIэзыгъэста залымзехьэхэм. ЦIыкIу защIэу бынищ и щхьэгъусэ Шамхъаний къыхуигъанэри, Ильяс (Хъанджэрий и адэр) лыгъейм хыхьат, бий ерур къигъэувыIэу, лъахэр, унагъуэр ихъумэн мурад иIэу. И псэри тыхь яхуищIащ Хэкум и щхьэхуитыныгъэм, щIэблэм я къэкIуэнум. «Зауэм и бынхэр» псалъэхэр зыкIэрыпщIа лъэхъэнэ дыджым къыхэхъукIащ Хъанджэрий адэншэу, ныбэизыгъэм и пIэкIэ анэм и хъуэпсапIэхэмрэ и псалъэ IэфIхэмрэ и гъуэмылэу. Нобэ сэ сызоупщIыж: «Армырауэ пIэрэ дахагъэр зи лъабжьэ гъуазджэр абы IэщIагъэ щIыхуэхъужари?..» – жысIэу.

Дауэ щымытми, зауэм и мафIэ бзийхэм зи сабиигъуэр илыпщIа щIалэм и хьэл-щэнри абы ипсыхьащ, сыт хуэдэ гугъуехьми пэщIэтыфу иригъэсащ. Сэ сызэрыдэлажьэ илъэсхэм срихьэлIакъым ар зыгуэркIэ мыарэзыуэ тхьэусыхэу, къыхуагъэувхэмрэ къыпаубыдхэмрэ нэхъ ин, гугъу хъуху, нэхъ ерыщу япэщIэувэ мыхъумэ. А ерыщагъымрэ и егугъуныгъэмрэщ БакIуур щIэныгъэм и щыгум дэзышари. Ахэращ жэуаплыныгъэ инхэр зыпылъ къулыкъухэм пэрызышари, гъащIэм и IэфIыр зыхозыгъащIэ унагъуэ насыпым хуэзышари. Езым зэрыжиIэмкIэ, зы лъэбакъуи игъащIэм ичакъым абы, зытеувэну щIы кIапIэр япэщIыкIэ имыгъэхьэзырауэ. Си щхьэм нэхъ ехьэлIами, абы теухуауэ мыр сигу къэзгъэкIыжынут. Хъанджэрий сэрэ зэрыдгъэхьышхуэ щымыIэу зы зэманым институтым дыкъэуват. IэнатIи сыпэрытурэ, лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэми сыщыгъуазэу сигугъэжу щIэныгъэлIхэм сакъыхэхуат, ауэ ныбжькIэ сынэхъыщIэт. Куэд дэмыкIыу гу лъыстащ си лэжьэгъу, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Думэн Хьэсэн, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Хьэщхъуэжь Раисэ, Мэшыкъуэ Тэзал, БищIо Борис сымэ я нэIэ нэхъ къыстету, я ущие псалъэм щIэх-щIэхыурэ сыщIагъэдэIуу зэрыщытым. Псом хуэмыдэу «сыкъэзыхъумэр» Хъанджэрийт. ИужькIэщ цIыху Iущхэм я гулъытэм къикIыр къыщызгурыIуар – «Нобэ щегъэжьауэ адыгэбзэми, IуэрыIуатэми, литературэми елэжьхэм я IуэхущIафэр зыунэтIынур уэращ», – жаIэу, къудамэм и унафэщI къалэным сыщрагъэувэлIаркщ. ХуэмцIыкIуурэ лэжьыгъэ мытыншым сыхуагъэхьэзыру арат нэхъыжьхэм. Iуэхум сызэрыхуэмыIэижьымкIи, нэхъыфIу а къалэныр езыхэм ягъэзэщIэфыну зэрыщытымкIи сигурэ си щхьэрэ щIызэбгъэжын сагъэлъэгъуакъым а нэхъыжьыфIхэм, абы лъандэрэ илъэсипщIым щIигъуащи. ЦIыху Iущ къыпхэтыныр зэрынасыпым ари и зы щыхьэтщ. Абы лъандэрэ Хъанджэрий и гулъытэ зылъысар, дауи, си закъуэкъым.

Мыри къыхэгъэщыпхъэу къызолъытэ: зы лъагапIи дэкIакъым БакIуур и гугъуехьрэ и зэфIэкIкIэ къимылэжьауэ. «ГъащIэм и

гъукIэкIэ» зэджэхэм хуэдэщ ар. Езым и насып унэр и IэкIэ иухуэжу мэпсэу ди ныбжьэгъур. Илъэс 30-м щIигъукIэ Хъанджэрий Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и кафедрэм и унафэщIу, декану, филологиемкIэ институтым и директору лэжьащ. Ар филологие щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академикщ, лъэпкъ литературэдж-къэхутакIуэ нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ зыщ.

БакIуурщ япэу еувэлIар лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэмрэ адыгэ усыгъэм щагъэзащIэ къалэныр къэхутэным. И доктор лэжьыгъэм абы къызэщIригъэубыдащ Адыгейм, Къэбэрдейм, Шэрджэсым я усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Уеблэмэ зэлъэпкъэгъуми, щхьэхуэ-щхьэхуэу зызыужьа а литературэхэм я къэухьым иIэбыкIри, БакIуум зэпкърихащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу адыгэхэм къагъэщIа художественнэ дуней хьэлэмэтри. ЩIэныгъэлIхэм ящыщу аращ и щхьэ течауэ жызыIар ди лъэпкъэгъухэм къагъэщIауэ иджыри зы литературэ – хэхэс адыгэ литературэ – зэрыщыIэр. Хамэбзэр яIурылъу щытами, адыгэм и дуней еплъыкIэ хэхар, и шыфэлIыфэр зи тхыгъэхэм джэлэс яхуэхъуа тхакIуэхэу Хьэгъур Ахьмэд, Хьэтыкъуэ Умар, Къалэдахэ Хъалид, Рушди Расим, Шурдым Къундет, Кубэ Шэбан, Натхъуэ Къадыр, Къандур Мухьэдин, Хъунэгу Надия сымэ, нэгъуэщIхэми я художественнэ зэфIэкIыр къэзыхутари, абыхэм я лэжьыгъэхэм яхуэфащэ увыпIэ лъэпкъ щIэныгъэм щезыгъэгъуэтыжари а щIэныгъэлIырщ.

Абыхэм я закъуэкъым БакIуум фIыщIэ щIыхуэщIыпхъэр. Лъэпкъ литературэдж щIэныгъэр къызэрыунэхурэ и Iэ-и лъэ хунэмысауэ Iуэхугъуэ щхьэпитI зэфIигъэкIащ иужь илъэсхэм абы. Япэр гушыIэмрэ ауанымрэ адыгэ литературэм зэрызыщаужьар къиихутэу монографие зэпэщ дунейм къызэрытригъэхьарщ, етIуанэр сонетым и тхыдэмрэ абы лъэпкъ поэзием щиубыд увыпIэмрэ зэриубзыхуарщ. Мы IуэхугъуитIымкIи щIэныгъэлIым къихутахэр Iыхьэ щхьэхуэу хыхьэнущ «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ» ещанэ тхылъым. Мыбыхэм зделэжьым, зыкъыдигъахуэурэ, БакIуум кууэ къихутащ тхакIуэ, усакIуэ, драматург IутIыж Борис и творчествэри. Теунэ Хьэчим и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ ятеухуауэ иджыблагъэ ХьэкIуащэ Андрей къыдигъэкIа лэжьыгъэр хыумыбжэмэ, нобэр къыздэсым зи творчествэр зэрыщыту щIэныгъэ Iэмалхэмкiэ къэхута хъуауэ щыIэр ЩоджэнцIыкIу Алийрэ (зытхар ХьэкIуащэ А.) КIыщокъуэ Алимрэщ (Сокъур М.). А тIум ещанэу ябгъурыбгъэувэ хъунущ IутIыжым теухуауэ Хъанджэрий игъэхьэзырар.

Апхуэдэу къыхэгъэщыпхъэщ БакIуум пщIы бжыгъэкIэ и гъэсэнхэр щIэныгъэм къызэрыхишари. Абыхэм ящыщ куэд филологие щIэныгъэхэм я доктор, кандидат хъуащ. Нобэ еджагъэшхуэр еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэм я щIэныгъэ советхэм хэтщ, я Iуэхур ядиунэтIу, сыт и лъэныкъуэкIи защIигъакъуэу. Ари и щыхьэтщ пщIэ зыхуащI щIэныгъэлIу БакIуур зэрыщытым.

Хъанджэрий лэжьэгъу тыншщ, дзыхь зрагъэз ныбжьэгъуфIщ, чэнджэщэгъу Iущщ, гумащIэщ, гушыIэр зи щIасэ цIыхущ. И гушыIэкIэкIэ, и бзэ жанагъкIэ БакIуур зэщхьыр ди джэгуакIуэжь цIэрыIуэхэу Абазэ Къамбот, Агънокъуэ Лашэ, Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Мыжей Сэхьид сымэщ. Абыхэм яхуэдэу Адыгейми, Шэрджэсми, ди дежи куэдрэ щызэхэпхынущ «Хъанджэрии зэрыжиIауэ», «Хъанджэрий и гушыIэкIэу» псалъэхэр. ЦIыхум фIыкIэ ягу укъэкIыныр,

гуфIэгъуэхэм деж уи цIэр жаIэныр насыпым и зы лIэужьыгъуэуи плъытэ хъунущ. Дэращи, зы махуэ дыхуэмызэу дэкIамэ, дыхуозэш, ищхьэ къатым нэс къыдокIуейри къытщIоупщIэ, ди Iуэху зытетыр зрегъащIэ, къыддогушыIэ, илъабжьэмкIэ щыIэ пэшым нэхъыжь зэрыщIэсыр тщымыгъупщэн щхьэкIэ, зы хъуэрыбзэ щаби къыдедзри йохыж. Апхуэдэ гулъытэм дэри зэпIэзэрыту, нэхъыжьыр тлъытэу, хабзэри тщимыгъэгъупщэу дыщигъэтщ. Адыгэ гушыIэкIэ дахэр, щIагъыбзэ шэщIар БакIуу-гъэсакIуэм Iэзэу къигъэсэбэп Iэмалщ.

БакIуур и псэукIэкIи зэпэщщ, и лэжьэгъухэм апхуэдэу къытщхьэщыж цIыхум, дауи, и унагъуэм исхэри и гулъытэ щыщIэркъым. Ар адэ гумащIэщ, адэшхуэ Iущщ, щхьэгъусэ зэгъщ. Хъанджэрийрэ Любэрэ бынитI зэдапIащ. Езы тIуми хуэдэу, Джамили Зураби Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къаухащ: пщащэр дохутырщ, щIалэр экономистщ. ТIури унагъуэ хъужащ, IэнатIэ хъарзыни пэрытщ. Бын гъэсар адэ-анэм я дежкIэ дамэщ. Ди гуапэщ я бынхэм я быныжхэр БакIуу зэщхьэгъусэхэм дамэ тIуащIэ яхуэхъуну.

Мы тхыгъэ-хъуэхъу цIыкIумкIэ Хъанджэрий и гъащIэм и лъэныкъуэ псори жыжьэуи къызэщIэкъуа хъуакъым. Къызэрыхэдгъэщащи, Хъанджэрий-щIэныгъэлIым, Хъанджэрий-лэжьэгъум, Хъанджэрий-ныбжьэгъум, Хъанджэрий-адыгэлIым – дэтхэнэми тхыгъэ щхьэхуэ лъысыну къелэжь. КъыдэхъулIэмэ, апхуэдэ муради диIэщ, ауэ мыбыкIэ Хъанджэрий и махуэ лъапIэмкIэ къехъуэхъухэм дарихэувэу аращ. Лъэпкъ щIэныгъэм и шу пажэхэм ящыщ зым, хэкулI Iумахуэм дэри зыхуэдгъэзэну дыхуейт ди гум къыбгъэдэкI мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: къэбэрдеищIым лъабжьэ куу БакIуухэ щывдзыну, фызыпэрыт IэнатIэхэр хьер хэкIыпIэ фхуэхъуну, цIыху зэхъуэхъунрэ цIыху щIэхъуэхъуэнрэ Тхьэм куэду къывитыну!

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ*
*и институтым адыгэ филологиемкIэ*
*и къудамэм и унафэщI*

# ЛИТЕРАТУРЭ ЩIЭНЫГЪЭМ ГЪУЭГУ НЭХУ ЩЫХЭЗЫША

Адыгэ лъэпкъым и щIэныгъэ зыужьыныгъэр, нэгъуэщI лъэпкъышхуэхэм ейм ирагъапщэкIэрэ, жыжьэ дыдэ нэмысауэ жаIэу урохьэлIэ. Апхуэдэ гупсысэкIэр зэрымызахуэр хьэкъ къыпщызыщIщ ди лъэпкъым къыхэкIа щIэныгъэлI куэдым я цIэр жыжьэ зэрыщыIуар. Языхэзым и цIэри щапхъэу къэпхь хъунущ, ауэ егъэджэныгъэм, литературэдж щIэныгъэм, критикэм я зэхэублакIуэхэм уащытепсэлъыхькIэ, япэу зи цIэ къиIуапхъэхэм ящыщщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, литературэдж, егъэджакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэ пажэ, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик БакIуу Хъанджэрий Ильяс и къуэр.

БакIуу Хъанджэрий Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и Хьэбэз щIыналъэм хыхьэ Жьакуэ къуажэм 1940 гъэм, сентябрым и 17-м къыщалъхуащ. И сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдэри, гугъу ехьу къэтэджащ. Гугъуехьым къыщIэтэджа цIыхум гъащIэм ехъулIэныгъэфIи щызыIэрегъэхьэ. Абы и щыхьэт наIуэщ МэшбащIэ Исхьэкъ, Къуиикъуэ Налбий, ШащIэ Къазбэч, Щхьэлахъуэ Iэбу, Бырсыр Батырбий, Хъунэгу Рашид, Джарым Аслъэн, ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий, Тхьэгъэзит Зубер, Гъубжокъуэ Лиуан, IутIыж Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Нало Заур, ХьэкIуащэ Андрей, Гъут Iэдэм, Къумахуэ Мухьэдин, Бэчыжь Лейла, Хъупсырокъуэ Хъызыр, Темыр Умар сымэ, нэгъуэщI куэдми я гъащIэ гъуэгуанэр.

Зи гугъу тщIы щIэблэм ящыщщ 1942 гъэм и кIэуххэм Сталинград и деж зи адэр зауэм щыхэкIуэда БакIуу Хъанджэрий. Анэ закъуэм къыхуэна бынищым Хъанджэрий я нэхъыщIэт. Жьакуэ къуажэм дэт еджапIэм гъэ еджэгъуихыр къыщиуха нэужь, ар Черкесск къалэм зауэм хэкIуэдахэм я бынхэм папщIэ къыщызэIуаха курыт еджапIэ-интернатым щIагъэтIысхьэ. А еджапIэм кърагъэблэгъат къэралым и егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэр, абыхэм я фIыщIэкIэ еджакIуэ цIыкIухэм Iэмал ягъуэтащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэну, къаухыну. Хъанджэрии еджапIэ-интернатым щигъуэта щIэныгъэр сэбэп къыхуэхъуащ КъБКъУ-м щIэтIысхьэнымкIэ, Мэзкуу Дунейпсо литературэмкIэ институтым (ИМЛИ) и аспирантурэр къиухыу, филологие щIэныгъэхэм я кандидату хэкум къигъэзэжынымкIэ. ИужькIэ БакIуум и доктор диссертацэри ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ.

БакIуу Хъанджэрий и лэжьыгъэ гъуэгуанэр къапщтэмэ, Iыхьэ нэхъыщхьищу гуэшащ. 1959-1961 гъэхэм ар ухуэныгъэ бригадэм хэтащ, 1973-2005 гъэхэм Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым щылэжьащ, 2005 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэщ.

Хъанджэрий бзэм хуищIа лъагъуныгъэм и къежьапIэр и анэрщ, «анэдэлъхубзэ» – «анэм къыдилъхуа бзэ» – псалъэм и мыхьэнэри абы и деж щынэрылъагъущ. Ар къыщIэтэджащ анэм и бзэ шэрыуэм, абы зыщIигъэдэIуу щыта уэрэд дахэхэм, усэхэм, таурыхъхэм, пса-

лъэжьхэм, жыIэгъуэхэм. Ауэ щIэныгъэлIыр бзэмрэ литературэмрэ зэрыдихьэхыр псом хуэмыдэу нэхъ IупщI щыхъуар еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэу щIэныгъэ-студент зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм жыджэру хэлэжьыхьу щIидза нэужьщ. А лъэхъэнэм «Хьэнфэн Алим и лирикэр» фIэщыгъэм щIэту абы итха диплом лэжьыгъэр еджакIуэхэр зэреджэн тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIыжыну чэнджэщ къратауэ щытащ.

КъБКъУ-р къиуха нэужь, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэмрэ урыс литературэмкIэ кафедрэмрэ къызэдащта унафэмкIэ БакIуур Мэзкуу аспирантурэм ягъэкIуащ, ехъулIэныгъэ иIэу къиухри къигъэзэжащ.

Хъанджэрий егъэджэныгъэми щIэныгъэми хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ, и зэфIэкIыр щынэхъ лъагэри нобэкIэ зэхэгъэкIыгъуейщ. Илъэс щэщIым щIигъу абы щхьэузыхь хуищIащ егъэджакIуэгъэсакIуэ IэщIагъэм – Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэм егъэджакIуэ нэхъыжьу, доценту, профессору, КъШКъУ-м япэу къыщызэIуаха ФилологиемкIэ институтым и унафэщIу лэжьащ.

БакIуу Хъанджэрий и цIэр щIэныгъэлI цIэрыIуэу жыжьэ Iуами, щIэныгъэ тхыгъэ куэд, тхылъ щхьэхуэхэр дунейм къытригъэхьами, «КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащами, абы зы дакъикъи игу ихуркъым щылэжьа кафедрэхэр, урыс, хамэ къэрал литературэхэмкIэ, литературэм и теориемкIэ къызэджа лекцэхэр, иригъэджа ныбжьыщIэхэр. Абыхэм ящыщ куэд филологие щIэныгъэхэм я кандидат, доктор, профессор, кафедрэхэм я унафэщI, проректор, адыгэ республикэхэм къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэ хъуахэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, КъШКъУ-м щIэныгъэмкIэ и проректор, профессор ПIаз У., кафедрэ зэхуэмыдэхэм я унафэщIхэу Иуан З., Батчаев А., усакIуэ, КъШР-м къыщыдэкI «Карачай» газетым и редактор нэхъыщхьэ Капушев Х., «Ногай Давысы» газетым и редактор нэхъыщхьэ Атуовэ А., нэгъуэщIхэри.

БакIуум и ехъулIэныгъэхэм ящыщщ КъШКъУ-м и ректор Койчуев А., абы и проректор ПIаз У. сымэ и гъусэу, «Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэ» IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр щыпхагъэкI диссертацэ совет къызэрагъэпэщауэ зэрыщытар. А лъэхъэнэм ар литературэдж Iэзэхэр гъэхьэзыра хъунымкIэ куэду сэбэп хъуащ. Советым и лэжьыгъэр ефIэкIуэн папщIэ абы къыхашат нэгъуэщI республикэхэм щыщ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэри – ШащIэ Къ. (Адыгей), ХьэкIуащэ А., Толгуров З. (КъБР), нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэ гъуэгуанэ теува нэужь, БакIуу Хъанджэрий и IэдакъэщIэкI тхыгъэхэмрэ тхылъхэмрэ лъэпкъ литературэ щIэныгъэм зэIубз мыхъуауэ хэлъ Iуэхугъуэ куэд щызэпкърихащ, абыхэм езым и еплъыкIэкIэ жэуап зырызи къахуигъуэтын лъэкIащ.

БакIуум цIэрыIуагъ нэхъ ин дыдэ къыхуэзыхьар адыгэ литературэ щIэныгъэм щыщIэщыгъуэ Iуэхугъуэм – лъэпкъ зэхэщIыкIыр, дуней лъагъукIэр адыгэ усыгъэм къызэрыхэщым – елэжьу ар тхылъу къызэрыдигъэкIыжарщ, доктор диссертацэуи зэрыпхигъэкIарщ. 1994 гъэм щIэныгъэлIым Мейкъуапэ къыщыдигъэкIа «Национальное своеобразие и творческая индивидуальность в адыгской поэзии» тхылъым

Къандур Иззэт и цӀэкӀэ щыӀэ дунейпсо саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкӀэ и институтым БакӀуум и щӀэныгъэ лэжьыгъэр нэхъ куу щыхъуащ икӀи зыщиубгъуащ. Абы зэрыӀут пӀалъэм къриубыдэу щӀэныгъэлӀыр нэхъ гупсэхуу зэлэжьахэм ящыщщ усакӀуэ, тхакӀуэ, драматург, сурэтыщӀ ӀутӀыж Борис и творчествэр. ӀутӀыж Борис и зэфӀэкӀым и инагъым щыгъуазэ пэтми, абы и гъащӀэмрэ и творчествэмрэ теухуа къэхутэныгъэр щызэхиублэм, абы къарурэ зэману текӀуэдэнур езы Хъанджэрий зэпилъытакъым. Апхуэдэу щытми, щӀэныгъэлӀым, ӀутӀыжым и зэфӀэкӀхэм я лъэныкъуэ псори къызэщӀиубыдэу, 2010 гъэм «ӀутӀыж Борис: усакӀуэ, тхакӀуэ, драматург» (урысыбзэкӀэ) тхылъышхуэр дунейм къытригъэхьащ.

Зи гугъу тщӀа лэжьыгъэшхуэм къыкӀэлъыкӀуащ «Адыгэ литературэ. ГушыӀэмрэ ауанымрэ» (2013) тхылъыр. Мыбы къыщыӀэта упщӀэхэри адыгэ литературэ щӀэныгъэм щыщӀэщыгъуэщ, абыхэм ехьэлӀауэ иджырей лъэхъэнэр къыздэсым щӀэныгъэ лэжьыгъэ щхьэхуэ ятхауэ щыткъым. Къэдгъэлъэгъуа тхылъым гушыӀэмрэ ауанымрэ адыгэ усыгъэм, прозэм, драматургием къызэрыхэщыр къыщыхутащ.

Адыгэ литературэдж щӀэныгъэм и хэлъхьэныгъэ хъуащ БакӀуум и тхыгъэ щхьэхуэхэр щызэхуэхьэсыжауэ 2010 гъэм урысыбзэкӀэ дунейм къытехьа «Национально-эстетические аспекты изучения адыгской словесности» тхылъри. Статья зырызурэ зэхэту абы лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэ гъуэгуанэр къыщызэщӀэкъуэжащ.

БакӀуу Хъанджэрий и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я къыщхьэщыкӀыныгъэщ щӀэныгъэлӀым художественнэ тхыгъэхэр кууэ зэрызэпкърихыр, абыхэм я купщӀэмрэ я фащэмрэ зэпэлъытауэ зэрытелэжьыхьыр, усакӀуэм, тхакӀуэм и бзэ гъэшэрыуэкӀэм гулъытэ хэха зэрыхуищӀыр. ЩӀэныгъэлӀым нэхъапэкӀэ зыри зытемытхыхьа Ӏуэхугъуэхэр къетӀэщӀ, адыгэ литературэм и хьэл-щэнхэмрэ и зыужьыкӀэмрэ щӀэныгъэр и лъабжьэу едж.

Егъэджэныгъэ, щӀэныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкӀуэу, БакӀуум 1995 гъэ лъандэрэ зыхэт ЩӀэныгъэхэмкӀэ Дунейпсо Адыгэ академием жылагъуэ Ӏуэху зэхуэмыдэхэр щызэфӀех: абы и тхыдэ-филологие къудамэм и секретарщ, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ ехьэлӀауэ къызэрагъэпэщ зэӀущӀэхэм хэтщ. А ӀуэхухэмкӀэ щӀэныгъэлӀыр радиомкӀи телевиденэмкӀи щӀэх-щӀэхыурэ къопсалъэ. Къапщтэмэ, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ я ехъулӀэныгъэхэмрэ щыщӀэныгъэхэмрэ теухуауэ ар Урысейми хамэ къэралхэми я къалэ зэхуэмыдэхэм (Мэзкуу, Бытырбыху, Налшык, Владикавказ, Мейкъуапэ, Карачаевск, Черкесск, Грозный, Магас, Ставрополь, Цхинвал, Анкара, Амман, н.) утыку къыщихьащ.

Хъанджэрий и гуащӀэ хэлъщ томищ хъууэ адыгэбзэкӀэ дунейм къытехьа «Адыгэ (шэрджэс) литературэм и тхыдэ» (2010, 2013, 2017), нэгъабэ урысыбзэкӀэ дунейм къытехьа «История адыгской (кабардино-черкесской) литературы» (I том) тхылъым, иджырей зэманым ягъэхьэзыр «Адыгэ тхакӀуэхэр. Биобиблиографие псалъалъэ» лэжьыгъэшхуэхэм. УсакӀуэ, тхакӀуэ, литературэдж, критик щхьэхуэхэм я гъащӀэмрэ я творческэ гъуэгуанэмрэ къыщызэщӀэкъуа а тхы-

лъым итыну БакIуум нобэкIэ статья щэ никъуэм щIигъу итхащ, ахэр КъБЩIКъИ-м къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм зэдэарэзыуэ къызэдащтащ.

БакIуу Хъ. и гуащIэ иныр гулъытэншэ хъуакъым. Лъэпкъыбзэм, литературэм, щэнхабзэм и къару емыблэжу зэрытелажьэр къалъытэри, КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм я щIыхь тхылъхэр, цIэ лъапIэхэр къыфIащащ.

И щIэныгъэм и кууагъым, зэрыгуащIафIэм къыдэкIуэу, Хъанджэрий цIыхугъэ лъаги хэлъщ. Хэти хуэмыдэжу, ар згъэунэхуну сэ Iэмал сиIащ, си насып къызэрихьщи, ноби сиIэщ: Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым илъэсипщIым щIигъуауэ дызэрыщызэдэлажьэм нэмыщI, Хъанджэрий и нэIэ щIэту доктор диссертацэ сотх. А щIэныгъэлI Iэзэм, цIыху щэджащэм удэлэжьэну тыншщ, сыт щыгъуи чэнджэщ щхьэпэ щогъуэт. Ар щIэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр щызыч щIалэгъуалэм куэду щIэгъэкъуэн яхуохъу, и щIэныгъэкIэ ядогуашэ, я гупсысэр, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр гъуэгу захуэкIэ еунэтI.

БакIуу Хъанджэрий и щIыбагъ къыдэлъщ «зэманыр IуэхукIэ егъэнщIыф» щIыхужыпIэн егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щIэныгъэ, узэщIыныгъэ лэжьыгъэшхуэ. ЕгъэджакIуэ Iэзэм, щIэныгъэлI цIэрыIуэм и цIэри, и пщIэри, и щIыхьри IуэхущIафэрэ и зэчийкIэ къилэжьыжащ. И гуащIэр мыкIуэщIу иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым хуэлэжьэну ди гуапэщ!



**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# ШЭРДЖЭС ПОЭЗИЕМ И ЗЫУЖЬЫНЫГЪЭ ГЪУЭГУАНЭР

## *Япэ лъэбакъуэхэр: зауэм ипэ лъэхъэнэр*

Адыгэ (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс) литературэхэм я къэхъукIэми, къакIуа гъуэгуанэми зэтехуэ Iуэхугъуэхэр куэдкIэ щынэхъыбэщ, зэрызэщхьэщыкIым нэхърэ. Револющэ нэужьым Урысейм щыпсэу адыгэхэр автономие щхьэхуэу щым хыхьащ – Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым. Апхуэдэ гуэшыкIэм ахэр зыкъомкIэ зэкIэщIичащ, уеблэмэ адыгэхэм литературэбзэу тIу яIэ хъуащ – адыгеибзэрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэрэ. Иджырей лъэхъэнэм сыт хуэдизкIэ зэпэмыIэщIэми, а литературэхэм лъабжьэ яхуэхъуар, я псынащхьэу щытар адыгэ псоми я зэхуэдэ IуэрыIуатэ бейрщ.

НобэкIэ адыгей, къэбэрдей, шэрджэс литературэхэм я жанрхэм зэрызаужьари зэщхькъым. Октябрь револющэ нэужьым къыщыщIэдзауэ Хэку зауэшхуэм къэсыху Адыгейм прозэм бжьыпэр щиIыгъащ. КIэрашэ Тембот и «Гъуэгу насыпыфIэ» романым СССР-м и Къэрал саугъэтыр 1947 гъэм къыхуагъэфэщэгъащ.

Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэм я литературэми прозэм зэуэ зыщричащ. Абыкъу Хъалид и Iэдакъэ къыщIэкIа «Инжыдж Iуфэхэм» япэ адыгэ романыр 1930 гъэм Черкесск къыщыдэкIауэ щытащ. ЕтIуанэ адыгэ романыр зытхари Шэрджэсым щыщ тхакIуэщ – ДыщэкI Мухьэмэдщ. «Пшэплъ» фIэщыгъэм щIэту ар 1934 гъэм Черкесск къыщыдэкIащ. Адыгейми Къэрэшей-Шэрджэсми а зэманым усэ жанрхэм зыщаужьауэ щытакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гугъу пщIымэ, 30 гъэхэм къыщыщIэдзауэ, прозэм нэхърэ нэхъыфIу, усэ жанрхэм зыщаужьащ. А лъэхъэнэрщ ЩоджэнцIыкIу Алий и усэхэмрэ и поэмэ гъуэзэджэхэмрэ дунейм къыщытехьар.

Республикищым щыпсэу адыгэхэм я литературэм жанр щхьэхуэхэм зэрызыщаужьар щIызэтемыхуэм и щхьэусыгъуэ зыбжанэ къыхагъэщхьэхукI литературэдж зэхуэмыдэхэм. Дэ дызэреплъымкIэ, абы и щхьэусыгъуэр зыщ: талант ин къызыкъуэкIа тхакIуэхэр зытелэжьа жанрхэр япэ ищащ. Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ прозэр «щыщIагъэхуэбжьащ» КIэрашэ Тембот, Абыкъу Хъалид, ДыщэкI Мухьэмэд сымэ. Къэбэрдей поэзиер япэ изыгъэщар ЩоджэнцIыкIу Алийщ.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм щыщIэдзауэ адыгэ литературэхэм жанр псоми я лъэр щыуващ, зыужьыныгъэ зэхуэдэ ягъуэтащ. Адыгей, къэбэрдей, шэрджэс литературэр нобэ зэкIэщIэча хъуащ, ауэ ахэр зэгъусэу къэхутэн, джын хуейщ. Къэбэрдейхэмрэ шэрджэсхэмрэ зэрыпсалъэри зэрытхэри зы литературэбзэщ – къэбэрдей-шэрджэсыбзэщ. Абыхэм я бынхэми адыгэбзэр зэраджыр зы учебникщ – Налшык къыщыдэкIырщ, я литературэри 90 гъэхэм нэс зэраджу щытар зы тхылъщ. Зэман кIэщIкIэ зэпэщхьэхуэу щытами, ди еджапIэхэм шэрджэсхэми къэбэрдейхэми я тхакIуэхэм я творчествэр зэгъусэу яджыну къэзыгъэув программэм дытехьэжащ. Ар Iуэху зехьэкIэ тэмэмщ. Къэбэрдеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я литературэри, я

бзэри гуэхыпIэ имыIэу зэпыщIащ. Абы щыхьэт техъуэхэр куэдщ. Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, шэрджэсхэм я литературэми щхьэпэ хуэхъуа къэбэрдей усакIуэ, тхакIуэ ЩоджэнцIыкIу Алий. Ар 1936 гъэм и гъэмахуэм Къэрэшей-Шэрджэсым и къуажэхэу Алибэрдыкъуэ, Инжыджышхуэ, Беслъэней, ВакIуэжылэ, Зеикъуэ, Бэралъкъы, Хьэбэз, ПсэукIэ-Дахэ щыIащ, адыгэ уэрэдыжькIэ, хъыбарыжькIэ Iэзэ Аслъэныкъуэ Шу, ТыIэщ Мыхьэмэт сымэ я деж щыхьэщIащ. Абыхэм къаIуэтэж хъыбархэм Алий фIэфI дыдэу едаIуэрт. Адыгэ тхыдэм теухуа псори усакIуэм фIэгъэщIэгъуэнт. Шэрджэс тхакIуэ Уэхъутэ Абдулыхь и гъусэу ЩоджэнцIыкIу Алий Iэдииху и чэщанэм щыIащ, абы теухуауэ усэ итхыжри, Iэдииху и щхьэгъусэ Псэбыдэ щиукIауэ хуагъэфащэ лъэныкъуэмкIэ зигъазэри къеджащ:

*Сэлам изохыр Инжыджым –*
*ЛIэщIыгъуэ усэхэр жызыIэм,*
*Ижь IуэрыIуатэхэр иджыри*
*Зи гум имыхуу зезыхьэм.*
*А псы уэрышхуэр си лъабжьэм*
*Шыхулъагъуэм хуэдэу щолъагъуэ,*
*Гъэмахуэ дыгъэм пэлыду*
*Абджыфэм ещхьу къыIуедзэ,*
*Сэ а псы ябгэм и нэзу*
*Пшэр зи тIысыпIэм сытетщ.*



1940 гъэм етIуанэу ЩоджэнцIыкIу Алий Къэбэрдей-Балъкъэрым къафэмрэ уэрэдымкIэ и ансамблым и гъусэу Къэрэшей-Шэрджэсым макIуэ, тхэн щIэзыдзагъащIэхэм, уэрэдусхэм, щIэныгъэлIхэм яхуозэ. Пщыбий Инал зэритхыжымкIэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и фIыгъэ хэлъщ «Си къэшэн» уэрэдыр (псалъэр ГъукIэмыхъу Iэбубэчыр ейщ) къэбэрдей хорым и репертуарым зэрыхыхьам, ар къэбэрдейхэм ящIэу, жаIэу зэрыхъуам. Алий и лъэIукIэ ГъукIэмыхъу I. уэрэдым щIигъэдэIуауэ щытащ пшынауэ Iэзэ Къэжэр Индрис. Абдежым къыщежьащ куэдым я псэм дыхьа а уэрэдыр.

Шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ Уэхъутэ Абдулыхь ЩоджэнцIыкIу Алий и дерсхэм щIэдэIуахэм ящыщщ. А тIум литературэм теухуа псалъэмакъ куэд зэдрагъэкIуэкIащ. Абыхэм ехьэлIауэ иужькIэ Абдулыхь игу къигъэкIыжащ: «ЩоджэнцIыкIур темэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэм, бзэм зэрыпылъым, абы и «Iэдиихум» езыр зэрытепсэлъыхьыжами сыщIигъэдэIуа нэужь, хьэкъыпIэкIэ спхыкIащ литературэм и Iуэхум къэмыгъэлэлауэ хуеджэн зэрыхуейр».

Уэхъутэ Абдулыхь и закъуэкъым ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэр, и чэнджэщхэр сэбэп зыхуэхъуа шэрджэс усакIуэхэр. Апхуэдэхэщ Гъуэщокъуэ Хъусин, Хьэнфэн Алим, Брат Хьэбас, Хьэкъун Исуф, АбытIэ Хъызыр, Бемырзэ Мухьэдин сымэ.

XX лIэщIыгъуэм и 20-30 гъэхэм шэрджэс поэзием зыужьыныгъэ хэха иIауэ жыпIэ хъунукъым. А лъэхъэнэм литературэр япэрей шэрджэс газетым и напэкIуэцIхэм къитэджыкIащ («Адыгэ псэукIэ» газетыр 1924 гъэм къыдэкIыу щIидзащ, абы и цIэр зыбжанэрэ ихъуэжащ, нобэ абы «Черкес хэку» фIэщыгъэр зэрехьэ).

Къызэрыхэдгъэщащи, шэрджэс адыгэхэм я литературэм 20-30 гъэхэм щытепщар прозэрщ. А зэманым къыдэкIащ, зи цIэ къитIуахэм нэмыщI, Тобыл Т. и «Зули» (1929) пьесэр, Амирокъуэ И. и «НыбжьыщIэ бригадир» повестыр, «Октябрь» (1935) пьесэр, Темыр С. и «ГъащIэ насыпыфIэ» (1936) повестыр. Прозэм зиужьынымкIэ куэд илэжьащ ДыщэкI Мухьэмэд: «Пшэплъ» романым нэмыщI, а лъэхъэнэхэм абы и къалэмыпэм къыпыкIащ очеркхэр (Хъалид ТхьэмыщкIэ псевдонимым щIэту итхауэ), сабийхэм папщIэ пьесэхэр, рассказ забжанэ. Зэрытлъагъущи, зи гугъу тщIы зэманым газетхэм я напэкIуэцIхэми, щхьэхуэу къыдэкIа тхылъхэми усэхэм куэдрэ уащрихьэлIэркъым. Москва томихыу къыщыдэкIа «Совет лъэпкъыбэ литературэм и тхыдэм» и авторхэм ятх: «30 гъэхэм шэрджэс литературэм деж прозэм ехъулIэныгъэ нэхъыбэ щиIащ. Усэм нэгъэсауэ зиужьакъым. Уеблэмэ, 1934 гъэм къыдэкIа тхылъым («Зыдогъэунэхуж» жыхуиIэм) зы уси ихуакъым».

Зауэм ипэ къихуэу шэрджэс усакIуэхэм ятхауэ «Черкесым и поэтыщIэхэм я стиххэр» (1939) сборник закъуэрщ къыдэкIар. Абы нэхъыбэу зи усэ ихуар Гъуэщокъуэ Хъусинт. Ар дыдэм и усэхэмрэ уэрэдхэмрэ зэрыт тхылъ цIыкIу 1940 гъэм адыгэбзэкIэ Черкесск къыщыдэкIащ.

«Зыдогъэунэхуж» (1939) сборникым ихуащ Хъусин и усэхэу «Октябрь», «Конституцэм и махуэм», «Кремль», «Плъыжьыдзэм ираджахэм», «Лётчик лIыхъужьхэм», «Часовой» жыхуиIэхэр. Усэхэм я цIэм къызэрыхэщщи, мыхэр нэхъыбэу къыхуезыджэ, цIыхур политикэ и IуэхукIэ зыущий тхыгъэщ. А сборник дыдэм ихуащ нэгъуэщI шэрджэс тхакIуэ Хьэбэчыр БетIал и усэ зыбжани. БетIал иIащ поэми, нэгъуэщI тхыгъи, ауэ усакIуэм и гъусэу ахэри ягъэкIуэдауэ щытащ. 1988 гъэм Хьэбэчыр БетIал итхахэр щызэхуэхьэса «Шу лIыхъужьхэр» тхылъыр усакIуэм ипхъу Къэбэрдей ФатIимэ Черкесск къыщыдигъэкIащ.

Гъуэщокъуэ Хъусин 1929 гъэм уситI итхащ – «Щхьэхуит хъужа бзылъхугъэм», «Аращ псэукIэу диIар» жыхуиIэхэр. АбыкIэ усакIуэм бзылъхугъэр цIыхухъухэм хуэгъэдэн темэр шэрджэс литературэм къыхихьауэ щытащ. А уситIри эстетикэ и лъэныкъуэкIэ удэзыхьэхын лъагагъ зиIэтэкъым, ауэ усакIуэм и хъэтIым жыIэгъуэ Iэрыхуэ гуэрхэр къыхэхуэу зэрыщIидзар абыхэм щынэрылъагъут. Зи гугъу тщIы 20-30 гъэхэм Гъуэщокъуэ Хъусин и усэхэри, ДыщэкI Мухьэмэд и рассказхэри, фельетонхэри, журналистхэм я очеркхэри агитацэрэ ущие гъуэщэкIэ кудат. Абыхэм зэпеуэу блэкIа зэманыр яубырт, тепщэ хъуа идеологием зэпымычыжу щытхъурт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужькIи илъэс зыбжанэкIэ а къупхъэм икIа усакIуэ куэд шэрджэс поэзием къыхыхьакъым.

Шэрджэс литературэм удынышхуэ хуэхъуащ 30 гъэхэм екIуэкIа залымыгъэр. 1935 гъэм зы лажьэ имыIэу ягъэтIысащ шэрджэс тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и япэ тхьэмадэу щыта, 1934 гъэм СССР-м и тхакIуэхэм я съездым хэта, «Инжыдж Iуфэхэм» япэ адыгэ романыр зытха Абыкъу Хъалид. Ар зауэм щIидзэху тутнакъэщым исащ, къаутIыпщыжа къудейуэ, зауэм кIуэри 1943 гъэм хэкIуэдащ.

1935 гъэм ягъэтIысри, иужькIэ лъэужьыншэу ягъэкIуэдащ ДыщэкI Мухьэмэди. Ар тхэнми егъэджэнми хуэIэзэу щыта цIыху

гъуэзэджэт: Псыхуабэ Къэбэрдей пединститутыр щыдэта зэманым абы егъэджакIуэу щылэжьащ.

1937 гъэм ягъэтIысащ икIи ягъэкIуэдащ Хьэбэчыр БетIали. Ар 1934 гъэм екIуэкIа, Совет Союзым и тхакIуэхэм я япэ съездым хэтащ; апхуэдэуи усэ итхыу, урысыбзэкIэ тхахэр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIыу щыта журналист Iэзэт. Апхуэдэ дыдэу ягъэкIуэдащ шэрджэс тхакIуэ Темыр Сэлихьи (1905-1937).

Шэрджэс литературэм япэ илъэс 15-20-м щIагъуэу зиужьакъым. Абы и зыужьыныгъэм зэранышхуэ хуэхъуахэм ящыщщ Хэку зауэшхуэр. 1940-1941 гъэхэм адыгэхэм ятхауэ Гъуэщокъуэ Хъуэсин и усэхэмрэ уэрэдхэмрэ фIэкIа зыри къыдэкIакъым. 1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм и щIышылэм нэс Къэрэшеймрэ Шэрджэсымрэ фашистхэм яIыгъащ. 1942-1949 гъэхэм тхакIуэхэм я тхылъ щхьэхуэу адыгэбзэкIэ къыдэкIакъым, «Черкес плъыжь» газетым къытехуа «Литературэ напэм» (1947) къинэмыщIа. Абы тетащ Гъуэщокъуэ Хъу., Уэхъутэ А., Амирокъуэ И. сымэ я усэхэр. А усакIуэхэм я сатырхэм къахыхьащ Ахъмэт Мухьэдинрэ Хьэнфэн Алимрэ. Абыхэм ящыщу зауэ IэнатIэм Iухьауэ щытащ шэрджэс тхакIуэхэу Гъуэщокъуэ Хъусин, Хьэнфэн Алим, ХъытIу Сэйдин, Уэхъутэ Анзор, Ахъмэт Мухьэдин, Къардэн Хьэсэнбий сымэ. Абыхэм лIыгъэ яхэлъу зэуауэ къагъэзэжащ, зауэ нэужьым псэемыблэжу литературэм хуэлэжьахэщ.

Зауэ лъэхъэнэм усэ тхыным пылъар Гъуэщокъуэ Хъусин и закъуэу жыпIэ хъунущ. Хъусин шэрджэс поэзием щыяпэу поэмэ жанрыр къигъэIурыщIащ икIи а жыпхъэм иту «Зэхэуэшхуэм и ужь» жыхуиIэр итхащ. 1943 гъэм абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «ЛIыгъэр ажалым текIуащ» усэшхуэри. Усэм и сюжетым зауэм «къыхипхъуэта» теплъэгъуэ ди нэгум къыщIегъэхьэ – кхъухьлъатэзехуэ щIалэм зэрихьа лIыгъэр, ар зэрызэуар, уIэгъэ хъуа пэтми, бийм зэрытекIуар. ЩIалэр къотIысэхыж, бий кхъухьлъатэу къриудыхахэм я етIощIанэр хигъэхъуауэ. УIэгъэ хъуа щIалэр уIэгъэщым яшэ, ауэ псалъэ ет хъужа нэужь Берлин и уэгум щызэуэну. Поэмэ цIыкIур ар хъужауэ, дыщэ вагъуэ и бгъэм хэлъу, зауэр иухыу къигъэзэжауэ еух. УсакIуэм зэритхымкIэ, щIалэ хахуэр и лIыгъэкIэ ажалым текIуащ.

Гъуэщокъуэ Хъусин и «ЯфIэмащIэ ялъэгъуар» усэм (1941) къыщеIуатэ ди къэралым къытеуауэ ижь лъандэрэ зыми фIы зэрыщIамыхар. Абы щетх:

*Мызэ-мытIэу бий къэралхэр*
*Дэ ди хэкум къиужьгъащ.*
*Сыт фейдэуэ дэ ткIэрахыр?*
*Iущ бийр хъункIэ игъуэ хъуащ.*

Зауэ зэманым литературэм зезыгъэужьа тхакIуэ пажэу къэплъытэ хъунущ Уэхъутэ Абдулыхь. Зауэ лъэхъэнэм лирикэм зеубгъу, цIыхубэм уэрэд куэд яус. УсакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм макъамэ щIагъэувэурэ уэрэд мэхъухэр. Апхуэдэу Уэхъутэ А. и зы усэ – «Си нагъуэ» жыхуиIэр – цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа уэрэд хъуауэ щытащ. Мыр хъыджэбзым къыбгъэдэкI псалъэкIэ тхащ. ФIыуэ илъагъум теухуауэ дахэм жеIэ:

*Нэхущым зыкъызэщIеч,*
*Шыхулъагъуэм зызэпегъазэри,*
*Си нагъуэр йолъэдэкъауэри,*
*Хуарагъуэм щIыпцIэр кърeч.*

Мы усэр и рифмэкIи и ритмкIи хъарзынэу зэхэлъщ. Ар зауэ зэманым тхэуэ щыта усакIуэ куэдым я тхыгъэхэм ядэплъагъунукъым.

Щхьэтечауэ шэрджэс поэзием нэхъ зиужьауэ къэплъытэ щыхъунур 1950 гъэхэрщ. Абы къыщыщIэдзауэ тхылъ щхьэхуэу къыдэкIыу щIедзэ усакIуэхэм, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэрытхэр. А серие р къызэIуех 1950 гъэм традза «Родинэр догъэлъапIэ» тхылъымкIэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым абы теухуауэ Уэхъутэ Абдулыхь итха рецензэр «Черкес Плъыжь» газетым къытехуащ.

XX лIэщIыгъуэм икухэм къыщыщIэдзауэ зэкIэлъыкIуэу къыдокI адыгэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэрыт сборникхэр: «Зы быну зэкъуэт» (1951), «НасыпыфIэм я уэрэд» (1953), «ГуащIэдэкIым и уэрэд» (1954), «Гъуэгу нэху» (1956), «Лъэбакъуэщlэхэр» (1957).

УсакIуэхэм я тхылъ щхьэхуэхэр къыдэкIыу щыщIидзар 1955 гъэрщ. А зы илъэсым усакIуищым я тхылъхэр дунейм къытехьащ: Гъуэщокъуэ Хъусин и «Гум и макъ» (Усэхэмрэ поэмэхэмрэ), Уэхъутэ Абдулыхь и «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ», Хьэнфэн Алим и «Япэ лъэбакъуэ» (Усэхэр) жыхуиIэхэр. Абы я гъусэу ХъытIу Сэйдин и «Нэхущым» повестри Черкесск къыщыдэкIащ.

Газетхэм нэхъыбэу традзэ хъуащ усэхэр, очеркхэр, рассказхэр, критикэ лэжьыгъэ цIыкIухэр. Зи гугъу тщIы усакIуэхэм (Гъуэщокъуэ Хъу., Уэхъутэ А., Хьэнфэн А., Ахъмэт М.) я усыгъэхэр тхылъ щхьэхуэхэу урысыбзэкIэ зэдзэкIауи къыдокI. 1958 гъэм шэрджэс тхакIуэхэм я бюро къызэрагъэпэщ, Гъуэщокъуэ Хъусин и тхьэмадэу.

Зауэ нэужьым нэхъыбэ зытхари зи цIэ нэхъ жыжьэу Iуари усакIуэ Гъуэщокъуэ Хъусинщ. ЗыхэпсэукIа, зыхэлэжьыкIа зэманым тепщIыхьмэ, абы шэрджэс поэзиер куэдкIэ ипэкIэ игъэкIуэтауэ къэплъытэ хъунущ. Хъусин и усэхэр зэрыт сборникхэмрэ езым ейуэ щхьэхуэу къыдэкIа тхылъымрэ абы щыхьэт тохъуэ.

1950 гъэм Ставрополь къыщыдэкIа «Родинэр догъэлъапIэ» сборникым (тхылъым и зы Iыхьэр усэщ, адрейр рассказхэщ) уриплъэмэ, усакIуэхэм вождхэм щытхъупсыр къызэрырагъэжэхым гу лъыботэ. Ленинымрэ Сталинымрэ ирагъапщэ дыгъэм, мазэм, адэм, анэм. Апхуэдэхэщ Тамбий БетIал («Ленин ди дыгъэщ»), Хьэкъун Исуф («Сталин папщIэ уэрэд»), Хьэнфэн Алим («Псэу, ди адэ лъапIэ»), Ахъмэт Мухьэдин («Сталину ди адэ») сымэ я усэхэр. Апхуэдэ дыдэу тхащ нэгъуей, абазэ, урыс усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIыу мы тхылъым ихуа нэгъуэщI усэхэри. Абыхэм ящыщ куэдыр агитацэм тещIыхьащ: «Комбайнерхэм папщIэ уэрэд», «ЖыгъэкIхэм я уэрэд», «Родинэм гъавэ куэд», «Колхоз», н.къ. Мы зи гугъу тщIы ныкъуэсаныгъэхэр, усэ къебжэкIхэр, художественнэ лъапIагъэ зыхэмылъхэр щатха лъэхъэнэм и Iэужьщ. Авторхэр «зыгъэшынэ» темэм текIмэ, псалъэм папщIэ, пейзажым тепсэлъыхьмэ, я усэхэр нэхъ купщIафIэ зэрыхъунум шэч хэлътэкъым, ауэ политикэм, идеологием, культым усакIуэхэм я гупсысэр ихузырт, абы

зиубгъуну Iэмал кърaтыртэкъым. Къэтщтэнщ Гъуэщокъуэ Хъусин и усэ Iэрамэу мы тхылъым ихуар. Ар къыщIедзэр «Кремль» усэмкIэ. Хъусин кърeтхэкI образ лъэпкъ хэмыту вагъуэ къуапитхум нэху къызэрыпихыр, сыхьэтым и макъым цIыхухэм къару къазэрыритыр, гъубжэрэ уадэрэ «и кум итщ», «дыщэпскIэ лащ», инщ, дахэщ. Мыбы поэзие нэщэнэ щыплъагъуркъым. Ауэ етIуанэ усэм – «ГъуэгуфI фытихьэ, ныбжэгъухэ» – зыфIищам зэуэ псэ къыхохьэ:

*Пщэдджыжь дыгъэм щхъэщэ хуащI,*
*Гуэдз щхъэмыжхэр зэIущащэу,*
*Уэсэпс ткIуэпсхэр къапыщэщу,*
*Жьы тIэкIу къепщэм щIигъэпхъуащ.*

УсакIуэм къегъэсэбэп егъэпщэныгъэхэр: комбайнхэр «губгъуэ кхъухьхэу» зэкIэлъхьэужьу уващ, лэжьыгъэ бэвыр «толъкъуну мэуфафэ».

Адыгэ бзылъхугъэр хуит, къулыкъущIэу лажьэ зэрыхъуам теухуа темэр псом япэу Гъуэщокъуэм «Щхьэхуит хъужа бзылъхугъэм» къыщеIэт. Мы сборникым ихуа абы и усэ пщыкIузыр усакIуэр поэзие нэсым и щэхухэм къызэрыхуэушам щыхьэт тохъуэ, ауэ иджыри «штамп» хъуа псэлъэкIэм иIыгъщ («Маяковскэм папщIэкIэ», «А.С. Пушкин», «Анэм и къуэр егъэжей»).

Зауэ зэманым е абы ипэ лъэхъэнэм шэрджэсхэм ящыщу усэ зытхыр зытIущ нэхъыбэ мыхъуу щытамэ, мы сборникым я усэ ихуащ щIэуэ къэунэхуа тхакIуэхэм: Тамбий БетIал, Хьэкъун Исуф, Хьэнфэн Алим, Уэхъутэ Мухьэмэд, Уэхъутэ Анзор, Ахъмэт Мухьэдин сымэ. Мы тхылъым зи усэ нэхъыбэ дыдэ хыхьар Хьэнфэн Алимщ (усэ пщыкIуий). А усэ Iэрамэм хэтщ идеологием «итхьэлаи», «ущиер» зэбэкIи, ауэ лирикэм и гъуэгу хэзышари Хьэнфэн Алиму зэрыщытри къыжыIэпхъэщ. Апхуэдэщ «Си гур хыумыгъэщI» усэр, иужькIэ уэрэд хъуар:

*Сэ гурыщхъуэ лъэпкъи сумыгъэщI,*
*КъызжумыIэ фIыуэ сумылъагъуу,*
*НэгъуэщI гуэрэ иджы фIыуэ плъагъуу,*
*Лъагъуныгъэ схуэдэу къыпхуищIауэ*
*КъэзыбгъащIэу си гур хыумыгъэщI,*
*Бгъуэтыжынкъым, си гур хыумыгъэщI.*

Хьэнфэным и усэхэр я лъабжьэу уэрэд куэд яусащ, абыхэм я нэхъыбэм макъамэ щIэзылъхьар композитор Даур Аслъэнщ.

Хьэнфэн Алим и усэхэм нэхъ убгъуауэ къыхыхьэ мэхъу образ щIэщыгъуэхэр, ар къызэрагъэлъагъуэ Iэмалхэр – метафорэхэр, зэгъэпщэныгъэхэр. Къэтщтэнщ «Къалэ уэрамым» (1953) усэм и зы строфа:

*Нэр ягъэджылхэу, лыдыжщ.*
*Пщащэхэм я дыжьын щIыIухэр,*
*ЩIалэхэм я шухьэ цейхэр,*
*Хьэзыр Iупэхухэу, зэкIужщ.*

Пэжщ, а илъэсхэм усэ нэгъэсакIэ уеджэ хъуну Алим итхахэр мащIэщ, нэхъыбэр «къебжэкI» щебэкI, усэу адрейхэми яйм ещхьщ. ЗыкъомкIэ абыхэм йофIэкI 1956 гъэм Хьэнфэным и Iэдакъэм къыщIэкIа «Аминат» поэмэр. Ар «Гъуэгу нэху» зыфIаща сборникым хыхьауэ щытащ. Мы сборникым ихуащ Уэхъутэ Абдулыхь и IэдакъэщIэкI «Мэрем къыщалъхуа махуэ» поэмэр, «Хьэбибэ и щхьэкIуэ» рассказыр, ХъытIу Сэйдин и «Нэхулъэр къыщыхъум» (повестым и етIуанэ Iыхьэ), Амирокъуэ И., Адэмокъуэ М., Хьэкъун И. сымэ я тхыгъэхэр.

ХъытIу Сэйдин прозэм и цIэр фIыкIэ щыжригъэIащ, ауэ и усэхэм художественнэ фIагъ яIэу пхужыIэнукъым. Абы и поэмэхэу «Зэрылэ», «ЛIыхъужь» зыфIищахэри я композицэкIэ, сюжеткIэ нэгъэса хъуакъым. Ахэр усэ кIыхьхэщ, псом хуэмыдэу «ЛIыхъужь» поэмэу Къардэн Мурат хуитхар.

Япэу поэмэ жанрыр нэхъ Iэзэу зыгъэIурыщIэу щIэзыдзар Уэхъутэ Абдулыхьщ (1909-1971). ИщхьэкIэ зэрыжытIащи, 1936 гъэм Абдулыхьрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ мызэ-мытIэу зэхуэзащ, литературэм и къалэнхэм тепсэлъыхьащ. Алий поэмэ жанрым хуэIэзэт, эпосым дихьэхт. Алий и ритм гъэпсыкIэм, и рифмэ зэщIэжьыуэхэм, къулейхэм димыхьэхыу къэнакъым Абдулыхь. Алий и дерсхэр Уэхъутэм дежкIэ пщIэншэ хъуагъэнкъым. Зи гугъу тщIы зауэ нэужь лъэхъэнэм Абдулыхь итхащ поэмэ зыбжанэ: «Сэфралыкъуэ и бгъуэнщIагъ», «Хужьэ и къуэладжэ», «Мэрем къыщалъхуа махуэ», «Хьэтхым и къуэ Мыхьэмэт».

«Сэфралыкъуэ и бгъуэнщIагъыр» щхьэхуиту псэу, лIыгъэ зиIэ Сэфралрэ абы и къуэ Ахьмэдрэ ятеухуащ. Ахьмэд и адэм и цIэр цIыхухэм къыхуагъэнащ – «Сэфралыкъуэ» жиIэу. Пщы, пщылI зэманыр кIуэдыжыным нэмысыпауэ, усакIуэм ди пащхьэм къерегъэувэ къуажэпщымрэ зэадэзэкъуэмрэ я образхэр. Поэмэр хьэлэмэту щIедзэ. УсакIуэм уэрэдышхуэ Сэфралыкъуэ хуиусыну хуейщи, зыхуегъазэ мазэм: *«Ей, Мазэ, Мазэ, Мазэ нэху! Мы къуэладжэр къэгъэнэхуи... Сэфралыкъуэ и шу лъагъуэр сыгъэлъагъу»*. Мазэм жэуап кърет, Сэфралыкъуэ лъэужь къигъанэу зэрыщымытар, ар псы лъагъуэм шыкIэ ирикIуэу къызэрыпсэуар къыхэщу. Дыгъэми жэуап кърitaщ: *«Сэ дунейр къызогъэнэхур, фIыри Iейри цIыхум яльагъун щхьэкIэ, Сэфралыкъуэ и гъуэгур уи щIыналъэм къыщылъыхъуэ, Iуэху зэрихъахэмкIэ цIыхухэм яупщI»*. Къуажэпщыр Сэфрал деж къокIуэри, хуабжьу ткIийуэ къопсалъэ. Абы и къуэм пщыр къридзэркъым, апхуэдэу зыгъэсари и адэрщ. ЩIалэр мыдаIуэмэ, пщым иукIыну жеIэ, арщхьэкIэ Сэфрал къикIуэткъым:

*Пхуэлэжьэну ар хьеуанкъым.*
*Уэ уи пщIантIэм си къуэр дэту.*

ЛIыжьым и къуэм лIыгъэ хэлъу къигъэхъуащ, ар бэм къащхьэщыжу, и щхьэм пщIэ хуищIыжу игъэсащ. ТхакIуэм Сэфралыкъуэ и образыр лIыхъужь нэсу поэмэм къыщегъэлъагъуэ. Абы и IуэхущIафэхэр къиIуэтэн папщIэ къигъэсэбэп Iэмалхэр IуэрыIуатэм къыхэщ егъэлеиныгъэм (гиперболэм) зыкъомкIэ ещхьщ:

*«ПхъэкIэ гъуру, бийр епхъэнкI,*
*И жыр сэшхуэм щIихуа жьыбгъэм*
*КъуакIэбгыкIэр къигъэнэхуу*
*Пщэдджыжь жьыбгъэр къытхущIокI».*

Зауэ нэужьым шэрджэс литературэм щIыпIэ щхьэхуэ щеубыд Уэхъутэ Абдулыхь и «Хужьэ и къуэладжэм» (беслъэнейхэр псыхъуэм «къуэладжэкIэ» йоджэ) поэмэми. Поэмэр а зэманым ятхахэм йофIэкI. Ар едзыгъуиблу зэхэлъщ. Япэрейм усакIуэм къыщеIуатэ псыхъуэм «Хужьэ и къуэладжэ» щIыфIащар. Ар тхьэмыщкIэ унагъуэм къыщыхъуа пщащэ дахэм къыщыщIа гуауэм епхащ. Хужьэ гъыбзи хуаусыжащ:

*Пасэм ди цIыхум телъа хьэзабыр*
*КърaIуэтэжыр а гъыбзэ гуауэм.*
*Iуащхьэм и гъэгъар Хужьэ и Iупэу,*
*И нэ жанитIым насып яльыхъуэу.*

АдэкIэ зэман бзаджэр усакIуэм псым и теплъэмкIэ къегъэлъагъуэ:

*Псы Iуфэ жьэгъум къугъыу къедзэгъут.*
*Инжыдж псы уэрыр дыгъужь нэщIауэ,*
*Адыгэ къуажэу и Iуфэм Iусыр*
*Трипхъуэтыни зыкъыпфIигъэщIт.*



Уэхъутэм класс бэнэныгъэм зыдригъэхьэхми, идеологием итхьэкъуами, образхэр, зэгъэпщэныгъэхэр, усэ зэратх нэгъуэщI Iэмалхэр къекIуу къегъэсэбэп. Къэтхынщ щапхъэ:

*ЗэрыщIилъафэм ещхъыркъабзэу,*
*Вагъуэ цIыкIур пшэ фIыцIэ Iувым,*
*Пщащэ дахэу ди Хужьэ цIыкIур*
*ЩIакIуэ фIыцIэжьым кIуэцIыбзэхащ.*

Хужьэ и унагъуэм «пщы ябгэхэр» жэщу теуэри, хъыджэбзыр ядыгъуащ. Анэмрэ адэмрэ куэдрэ лъыхъуащ абы. УсакIуэм жеIэ Хужьэ и гъы макъыр жэщ нэщхъейм зэрыхэкIуэдар, абы зыхуегъазэр «бгы зи щхьэ тхъуам», мэз «дэгу хъуам»: щхьэ зэхамыхарэ пщащэм и макъыр, сыт жыгхэм «шылъабжьэм зыщIадзэу щIамылъэхъар»?.. Адэанэм нэпсу щIагъэкIам «псыхъуэм дэт удзхэр ягъэхулащ». Хужьэ и хьэдэр къагъуэтыжа нэужь адэ-анэ гъуэгыу быным щхьэщылъхэм «удзу зыхэлъыр къадэнэщхъейт, цIыху хейхэм я нэпсыр зэхэлъадэт». Нэщхъейт цIыхухэри, дуней къэзыухъуреихьри.

ЕтIуанэ едзыгъуэри усэ жыIэкIэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIащ: *«ЦIыхум и губжьыр куэдкIэ нэхъ куущ, гъатхэпс къиуауэ уэру ежэхым»* нэхърэ. УсакIуэм зэрыжиIэмкIэ, къуэр яукIмэ, зэ ягъеижри ящогъупщэж, зи Iуэхур нэхъ гугъур цIыхубзыращ. А темэр мы поэмэ-

ми, нэгъуэщI и тхыгъэхэми щызэпкърех Уэхъутэм. Поэмэм и етIуанэ Iыхьэм къеIуатэ Хужьэ и цIэр зэрымыкIуэдар, ар электрокъарум ирилажьэ Мыхъутаррэ абы и щхьэгъусэ Айшэтрэ къащIэхъуа хъыджэбз цIыкIум фIащ.

Уэхъутэ А. гъащIэщIэр убгъуауэ къегъэлъагъуэ, ауэ трагедие хьэл зыхэлъ образхэр усакIуэм нэхъ къохъулIэ. Пейзажыр, дуней къэхъукъащIэхэр къызэригъэлъагъуэмкIэ а зэманым Уэхъутэ А. ефIэкI зэрыщымыIар къыжыIэпхъэщ. Псом нэхърэ нэхъ фабгъуэу абы и тхыгъэхэм къэгъэпсэуныгъэмрэ зэгъэпщэныгъэмрэ хигъэхьащ. Абыхэм, шэч хэмылъу, усэбзэр нэхъ къулей ящI.

50 гъэхэм икIэхэм шэрджэс поэзием усакIуэ зыбжанэ къыхохьэ. Усэ, прозэ зэрыт сборникыу дунейм къытехьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу. УсакIуэхэм я тхылъ щхьэхуэхэр къыдокI. Апхуэдэхэщ, ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа Гъуэщокъуэ Хъусинрэ Уэхъутэ Абдулыхьрэ къинэмыщIауэ, Хьэнфэн Алим («Моя любовь» урысыбзэкIэ, 1957), Ахъмэт Мухьэдин («Гъагъэ, си хэку», «Алий гъэлъхуэщым», «ЩIыналъэ берычэт» усэхэр, прозэ), Адэмокъуэ Мухьэрбий («Аслъэнрэ Мадинэрэ») сымэ. Мы зэманми, абы къыкIэлъыкIуа илъэс зыбгъупщIми шэрджэс усэми прозэми Iыхьэ ин щаубыд штампым, декларацэм, къебжэкIым, идеологием щытхъупсыр къезыгъэжэх тхыгъэхэм. Апхуэдэу щытми, Лениным, Сталиным, нэгъуэщI вождхэм егъэлеяуэ щытхъу хуэзыгъэш усэхэр нэхъ мащIэ хъууэ хуожьэ. Поэзием лирикэм и макъыр нэхъ лъэщ щохъу. Абы и щыхьэтщ Хьэкъун Исуф и «Кърухэр къолъэтэж» усэр (иужькIэ уэрэд хъуар), Брат Хьэбас и «ЩIалэгъуэм и псынэ», Хьэнфэн Алим и «ЩIалэ нэкъуэлэн» тхыгъэхэр, иужьрейм и гушыIэ усэхэр, басняхэр.

Совет литературэм гъуэгуанэу къикIуар лъэхъэнэкIэ мыпхуэдэу ягуэш: 20-30 гъэхэр, зауэ зэманыр, зауэ нэужьыр (1945-1957 гъэхэр), 60-80 гъэхэр, иджырей литературэр. Мыбы лъабжьэ хуэхъуащ гъащIэм, жылагъуэ Iуэхухэм, политикэм епха тхыдэ къэхъукъащIэ ин зыбжанэ. Мы напэкIуэцIхэм зи гугъу щытщIа лъэхъэнэр 1956-1957 гъэхэм еух, ауэ абы къыкIэлъыкIуэ илъэс зытхухым шэрджэс усакIуэхэм, тхакIуэхэм яйуэ традзахэр нэхъ пасэу ятхахэрщ. Апхуэдэщ «Гъуэгу пэж» (1959), «Хэкур мэгъагъэ» (1959), «МакъамэщIэхэр» (1962) сборникхэм итхэр, Уэхъутэ Абдулыхь и «Хужьэ и къуэладжэ» (1960), Ахъмэт Мухьэдин и «Гъагъэ, си хэку» (1959) тхылъхэр.

Зауэ нэужьым усакIуэ зыбжанэм сабийхэм яхуэгъэза тхыгъэхэр ятхыу щIадзэ. Мы темэр нэхъ къызэхъулIауэ зи цIэ къиIуэн хуейр Хьэнфэн Алимщ: 1953 гъэм сабийхэм папщIэ «Мусэрэ Лъэбыхурэ» усэ хьэлэмэтыр итхащ, абы иужькIэ сабий усэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ («Мей цIыкIу» (1960), «Мастерица» (1962), «Пионер сэлам» (1962), «Балыджэ бзаджэ» (1966) жыхуиIэхэр).

Зи гугъу тщIа лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ 60 гъэхэм и кум къэсыху шэрджэс поэзиер прозэм къыкIэрыхуу зэрыщытам щыхьэт техъуэ тхылъ куэд щIэдджыкIащ, ауэ къыжыIапхъэщ, а лъэхъэнэм усакIуэ зыбжанэм я тхыгъэхэр унэтIыныгъэ пыухыкIахэм, къыхуеджэныгъэхэм къаIэщIэкIыу зэрыхуежьар.



6 Заказ №406

# *Шэрджэс поэзиер 60-80 гъэхэм*

60 гъэхэм щыщIэдзауэ шэрджэс поэзием нэхъ псынщIэу зеузэщI. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ, къэралпсо, дунейпсо культурэм хэзыщIыкI усакIуэхэр, литературэдж щIэныгъэр зи нэIуасэхэр, литературэм и теорием, и тхыдэм еджахэр литературэм къыхохьэ. Абыхэм усэ тхыным и техникэр къаIэтащ, рифмэхэр къулей ящIащ, образхэр зэрахуэ Iэмалхэр къагъэIурыщIащ. Мы лъэхъэнэр адыгей, къэбэрдей литературэмкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ хъуащ.

60 гъэхэм шэрджэс литературэм щылэжьа тхакIуэ нэхъыжьхэр (Уэхъутэ Абдулыхь, Гъуэщокъуэ Хъусин, ХъытIу Сэйдин сымэ, н.) нэхъыбэу зыхэлэжьыхьар прозэрщ, ауэ поэзиеми къаруущIэхэр къыхыхьащ. УсакIуэ щIалэу къэунэхуахэм ящыщу гу лъытапхъэщ Анзор Мухьэмэд (1941-1999).

Мухьэмэд и усэхэр, рассказхэр, очеркхэр адыгэ газетым традзэу щытащ («Ленин нур» газетым илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ). Абы езым и хъэтI иIэжт, и усэхэм ритм зэпэщ яIэт, сюжетыр динамикэ, жыджэрагъ хэлъу иухуэрт. Къэтхьынщ абы и «Насып гъуэзэджэм сыпыкъуокI» (1960) жыхуиIэ усэм и зы Iыхьэ:

*Мэфий жъыбгъэшхуэр, мэкIэрахъуэр,*
*Уэгу фIыцIэ гызым щIыр дозджыздж.*
*Жыгей мэзышхуэр щтауэ щIопхъуэр,*
*Уэшх-уэ зэхэтыр щIыфэм йопхъуэ...*
*Дунейр шынагъуэу мэкIэзыз.*



Дунейр шынагъуэщ, ауэ усэм и лIыхъужьыр къикIуэткъым, жьы бзаджэми уэшхми пхольэтыр:

*Ей! Бгы махуэ, текI си гъуэгум,*
*Армырмэ – уи гум сыпхырокI.*

Жьыбгъэ зызыгъэлъэщми нэхъри къыщIэпщэну, хэт тепщэми зэхигъэкIыну къыжреIэ. Абы и къарапцIэр «мэлъей, шабзэм хуэдэу», «илъагъу псори» ейщ, «гъуэгу нэхъыфI дыдэм тету насып гъуэзэджэм» ар пыкъуокI. Зэрытлъагъущи, Хэкум, насыпым, жылагъуэм теухуа граждан лирикэм усакIуэ щIалэхэм я творчествэм нэгъуэщI жыIэкIэ щегъуэт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Анзор Мухьэмэд пасэу дунейм ехыжащ, и зэчийр, творческэ зэфIэкIыр нэсу къигъэсэбэпынуи хунэсакъым.

УсакIуэ нэхъыжьхэм ящыщу пIалъэ кIыхькIэ литературэм зи гуащIэ хэзылъхьахэм ящыщщ Хьэнфэн Алим (1922-2014). Алим литературэм куэд хуилэжьащ, очеркхэр, рассказхэр, сабий усэхэр, гушыIэ Iэрамэхэр итхащ, ауэ и гъащIэ кIыхьым къриубыдэу усэр зэикI IэщIыб ищIакъым. Абы и усэхэр тематикэкIэ зыбжанэу зэщхьэщокI: пейзажым теухуа лирикэр, зауэм и гъуджэм къищ граждан лирикэр, хэкум теухуахэр, лъагъуныгъэ лирикэр, уэрэдхэр.

Хьэнфэным и усэхэр зэщIэуIуауэ, къыхэхауэ, «Къиплъэ си гум» тхылъым щызэхуэхьэсауэ 1982 гъэм къыдэкIащ. Тхылъым и

фIэщыгъэм пэджэжу, лирикэр усакIуэм и гум къокI, сыту жыпIэмэ жанрхэм ящыщу усакIуэм и гъащIэм гуэхыпIэ имыIэу епхар лирикэр арат. Тхылъыр Iыхьищу гуэшащ: «Гупщысэхэм я хасэ», «Гъуэгум дэуша усэхэр», «Гухэлъ пшыналъэ». Япэрей Iыхьэр къызэрызэIуихыр зы строфащ зэрыхъур:

*IупщIу иплъэгъуэнущ абдеж щыхъэ псор:*
*Къиплъэ си гум, зэман, щыпфIэфI сыхъэтым.*
*Дунеишхуэр, гуфIэгъуэхэу зыхэтыр,*
*МыхъумыщIагъэу дунейр зымыгъэпсэур.*

УсакIуэм дуней къэхъукъащIэм и сурэт гукъинэж ещI, езым бгыхэр, псыр, гъуэгур, джабэр, хэкум и теплъэхэр фIыуэ зэрилъагъур къапкърыщу. Инжыдж псым и бгъум пцIащхъуэхэм я «тхьэIухуд набдзэ дамэ цIыкIухэр хащIэу» доджэгур, псым Iут мейм «Инжыдж егуэкIуауэ, гъэ къэс иретыр къыпыкIэр тыгъэу». КIэух имыIэу зыри дунейм къытехъуэркъым, усакIуэми уахъты иIэщ, ар къэсмэ, жеIэ, псым зыхуигъазэу:

*Мо бгым щыщ сыхъуу сыувын,*
*Сыхуейт зи IэплIэ уиджэгухъу,*
*ИтIанэ сэри сыбдэджэгуу*
*Нэхъ гъащIэ кIыхькIэ гу пщысхуэнт.*
*Адэжь и лъахэр зыгъэлъапIэ*
*Уэ уи пшыналъэр си гъусэнт.*

Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым «псэ хилъхьэу» ар псэлъэгъу ищIкIэрэ, Хьэнфэным и лирикэм гурыщIэ куэд къыщеIуатэ. Фронтым лIыгъэ иIэу щыIа усакIуэм зауэм триухуа усэхэри мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ: «Хьэбэч Умар теухуа балладэ», фронтым Iута «Урыс тхакIуэ Е. Савинов и фэеплъ», «Павлов и унэ», «Украинэ анэхэр», «Нэхущым», н. «Уахътыншэ» зыфIища усэр совет тхакIуэхэм ящыщу япэ дыдэ «Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуа» адыгей усакIуэ Андырхъуей Хъусен хуитхащ.

Хьэнфэн Алим и усэу макъамэ щIагъэувэу уэрэд хъуахэр мащIэкъым. «Гупщысэхэм я хасэ» (1988) зыфIища усэ тхылъым итщ цIэрыIуэ хъуа «Адыгэ нэмыс» (макъамэ щIэзыгъэувар Даур Аслъэнщ) уэрэдри. Мы уэрэдым усакIуэм «зэхэтыкIэ дахэм» и нагъыщэ адыгэ нэмысыр, адыгагъэр щегъэлъапIэ, ар хуейщ ди нэмысыр «дэнэ лъахи нэсыну», нэгъуэщI лъэпкъхэм кIуэ лъагъуэ хишыну, «дунейм и нэфI къыщыхуэну». Усэм и кIэм деж усакIуэм и гупсысэр мы псалъэхэмкIэ къызэщIекъуэж:

*Щэн-Iэдэб нэхугъэ курыкупс!*
*Нэхъыжьыгъэ, нэхъыщIагъэ фащэу*
*Лъэпкъым и шыхулъагъуэ хэмыгъуащэ,*
*Хабзэ дахэ, адыгэ нэмыс!*

Адыгэ хабзэр, нэмыс дахэр усакIуэм лъэпкъым и Шыхулъагъуэу, абы и гъуазэу къелъытэ. «Шыхулъагъуэр» адыгэ поэзием символ щыхъуащ. Дигу къэдгъэкIыжынщ ар гъуэзэджэу КIыщокъуэ Алим къызэригъэсэбэпар. Ар хуейт шым тесу щIым «Шыхулъагъуэ» щыхишыну. УсакIуитIым я гупсысэ дахэхэр зэподжэж, образым и къэгъэсэбэпыкIэхэр зэтемыхуэми.

Хьэнфэн Алим пейзаж лирикэм мыхьэнэшхуэ ириту щытащ, абы дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсыр, псыр, жыгхэр, удзхэр и псэми, и усыгъэми хэлът. УсакIуэм жыгхэм, удзхэм езы природэм, цIыхум и Iэ лъэмыIэсу ищIа «скульптурэ» гъэщIэгъуэнхэр пIалъэ кIыхькIэ зэхуихьэсащ. Алим сурэт щIынымкIи зэчий бгъэдэлъащ, ар и гъащIэ Iуэху мыхъуами. Ар къыхощ усакIуэм тенджыз ФIыцIэм триухуа усэ Iэрамэм («Зэгуэр», «Кърым лъахэ», «Тенджыз Iуфэм щыуфафэу», н.). Абы и лирикэм и лIыхъужьыр Тенджыз Iуфэм Iусщ, ену псым кърихуэкI, илъэщI мывэ кIэщхъхэр зэхедз, абы сурэт тетхэм адыгэ тхыдэ гущIэгъуншэм, ИстамбылакIуэм и лъэужьхэр къахегъуатэ. Тенджызым, «джэшыдзым хуэдэу», а мывэ зэмыфэгъухэр кърекIут икIи абыхэм язызхэзым адыгэ гуэншэрыкъым и теплъэ къытещу къолъагъуэ. Абы къыпкърыкIыу усэм мыпхуэдэ гупсысэ къыхохьэ – «Ар хэту пIэрэ истамбылакIуэу зи лъакъуэ щыхуар?»

Хьэнфэным «Зэгуэр» зыфIища усэм жыIэгъуэ купщIафIэ хэтщ. УсакIуэм пасэ зэманым «кхъухькIэ щIиупскIэурэ адыгэ бланэ куэд зыгъэса», «зыпIа» тенджызым фIыщIэ хуещI. Ар ди тхыдэм къыщыхъуа мыхъумыщIагъэхэм я щыхьэтщ:

*ЛIыгъэм акъылыр щыщIымыгъуу,*
*ЩыIащ апщыгъуэм мыIущыгъэ –*
*Сэшхуэм Iэубыд щищIи...*
*... КъыхэкIт лIы Iущи лIыгъэ хэлъу,*
*Гу фIыцIэ фыгъуэ къыкъуэукIт,*
*Иригъэпсыхырт ар, къыфIэщIыжу*
*ГъащIэм пылъхьэншэу шэуэ пхыкI.*

Иужьрей сатырым гупсысэшхуэ щIэлъщ, ар поэзием и щэхукIэ къэхъуа жыIэкIэщ.

Хьэнфэн Алим и къалэмыпэ къыпыкIащ гупсысэкIэ гугъу уезымыгъэхь усэ «нэжэгужэ» куэд. Ахэр дунейм и дахагъэм, абыхэм цIыхур зыхурагъэсэ эстетикэ лъагэм, экологиер фIыуэ лъагъуным, н.ку. теухуащ. Апхуэдэхэщ «Гъатхэ уэшх», «Удз гъэгъахэ», «Мэз лъапэ», цIэ зыфIимыща усэ куэд.

«Джэгузэхэшэ» усэм деж Хьэнфэным къэгъэпсэуныгъэ Iэмалыр екIуу къыщегъэсэбэп. Абы жыгхэм, акъужьым, удзхэм «псэ яхелъхьэ». Акъужь цIыкIур бгы зэхуакум шууэ, дзапэ уэрэд кърищу къыдож, жыг къудамэ «къэс лъоIэс, егъэсыс, зэхешэр джэгур». Жьыбгъэр хьэтиякIуэщ, «къэушащ джэрпэджэжри», дожьу пшыналъэм:

*Удз щхъуантIагъэм къегъэудж гуапэу мэракIуапцIэр,*
*КъэкIыгъэцIэ зиIэу хъуар къэфэну къытохьэр,*
*Пхъэхуей цIыкIум къегъэзэж, хэтщи удзым лъапцIэу.*

ЦIыхубэ къафэм, джэгум ещхьу, къэкIыгъэхэм яхэтщ пшынауэри, къафэ пашэхэу дадий щIыкIафIэри, Сэтэней зэкIужри. А псоми гуапэу къахоплъэ Iуащхьэмахуэ уардэри.

60-80 гъэхэм я лъэхъэнэм Хьэнфэн Алим шэрджэс лирикэр «щIигъэхуэбжьащ»: ар хуэIэижьт лъагъуныгъэ темэми, гушыIэ лирикэми хуэIэзэт. ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, Хьэнфэн Алим уэрэд тхынри къехъулIэрт, ахэр ноби ягъэзащIэ.

60-80 гъэхэм шэрджэс поэзием усакIуэ гупышхуэ къыхыхьащ. Абыхэм яхузэфIэкIащ зыкъомкIэ усыгъэм и жанрхэр къаIэтын, эстетикэ и лъэныкъуэкIэ усакIуэ щIэблэ нэхъыжьхэм я ныкъусаныгъэхэр («агитацэ» тхэкIэр, ущие гъуэщэр, идеологием и щытхъупс гъэжэныр, «къебжэкI» суфэтыр, эпитет, зэгъэпщэныгъэ штампхэр къэгъэсэбэпыныр) гъэмэщIэныр, гъэкIуэдыныр. А зэманым тхэн щIэзыдза усакIуэхэм щIэныгъэ куу ябгъэдэлъащ, теорием, литературэ зызыужьахэм я ехъулIэныгъэхэм фIыуэ щыгъуазэу щытахэщ. Абы щыгъуэми, усакIуэ нэхъыжьхэми яхэтащ зэманыщIэм зезыгъэкIун зыхузэфIэкIахэри. Апхуэдэхэт: Хьэнфэн Алим, Акъ Алий, Шорэ Хьэсин, Хьэкъун Исуф, Уэхъутэ Абдулыхь, Шэрджэс Алий, н. Усэным хуэлэжьауэ, ауэ я зэфIэкIыр прозэм нэхъ къыщагъэлъэгъуауэ я цIэ къиIуапхъэщ Брат Хьэбас, Ахъмэт Мухьэдин, ХъытIу Сэйдин, Уэхъутэ Абдулыхь, АбытIэ Владимир, Дэбагъуэ Мухьэмэд сымэ.

Къэдгъэлъэгъуа илъэсхэм нэхъыбэу поэзием зи гуащIэ езыхьэлIахэр мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ АбытIэ Хъызыр, Дыгъужь Къурмэн, Нэхущ Мухьэмэд, Бемырзэ Мухьэдин, Пхьэш МуIэед, Тамбий БетIал, Шорэ Хьэсин, Шорэ Ахьмэд, Адзын Мухьэмэд, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, Кхъуэхъу Хъанэ, Мыжей Мамыржан, Иуан Щамел, Щауэ Iэуес, Шэрджэс Алий, Зэубыд Ахьмэд, Хьэкъун Риммэ, Тхьэгъэпсэу Альбинэ, н.

Шэрджэс усакIуэхэм я нэхъыбэр зы къуажэм – Алибердыкъуэ (жьымкIэ Хьэгъундыкъуей) – къыдэкIахэщ. А къуажэм щыщщ гъащIэшхуэ къэзымыгъэщIа, ауэ гум къинэж усэ куэд къэзыгъэна Нэхущ Мухьэмэд (1944-1994). Мухьэмэд Москва дэт Литературэ институтыр къиухащ. Абы и зэчиймрэ и гу къабзэмрэ я егъэджакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Озеров Лев гу лъитэгъауэ щытащ. Нэхущым и усэ Iэрамэ Озеровым урысыбзэкIэ зэридзэкIащ. Езы Мухьэмэди зэдзэкIын IуэхумкIэ и егъэджакIуэм дэплъеящ – Нэхущым адыгэбзэкIэ «къигъэпсэлъащ» Пушкин А. («Моцарт и Сальери»), Лермонтов М., Фет А., Ахматовэ А., Гамзатов Р. («Журавли»), Кулиев К., Токубоку И. сымэ я IэдакъэщIэкIхэр. А псом къадэкIуэуи, рассказ зыбжанэ, очеркхэр, новеллэхэр итхащ, ауэ Нэхущыр ди литературэм нэхъыбэу къызэрыхыхьари усэхэмкIэщ, хэлъхьэныгъэ нэхъ ин зыхуищIари усыгъэрщ.

Жанр и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, Нэхущ М. лирикщ. Абы и лирикэм щытепщэщ «гупсысэ» («медитативнэ» жыхуаIэ) лирикэр, пейзажым, лъагъуныгъэм, хэкум, теухуа усэхэр. Урыс литературэм и зы къуэпсу къалъытэ «цIыху цIыкIум» («образ маленького человека») теухуа темэр. Абы и щапхъэщ Гоголь Н., Чехов А. сымэ я рассказхэр. А темэр усэм, лирикэм къыщыгъэлъэгъуауэ урыс литературэми адыгэ литературэми зыми къыщахутакъым. Сэ сызэреплъымкIэ, ар

хузэфIэкIащ Нэхущ Мухьэмэд. Абы и лирикэм уэру хэтщ «цIыху къабзэм, дэхуэхам, IэфракIэкIэ лъэныкъуэ ирагъэзым» теухуа образхэр, мотивхэр. УсакIуэм цIыхур псэуауэ къилъытэркъым, нэгъуэщIыр и щхьэм иримылъытмэ, «и гугъуехь Iыхьэ къылъымысмэ». Езы усакIуэр гугъу ехь зэпыту къэпсэуати, сыт щыгъуи езым хуэдэ цIыху хьэлэлхэм, напэр япэ изыгъэщхэм я телъхьэу щытащ. Абы и гъащIэр зыхуиунэтIар мы псалъэхэмкIэ къегъэлъагъуэ:

*Хэку, уэ уи пащхьэ емыкIу къыщысхьакъым,*
*Куэдрэ къэхъуами уи нэху сыщыхэн.*
*Си гум уи къуагъкIэ зым лъагъуэ хуищIакъым –*
*СфIэфIщ сыпхуэфащэу сэ уэ сыуикъуэн.*

Хэкум «и нэхуи», цIыхум я гулъыти, унафэщIхэм я псалъэ гуапи хэнащ усакIуэ Мухьэмэд. Абы и зэчий лъагэм пасэу гу лъатат Озеров Лев и мызакъуэу, КIыщокъуэ Алим, Еутых Аскэр, Тхьэгъэзит Зубер, Бещтокъуэ Хьэбас, Зэубыд Ахьмэд сымэ, нэгъуэщIхэми, ауэ абыхэм я щытхъур Нэхущым зэи къигъэсэбэпакъым. Ар зи «Iуэху дэгъэкIыным» зэман езыгъэхьхэм ящыщтэкъым, уеблэмэ, «щхьэемыгугъуу» къалъытэрт.

Нэхущ М. езыр псэууэ и тхылъ Iув къыдэкIакъым. УсакIуэр дунейм ехыжа нэужь абы и тхыгъэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса «Адыгэ нэпсхэр» тхылъыр Уэхъутэ Александр къыдигъэкIащ.



Нэхущ Мухьэмэд и усэ куэд адыгэ газетхэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым къытрадзэу щытащ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр ноби еджапIэхэм я программэм хэтщ.

Адыгэбзэм темыгузэвыхь усакIуэ диIэу къыщIэкIынкъым. Апхуэдэт Нэхущ Мухьэмэди. Адыгэбзэр «щагъэлажьэ», «щахъумэ» Бахъсэн бэзэрхэм «щагъахъэхэр» гъэщIэгъуэну усакIуэм къигъэлъэгъуащ:

*ЗэтещIэу, къыздикIыр и кIэн...*
*Мыбдежщ адыгэбзэм и уэрэдыр,*
*ЕдаIуэт: зым ар шащхьэ IэфIу*
*И макъ хэплъыхьам къыпегъэткIу,*
*НэгъуэщIым – фо IэкIуэ IыхъэфIу,*
*Къыгуехри, ар уи Iум щегъэткIу.*

Нэхущ М. и творчествэм эпиграф папщIэу хуэбгъэув хъунущ езым и псалъэхэр:

*Сэ сытхакъым гъащIэм акъыл хьэхукIэ,*
*Дэсхащ лъагапIэм хьэлъэу плIэм дэлъар.*

Лъэпкъым зиужьын, адыгагъэр, цIыхугъэр, нэмысыр щIыгум щытепщэ хъун папщIэ, цIыху псоми къалъыс я хьэлъэр яхьын хуейщ. Мы Iуэхум поэзием и гуащIэдэкIи хэлъын хуейуэ усакIуэм къелъытэ: *«ЩIым и къарущ поэзие иныр, дуней хьэхужьыр зэфIэтыху»*. Усэ тхыныр Мухьэмэд и Iуэху нэхъыщхьэм пегъэув, усыгъэр мэхъу и псэ Iыхьэ:

*Дунейм щызиIэм къыздалъхуауэ,*
*Ныбжьэгъухэм, благъэм, си Iыхьлым –*
*Гу лъызотэжри, япэсщIауэ*
*Гъуэгу щыдызокIу абы мы щIым.*

Литературэм зэи жьы мыхъу темэхэу «лъагъуныгъэ», «фIымрэ Iеймрэ», «ныбжьэгъугъэ», «цIыхугъэ», «хэку» жыхуаIэхэр сыт хуэдэ зэмани къегъэсэбэп. Ахэр Нэхущым и усэхэми фабгъуэу къахощыр. Лъагъуныгъэр зэрыдахэр, мыхьэнэшхуэ зэриIэр цIыхухэм я фIэщ нэхъыбэу щыхъур яфIэкIуэда иужькIэщ. Апхуэдэ гупсысэр и лъабжьэщ «Дигухэм уафэр я къэухьти» усэм. Ар мыпхуэдэу къыщIедзэ:

*Дигухэм уафэр я къэухьти,*
*Дыгъэр къухьэм, зы дыхъужт.*
*Жэщым си гум сыныпхуихьти,*
*Махуэм си лъэм сыкъихьыжт.*

ЗэгуэкIуахэм лъагъуныгъэр яхуэхъумакъым, иджы «жэщхэр нэхъ кIыхь хъуащ, дыгъэм и къарум хэщIащ», «мазэми и нэпсхэр щIеутхыкI», абыхэм я щыуагъэр япшыныж. НэгъуэщI усэхэми лъагъуныгъэр гъащIэ насыпкIэ щиухыркъым («Щхьэ думыгъэкIуарэ?», «Сыноплъът»). Дунейр дахэу, гурыщIэр къабзэу лъагъуныгъэр къыщIедзэ:

*Мазэр гущэм хипхэри,*
*Дыгъэр къыкъуэкIащ.*
*Пшэ къазыщхъуэ гупхэри*
*Бгыщхъэ уэс хъужащ.*

Абы ещхьщ зэгуэкIуаитIым я гурыщIэри, щIалэр хуейщ и дахэр «вагъуэ-щхьэмыжхэм хишэну», ауэ благъэкIащ я насыпыр. НэгъуэщI усэм дежи «гъэуз-гъэхъужу» къэкIуа лъагъуныгъэр насыпым хуэкIуакъым.

Нэхущым и лирикэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар философие гупсысэ, цIыхур зыгъэгулэз Iуэху зэхэмыбзхэрщ. Абы «делагъэм нэхъ дыдж дунейм зэрытемытыр», «пцIыр зыгъэщакIуэм нэхъ лъэужьей» зэрыщымыIэр къелъытэ. «УсакIуэмрэ зэманымрэ» зыфIища усэм а тIур щызэрегъэдауэ. Зэманым усакIуэр и гъуэгу пэжым хутешкъым: ар хуейкъым тыншыгъуэ, «гуауэ къэкъуэлъам йоIубыр», цIыху пIыщIам «жьэгу мафIэ хуохъури», гугъэр иретыж. УсакIуэр зыхуейр мащIэщ, ар къыщыгъэлъэгъуащ «МащIэт сызыхуейр» усэм:

*Къыздэхъумэ – сэри мащIэщ сызыхуейр:*
*Зы цIыху слъэгъуакъым псомкIи ирикъуауэ,*
*Къабзагъэрэ нэмысрэкIэ гъэнщIауэ*
*КъытщIэхъуэм къыхуэнэнырщ мы дунейр*

Дунейр къызыхуэнэнум и мотив къыхощ Мухьэмэд «Шыжьым и жэуапыр» зыфIища усэм. Зи ныбжьыр зыхъуэж лIым зы упщIэ ират:

«Сыт пфІэфІу, ІэфІу хэта уи щІалэгъуэм?». Илъэс щэ никъуэм деж зы жэуап ет: *«Шым ІэкІуэу зездзырти, си ужь итыр къысщІыхьэху хэзгъэтт гузэвэгъуэм»*. Илъэсищэм нэсам и жэуапыр нэгъуэщІт: *«Хъыджэбзым я нэхъ гуакІуэр зэ Іуплъэгъуэкlэ къисшэфырт утыку джэгум»*. Жьы дыдэ щыхъуам тхьэмадэм жеІэ: *«Нэхъ дахэу щІалэгъуэм хэльари... Къигъанэу лъэужь – гукъеуэ сиІахэрщ апщыгъуэм»*.

Поэтикэ и лъэныкъуэкІэ Нэхущ Мухьэмэд Іэзагъ ин хэлъащ. Абы и усэхэр зэрыухуа техникэм дагъуэ иІэкъым, рифмэхэр зэгъщ, ритмхэр къутэу, макъамэр къызэфІэнэу урихьэлІэркъым. Апхуэдэуи, зэгъэпщэныгъэ, эпитет, жыІэгъуэ, фразеологие хьэлэмэтхэр Мухьэмэд и усэхэм уэру хэпхъащ. Къэтхьынщ щапхъэ зыбжанэ: *«Уэс щабэ къесым лъэр зрегъэубзэ»*, *«ВакъитІ зэмыгуэгъуу, и нэр зэблоплъ»*, *«Щреблэ нипщІкІэ жьэгум мафІэ дэпыр»*, *«Псафэ сша шыщІэр псым къыхэплъ дыгъэм йоІуб»*, *«ЩІэлъщ Сосрыкъуэ щІы хейм»*, *«Гулъхэр нэр щІисыкІыу къэгъэгъащ»*, *«Анэр нэху къокІыр, гукъеуэр щІэльу и пІэщхъагъ»*, *«Жьы сшам, шыбжий сыру, итхьэлэт сигу пагэр»*, *«Къожэбзэхыр мазэ нурыр, хыхьэ закъуэ, уигъэпскІынщ»*, н.къ.

Нэхущым и лирикэм дунейм и щытыкІэр, пейзажыр Іэзэу уи нэгу къыщІегъэувэ. Псалъэм папщІэ, адыгэ поэзием зыубгъуауэ хэт шым и образыр Мухьэмэди ІэщІыб ищІакъым. Дунейм и теплъэр къигъэлъагъуэу етх:

*И дыщэ сокур иутхыпщІу,*
*ПщІэгъуалэу, дыгъэр пшэм хохьэж.*
<...>
*Нэпкъыжьэ къырым пылъ мылхэм*
*ГуфІэгъуэ нэпсхэр щІагъэж,*
*Шэр къэпщтрэ къикІмэ и теплъэу,*
*Инжыдж и нэпкъхэм къыдокІ.*

Мы едзыгъуэм къыхэщ зэгъэпщэныгъэхэр адыгэ литературэм щыщІэщыгъуэщ.

Кавказ поэзием символ щыхъуащ: бгыр, мывэр, шыр, къамэр. Абыхэм Нэхущым ябгъэдигъэуващ гур. ЩІыхум и гумкІэщ гъащІэр къызэрипщыр, зэрилъагъур: *«Сигу макъым и джэрпэджэжыр ихъэжащ мазэу уафэгум»*, *«Мы си гур, хаупщІа лъынтхуэу, мэуз»*, н.

Нэхущ Мухьэмэд и лирикэм мотив хэІэтыкІа хэплъагъуэркъым, усакІуэм егъэлеяуэ нэжэгужагъэм зыдригъэхьэхьыркъым, сыту жыпІэмэ абы къыгуроІуэ гъащІэм ущІэнэщхъеин куэд къызэрыщыхъур. Дунейм и дахагъымрэ нэщхъеягъэу къэхъухэмрэ зэпэщІигъэувэкІэрэ, абы гупсысэ пэж, Іущыгъэ куэд ди пащхьэ кърелъхьэ.

Шэрджэс литературэм и тхыдэм фІыкІэ къыхэнащ Дыгъужь Къурмэн (1941-1984). Къурмэн гуащІэдэкІым и ІэнатІэ зыбжанэ гъащІэм щигъэунэхуащ: щІалэ цІыкІуу, ебланэ класс нэужьым, илъэситІкІэ Іэхъуэу губгъуэм итащ. УхуакІуэ училищэ нэужьым ухуакІуэу, блынзэтелъхьэу лажьэурэ къуажэм курыт еджапІэр пщыхьэщхьэеджэу къыщиухыжащ. ИужькІэ Москва Литературэ институтыр къиухри

газетым, радиом, ТхакIуэхэм я союзым щылэжьащ. А псор хыфIидзэри, химзаводым хьэлъэзехьэу кIуауэ щытащ. А лэжьыгъэ IэнатIэхэм абы гъащIэр фIы дыдэу кърагъэщIащ, зрихьэлIа гугъуехьхэм и усэхэм, рассказхэм, повестхэм пэжагъ халъхьащ.

Дыгъуужь Къурмэн щхьэхуэу тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ: «Псыжь и толъкъунхэр» (1968), «Кърухэр» (1970), «ТехьэпщIэ» (повесть, 1976), «Журавли» (Москва, 1973), «Бжьыхьэ псыдзэ» (роман, 1983).

Дыгъуужь Къу. хамэ къэрал щыпсэу хэхэс адыгэхэм я деж япэу гъуэгу хэзышахэм ящыщщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэщ Адыгейми, Къэбэрдейми, Тыркуми, Щамми, Абхъазми, Иорданиеми щыпсэу адыгэхэр. ТхакIуэм, усакIуэм и лэжьыгъэхэр Хэкум, адыгэм, адыгэбзэм, хабзэм, пэжагъым, цIыху къабзагъэм, нэмысым теухуащ. А темэхэр къызыхах гъащIэм Дыгъуужьыр фIы дыдэу щыгъуазэт, гуащIэдэкI хьэлэлкIэ щIакхъуэ Iыхьэ къызэралэжьыр зыхищIат. Аращ абы къигъэщIа образхэр уи фIэщ зыщIыр, ущIыдихьэхыр.

Дыгъуужь Къу. и рассказхэм, повестхэм, очеркхэм, поэмэхэм я сюжетхэр гъэщIэгъуэну иухуэрт. Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, абы и «Iэсхьэд и къафэ» поэмэр. Iуэхур щекIуэкIыр адыгэ бэзэрырщ. Зауэм ипэ зэманщ, усакIуэм бэзэрым щащэм и куэдагъыр къретхэкI икIи жеIэ: «Ей, мамырыгъэр анэ бгъафэщ, абы дэтхэнэ цIыхури хуейщ». Поэмэр къэзыIуэтэж лIыхъуужьым зыкъомрэ къикIухьа нэужь адыгэ пшынэм и макъ нэIуасэ зэхехыр. УсакIуэм жеIэ:



*Макъамэр пфIощI бэзэрым щIиф,*
*Жьы щIыIэтыIэу ар къыщIиху.*
*Зэми, жьэражьэу хьэуа бампIэм*
*ПоткIукIыр си гум, зыгуэр хощI.*
<...>
*ЦIыху минхэм сэ сакIуэцIрокI,*
*«Iэсхьэд и къафэр» пшынэм къокI.*

Бэзэрым тесщ зи щхьэр тхъуа фызыжь, кIэ фIыцIэр щIыгум теIубауэ шэнтым тесщ, пшынэм йоуэ, «пшынауэм и щIалэгъуэр кIуауэ, и гъащIэр пшынэм еIуэтэж». Мардие (аращ и цIэр) губгъуэм щылажьэ бзылъхугъэ гупым я псэщ, фIыуэ мэлажьэ, пшынауэ Iэзэщ, гугъу ехьахэр и пшынэмкIэ пщыхьэщхьэкIэ трегъэу, псэ яхелъхьэж. И щхьэгъусэ Iэсхьэди мэкъуауэхэм я пашэщ, къэфэнкIи Iэзэщ.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, шэрджэс поэзиер къэзыIэтахэр, зезыгъэужьахэр щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа усакIуэхэрщ. Абыхэм яхэтащ Пхъэш МуIэеди (1949-2000). Ар Ростов дэт университетым и философие факультетым илъэсиплIкIэ щеджащ, абы иужькIэ филологие щIэныгъэ нэхъыщхьи зригъэгъуэтащ. Арагъэнщ абы и усэхэм я нэхъыбэм философие гупсысэхэр лъабжьэ щIахуэхъуар.

Зэрыжурналист Iэзэм нэмыщIуи, МуIэед усакIуэ гъуэзэджэу щытащ. Абы и усэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуащ, 2003 гъэм «Гъуэгуанэ» фIэщыгъэм щIэт и тхылъыр дунейм къытехьащ. Усэхэм нэмыщI, Пхъэшым и Iэдакъэ къыщIэкIащ очеркхэмрэ новеллэхэмрэ.

Зэман-зэманкIэ лирикэ усыгъэм зи псалъэ хэзылъхьа Пхъэш МуIэед и усэхэр зэрыгурыIуэгъуэмкIэ, гупсысэкIэ гъэнщIауэ зэрыщытымкIэ адрейхэм къащхьэщокI. УсакIуэм дунейм и къэхъукъащIэ теплъэгъуэхэр IупщIу дигъэлъагъун хузэфIэкIащ («Пщыхьэщхьэ», «ЩIымахуэм и щэху», «Нэчыхьытх»). МуIэед и усэхэр нэхъыбэу зытеухуар цIыхухэм я зэхущытыкIэмрэ «гъащIэкIэ» дызэджэм епха гупсысэхэмрэщ.

Дунейр дахэщ, дахэщ бгыхэр, жыгхэр, удзхэр, уафэр, ауэ ар нэхъри зыгъэдахэр цIыхурщ, цIыху лэжьакIуэрщ. Мы гупсысэм и щыхьэтщ Пхъэш МуIэед и усэ нэхъыфIхэм ящыщ «Мэкъуауэ лIыжьхэр» жыхуиIэр:

*Шэмэджхэм, шыкIэпшынэу, псэр дахъэх.*
*Аргъынэхэр мэгъуэлъ, мэл кIапэ пшэру,*
*Къаз хужьхэр псафэ кIуэ нэхъ умыщIэну,*
*ЛIыжь гупым джабэ нэкIур кърахъэх.*

СурэтыщI Iэзэм хуэдэу, усакIуэм уи нэгу къыщIегъэувэ упщIэ пыIэ хужьхэр зыщхьэрыгъ лIыжьхэр, чэсей джанэ-гъуэншэдж хужь зыщыгъыу мэкъу еуэхэр. УсакIуэм зэгъэпщэныгъэу къигъэсэбэпхэр щIэщыгъуэщ, ди поэзием хэмытащ. Усэр зэриух строфами гупсысэ куу зыщIэлъ жыIэгъуэ гъэщIэгъуэн дыдэ хэтщ:

*Езыр-езыру пфIощI шэмэджхэр щIэкIыу.*
*Зым ерыщагъкIэ адрейр егъэунэху, –*
*Удз цIынэу, жьыгъэр плIэIукIэ ирадзэкIыу,*
*МэкъупIэ нэпкъыр лIыжьхэм къыгуагъэху.*

«Удз цIынэу, жьыгъэр плIэIукIэ ирадзэкIыу...» жызыIэфынур усакIуэ нэгъэсарщ. Апхуэдэ жыIэгъуэ Iэрыхуэ куэд ущрохьэлIэ Пхъэш М. и лирикэм, новеллэхэм, телевидением щигъэува нэтынхэм.

Поэзиер куэдрэ зытепсэлъыхь темэхэм ящыщщ ныбжьэгъугъэр, жагъуэгъур. Ныбжьэгъухэм жагъуэгъу хъуж къазэрыхэкIыр хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ. Мыбдежи Пхъэшым и еплъыкIэ къегъуэт. И жьэнахуагъэкIэ пэж зыжриIа ныбжьэгъур и щIыбагъкIэ къыхуэпсэлъэжу ежьэжащ, абы мы псалъэхэмкIэ поджэж:

*Ныбжьэгъу умыхъум, схуэхъу жагъуэгъу тэрэз.*
*Зы закъуэкIэ абы селъэIужынут...*

Гупсысэ зи лъабжьэ усэхэм («медитативнэ» жыхуаIэм) ящыщщ МуIэед и «Тумыхуж» усэр. Адыгэм жьындум ажал къишэу жаIэ. Пхъэшым и еплъыкIэр нэгъуэщIщ:

*КъытетIысхьам жьындур уи уэнжакъым,*
*Тумыхуж ар, кхъыIэ, тумыхуж.*
*ЩIэджэр ар сэракъым е уэракъым –*
*И насыпыншагъэр егъеиж.*

Пхъэш М. и усэхэм цӀыхугъэр, къабзагъэр, лӀыгъэр щегъэлъапӀэ, абыхэм язэхэзым щыжеӀэ: *«ГупцӀанэм и хьэтыркӀэ щӀыр мэгъагъэ, ГупцӀанэм и гущӀэгъукӀэ щӀыр зэфӀэтщ».* УсакӀуэм *«и гум гъуэгухэр щызэхокӀыр, абы гур дыгъэу къыщыкъуокӀри, къекӀухь, къекӀухьри, мазэу щыкъуохъэж».*

Лъагъуныгъэ темэр зэикӀ жьы хъуркъым, дунейм цӀыхуу тетами, къытехьэнуми я лъагъуныгъэри зэхуэдэкъым. УсакӀуэ къэскӀи а гурыщӀэ дахэу цӀыхум къылъысам зыгуэр щӀэуэ хелъхьэ. Пхъэш М. лъагъуныгъэ усэ зыбжанэ иӀэщ: «Лъагъуныгъэр ди зэхуакум дэтщ нэщхъейуэ», «Зигу хэзгъэщӀа бзылъхугъэм», «Гухэлъ налъэ», «Ӏэ дызолъэ уи щхьэцым», «Лъагъуныгъэр хъуркъым ягъэтӀыгъуэ». Мы псоми еплъыкӀэ щхьэхуэ хуиӀэжщ, ауэ усакӀуэм фӀы дыдэу къехъулӀэр насыпым хуэмыкӀуауэ «гъуэгум» къытена лъагъуныгъэрщ, гукъэкӀыж хъуарщ. Апхуэдэщ «Си закъуэщ, си хъыдэз» зыфӀищар:

*Пщэдеи си закъуэнущ,*
*Си закъуэщ, си хъыдэз,*
*КӀэзызу мафӀэ дэпыр мэдииж...*
*Щхьэзакъуэныгъэр зэзщ,*
*Ар къызэзытми хъуэну*
*АкъылкӀэ семыхъуапсэ, семыиж.*

Хъыджэбзым и анэм зэгуэкӀуахэр зэфӀигъэкӀуэдащ, щӀалэри закъуэныгъэм къыхуэнащ, гукъэкӀыж нэхъ гурыфӀыгъуэ имыӀэу:



*Нэху щымэ, аргуэру мафӀэ сщӀынущ,*
*Абы си гукъэкӀыжхэр езгъэунущ.*

Пхъэшым и лирикэр адыгэбзэ къулейкӀэ, образ щӀэщыгъуэкӀэ ухуащ. Абыхэм я ритмэр ещхьщ хуиту цӀыхур зэрыбауэм, рифмэхэми зэуэ уи нэм зыкъыщӀадзэу цӀуугъэнэхэкъым. Псалъэ къызэрыгуэкӀхэмкӀэ гупсысэ куу уи пащхьэм кърелъхьэф усакӀуэм. Уеблэмэ Пхъэшым и новеллэхэри поэзиекӀэ гъэнщӀащ.

XX лӀэщӀыгъуэм и 60-70 гъэхэм шэрджэс поэзием къыхыхьа усакӀуэ нэхъыфӀхэм ящыщщ АбытӀэ Хъызыр (1941-2013). Псом япэрауэ, Хъызыр зыхуеджари зэрылэжьари инженер, ухуакӀуэ ӀэщӀагъэрщ, ауэ пасэ дыдэу дэзыхьэха усэми псынщӀэу хуэӀэижь хъуащ, «КъШР-м и цӀыхубэ тхакӀуэ» цӀэ лъапӀэри къыфӀащащ.

АбытӀэ Хъызыр и усэхэр 60 гъэхэм я кӀэуххэм къыщыщӀэдзауэ урысыбзэкӀэ зэдзэкӀауэ къытехуэу щытащ «Дон», «Студенческий меридиан» журналхэм, «Литературная Россия», «Советская культура» газетхэм. И усэхэр, поэмэхэр зэрыт тхылъ щхьэхуэу тхылъипщӀым щӀигъу къыдэкӀащ. Темэ нэхъыщхьэу Хъызыр нэхъ зытелэжьар Хэкум и тхыдэрщ, лъэпкъым и хабзэхэр, и Ӏуэхухэр, и блэкӀар сэтей къэщӀынырщ. «Уэшх мыухыж» усэр адыгэ здэщыӀэ къэрал куэдым адыгэбзэкӀи, урысыбзэкӀи, тыркубзэкӀи, инджылызыбзэкӀи яӀэрыхьащ.

АбытӀэ Хъызыр и тхылъхэр («Усыгъэхэр» (1967), «Уэшхым и таурыхъ» (1985), «Вагъуэбэ» (1988), «Нэхулъэ» (1991), «Лъапсэ» (1995),

«Псэм и макъ» (2005), н.) граждан лирикэкIэ, хэкур зыгъэлъапIэ поэмэхэмкIэ гъэнщIащ. Ахэр анэм, адыгэбзэм, адыгагъэм, лъагъуныгъэм теухуащ. Анэм хуэфащэ пщIэм ехьэлIауэ етх:

*ПщIэрэ дыгъэр щIыбкIэ зэримыкIуэтыжыр?*
*Анэр зэ пфIэкIуэдмэ, зэрумыгъуэтыжыр!*

А гурыщIэ дахэм теухуауэ нэгъуэщI усэм дежи АбытIэм гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр щызэIуещэ. Iуащхьэмахуэ и щыгум гъэмахуэми уэс телъщ, къыбгъэдэт нэхъ бгы лъахъшэхэм уэсыр текIыжащ. Абы и щхьэусыгъуэмкIэ езы Iуащхьэмахуэ йоупщIыр. Бгы уардэм жэуап къет:

*ЩIыIэр хуабжьу ткIийуэ щыетам*
*А зи гугъу пщIы бгыхэр сэ си бынщ,*
*Бынхэм гуауэ куэд яльызмыгъэсу*
*ЩIыIэм я нэхъыбэр сэ къэсщтащ.*

Мы усэхэр гум къинэж образкIэ гъэнщIащ, ауэ АбытIэ Хъызыр лирикэм нэхърэ нэхъ къехъулIэр эпосым пыщIа жанрхэрщ, псом хуэмыдэу поэмэрщ. Сюжет хьэлэмэткIэ гъэнщIащ абы и поэмэхэу «Шу телъыджэ», «Зурьят», «Хасэ», «Лъапсэ» зыфIищахэр. АбытIэ Хъ. публицистикэ лэжьыгъэ зыбжани итхащ. Абыхэм щызэпкърихащ бзэм, лъэпкъым и тхыдэм, гъэсэныгъэм теухуа Iуэху зэхэмыбзхэр. Хъызыр и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ зыбжанэ еджапIэхэм я програмэхэм хыхьащ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и етIуанэ Iыхьэм шэрджэс поэзием къыхыхьауэ зи цIэр фIыкIэ зыгъэIуа усакIуэхэм ящыщщ АбытIэ Владимир (1937), Дэбагъуэ Мухьэмэд (1941-2002), Иуан Щамел (1962-2015), Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ (1961). Мы гупым тхылъ щхьэхуэ къыдэзымыгъэкIа яхэткъым. Псори журналист Iэзэхэщ, адыгэ газетым щылэжьахэщ, очерк, рассказ, повесть гъэщIэгъуэнхэр ятхахэщ. (Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ ноби «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэщ). Илъэс куэдкIэ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа Дэбагъуэ Мухьэмэд, прозэм, псом хуэмыдэу драматургием, хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам къыпэкIуэу «КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ. Дэбагъуэм уси итхыу щытащ, ахэр мащIэми, уэрэд цIэрыIуэ зыбжанэм я лъабжьэ хъуащ. («Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?», «Ар лъагъуныгъэщ», «Си дахэ», «Си дунейр къысхуэгъэнэху», «Хьэбэч Умар», н.).

АбытIэ Владимир и къару нэхъыбэу зыхилъхьар прозэрщ (повесть, рассказхэр, роман куэд итхащ), ауэ къызэрыщIидзар усэныр арат, и усэ тхылъ зыбжани щхьэхуэу дунейм къытехьащ: «ЩIалэгъуэр мэусэ» (1961), «Си кхъащхьэ» (1964), «В краю степей и гор» (Москва, 1964), «Анэл» (1969).

Шэрджэс поэзием бзылъхугъэ усакIуэхэми я макъ щагъэIуащ. Я цIэ къиIуапхъэщ Кхъуэхъу Хъанэ, Мыжей Мамыржан, Хьэкъун Риммэ, Абидокъуэ Люсанэ, Тхьэгъэпсэу Альбинэ сымэ. Мы усакIуэ гупыр

лирикэм хуолажьэ, дунейм и дахагъэр, лъагъуныгъэм и IэфIагъыр къагъэлъагъуэу. Ди гуапэ зэрыхъунщи, философие зыщIэлъ усэхэри къагъэщIын яхузэфIокI. Хъанэ етх:

*Сыт и теплъэ насып щыпкъэм,*
*Абы щыгъыр хэт и фащэ?*
*Е ар гугъэщ, псэр хущIэкъуу,*
*Е гухэлъщ зыщумыгъэнщIу.*

НэгъуэщI усэ кIэщIым дыкъыщоджэ:

*ШалъэкIэ хъэфизу ущымытмэ,*
*Плъагъункъым узэрыкIыну псым,*
*УаймылъэIуауэ жагъуэгъухэм*
*Пхутралъхьэ лъэмыжыр зэрытIасхъэр.*

Мыжей Мамыржан лъагъуныгъэ усэхэр дунейм и къэхъукъащIэмкIэ егъэщIэращIэ, абыхэм уагъэгуфIэми уагъэнэщхъейми образ зэхуэмыдэхэр къагъэщI. «Шэдыгъуей хужь» усэм деж фIыуэ зэрылъагъухэм жыг гъэгъар я зэхуаку дэтщ. Зэм лIыхъужьым жеIэ: *«Уи щIыбкIэ хуэмурэ зэплъэкIи, плъагъунщ жэщыбг уи унэм къытеуар, щхъэгъубжэ кIыфI ибафэ зытеуар»*, иужькIэ, лъагъуныгъэм и гъуэгум щыуагъэхэр къытехьами, мафIэр ужьыхами, *«Iугъуэм зрагъэу, щIыIэр къагъапцIэу»*. Усэр гугъэ зыщIэлъ гупсысэкIэ еух:



*УсIрехыф зыгуэрым, иреплъэкIи...*
*Уи щIыбкIэ, си псэ, хуэмурэ зэплъэкIи,*
*Плъагъунщ ди унэ кIыфIым IэщIэкIар,*
*Шэдыгъуей хужь ди куэбжэм къыдэкIар!*

Лъагъуныгъэр тIум зэдамыгуэшыфми, ар зи псэ хыхьам Iей игу къэкIыркъым, фIылъагъуныгъэкIэ къыпэмыджэжыфми гукъанэ хуищIыркъым. Абы и щыхьэтщ Мыжейм и сатырхэр:

*УзыщIэхъуэпсыр сэрмырами,*
*Сыхуейщ... уи бампIэ къыстеуами,*
*Сэ къызэузми уи псалъей,*
*Къыпхуреиж уэ узыхуей.*

Мыжей Мамыржан и усэхэм нэхъыбэр лъагъуныгъэ лирикэм и жыпхъэм итщ. Абы ещхькъым Хьэкъун Риммэ и усэхэр. Ар лъэпкъ, жылагъуэ Iуэхухэм, адыгэ тхыдэм теухуауэ мэусэ. «Бзум и псалъищ» зыфIища усэм Риммэ адыгэ хъыбарыр лъабжьэ хуещI. Бзу бгъэгупль цIыкIур псым щхьэщолъатэ, абы щыхэплъэкIэ, и бгъэм псыр плъыжьу ирегъэлъагъуэ. Ар лъыуэ къыщохъури, емыфэфу мэлъэтэж и псалъищым къытригъазэу: «Псы сыхуолIэр, тIу». УсакIуэр бзум «йоупщIыр», «сыт абы и акъылыр сымаджэ зыщIар», «Лабэ псым лъы щагъажэм и бгъэгур хищIа», «Къарэмырзэхэ я къуажэр щызэтраукIэр илъэгъуа?».

УсакIуэм бзум и бампIэр зыхещIэ, езыми Лабэ деж «и Iур щогъущ», абы игури зауэжьым иIыгъщ, езыри, бзум хуэдэу, лей зраха лъэпкъым щхьэкIэ псы зыхуигъэлIэну хьэзырщ.

Хьэкъун Р. адыгэбзэм и къэкIуэнум, тхыдэм, адыгэ хабзэм, хэхэсхэм я псэукIэм ирогузавэ. И зы усэм деж абы щетх:

*КIуэдари нобэ дгъеижын дыхуитщ.*
*Ди лъэпкъыр хейщ – къэнари, икIыжари,*
*Фхъумащ фэ ди тхъэр, дэ тхъумащ ди щIыгур,*
*Зэгуэпх мыхъуну зыр адрейм къыхуэтщ.*

Хьэкъун Риммэ и «Шопен и нэпсхэр» усэм макъамэмрэ бзэмрэ щызэрегъапщэ: а тIуми я къарур инщ, псэр зыгъэпIейтейщ, акъылыр зыгъэлъащэщ:

*Зэми щэIу макъыр къыхоIукIыр,*
*Зэм къоIур макъхэр уафэхъуэпскIыу,*
*Зэм ар хым ещхьу къоукъубейри,*
*ИужькIэ дэпу мэужьыхыжыр.*

*Минор макъамэр мажор мэхъури,*
*Дыгъэ нур гуфIэр си гум къоплъэр,*
*Лэгъупыкъу дахэр си нэгъуджэу,*
*Си гур IуэхуфIхэм хуоушыжыр.*



Ди жагъуэ зэрыхъунщи, шэрджэс поэзием и фIагъыр къэзыIэта усакIуэхэм я нэхъыбэр гъащIэ кIэщI хъуахэщ (Дыгъужь Къурмэн, Нэхущ Мухьэмэд, Пхъэш МуIэед, Бемырзэ Мухьэдин). 90 гъэхэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдейми, Шэрджэсми, Адыгейми литературэм къыхыхьэ усакIуэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щыхъуащ, литературэм щыхуащI пщIэри къэлъэхъшащ. Дауэ мыхъуми, гъащIэр къэувыIэркъым, шэрджэс поэзием иджырей щIэблэм щыщ усакIуэ зыбжани, нэхъыжь тхакIуэхэри хуолажьэ.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

***P.S.*** *Шэрджэс литературэм и зыужьыныгъэм нэхъ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм ящыщ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин и творчествэм теухуа тхыгъэ щхьэхуэ ди журналым и къыкIэлъыкIуэ номерхэм языхэзым тетынущ.*



*Хьэмыз Руслан Хьэжсет и къуэр КъБАССР-м хыхьэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ Къармэхьэблэ къуажэм 1955 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр 1972 гъэм дыщэ медалкIэ, Ломоносов М. В. и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и химие факультетыр 1977 гъэм диплом плъыжькIэ къиухащ.*

*Хьэмызыр химие щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ и институтым, Вернадский В. И. и цIэр зезыхьэм, и лабораторэм и унафэщIщ икIи абы и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьщ. Ар ящыщщ физическэ химиемкIэ дунейм щынэхъ цIэрыIуэ IэщIагъэлIхэм.*

*Москва псэупIэ хуэхъуами, Руслан зэи игу ихуркъым къыщалъхуа лъахэр, и лъэпкъэгъухэр, и Iыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ. Абыхэм гукъуэпскIэ зэрапыщIам щыхьэт тохъуэ ар щIэх-щIэхыурэ лъагъунлъагъу къызэрыкIуэжыр.*

*И IэщIагъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, Хьэмызыр кууэ щыгъуазэщ дунейпсо тхыдэм, щэнхабзэм, гъуазджэм. Псом хуэмыдэу зыпищI щыIэкъым адыгэ литературэмрэ и анэдэлъхубзэмрэ. Арауи къыщIэкIынщ, филологие щIэныгъэ имыIэми, зэдзэкIын Iуэхум зыщIритар. Абы теухуауэ езыр Руслан мыпхуэдэу жеIэ: «... тхыгъэ гугъухэр, псалъэм папщIэ, усэ купщIафIэхэр адыгэбзэм къидгъэтIэсэныр тхузэфIэкIыну, абы щыгъуэми, я щIагъщIэлъ гупсысэхэр, мытхауэ япкърылъ гурыщIэр, псантхуэр дымыгъэкIуэду? Сэ сщIэркъым зи ужь сихьа Iуэхур къызэрызэхъулIэнур, абы уасэ хуэзыщIыфынур журналым еджэхэрщ. Егъэлеяуэ сыгуфIэнт, си зэдзэкIыгъэхэр цIыхухэм гунэс ящыхъуатэмэ...»*

*Хьэмызым Iэзэу адыгэбзэм къригъэтIэсащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм яуса урыс уэрэдхэм ящыщ зыбжанэ. Апхуэдэу, иджыблагъэ абы и кIэм нигъэблэгъащ Пушкин Александр и «Евгений Онегин» тхыгъэ цIэрыIуэр зэдзэкIыныр. Ар куэд мыщIэу тхылъ щхьэхуэу дунейм къытехьэнущ.*

*Усэу тха романыр зэрыщыту къытеддзэну Iэмал дызэримыIэм къыхэкIыу, фи пащхьэ идолъхьэ абы щыщ едзыгъуэ щхьэхуэхэр, авторым зэрызэридзэкIам хуэдэ дыдэу. Мы лэжьыгъэм арэзы узытемыхъуэ сатыр гуэрхэм ущрихьэлIэми, нэхъыщхьэр аракъым. Нэхъыщхьэр – а тхыгъэшхуэр зэдзэкIыным адыгэ щIалэм зэрызрипщытарщ, анэ бызыдзышэм щIыгъуу и лъым къыхыхьа и анэдэлъхубзэмкIэ ар къигъэпсэльэну зэрытегушхуарщ. Адыгэбзэм и беягъым иджыри зэ щыхьэт техъуэ мы зэдзэкIыгъэр къызэрыфщыхьуар къытхуэфтхамэ ди гуапэ хъунт, авторым и фIыщIи къыфлъысынт.*

# ПУШКИН Александр

# ОНЕГИН ЕВГЕНИЙ

*Усэу тха романым щыщ едзыгъуэхэр*

## Пэублэ псалъэ

*Pétri de vanitéil avait encore plus de cette espéce d'orgueil quifait avouer avec la méme indifférence lesbonnes comme les mauvaises actions, suite d'un sentiment desupériorité peut-étre imaginaire.*
*Tiré d'une lettreparticuliére**

Тезгъэуркъым я зэш жылагъуэм,
Нэхъ пагэм е хэгъэфIыкIам;
Ныбжьэгъу, мы си шэсыпIэр плъагъум,
Сыхуейт, пхуэфащэу къыщIэкIам.
Хуэфащэу хэти, зи псэр дахэм,
ЩIыхь пылъу гугъэ гъэзэщIам,
Псэ Iуту, нэхуу яусахэм,
Гупсысэр лъагэу, тыншу щIам.
Хэт укъыдэщIыми, къайгъэншэу
Узот-тIэ тхыгъэ зэмыфэгъу:
IыхьитI нэщхъейуэ, зыр ягъэншэу,
КъызэрыгуэкIыу, зыр дагъуэншэу,
Гугъу семыхьамэ, къысхуэгъэгъу;
Хэслъхьащ си жейр, си дэрэжэгъуэр,
Акъыл гущIыIэм къилъэгъуар,
Си ныбжь хуэлэжыр, си щIалэгъуэр,
Сигу пцIанэм хэти хуигъэгъуар.

** Езы Пушкиныр псэуужэ и романыр япэу къыщыдэкIам щыгъуэ и лIыхъужьым щхьэкIэ ищIа еIуэлIапхъэ — зэдзэкIыгъэ: «АпхуэдизкIэ ар щIыхьщIэкъути, и хьэлым хэлът зыми емыщхь пагагъэ, арат зэхуэдэу гухэщтыншэу абы зыщIиумысыжыфыр, IуэхущIафэ ищIар фIыми Iейми, — ар къызыхэкIыр, щыуэми, зыхищIэрти арат, адрей цIыхухэм ефIэкIыу» (франц., щхьэ закъуэ IуэхукIэ ятха тхыгъэм щыщ. )*

# Япэ Iыхьэ

*ЩIегъэIэ гъащIэри, гурыщIэр йопIэщIэкI.*
*Вяземский П.*

## I

Си адэ къуэшыр хъунут щапхъэ:
Сымаджэу пIэм къыщыхэнам,
Сигъэгъуэтащ, схуэмыхъуу, щIапхъэ —
Хэтыт хуэмейр щIэин къэнам?
Абы и щапхъэр тхуохъу щIэныгъэ,
Ауэ пхуэшэчрэ-тIэ, умыгъыу,
Убгъэдэсыну жэщи махуи
Мы кхъахэм, бжьыхьи кIуэху, щIымахуи;
Ар хъун, умыщIэу уэ гурыщхъуэ,
ЛIыжь ныкъуэдыкъуэр тебгъэун,
И щхьэнтэр хуэбгъэбырыбын,
Нэщхъей пщIын нэгур, щепткIэ хущхъуэ,
Щэхуу убжэн: «Ешхыпэр сил,
Зэ къыпхуэкIуащэрт Iисрафил!»

## II

КъыфIэщIт а псор щIалэ Iуэхуншэм,
Пощт шыгу сабалъэм дыридзейм,
Тхьэшхуэм и фIыщIэкIэ, узыншэм,
Благъэу иIам и мылъкур зейм.
«Руслан, Людмилэ» нэхъ иужьым
Ит си романым и лIыхъуужьым
Фыхуэзгъэзэну сопIейтей:
Ныбжьэгъу фхуэхъункIи хъунщ пщэдей.
Онегин, мы си Iупэфlэгъуэр,
Нева и Iуфэщ къыздалъхуар,
Фи къалэ лъахэм сщIэркъым ар,
Фэ фыщыIам, кIуам фи жэрэгъур;
Ищхъэрэм хъуакъым сэ сесэн:
СфIэфIкъым уэс цIынэ къыстесэн.



7 Заказ №406

III

И адэр дзэм хэтащ гъуэзэджэу,
Ауэ къулыкъур щиухам,
Бал ит хъуащ къищтэу щIыхуэ Iэджэ;
НэхъыфIт сом гуэри дидзыхам.
Евгений щысабий нэкIуплъым,
Япэху *Madame* щытащ кIэлъыплъу,
ИужькIэ къыхуащтащ Monsieur:
ФIыуэ ялъагъут сабий жан Iейр.
*Monsieur l'Abbé*, француз теплъэншэм,
И егъэджэкIэр хэти ддэнт,
ГушыIэ хуэдэт, телъэфэнт,
Щысхьт щIалэ цIыкIум, мыхьэнэншэу
КъыфIэщIт гъэсэныр щыкъуейщIейм,
Ар «Летний садым» щыхьэулейм.



IV

Псэр щызэщIэстэ и щIалэгъуэр
Къихьащ. Евгений дахэщ, жанщ.
Къыщысым а зэман гугъэгъуэр,
*Monsieurи* пщIантIэм дахужащ.
Хуит хъуащ Онегин, ар пфIэмащIэт,
ЗигъафIэрт хуейм, зигъэщIэращIэрт,
Париж щIрегъащэ щхьэц, жыпIэнт,
Е Лондон *dandyу* зихуэпэнт,
Сыт щыгъуи французыбзэр дзыншэт,
И псалъэр, тхыгъэр дахэкIейт,
Щхьэщэ пхуищIын? Узэрыхуейт,
Къэфэфт мазуркэ екIуу, тыншу.
Жылагъуэ нэхъ хэгъэфIыкIам
Хыхьащ, сыт хуейт абы фIэкIа?

V

Дыкъапщтэм псори, мащIэ-мащIэу,
Зыгуэрурэ зыгуэр деджащ,
ЖыдоIэ псоми дэ игъащIэм:

«Ди гъэсэныгъэр гъуэзэджащ».
Онегин, зэрыжаIэу куэдым,
(Иныкъуэми хеящIэм хуэдэу)
Зы имыджам, ахъырзэмант,
Насыпу иIэт зы талант:
Химыгъэзыхьу псэлъэныгъэм,
Мыкуууэ сыти еIэбын,
Куум деж щым хъун. ЩIэныгъэ бын
ПфIэщIынт, нэгъуэщI уэ уимыгугъэм;
ЦIыхубзхэм усэ дыхьэшхэн
ФIэфIт щхьэ иIэбэу яхихьэн.

VI

Хэтыжкъым модэм латиныбзэ,
Ауэ, вжесIэнщи псалъэ пэж,
Эпиграф къом абы игъабзэу,
Щыгъэ нэхъей, зэбгъэдигъэжт.
ФIэфIт къыхигъэщым Ювенали
И псалъэм, тхыгъэм пищэрт: vale,
Феплъ Энеидэм и IыхьитI:
КъывжиIэфынкIи хъунт уситI.
Гугъу зыригъэхьу къихутэну,
Пкъырыпкъыу, къыщыхъуар щIыгулъ,
Зы махуи жэщи игу имылът,
Псалъэ гушыIэкIэ фIэфIт тэну,
Ромул щыщIэдзи уэ зэман,
ЩыIамэ ищIэрт зы ауан.

VII

Гугъущ тхьэм тхьэкIумэ къуимытамэ,
Гур дэзыхьэхыр уумейм:
Дапщи абы дыпэмытамэ,
Хигъэзэрыхьт ямбыр хорейм.
Гомер ехъурджэт, Феокрит,
Илъагъурт фIыуэ Адам Смит,
Тыншу къыфIэщIт зэгъэзэхуэн
ЩIэныгъэ гъуэгум урикIуэн;
ЖиIэнт, уригъэджэну пыту:

*Iэужь къызэрыгуэкI* къудейм
ЕщIыф къэралыр бей, ухуейм,
Дыщэри ахъшэри хэмыту.
А псор и адэм къилъыта,
ЩIыр ахъшэ щIыхуэ щхьэ щитам?

VIII

Нэгъуэщ1и ищIэ хъунт Евгений,
КъэсщIэжу псори къезбжэкIын?
ЩIэныгъэ щыIэт ар здэгений,
ЗыхуеIэр здыхузэфIэкIын;
Ар дэзыхьэх зэрысабийрэ,
Изыгъэжыхьу и пIэм дийуэ,
ИужькIэ пщтыру къэзыгъэплъ,
Жыджэр зыгъэхъу, хуэмейу санэплъ.
Ар лъагъуныгъэм и щIэныгъэт,
Куэду зыхуэуса Назон,
Къызыхуэмыгъуу лей зыкъом
Зрагъэшэча, иIами лIыгъэ:
ХамэщIым къыхуихуащ лIэжын,
Мыхъуу Италием кIуэжын.

X

ЗригъэщIащ щIэх бзитIщхьитIыгъэ,
Гухэлъ бзыщIын, ефыгъуэлIэн,
ПIихын, пхуигъэбэгъуэн уи гугъэр,
Нэщхъейуэ, узригъэлIэлIэн —
IэщIэлът Iэмалу куэд: IумпIафIэ
ЗищIыфт щыхуейм; имысу мафIэм
БэнакIуэ жьакIуэу зэ плъагъунт,
Зэ гурыхь щабэ зигъэхъунт.
ФIылъагъун тхьэмпэ хэт хуитхамэ,
И фIэщ ищIынт: «Си пщIыхьщ уэ зыр,
Уэр щхьэ сылIэну сыхьэзырщ».
Зэ гуакIуэу плъэрт, зэ зищIырт хамэ,
ГуфIэнт, уигъэлъагъунт дыгъэпс,
Щыхуейми кърригъэкIуэнт и нэпс.

XI

ФIэфIlейт зигъэлъэгъуэн цIыхущIэу,
Телъыджэ зи гур зэIухам
ХуиIуатэу игъэщтэн. ЗымыщIэр
Дихьэхт хъыбар игъэдэхам.
Дакъикъэр, цIыхур щыгумащIэр,
БлэмыкIыу къигъэсэбэпынт,
Хьэщыкъ хъуар пцIым зэгуигъэпынт?
ИмыщIэу щIищIэр къедэхащIэрт.
Игу ирихьам игу илъ къищIэхукIэ,
Ар хигъэзыхьу елъэIунт,
Абы игу макъым щIэдэIунт,
Iуэху зэфIэкIыху лъагъунлъагъу щэхукIэ...
Я закъуэ хъуамэ езы тIум,
Хуригъэджэнт Iэщlагъэ куум.

XII

ЛъэкI пасэу хъуащ, игъэпIейтейуэ,
ЦIыхубз фэрыщIхэр дихьэхын,
И никъуэкъуэгъухэм, зэрыхуейуэ,
Я щIыхьыр щIым ирахьэхын;
Ещхьт бэджым, гуауэу ар щыубэм,
И хэгъэрей щхьэ, инэхъыбэм;
Цlыхухъухэм щхьэ тIэкIу яхухэт?
Я ныбжьэгъушхуэуи яхэтт.
Iуэху щэху зыхуиIэм и щхьэгъусэр,
Фобласыр щайуэ, къыщытхъунт,
Лlы уарди, дзыхьмыщI лIыжьи хъунт
КъигъапцIэр зыхуэттхам мы усэр:
И бжьакъуэр уэ пхупыудын,
И фызым хуейм игъэпудын?

XXIX

ЩIалэгъуэ, лъагъуныгъэ пIалъэм,
Бал жыпIэм, сфIэахъырзэмант,
УзэIущIэн, жыпIэн щэху псалъэ —

Бгъуэтынт нэхъыфIу уэ зэман?
Фыз зиIэм пщIэи изгъэIэну,
Сыхуейщ псалъэ зытIущ жысIэну:
Мы Iуэхум фIыуэ хызощIыкI,
ЗивгъэIэ фэри зэхэщIыкI.
Пхъум кIэлъыплъын хуейщ анэр быдэу,
Фыбэлэрыгъым зы сыхьэт,
КъыпэмыкIуэнкIи хъунщ мэсхьэт,
Изакъуэу къэвгъэнэн фымыдэ.
Сужэгъури сэ гуэныхь къэсхьын,
ЩысгъэтыжакIэщ къэскIухьын.

L

Слъагъуну пIэрэ хуитыныгъэ?
Дапщэщ! — сезэшкъым сыхуеджэн;
СыIутщ тенджызым, сежьэу дыгъэм,
Къэсамэ сеплъу кхъухь чэтэн.
Дапщэщ, скIэрыхуу абрэмывэр,
Си кхъухь, толъкъуным пэрыувэр,
Хы щIыIум жьым щырихьэжьэн,
Хэт адрей Iуфэм къызэжьэн?
Сэ фIыуэ сымылъагъу къэхъукъащIэр
Сыбгынэмэ, сыкIуэнщ пщэдей
Си Африкэм, хы хуабэм дей
Сыхъунщ Россием щхьа гумащIэ:
ФIы здэслъэгъуам, гугъу сыздехьам,
ЩIым си гухэлъхэр здыщIэслъхьам.

LI

Хьэзырт Онегин сэ си гъусэу
Гъуэгу техьэу илъагъун хамэщI,
Дежьэным, ауэ, дынэмысу,
КъылъэIэсащ хъыбар гухэщI,
Дунейм и адэр ехыжауэ.
Хэти фейдэм хуэгъэпсыжауэ,
Я деж цIыху куэд щызэхуэсащ,
Я щIыхуэIыгъти лIар — къэсащ.

Евгений фIыуэ имылъагъуу,
Щхьэхау щIидзэн хеящIэ Iуэху,
Нэхъ хъуну псоми я гупсэху,
ЩIэиныр яритащ жылагъуэм.
Зыгуэр щыгугъ хъунт къигъуэтын,
И адэ къуэшым къритын.

LII

Ар пэжу, зэман куэд блэмыкIыу,
Къихьащ и къуэдзэм, пIащIэу, тхылъ:
И адэ къуэшыр, мылIэ щIыкIэ,
Iыхьлыр илъагъужыну пылът.
Къыщеджэм тхьэмпэ тхам нэщхъейуэ,
Зигъэхьэзырри псынщIэIейуэ,
Пощт шыгум, блэкIым, зыридзащ,
Хущхьэни занщIэуи щIидзащ.
Мылъку щхьэкIэ пфIэкIуэдынщ Iиманыр,
Сыт пщIэн, ухуеймэ уэ щIэин:
ФэрыщI ухъунщ, хъунщ уи пцIыр ин,
(ЩIэздзат апхуэдэу си романыр);
Тхьэм жиIэм,  нэсыфын къудейт,
А псом хэмыту хьэдэм дей.

LX

ЩыщIэздзэм сегупсысырт планым,
Сыт си лIыхъужьым сэ фIэсщын?
А псом сыхэту си романым
И япэ Iыхьэр хъуакIэщ стхын.
Сыхэплэжащ крикIуам нэхъ гуащIэу,
Зэхуэмыхъугъэр збжым — мымащIэ;
Сыхуейкъым, ауэ, зы схъуэжын,
Цензурэм хуэзэр естыжынщ;
Сэ журналистхэм, хуейм сашхыну,
Естынщ къихьар сызэлэжьам,
Нева деж кIуэж, укъыздежьам,
Уи лъахэм, здыщIэздзам устхыну;
Къысхуэхь, схуэфащэмэ, сэ щIыхь,
Зыхуейри зытегъэхъущIыхь!

# ЕтIуанэ Iыхьэ

*O rus! (Hor.)*[1]

I

Евгений здэIуэхуншэ къуажэр
Плъэгъуамэ, щIыпIэ дахэкIейт,
ЩIыуэпс зыфIэфIхэм я нэхъ пажэр
Тхьэм зыхуелъэIум щыщт, фIыкIейт.
Зиусхьэн унэр щытт щхьэ закъуэу,
Жьыр хуэм зыщI бгыр и гъусэм, тIакъуэу,
И лъабжьэм уплъэм, псыежэхт,
Ихъуреягъкlэ удихьэхт
ХъупIэ къуэлэнхэм, гъавэ щIапIэм,
Iэхъушэ хъупIэм текъухьам,
Къуажэ цIыкIу плъагъухэм, къэпкIухьам;
Жыг хадэ къыбгъэдэтт щIыхьэпIэм:
Мэз Iуву, щIэкIи, ар плъагъунт,
Мэз гуащэ увыIэпIи хъунт.



II

Щыгъуазэт унэр зыухуахэр,
БыдапIэ пщIымэ, узыхуеймn:
ПсэупIэм я нэхъ быдэр, дахэр
ЩащIауэ къыщIэкIынщ ижьрейм;
ХьэщIэщым, пэшхэм блынхэр лъагэт,
ЩэкI еIулIар зымыдэр пагэт,
Пащтыхьхэм я сурэтхэр фIэлът,
Хьэкущхьэхэр мывэ зэхэлът.
А псори, ауэ, хъуа хъунт кхъахэ,
ЕупщIи ди ныбжьэгъум, сыт,
Мы унэм дауэ ухущыт?
(УпщIа апхуэдэу хъунт еплъахэр):
ЩIэкI-щIыхьэу, хущхьэу къиджэдыхьт,
ГурыбгъэIуэнум — ар Iуэху кIыхьт.

III

Идащ щIэтIысхьэм пэш нэхъ ищхьэу
ПсэухукIэ лIыжьыр здыщIэсам,

ІункІыбзэзехьэм фІэнэу, хущхьэу
Е бадзэ еуэу здэщысам.
КъызэрыгуэкІыу щІат, шхафэгуу
КъыпфІэщІырт пэшыр: жыгей лъэгум
Тетт Іэнэ, тахътэбан, шкІафитІ,
Бгъуэтынтэкъым шакъэ бжьыгъитІ:
Хьисэп здащІ, махуэрыбж тІорысэ
Зым тхылъхэу дэлът, къыдэтт адрейм
Сатыру шагъыр ІэфІ, ухуейм,
Аркъэ, къыщІахур мыІэрысэм.
Къигъанэу зэикІ Іуэху зыпылъ,
Иплъакъым лІыжьыр нэгъуэщІ тхылъ.

IV

И закъуэу мылъку убгъуам къытени,
А мылъкур къэзымылэжьар,
Къэхъунур сыт? Арат Евгений
ИщІэн телъыджэ щІыхуежьар.
Гупсысэщ фІыуи ди Іущ иныр,
Ижьрейм къикІ пщІэншэу пхуэпщылІыныр
Ясакъ тынш тІэкІукІэ ихъуэжащ,
Хуимытхэр тхьэм ельэІужащ.
ПщылІ зиІэ и гъунэгъухэм, ауэ,
Ар Іуэху мыхъуну къалъытащ,
Зым ІупщІэ ин ищІын пытащ,
Адрейр пыгуфІыкІащ, зищІауэ
Мыбзаджэ. Хуэпсэлъами хэт
ЖиІащ: зэранщ икІи хухэтщ.

V

Куэд хьэщІэу япэхункІэ къакІуэрт,
ИужькІэ цІыху игъэІущам
Къигъэст унэ щІыбагъым хакІуэ,
Къэзакъыш пщтыр зэгъэпэща:
ЦІыхвынт зыгуэр къызэралъагъуу,
Зэхахым гъуэгум тет къэблагъэу;
ІуэхущІафэ Іейм иужь гъунэгъу
Къэнакъым, хуейуэ хъун ныбжьэгъу.

«Гъунэгъу тхуэхъуар дэ акъылыншэщ:
Ар фармазонщ; химыкIэу псы
Шагъыр къудей ирегъэпсых,
ЦIыхубзхэм щхьэкIэ гукъэкIыншэщ,
ЖиIэнкъым *хьэуэ-с* е *атIэ-с»* —
ФIащащ хабзэжьхэр зэзымыпэс.

VI

И къуажэ лъахэм а зэманым
Къигъэзэжащ щIыр, щIапIэр зейм;
Гъунэгъухэм ари къамыгъанэу,
ЩIадзащ псэлъэн: хэт, сыт зыхуейр?
Владимир Ленскийт цIэ-унэцIэр,
Фхуэстхынщи къалэ нэмыцэцIэр,
Геттингэн жыжьэм къикIыжат,
УсакIуэу, иджу Кант жаIат.
Щыхъуат Германие пшагъуэщIым
Еджэну цIыхум и телъхьэгъу,
Щхьэхуит хъуну зыхуеййм и фIэгъу,
Емыщхьу куэдым пфIэщIт, нэгъуэщIу;
Гухэхъуэ хэтт и псалъэ къэс,
Зэрихьэрт щхьэц и дамэм нэс.



VII

Дунейм щызекIуэ Iужажагъэм
Иджыри имыгъэхуэда,
Зы пщащи зымыщIа и жагъуэ,
ГущIэгъур зыфIэмыкIуэда;
ЩIалэIуэт ари, ищIэр мащIэт,
Хэт гугъэ иIэм, хуэгумащIэт,
Дихьэхырт, хуищIырт цIуум гурылъ,
ЖаIам макъышхуэу — шэч хэмылът;
Зыгуэр щхьа и гум шэч къихьами,
ТригъакIуэрт псом хъуэпсапIэ IэфI,
Игъэдэхэну гъащIэр фIэфIт,
Ар пщIыхьу фIэщIт, емыпщIыхьами.
Гурыщхъуэ имыщIыну хэтт,
Хилъагъуэрт гъащIэм хьэлэмэт.

VIII

И фIэщт: зэгуэрым псэ нэIуасэ
Хуэзэнщи, я псэр зэрыщIэнщ,
Пщэдей ирехъу ар, е нэхъ кIасэ,
Къыхуейуэ пщащэ къыIущIэнщ;
КъыфIэщIт ныбжьэгъухэр хуэхьэзыру
Езым щхьа сыт хуэдэ тезырым,
Хэт пцIы къытрилъхьэм, ямыдэн,
ЦIыху Iейхэм пэраубыдэн;
И гугъэт, къыхихамэ гъащIэм,
Гъунэгъухэм ар къагъэпэжын,
Ныбжьэгъухэр фIэмыкIуэдыжын;
Хуейт зэIуихыну гъуэгу щIэращIэ,
ЩIым къытепсэну дыгъэ нэху
Ар гъащIэ гъуэгум тету кIуэху.

IX

Гукъеуэм е гу къэплъыныгъэм,
ЩIыхь IэфIым, щIишэчам бэлыхь,
Псэ къабзэу зэжьэ лъагъуныгъэм —
Нэхъ псынщIэу и лъыр кърагъэжыхьт.
Игъабзэу лирэр, игъэдахэрт
Шиллеррэ Гётерэ я лъахэр,
Итхар ещхьт ахэм яусам,
МафIэсу псэр зылъэIусам.
Езым щхьа зэикI гъуазджэ лъагэр
ЩIригъэгъуэжакъым — цIыху хэхат;
ГурыщIэ иным теухуат,
Гум къикIт уэрэду зэхилъхьахэр,
ГъэпцIагъэ зыхэмылъ мурад,
ФэрыщI мыхъуж — щIэтхар арат.

XI

А щIыпIэм хъунт Евгений закъуэ
Ди щIалэр къызыгурыIуэн,
Адрей гъунэгъухэр пфIэщIт зы лIакъуэ,
Гугъут уадефэн е уедэIуэн;

Арат щIимыдэр я зэхуэсхэр —
КъищIат я псалъэхэр здынэсхэр:
Я фадэ, я мэкъуауэ Iуэху,
Iыхьлыхэм хьэщ къызэращэху;
Хэмытт абы гурыщIэ дахэ,
Усыгъэ мафIэу блэн хэмылът,
ЩымыIэт акъыл жан, гурылъ,
Мыинт я зэхэтыкIэр ахэм;
Я фызхэм щIадзэмэ псэлъэн,
Нэхъ Iейт, узэшурэ улIэнт.

XIII

Хуэмейт нэчыхькIэ зэпхыныгъэм,
Гъунэгъухэм Ленский защидзейт,
Онегин закъуэм ныбжьэгъугъэ
Хуигъэлъэгъуэну ар пIейтейт.
IущIащ толъкъуныр мывэ джафэм,
Хъыбарыр — усэм, мылыр — мафIэм,
Къээбжахэр зэщхьу къыпфIэщIын?
А тIур зэхуэдэ пхуэмыщIынт.
Зэгъусэм, япэхун, езэшхэт,
ИужькIэ хъуахэщ зэбгъэдэс,
Шууэ зэхуэзэрт махуэ къэс,
Куэд мыщIэу, хагъэгъуащэрт зэшхэм;
Апхуэдэу цIыхухэр (къысхуэвгъэгъу)
Iуэхуншэм ещIыр зэныбжьэгъу.

XX

Сыт хуэдэу инт и лъагъуныгъэр,
Иджы апхуэдэ щымыIэж.
УсакIуэм къыпэщылът а фIыгъуэр
Е зэгуэпыгъуэр — зэрыфщIэжщ:
Сыт щыгъуи фIыуэ тцIыху хъуэпсагъэ,
Абы хэщIауэ, нэщхъеягъэ,
Сыт дежи дызэса гухэлъ.
ТIум я кум уэ гъуэгу кIыхь дэгъэлъ,
ЩIы, пхуэщIым, куэдрэ зэпэIэщIэ,

Зэманыр ирегъэгъэкIуэд,
ХамэщI щIрекI и нэгум куэд,
Усыгъэм е щIэныгъэм щIэщIэ:
Пхъуэжын псэр, гъащIэм емысар,
Иджыри мафIэм имысар?

XXI

ЗыщIар гъэр Ольгэт. ЩIалэтанэу,
Иджыри псэр щымыпIейтейм,
Мор щысабийм, щигъусэм анэм,
Дихьэхырт нэфIэгуфIэрейм.
Ар щигъэджэгурт жыгей жьауэм,
КъуейщIейуэ, къижыхьын щIидзауэ;
ЖаIэнт зэгъусэу зылъэгъуам:
Зэрыдгъэшэнт балигъ нэхъ хъуам.
Iэдэбу къэхъурт щIыпIэ дэгум
Хъыджэбз дахагъэкIэ гъэнщIар,
Iыхьлым ящIэфыр зыхуащIар;
Къэгъагъэрт ещхьу къэлърдэгум,
Къыхэплъым удз зэхэкIэжам,
И гъунэгъу псоми ятежам.

XXIII

Дгъэзэжым пщащэм деж, IурыщIэт,
Сыт щыгъуи нэщхъыфIагъэ хэлът,
Тетхат и нэгум и гурыщIэр,
УсакIуэм ещхьу гу хьэлэлт;
И нитIым уеплъым — уафэ щхъуантIэт,
Жуныгу щхьэц дахэхэм заIуантIэт,
Макъ гуакIуэ къащти, е Iэпкълъэпкъ,
Ейт Ольгэм.., ауэ тхылъ илъэпкъ
КъыщыбгъуэтынкIи хъунщ апхуэдэ
Хъыджэбз теплъафIэм и сурэт,
Ар япэхункIэ си гум хэтт,
Иджы къысщохъу зэмангъэкIуэду.
Уэ, си тхылъеджэ, къысхуэгъэгъу,
И шыпхъу нэхъыжьыр сщIынщ гъунэгъу.

XXIV

И шыпхъум тщIам зи гугъу, Татьянэм..,
Иджыри къэс хэдмыгъэхьат
И къекIуэкIыкIэм ар романым —
Къыщалъхум цIэ фIащар арат,
Сыт-тIэ, пфIэдахэкъэ, уедаIуэм?
КъытхоIур ар макъ лъагэ наIуэу,
ЩIызгъунур, ауэ, зы къудейщ,
КъэсщIэжым, ар цIэ пасэрейщ.
Зыдумысыжым, дэри мащIэщ
Гупсысэу хэтлъхьэр щыттым цIэ,
КъэхъункIи хъунщ дэ дыкъэпцIэн,
Хуэттхамэ цIэм усэ щIэращIэ.
Дыщеджэм фIыт дагъэIущам:
ЩIыкIейм — щIыкIей, фIым — фIы фIэтщам



XXV

Зэреджэр, тщIэжмэ-тIэ, Татьянэт.
И шыпхъум и дахагъэм щыщ
ИмыIэт, псомкIи етIуанэт,
Абы и ныбжьым къыхэмыщт.
Нэщхъейт, псалъэншэт, пщIэнт ягъафIэу?
Мэз бланэм ещхьу, ар щтэгъуафIэт,
ЖыпIэнт, унагъуэ къыздалъхуам
Я хамэу, умыгъэунэхуам.
И адэ-анэм едэхащIэу
Хъыджэбз цIыкIу хьэлу ар щымытт,
Зэрысабийрэ гуп хэмытт,
Джэгуну гуп и ныбжьхэм ящIым.
Щысыфт и закъуэу махуэ къэс:
Щхьэгъубжэм Iусу жэщ къигъэст.

XXVI

Гупсысэм, и ныбжьэгъу нэхъ лъапIэм,
ЩыщIэдзи махуэ къыщалъхуам,
И гъащIэр жылэ къуэгъэнапIэм
ЩищIыфырт дахэ, мыдэхам.

И Iэпэ щабэхэм игъащIэм
ХэдыкI ямылъэгъуат зэращIыр,
Хуеямэ, шылэкIэ ар дэнт,
Къищтакъым зэикI щэкI чэтэн.
IэщIалъхьэ гуащэ пхъум нэхъ пасэу:
И жыIэдаIуэу и дадийм
Унафэ хуищIурэ, сабийм
Дурысыр къещIэ, ар ягъасэ.
И анэм жиIэ дерс къудейр
ИримыкъункIэ хъунщ пщэдей.

XXVII

Татьянэ, ауэ, апхуэмыдэт,
ЩыцIыкIум гуащэ къимыщта,
Джэгуалъэм дэджэгун имыдэт,
Абы епсалъэу щымыта.
Хэмытт сабийм я къуейщIеягъэм,
ЕдаIуэу фIэфIт хъыбар шынагъуэм,
ЩIымахуэ жэщыр хэкIуэтэху
Щысын, жеипIэм ираджэху.
Я сабиипIым зэхуишэсым
Джэгуэгъухэр Ольгэ щхьа я дей,
УдзыпцIэ щIыпIэ дахэкIейм
Щыджэгухэм, кIуэтэкъым зэхуэсым,
Иригъэзэшт дыхьэшх макъ зум,
Игъащтэрт Iуэху имычэзум.

XXVIII

IущIэну фIэфIт пщэдджыжь пшэкIэплъым,
Балконым жэщкIэ тетырейт,
Жэщ вагъуэхэм дахьэхырт, еплъым,
УнкIыфIыжыху я уджхъурейр.
ЩIы гъунэр хуэму къыщынэхум
Дэгъусэу жьым къыщIидзэрт щэхуу,
ЩIыуэпсым зыкъиужь къудейт,
ЩIымахуэм и жэщ ныбжьым ейт
Дунейм и зэхуэдитIыр, махуэм
ТIэкIу-тIэкIуурэ зигъэхьэзырт,

Къуэкlыпlэм къэхъурт дыгъэр плъыр,
Тридзэрт пшагъуэ, мазэр нахуэм.
Къэушырт ар сыхьэт щесам,
Зэманыр дауэ мыпасам.

XL

Псэ къабзэ зиlэ гуэр блэкlынкъым,
Си псалъэм, пцlы хэмыту стхам,
Стхар Летэ[2] псым щlэтlысыкlынкъым,
Къэнэну Тхьэм къыхуиухам,
Къэхъункlи хъунщ (ар гум фlэфl гугъэщ!),
Еджауэ фызыщымыгугъым
Жиlэнщ, къилъагъумэ си сурэт,
Усакlуэ инхэм мыр яхэтт!
Уи фlэщ щlы си арэзыныгъэр,
Хубощlри аонидхэм[3] пщlэ,
Пщыгъупщэжынкъым зэикl, пщlэм,
Жьым хуэдэу лъэтэжын си тхыгъэр,
Ухуэфlу узыхущытар,
Ар зейри щlэмыукlытар.



# Ещанэ Iыхьэ

*Elle était fille, elle était amoureuse.*
*Malfilâtre*[4]

I

«Аргуэру дэнэ, хъун ар lуэхуу?»
— Онегин, къысхуэгъэгъу, сошэс.
«Усlыгъкъым, ауэ пщlэр сыт щэхуу?
Уокlуэдри уэ пщыхьэщхьэ къэс»
— Сыщыlэщ Ларинхэ я унэм.
«Араи сыщlэхъуар шугъунэ,
Слъэгъуакъым апхуэдэ гъунэгъу,
Ар гугъукъэ, зыхуэщlыж гущlэгъу»
— Зымащlи. — «Къысхуэщlэну пlэрэ?
Пэж жысlэм, щэхуу ар блэгъэкl:
Унагъуэ тыншщ, къызэрыгуэкlщ,
Шейм щlыгъуу lэфl къыпхуахь, уэр-сэру

Фытопсэлъыхь щIэмычэу фэ,
Жуныгум, уэшхым, Iэщым, фэм...»

II

— Ар-тIэ Iуэху Iей, бэлыхьу уеплъми?
«Iуэху Iейр зэшыгъуэрщ, си ныбжьэгъу».
— Сэ гуп хэгъэфIыкIам сытеплъэ
ЩIэмыхъур бощIэ. Акъылэгъу
Унагъуэ бгъуэтым.. — «А щэнгъасэр
ЖумыIэ, зэхэсхащ дыгъуаси!
Аргуэру уокIуэ, сыт мыхъуам.
Зэт, Ленский, а узыщытхъуам
Я дей зэ сышэ, зы Филлидэ
Уи нитIми усэми къыхэщ,
Абы щымыIэу мыхъу си фIэщ;
Дапщэщми сыгъэщIыху зэ, идэм».
— ГушыIэ ар? — «Симыгугъа».
— Шэс-тIэ, гуфIэнхэт деблэгъам.



V

«КъызжеIэт, хэт а тIум Татьянэр»?
— Нэщхъейуэ дыщыIэху щысар,
Мыпсалъэу, пщIэжмэ уэ «Светланэр»[5],
Щхьэгъубжэм щыму бгъэдэсар. —
«Ар дауэ хъун? Уэ шыпхъу нэхъыщIэр
КъыщIыхэпхар сэ къысхуэмыщIэ»
— Сыт щхьэ. — «УсакIуэм йокIу адрейр,
Хьэл-щэн гъэнщIакъым Ольгэ ейр.
НэкIу плъыжьщ, хъурейщ, мазэ делафэу,
Уэ къысхуэгъэгъу, удихьэхам,
Мадонэм ещхьщ, Вандик итхам,
Ар плъагъуми мазэу, тету уафэм».
Владимир псалъэр кIэщI ищIащ,
ИужькIэ зиущэхупащ.

VI

Апхуэдэу Ларинхэ я хьэщIэу
Онегин къызэреблэгъар

Кърахьэкlащ ягъэщlэращlэу,
Ящlащ гъунэгъухэм ар хъыбар.
Щlадзахэщ хуэгъэфэщэныгъэм,
Зыр зым щигъэгъуэзащ и гугъэм,
Я фlэщу (тщlэркъым ар зэрыхъу):
«Татьянэ къигъуэтащ псэлъыхъу»;
Иныкъуэхэм жаlащ хэхауэ,
«Я дауэдапщэр хьэзырыпсщ,
Хьэпшып къахьахэри щlэрыпсщ,
lэлъынхэм йожьэ къыхахауэ»
И lуэхур Ленскэм щlауэ куэд
Щlадзакlэу ягъэlуа уэрэдт.

VII

Татьянэ жаlэхэм зэгуэпу
Едаlуэрт, ауэ щэхуу тlэкlу
Щlидзащ гупсысэу, къэплъу дэпу
Е къащтэу: «Си гум къихьэр екlу»?
Хуэмыхъуу и гур къызэфlэнэрт,
Иныкъуэм нэхуу къызэщlэнэрт,
Ар лъагъуныгъэм и щыхьэтт,
Къэтlэпlым, гъатхэм и сурэтт.
Езым куэд щlауэ и хъуэпсапlэу,
И натlэм кърихтхар, зыхуейр
Имыщlэми, фlэфlт иlэм ейр,
Гур хэхъуэу, е гуапагъэ лъапlэу.
Ар бгъэр зыкъузу бампlэ узт,
Зыгуэрым ежьэ псэр зыхузт.



VIII

Къэсащ зыпэплъэр… Ар и фlэщу
Жиlащ: «Къэкlуащ сыщlэпlейтейр!
Иджы ирехъу ар махуэу, жэщу,
Зэман сыщыплъэр, сыщыжейр
Абы ихьынущ»; ари пэжу,
Хъыджэбзым иlэр гукъыдэжу
Зытригъэкlуадэри арат,
Къыфlэмыlуэхуу псори хъуат:

Унагъуэр къызэредэхащIэр,
Е хьэщIэ къазэрыхуэкIуар,
Зэхихтэкъым къыжраIар,
И закъуэм фIэфIт, къыфIэщIырт мащIэу
Щыхуитыр. Зэгупсысыр зыт,
ЦIыху хуэмызэну арэзыт.

XI

И хъэтIыр нэхъ Iэта ищIауэ,
Къэхъуакъэ, тхакIуэ зэщIэплъам,
Ар щапхъэ нэс къытфIигъэщIауэ,
ЛIыхъужьыр щыдигъэлъэгъуам,
Иритым фIэфIт и Iупэфlэгъум,
Мызахуэхэм нэхъ Iейр зи жэгъум,
Акъыл нэхъ жан, хьэл-щэн гурыхь,
ТеплъэфI, хэт иIэм, нэхъ бэлыхь.
Къэтлъагъуырт, ди гур тфIыдихьэхыу,
ЛIыхъужьым и гухэхъуэ ин,
Армырмэ гъащIэм хуэмеин
КъытфIэщIырт. Тхылъ хуатхар щиухым
Хуигъазэу, текIуэрт бзаджэм, Iейм,
Дынэсырт дэри дызыхуейм.



XV

Татьянэ тIасэ, си псэм хуэдэ!
Уи гъусэу нэпсыр щIызогъэкI,
А гущIэгъуншэм уигъэкIуэдым,
Сыт пщIэнур — уиIэкъым зэфIэкI,
УIэщIэкIыну уIэрыхьэм;
КъыпфIэщIми нуру, убгъэдыхьэм,
Уисынщ абы, къэмыхъум кIыфI,
Уи хъуапсэр, уиIэр — сыт нэхъыфI?
КъыпфIэщIми Iэзэм къуиту хущхъуэ,
Узэфэр уэ удыгъэ гынщ,
ЖыIэзыфIэщыр пщIым и шхынщ,
Уи пщIыхьыр IэфIми, хуэщI гурыщхъуэ,
Уэ пщIэркъым натIэм къритхар,
Уплъамэ дэни, плъагъуми ар.

## XVI

Гу бампIэм кърехуэкI Татьянэ,
Мэлъыхъуэ псэр здэнэщхъеин,
Жыг хадэм здэжэм, къохъу лъэданэ
Ар щинэ, зыми хуэмеин
КъыпфIощI апхуэдэм деж; и напэр
ЗэщIоплъэри, мэдий и лъапэр,
Дэгу мэхъур, зыкъеIэтыр бгъэм,
(Пытщэнкъым, дыхэхуэнщ къайгъэм)
Жэщыбгым, мазэм къыщикIухьым,
Здэплъырым, блэуэ и чэзум,
ЩыщIидзэм дахэу уэрэдбзум
Къришыну и макъамэр кIыхьу,
Татьянэ, ди хъыджэбз хьэлжейм,
ЖреIэ сабиипI мыжейм:



## XVII

«Схурикъукъым жьы сэ, хуабэщ пэшыр,
Щхьэгъубжэр Iух, къэтIыс си дей».
— Сыт, Таня, къыпщыщIар? — «Созэшыр,
КъызжеIэ псысэ пасэрей».
— Сыт теухуауэ, Таня? Япэм
Куэд си щхьэм итт, куэд сщIэрт, си гуапэу
Къэхъуар жысIэнт е къэмыхъуар,
Жин фIыцIэм ихьым хэт лъыхъуар? —
СщIам щыщу сщIэжыркъым зы кIанэ,
Жьы ухъумэ, Таня, уохъу щхьэдыкъ,
Зэман къыпщысхьрэ, уещI акъмыкъ... —
«Сэ сызыхуейр аракъым, нанэ,
КъызжепIэжын, ущыщIалам,
Уэ фIыуэ плъагъу зыгуэр уиIам?»

## XXI

Татьянэ и гур щыIэт жыжьэу,
Гузавэрт, мазэр и щыхьэтт,
Нэхъ фIэфI хъуат гъуэлъыжам фызыжьыр,
ИIам и закъуэу зы сыхьэт:

«Зэт, нанэ, къэхь къалэм, тхылъымпIэ,
Тхьэмыщк1э, бощIыр тIомпIэ-сымпIэ,
Уезгъэзэшащи, кIуэ, щIэкIыж,
Куэд мыщIэу сэри согъуэлъыж».
Ар тхэт, Iэнэшхуэм зытригъащIэу,
Евгений и гупсысэм хэтт,
Итхари дэ тфIэхьэлэмэтт,
Дымыгъэкъуаншэмэ тIэкIу мащIэу:
Татьянэ! Iуэху къыпщыхъурщ Iейр,
ФIыт пщIамэ, зыхуэптхар зыхуейр.

## Татьянэ Онегиным хуитха тхыгъэр

Уи дей нызотхыр, сыт нэхъ лейуэ
ЖысIэн иджырикI, сыт пысщэн?
Ухуитщ сыбгъэикIэнум Iейуэ,
Хэплъагъуэм стхам мыхъун хьэл-щэн.
Сигу укъинами, си псэр хейуэ
Къэнащи, къыслъысар гухэщIщ,
ГущIэгъу къысхуэпщIым, пщIынщ уи фIэщ.
Си гугъэт япэщIыкIэ щэхуу
Сигу илъыр; сфIэемыкIуу збжар
Схъумэну, уэзмыгъащIэу ар —
СлъэкIынут, жысIэркъым щIэх-щIэхыу,
Услъагъу къудейм тхьэмахуэ къэс,
УкъэкIуэтам ди щIапIэм нэс,
Щытам зэхэсхыу жыпIэ псалъэр,
Iэмал сиIам бжесIэн зыгуэр,
Къыстеуэмэ гупсысэ уэр,
Къысхуэмыгъэсу адрей пIалъэр;
ЖаIауэ сощIэр, уцIыхуумыщIщ,
Ди щIыпIэ дэгум ущезэшми,
Хьэлэлщ, емыкIу уэ къытхумыщI,
Дигу-ди псэр, батэр дымыгъэшми.
Сыт мыгъуэт къэбгъэнар дыдей,
Пхыдзауэ къуажэ ямыщIэжым?
Узмылъэгъуам, сыхъунт пIейтей,
Апхуэдэу си псэр мыупщIэжу,
Схуэмыхъуу си нэм нэпс къыщIэжу?

Зэманыр кIуэнт (хэт зыщIэр ар?),
Гум идэу къысхуэзэнт сэ гъусэ,
СхуэгъэзэщIэнт жиIар щхьэгъусэм,
Тхьэм анэм и пщэм кърилъхьар.
НэгъуэщI зыгуэр!.. Зылъагъухэм уафэр
Яхэткъым псэр зыхуIусха,
Ар уафэгу ищхьэм и унафэщ,
Ууейуэ сэ сыхэзыхам;
Си гъащIэ псор щытащ шэсыпIэу:
Дызэгъусэну ди къалэнщ;
Тхьэм къыдитащ зэрыгъуэтыпIэ,
ЖиIащ, сылIэхукIэ сыпхъумэнщ...
Ухэтт си пщIыхьхэм, узэхэсхырт,
УкъасщIэм, ухуэзгъадэрт псэм,
Уи плъэкIэ гуакIуэм сихьми сэ,
ПщIыхь мыухыжыр нэхъ къыхэсхырт.
Куэд щIауэ пIэрэт, ари пщIыхьт?
Укъэсщ щIыхьэпIэми, къэсщIащ,
Сыхъуащ плъыжь зэуэ, сыкъэщтащ,
«Уэра»? — жысIами, сфIэбэлыхьт!
Жэщ щымым укъызэпсэлъащ,
СелъэIу хъунт Тхьэм сэ асыхьэтым,
Хуэм сщIы хъунт си гур, зыкъиIэтым,
Е псапэ сщIэну сигу илъащ.
Ухуейми, жыIэ ар пщIыхьэпIэу,
Уэракъэ, лъапIэ, напIэзыпIэу,
КIыфIыгъэ къабзэм къыхэщар?
Зыкъебгъэзыхыу си пIэщхьагъым,
Гухэлъыр хэту гумащIагъым
Уэракъэ къызэIущэщар?
Ухэт уэ? Мэлыыч — хъумакIуэ,
Е бзаджэу хьилэшы — гъэпцIакIуэ,
СымыщIу шэч, схузэхэгъэкI.
КъысфIэщIу пIэрэ мыхьэнэншэу
Сигу илъыр, си псэ хейр афIэкI
Къысхуэмынэну хейуэ пщIэншэу...
Зэрыхъу ирехъу! Си гъащIэр, пщтэм,
Сэ нобэ уи Iэм IэщIызолъхьэр,
Нэпс къекIуэр схуэмыувыIэу, пщIэм,
СылъаIуэм, сфIощIыр: Тхьэр къызоплъыр...

Си закъуэу жызмыӀэнт мыбдей,
Зыгуэр зэхэзыщӀыкӀ щыӀамэ,
Акъыл сикӀынтэкъым, схуэхъуамэ;
КъысфӀощӀыр сыкӀуэдын пщэдей.
Сыножьэр, е къызэплъи занщӀэу,
Си гугъэ мащӀэм псэ хэлъхьэж,
Е жейр пыуд, зыкъэзгъэщӀэж,
Сисам уи гием, тумылъащӀэу.
Соухыр! Дауэ седжэжын...
Нэхъ инщ си шынэм нэхъ укӀытэр...
Уи щӀыхьыр, сощӀэ, бгъэпэжынщ,
Дзыхь пхуэсщӀыр, щӀыхьым и пэлъытэр...

## XXXII

Татьянэ мэкӀэзыз, щхьэц мыжьу,
ӀэщӀэлъу щысщ фӀэкъабылар;
Болъагъу и пощт дамыгъэм плъыжьу
Бзэгупэр тӀэкӀу зэрицӀэлар.
Дамащхьэм и щхьэм зыхуегъэщхъыр,
ТӀэкӀу джанэр ехуэхащ, а щӀэщхъур
Илъагъуркъым, плӀэ дахэкӀейм
И лыдыр хуэдэщ мазэм ейм.
Къухьэжми мазэр, нэхур хэхъуэу,
ЩӀы лъэгухэм пшагъуэр къос, нэхущщ,
Псы щӀыӀур дыжьыныфэ хужьщ,
БжьамийкӀэ джэным щӀедзэр Ӏэхъуэм.
Гупсысэхэм жэщ псор яхьащ,
Татьянэ «хъым» изэрыхьащ.

## XXXVI

БлэкӀащ зы махуэ жэуапыншэу,
Адрейми щыӀэкъым хъыбар,
Татьянэ пфӀощӀыр мыузыншэу,
Жьытэдж хьэзыру маплъэр ар.
Мес, Ольгэ и псэлъыхъу-псэлъэгъур
КъэкӀуати, анэр щӀэупщӀащ:
«Щхьэ къыкъуэмыкӀрэ уи ныбжьэгъур?
Си гугъэмкӀэ, дыщыгъупщащ».

Татьянэ къэлыдащ жьэражьэу.
— КъэкIуэну нобэ къызжиIат, —
ЖиIэфыр Ленскэми арат,
— Пощт Iуэху хъунщ, сщIэркъым, сыт и лажьэм. —
Татьянэ щIэхъур занщIэу плъыжь
ИмыщIэт анэми — фызыжьт.

## XXXVII

Зэхэуэрт пшапэр; Iэнэм цIуук,
Псыр къигъэкъуалъэу тетт сэмвар:
Чынт шейныч пщтырым дэпыр Iуууэу,
Дрихьейуэ бахъэу псы къэвар.
Щытт Ольгэ псоми яхуригъахъуэу
Шей пщтыр плъыжьыфэр; уигу хигъахъуэу,
Мэ дахэ зиIэр. КъыщIыхьащ
ЩIалэ цIыкIу, шащхьэ къыщIихьащ.
Щхьэгъубжэ нэхум бгъэдыхьауэ,
Абдж щIыIэм тIэкIу тебауэу щытт
Татьянэ, Iэпэ цIыкIукIэ пытт
Зыгуэр итхыну, игу къихьауэ;
ХьэрфитI абдж къэпщIэнтIам деж тетт:
Гурылъ дамыгъэхэр — О-т, Е-т.



## XLI

Зыкъомрэ щысри ар, бэуэжри,
КIуэжыну унэм, къэтэджащ,
Жыг хадэм хуэкIуэу, игъэзэжри,
Сатыр дыхьэпIэм деж къэщтащ:
И пащхьэм къитт Евгений, къеплъу,
Шынагъуэу къыпфIэщIынт и теплъэр,
Къызэуэу щыблэр, ещхьт исам,
Ар тежыхьащ пIэ здынэсам.
Ныбжьэгъухэ, стхыжу я зэIущIэр,
ВжесIэну фэ уэрэд жыгъыру
СимыIэ нобэ сэ къару,
ИужькIэ вжесIэжынщ фымыщIэр.
Иджы сыкIуэнщ, зызгъэпсэхунщ,
Зэр мыхъуми зэм, щIэздзар сухынщ.

# ЕплIанэ Iыхьэ

*La morale est dans la nature des choses.*
*Necker*[6]

VII

ЦIыхубзыр, къыкIэлъыдмыжыхьым,
Нэхъ псынщIэу дэр щхьа мэхъу пIейтей,
Хьэзыру зыхидзэн бэлыхьым,
Хъы ддзам и курыкупсэм дей.
Фэсэдыр дэркIэ пIейтеиншэщ,
ЩIэныгъэ лъагэщ, гущIэгъуншэщ,
ФIылъагъуныгъэ зыхэмытщ,
Хэмыту, тхъэгъуэ лъыхъуэу щытщ.
Апхуэдэ джэгухэр, жытIэм тIасхъэр,
Нэхъапэм куэду екIуэкIар,
СфIощI зэманыжьу къыздикIар:
Иджы лъапIэжхэкъым Ловласхэр,
Зетхьэжкъым дэ лъэдакъэ плъыжь,
Е, зыдгъэуардэу, щхьэцнэпцI хужь.



VIII

Езэшкъым зиIэр фэрыщIыгъэ
Зэмыщхьурэ къытригъээн,
Егугъуу дэ дыкъигъэгугъэу,
Куэд щIауэ тщIэр къыдигъэщIэн;
Езэшкъым зэхихын ямыдэр,
ЩIигъатхъуэу тIэкIуи ар мэшхыдэр,
ПсэукIэм хэти хуегъэIущ,
МыхъуакIэри илъэс пщыкIущ!
НэгъуэщIи щыIэщ, сыт иумыщIэм,
Пхуэмыхъуу зэикI бгъэшынэн,
ТхьэрыIуэм, лъэIум хущынэн,
Тхьэмпихми тхыгъэр, зыхимыщIэу,
Нэпс щIагъэжар, хъыбар щыIар,
И псэгъухэм ялIхэм къыжраIар!

IX

Евгений ар дурыс и гугъэт,
ЩIалэгъуэр щригъэкIуэкIам;

И щхьэузыхьт, и щыуэныгъэт
Лъэхъэнэ гуащIэм щыхэпкIам.
Хуэхъуам хьэл, гъащIэм щигъэкIауэ,
И фIэфIыныгъэр зэфIэкIауэ,
Зы пIалъэм къыдихьэхым зыр,
Адрейм ар ихъуэжын хьэзырт;
Жьы къепщэт и ехъулIэныгъэр,
Здэгупсысэн щигъуэтырт щIым,
ЗдэIэуэлъауэ е здэщым?
Акъылым текIуэрт псэ жаныгъэр:
Гухэхъуэ нэпцIу илъэсий
КIуэдащ, къимыIэтауэ шхий.

X

ЕмыгуэкIуэжт иджы цIыхубзхэм,
Зэрыхъуу къакIэлъиджэдыхьт,
ЖаIамэ «хьэуэ» — емыубзэт,
КъепцIыжхэм — фIыти, Iуэху мыкIыхьт.
ЯхуищIу наIуэ псэр — щымыуэт,
ХыфIидзэжам щхьэ — игу къемыуэт,
ЯIами, имыщIэжт, гужьгъэжь.
ФIэIуэху щымыIэу, къесагъэжьт,
Пщыхьэщхьэ *вистым* хуэзэу къакIуэу,
Щысыфу джэгур иухыху,
ИмыIэу ипшынын, кIэрыху,
КIуэжын—жеиныр зэхуигъакIуэу;
Къилъыхъуэу, къихьэмэ пщэдджыжь,
Ахъшэмым здытехьэн лъэужь.

XI

Татьянэ, ауэ, къитха тхыгъэр,
Гурылъым и бзэ хуэгъэсар,
Хъыджэбзым и щIэхъуэпсыныгъэр
Онегин и гум лъэIэсат.
КъищIэжырт Таня и нэгу гуапэр,
ТIэкIу фагъуэу е нэщхъейуэ напэр;
Хъуэпсэгъуэ, гуэныхьыншэ пщIыхь
ЗэщIэзыщтар псэр фIыт, гурыхьт.

Дакъикъэкӏэ къэгумэщӏами,
Псэм ищӏэ хуэдэми зыхуейр,
Къыхуэгъэпцӏэнут зи псэр хейр,
Фӏыуэ къилъагъуу къыфӏэщӏами?
Иджы жыг хадэм дгъэзэжынщ,
Здэщытым тӏури фысхьыжынщ.

XII

Щытахэщ дакъикъитӏкӏэ щэхуу,
Онегин пцащэм бгъэдыхьащ,
Жиӏащ: «Уи тхыгъэр сымыщӏэххэу,
Ущӏемыгъуэжыт, къысхуахьащ;
Седжащ уигу къабзэм къиӏуэтэжым,
Иӏэту си пщӏэр гухэлъ пэжым,
Хьэрэмыншагъэм сихьэхуащ,
Аргуэру къысхуигъэнэхуащ
Сиӏа гурыщӏэ сымыщӏэжыр;
Щхьэ, ауэ, лейуэ сыпщытхъун,
Сэ сызыхуейр умыщӏэ хъун,
Ирехъу ар мащӏэ, мы пхуэсщӏэжыр:
Сэ сигури уэ пхузэӏусхынщ,
Хеящӏэу ущӏэзгъэдэӏунщ.

XIII

Си гъащӏэ псор унагъуэ ӏуэхуу
Сэ есхьэкӏыну къыщӏэкӏам,
Сыщхьэгъусэну сэ гупсэхуу,
Пхъэидзэм Тхьэм къригъэкӏам,
Бынунэ дахэ къызыкъуэтым
Сыдихьэхамэ и сурэтым,
Сыхуейтэкъым, ар щӏы уи фӏэщ,
Слъагъунуи къэшэн нэгъуэщӏ.
Жысӏэнщи сымыгъэщӏэращӏэу,
Уэ щапхъэ лъагэу узиӏэнт,
Уэр нэмыщӏ гъусэ сымыдэнт,
Къыздиӏэтыну, кӏуэху си гъащӏэр;
Симыӏэу тетми фӏы дунейм,
Сшэчынт сэ, узиӏа къудейм!

### XIV

Сыкъыхуалъхуакъым, ауэ, тхъэгъуэм,
Гулъытэр куэдрэ схуэмышэч,
Щхьэ пщIэншэ сщIын уи хьэл хъуэпсэгъуэр?
Сысейр пхуэфащэкъым, хьэлэчщ.
Уи фIэщ хъум (сэ си шэсщ нэмысыр),
Хьэзаб пшэчынущ, укъыслъысым,
Дапхуэдэу уэ узмылъэгъуам,
Уэ сигу уримыхьыж щыхъуам,
ЩIэбдзэнущ угъыу, ауэ нэпсхэр
Нэсынукъым сигу упщIыIуам,
Сыкъигъэгубжь фIэкI макъ къэIуам;
Сыт хуэдэ вагъуэ-тIэ къытхэпсэр,
Сыт къытхуихьынур Гименейм,
Ар ещхь-тIэ гъащIэ узыхуейм?

### XV



Ухъуамэ бдэнт фыз ягъэфэншэ?
Зи закъуэ, гъащIэр зи гъащIей,
УгуIэу, уежьэу лIы напэншэм —
Сэ сщIэркъым щыIэмэ нэхъ Iей;
Зэшыгъуэм ихьу уи щхьэгъусэр,
Къэхъуамэ тIэкIурэ ущригъусэ,
Мыпсалъэу, хъуауэ пхуэмыфIыж,
(ЗэрищIэр уи пщIэр нэхъ Iеижщ);
Апхуэдэ, жыIэт, узылъыхъуэр?
Уигу къабзэр, псэр зыхуIупхар,
Уи гурылъ дахэр зыхуэптхар,
Уи псалъэ тыншыр, хьэлэл пыхъуэр,
Сэра уи натIэм кърите хар,
Насып щагуэшым къыхэпхар?

### XVI

ЗгъэщIам, си пщIыхьхэм къагъэзэжу,
Сигу-си псэр схузэрахъуэкIын?..
Сэ фIыуэ услъагъунщ дэлъху пэжу,
Хэт хуэфIми шыпхъум, сефIэкIынщ.

КъэдаIуэ, умытэмакъкIэщIу,
Ехъуэж иIар, щIэлIэн къыфIэщIу,
ИмыщIэу пщащэм щIихъуэжар,
Апхуэдэу тхьэмпэ хуэлэжар
Ехъуэжыр жыгым гъатхэр къэсым,
Ар Тхьэм зэкIэлъигъакIуэ хъунщ,
Сэр нэхъ нэхъыфIи уэ плъагъунщ,
Усакъым, уи псэм щхьэр хунэсым:
Сыт пщIэнт, нэгъуэщIым ухуэзам,
ЦIыху Iейм, бзаджагъэм хуэIэзам?»

XVII

ЖиIэху Евгений а ущиер,
Татьянэ, и нэм щIэзу нэпс,
Мыбауэт, псалъэхэм щIэдиерт,
ЕдаIуэрт щыму, хъуауэ щхъуэпс.
Къыхуишияти Iэр, нэщхъейуэ,
(Сыт зэрыжаIэр: хуей-хуэмейуэ)
Татьянэ Iэм зытригъэщIащ,
Игъэщхъри щхьэр, хьэзыр зищIащ;
Ежьахэщ хадэм ихъуреягъкIэ,
Зэгъусэт, къыщыщIыхьэжам,
МыгъэщIэгъуэнт, зыгуэр жаIам,
ЖаIакъым зыри: гу къабзагъкIэ,
Къуажэжьым щызэтеува
Хабзэжь щытлъагъуркъым Москва.



XXIII

БлэкIа зэхуэзэм догъэзэжыр,
ИужькIэ сыт къэхъуа-къэщIар?
Ди пщащэм къигуIар дощIэжыр,
Хьэзабу и гум зыхищIар.
Нэхъ мащIэ хъуакъым гузэвэгъуэр,
Къыхуэмыгъуэту тепыIэгъуэ,
Татьянэ пфIощIыр мафIэм ис,
И напIэр къемыхыжу, мис,
Хэплъэжкъым гъащIэм и IэфIыгъэм,
ГуфIэжкъым, хэлъкъым псэм мамыр,

ИIауэ умыщIэн Iэмыр,
ЩIэтыжкъым жьы и ныбжь накъыгъэм:
Къэлъагъу уэ пшэплъ, пщэдджыжь къихьам,
Борэн пшэ фIыцIэ къытрихьам.

XXIV

Татьянэ, уеплъмэ, пфIощI хуэлэжу,
Щысщ щыму, фагъуэ мэхъу, нэщхъей,
ИмыщIэу, къыфIэIуэху щыIэжу,
Мыхъейуэ и псэр, щтам нэхъей.
Щхьэр ягъэсысу, загъэщIагъуэу,
Гъунэгъухэр, зэрызэрылъагъуу,
Хъыджэбзым щхьэ зоIущэщэж:
«ДэкIуэн хуейщ, пIалъэр блокI, ещIэж!..»
ФIылъагъуныгъэ насыпыфIэ
И гугъу фхуэсщIын куэд щIауэ хуейт,
ГукъыдэжыфI щхьэкIи, мылейт;
КъысфIэщIми тыншу Iуэху нэщхъыфIэр,
СыщIэмыпIащIэр нэрылъагъуущ:
Татьянэ фIыщэу сэ солъагъу!



XXV

Зэманыр кIуэхукIэ нэхъ дихьэхыу,
Владимир Ольгэ дахэкIейм,
ФIэIэфIу псэм, хъыджэбз нэхутхьэхум
И гъэрщ, хуэгуфIэу щыщIыкIейм.
Зэгъусэщ сыт щыгъуи: щIэсщ унэм,
Жэщыбг хъуху пщащэм и лэгъунэм,
Пщэдджыжьми Iэпэзэрыгъыгъэщ,
Мыжей, зымыутIыпщщ лъэрыгъ;
Сыт-тIэ? ГурыщIэр и гум изми,
Ар щабэщ фIылъагъупIэм дей,
Зытегушхуэфыр мыр къудейщ:
ГуфIамэ Ольгэ зэзэмызэ,
И щхьэцым тIэкIу ириджэгун,
И бостеикIэм ебэун.

XXVI

Къыхуоджэ Оля ар иныкъуэм,
ФІызащІэм хуэзыІущ роман:
(Хуатхами пэжым хуэмыныкъуэм,
Зытхар емыщхь Шатобриан[7])
Арами, къохъур мыгупсэхуу,
Къыщеджэ, напэхэр дигъэхуу,
Къилъагъумэ укІытэгъуэ фІэщІ,
Езыр плъыжь мэхъури, зещІыр кІэщІ.
Иныкъуэм щхьэхуэу щысхэщ жыжьэу,
Унагъуэм зыхуащІауэ кІэбгъу,
Мэджэгу, къащтауэ шахмат пхъэбгъу;
ТегупсысыкІмэ, пфІэІэжьмыжьу,
Фигурэр Ленскэм щыфІашхам,
НэхъыщІэкІэ нэхъыжь къишхам.

XL

Ищхъэрэм, фщІэжмэ, ди гъэмахуэр
Зыкъегъэлъагъуэри, мэкІуэдыж,
Къытщодыхьэшх ипщэ щІымахуэр,
Фи фІэщ, фыхуейми, фымыщІыж.
Жьы щІыІэу, бжьыхьэу бауэрт уафэр,
Иутхъуэрт дыгъэр пшэ трилъафэм,
БлэкІыхукІэ, махуэр хъурт нэхъ кІэщІ,
Жыг тхьэмпэ текІым мэзыр нэщІ
ИщІт Іейуэ, жьыми трихырт тепхъуэр,
Къыттрипхъуэрт пшагъуэм и хъыдан,
Къаз Іэлхэм плъагъут я чэруан
Лъэтэжыр ипщэм: къытхуэІэпхъуэр
Зэшыгъуэ пІалъэт, дыщыдэст
Дэ пщІантІэм, бжьыхьэ кІасэр къэст.

XLIV

Онегин, Чильд-Гарольд и щапхъэу,
Гупсысэм, щхьэхым щинэмыщІ,
Къызэрыушу иІэщ щІапхъэ:
Псым хэсщ мыл хэлъу — сыт, зызыщІщ;

ИужькIэ махуэ псом мэхъу бзагуэ,
ИутIыпщыркъым бильярд кий пагуэр,
КърехуэкI пыл къупщхьэ хъуреитI,
НэгъуэщI бгъуэтын, зрищIэкI уитI-ситI?
Къэсамэ пшапэ зэхэуэгъуэр,
ХыфIедзэр кийр; блэкIам, заулщ,
Шыгу зэпэща къос, шищри брулщ,
Хьэзырщ ухуакIэу Iэнэ дэгъуэр,
Мис, Ленский щытщ Евгений дей:
«Дышхэнущ, псынщIэу тIыс мыбдей!»

## XLVIII

«ФIы уи гъунэгъухэр, сыт Татьянэ?
Уи Ольгэ псынщIэр дауэ щыт?»
— Къысхуигъэхъуэжыт зы тIуанэ...
Хъунщ ар... Сымаджэ яхэмыт,
КъыпщIоупщIэж зэрыунагъуэу,
Хъуащ нэхъ дахэжхэ, зэрыплъагъурэ;
Псэ дахэщ Ольгэ, сфIэфIт ар пщIэм,
И дамэр, и бгъэр...Iахъ!... Зэм-зэм
ДыкIуам, къыпхуэгуфIэнхэт ахэр,
Си гъусэу, ныбжьэгъуфI, я дей;
УщIыхьэри уэ тIэу къудей,
Зыщыбгъэгъупщэжащ я лъахэр.
Зэт, къысхуэгъэгъу.., ахьмакъ сыхъуащ!
Тхьэмахуэ къакIуэм ураджащ.

## XLIX

«Сэ?» — НтIэ, Татьянэ и махуэшхуэщ
Щэбэтым. ТIуми къызжаIащ:
Си Оли, анэми; уэ пщIэшхуэ,
УнакIуэм — псоми яхуэпщIащ. —
«Апхуэдэм къакIуэр цIыху мымащIэ:
ЩыIэнщ сызыхуэмей игъащIэм...»
— Унагъуэрщ, ящIыр иухыху
ЩыIэнукъым зы хамэ цIыху!
ныздэкIуэ, кхъыIэ, тызокъуззэр,
Сыт-тIэ? — «Ерэхъу». — СыбгъэгуфIащ! —

А псалъэр жиIэу, ирифащ
КърагъэхъуакIэу тет бжьэ щызыр,
Аргуэру хъуащ къызэрылъэлъ,
Ар Ольгэ щхьа — уи пщылIт, гухэлъ!

LI

ФIыуэ къалъагъуу..., нэгъуэщI мыхъум,
И гугъэти, насып ар хуэхъут.
Хъур насыпыфIэ, и фIэщ щыхъум,
Акъыл зимыIэм и щхьэпэхъущ.
Псэм фIэкI, щхьэм жиIэр зезымыхуэр
Ещхьщ чэфу гъуэгум техьэ цIыхум,
Е ещхьщ ар хьэндырабгъуэ жыгъейм,
ЩIэфыну удз гъэгъам гужьейм;
Теплъаджэщ, ауэ, псори зыщIэр,
Уназэр зи щхьэр къыхызох,
Абы жиIэнур зэхызох,
Си бийщ IуэхущIафэ зыхуэмыщIэр,
Зигу-зи псэр, щтыху, зыгъэхуэдар,
ТещхьэрыукIхэр зымыдар!



# Етхуанэ Iыхьэ

*ПщIыхь шынагъуэ ухуэмей,*
*Уэ, сэ си Светланэ!*
*Жуковский.*

I

Имыухыжу, бжьыхьэ кIыхьу
А гъэр щытащ, къемысу уэс,
ЩIымахуэр щхьэхыурэ, къимыхьэу,
Дежьащ щIышылэ мазэм нэс;
МахуитI блэкIа хъунщ, жэщ ещанэр,
Къэушри, къилъэгъуащ Татьянэ
Пщэдджыжьым жьыуэ уэс Iэужь:
Унащхьэ, хадэ, пщIантIэ хужь,
Щхьэгъубжэ абджхэм тхыпхъэщIыпхъэ
ТрищIауэ; жыгхэм тетт дыжьын;
Сыт плъагъуми, хужьу щыгът щыгъын,

Къалъыхъуэрт къанжэхэм Іусыпхъэ;
ЩІымахуэ алэрыбгъур шэхут,
Къэлыдырт псори, дэнкІи нэхут.

II

ЩІымахуэщ!.. МэкъумэшыщІэр гуфІэу,
И Іэжьэм хешыр япэ гъуэгу;
Иш цІыкІум уэс къесар фІэмыфІу,
Лъэхъуджэ ещІ, къыпфІэщІу джэгу;
Шы хъыжьэхэм, я шхуэІу зэпатхъыу,
Гуимэр яхь, уэс щабэр ятхъуу;
Шыгухур гущхьэм хуэІэжьужыщ,
Джэдыгум щІэлъ бгырыпхыр плъыжьщ.
Мес, унэІутым и къуэ цІыкІум
Къежыхь къызыфІигъэщІу шыр,
Зэрыджэгу Іэжьэм тесщ хьэвшыр,
Диящ и Іэпэр, хуабэм мыкІуэу,
Дыхьэшхыу, узми, мыплъэ зещІ
Щхьэгъубжэмкlэ: Іэ анэм къещІ.

III

Иныкъуэм деж тлъэгъуа зэдгъэпсыр,
Фыдимыхьэхыу, дэ тфІокІуэд,
Тхыжам къызэрыгуэкІ щІыуэпсыр,
Хэдмылъхьэ, дгъэщІэращІэу, куэд.
Тхьэм къыдиІэту дэрэжэгъуэр,
НэгъуэщІ усакІуэм фІэфІщ нэхъ дэгъуэу
Дигъэлъагъуну къесым уэс,
И гъусэм фІыгъуэ, фІыгъуэ къэс;
Фыдихьэхынщ, си фІэщ ар мэхъур,
Абы и усэ зэщІэплъам,
Щисам ар Іэжьэм, и гъусам[8];
Семыныкъуэкъу, нэхъыфІщ сывдэхъум,
АбыкІ, уэрикІ, си ныбжьэгъу,
Фин пщащэ дахэм и дарэгъу[9].

IV

Татьянэ (псэкIэ урыс дыдэу,
Езым имыщIэу, сытым щхьэ)
Адрей лъэхъэнэхэм хуэмыдэу,
ЩIымахуэр фIэфIт игъэищхьэн:
Пэлыду дыгъэм пщэдджыжь сытхъур,
Уэс хужьыр, лъатэу Iэжьэм итхъур,
ПшэкIэплъым зыдзыр плъыжьу нур,
Жэщ щIыIэм мазэм игъэцIур.
Чристэн махуэшхуэм ипэ жэщхэм,
Зэтеувауэ, ар хабзэжьт,
Куэзыр ядзт, жаIэурэ псалъэжь,
Iэлъыным, гъуджэм еплът, яфIэщхэу,
Хъыджэбзхэр: къилъагъуну хэтт
Дэтхэнэми, зышэнур хэт?

V

И фIэщт Татьянэ хъыбарыжьыр,
ИIуэтэжар цIыху пасэрейм:
Куэзырым, пщIыхьым къикI гъуэгу жыжьэр,
Жэщ мазэм щищIэр мы дунейм.
Гузавэрт, къилъэгъуам нэщэнэ,
Щэху гуэр кIэрилъхьэрт нэм къыфIэнэм,
Абы къыжриIэу фIэщIт зыгуэр,
Гум къыфIэщIам къикъузырт бгъэр.
Джэду гъэфIа пэшхьэкум тесым,
Гъурнауэу, нэкIур илъэщIам,
КърикгъэкIырт а джэдум ищIам
КъахуэкIуэу хьэщIэ. Е къыщепсым
МазэщIэ къихьэм и бжьакъуитI
СэмэгумкIэ, ар хъурт гуитIщхьитI,

VI

КIэзызу занщIэу, фагъуэ защIэу.
Е къилъагъуамэ вагъуэиж,
ЩызэкIэщIэпхъыу уафэ лъащIэм,
ЩехуэхкIэ кIыфIым — мыхъеижт,

Псэр пIащIэрт вагъуэр мыкIуэдыжу
Мураду игу пIейтейм къэкIыжыр
Абы жриIэн, зэман иIэху.
Хуэзамэ къулъшырыф цIыху щэху,
Къэшынэрт, къыщыщIар имыщIэу,
Сыт ар, тхьэкIумэкIыхь къудей
Зэпрыжым гъуэгу здрикIуэм дей,
ЖыпIэнт а тIэкIум игъэхыщIэу:
Къэхъуну зы Iей гуэр къыфIэщIт
Татьянэ, зэуэ и гур хэщIт.

VII

Сыт, щэхуу узыIэпызышэ
Шынагъуэм хэту къыщIэкIынщ:
Дызэрагъафэрэ быдзышэ
Дыхуейт ар дэ зэхэдгъэкIын.
Махуэшхуэ къэсым хэт гуфIэгъуэу,
Пхъэидзэ ещIыр зи щIалэгъуэм,
Щымысхьым иIэм махуэ къэс,
Зи фIэщым гугъэр здэплъэм нэс,
ХуэIухауэ къежьэу гъащIэр;
Хьэзыр хуащIами и пхъэмбейр,
Iэгу иплъэу, къебжыр жьым зыхуейр,
ПсэухукIэ фIэкIуэдар фIэмащIэу;
Сабий мэхъужри, фIэмыкIуэд
И гугъэр, хуейщ иIэну куэд.

XXV

КъызэщIэнащ пщэдджыжь пшэкIэплъыр,
Уэс телъыр Iуащхьэхэм илащ,
И махуэм Таня, дызыпэплъэм,
Дыгъэпсу зыкъызэщIиблащ.
Болъагъур Ларинхэ я унэм
Гъунэгъуу хъуар зэрыбынунэу,
Зэхуэсу жыуэ, хьэщIэ куэд,
ЩIэтщ Iэжьэ къэскIэ шы зэкъуэт.
Сенэм деж щытхэщ цIыхухэр Iуву,

ХьэщIэщым псалъэмакъыр инщ,
ЦIыхубзхэр, зэIущIам, къиинщ,
БжэщхьэIум лIыхэр щытеувэм,
ЗэхуащIыр щхьэщэ, сабийр магъ,
Ар зыпIими къелъыхъуэ бжэкъуагъ.

XXIX

Нэхъ хуэм мэхъу цIыху зэщIэвэр зэкIэ,
Шхэн щIадзэри, лъэныкъуэу хъуам
Тепщэчхэр яхьыр епIэщIэкIыу,
Абджхэр мэзу, ирагъэхъуам.
ТIэкIу дэкIри, хьэщIэхэм аргуэру,
МыувыIэу, щIадзэжащ уэршэру,
Зыр зым зэхихыркъым, мэкIий,
Хъуэхъуншэу бжьэхэр зэхуаший.
ЗэуIокIыр бжэхэр. Ленский япэу
Болъагъу, Онегинри къыщытщ,
Макъ ин ещI анэм: «Сыту фIыт!»
МэкIуатэр хьэщIэхэр я гуапэу:
«Нэхъ псынщIэу шэнтхэр къэфхь, фытIыс»,
ЗдагъэтIысам ныбжьэгъухэр щысщ.

XXX

Щысщ, яхуэзанщIэу, мис, Татьянэ,
Нэхъ фагъуэу пщэдджыжь мазэм нэхъ,
Ирахужьа, флъэгъуамэ, бланэ
Ар ещхьщи, и гур мэшэрэхъ.
И напIэхэр къыхуэмыIэту,
Плъыжь хъуащ, къыфIощIыр мафIэм хэту;
ЖаIар ныбжьэгъухэм зэхимых,
Нэпс къыщыфIекIуэкIэ, йоплъых.
Хьэзырт тхьэмыщкIэр къэмэхыну,
ЗиIыгъырт, иIэти акъыл,
Къимыгъэлъагъуэуэ нэджыл,
ЛъэкIащ къыжраIэр зэхихыну,
ХузэфIэкIащ псалъитI жиIэн,
Бгъэдэсу Iэнэми къэнэн.

## XXXI

Гукъутэ, нэпс зыхэт къэхъукъащIэ,
Къэмэх пэта цIыхубз нэщхъейр,
Апхуэдэу илъэгъуар мымащIэт,
Евгений артэкъым зыхуейр;
Абы нэмыщIкIэ, щIэкъииныр:
Илъагъурт ефэ-ешхэ иныр,
Емыщхьыр Ленскэм къыжриIам;
Хуэмейуэ нобэ зыхэхуам,
Щыст зимыплъыхьу, къэгубжьауэ:
«А къызэпщIар, еплъ, уэсщIэжынщ,
Сэ уэ укъэзгъэгубжьыжынщ»,
Мурад ар ищIри, теужауэ,
ЯхуищIырт гукIэ хьэщIэу хъуам,
Сурэт, ауан ар къыщыхъуам.

## XLI



Макъамэ псори зэщхь къыпфIэщIу,
УщыджэрэзкIэ, уи щхьэр фIех,
Сыт щыгъуи щIалэщи, къафэщIэу
Вальс дахэм дэни зыкърех.
Онегин кърващIар ищIэжу,
Мурад ищIари игъэпэжу,
Бгъэдохьэ Ольгэ. Зы вальс тур
Къызэдэфа нэужь а тIур,
Кърешыж утыкум, егъэтIысыр,
Йопсалъэ кIыхьу, мэгуфIэж,
Зы вальс аргуэру къыдофэж,
Къэхъуар ямыщIэу, мыр зищIысыр,
КъэкIуахэр къоплъэ, зочэнджэщ,
Илъагъур Ленскэм мыхъу и фIэщ.

## XLV

Уеджами, хъунукъым ар накIуэ.
Онегин псалъэ иритащ,
Сыт щхьэкIэ, Ольгэ? — Къафэ къакIуэм.
Сэ си тхьэ, укъысщхьэщытащ...

Зэхэсхыр пэж? КъикIа къудейуэ
И гущэм, щытщ фэрыщI щIыкIейуэ,
Уэ плъагъум, хуокIуэр мыр хьилагъ,
АфIэкI сиIэжкъым бэшэчагъ!
Хуэмышэчыжу а удыныр,
ЦIыхубзхэр зэрыхьилэшыр,
ЩIокIыжыр, къыбгъэдашэр шыр,
ЩIоцIывэр. Зымыгъэпудыну
Иджы къыхуэнэр кIэрахъуитIщ,
ПщIэм гъащIэр пэщIилъхьэну хуитщ.

## Еханэ Iыхьэ

*La sotto i giorni nubilosi e brevi,*
*Nasce una gente a cui l'morir non dole.*
*Petr.*[10]

### IX

ЦIыхухъу гъэсам и къеджэныгъэу,
Къахьа *картелыр* кIэщIу тхат,
Ар щIакIуэкIапэм и дамыгъэу,
IупщI-щIыIэу Ленскэм зэхилъхьат.
Онегини, кIыхьлIыхь имыщIу,
Пищакъым, хабзэр фIыуэ ищIэу,
*Сыт щыгъуи сыхьэзырщ* — жриIам,
Пщэрылъ зыхуащIу, къагъэкIуам.
Зарецкэри, нэгъуэщI хуэмейуэ,
Къыщылъэтыжым псынщIэу фIэфIт,
Къижыхьт, къипIэстхът зыхуей-зыхуэфI;
Евгений щыму щыст, нэщхъейуэ,
ХуэмыщIу и псэр арэзы.
Гупсысэ хьэлъэм ихьт езыр.



### X

Къызэрыхъуам Iуэхугъуэ гуащIэр,
И ягъэ хэтт, зигъэкъуэншэжт,
ИщIэнур сытт, гум хэт хеящIэр
КъыпхуэгъэпцIэнукъым, ар пэжт.
ФIылъагъуныгъэм хуэмысакъыу,

Щыдыхьэшхакъэ ар щхьэгъакъэу?
Сыт жимыIам усакIуэм, ткIий
Ухуэхъу хъунт, ар илъэс пщыкIуийт!
Къэхъуар Евгений щIызыхищIэм
Хэтт упщIэ? НыбжьэгъуфI хуэхъуат,
Ар и псэм гуапэу хигъэхьат;
Зыр зым еуэну Iуэху зэпищIэм
Къыхригъэхьынт мы щIалэм щхьэр,
ИмыгъэкIуэдым щIыхьыр, пщIэр.

## XI

Зыгуэрурэ гуригъэIуамэ,
Емыщхьу хьэшхуэ къэгубжьам,
Иригъэлъхьэжыфынут къамэр
Зигу щIалэм, иримыхьэжьам.
Иджы абы сыт епщIэжынур,
И лIыкIуэ къэзмыгъэпэжынур,
Мыхъуну, Iуэхум хигъэхьащ,
Бзэгухь лIыжь бзаджэр къыхихащ...
«Срихьэжьэнщ, гъэикIэныгъэ
Бзэ фIейкIэ къысхуригъэщIынщ,
Нэхъ делэр къысщыдыхьэшхынщ...
Аращ абыхэм я лэжьыгъэр!»
Сыт гъащIэм, щIыхьым текIуэу, ейр!
Ар купсэу, мэджэрэз дунейр!

## XXVIII

Зэбийщ! Куэд щIа-тIэ зэпэIэщIэ,
Зэрыхъурэ ахэр, лъы зыщIэж?
Тхьэмахуэ хъуа, зэхуэкIуэу хьэщIэ,
Зэгъусэу, зэжраIэу пэж,
Щызэдэшхам. Зыр зым хуэбзаджэу,
ЖыпIэнщ, игъащIэм IурыщIаджэу,
ЗэхамыщIыкIыу тIуми зы,
ЛIэныгъэ Iуэху ягъэхьэзыр;
Иджыри къэс уи фIэщ пхуэмыщIу,
Зэрыгъэделэу къыпфIэщIынщ:

ТIэкIу уежьэм, тIури дыхьэшхынщ,
Къагупсыса хъунщ мыр, зэрыщIэу... —
Ядэн къэзбжахэр гуп Iэтам,
УкIытэ нэпцI щхьа уи псэр птам?

XXX

«Мис, фызэхуэкIуэ». ПIейтеиншэу,
Зэрамыгъапщэу, зэбиитI
Бэкъуахэщ захуэу тIэу, макъыншэу,
Ячащ аргуэру лъэбакъуитI;
Нэхъ щIэх зыгуэрым и ажалыр
Хъуащ лъэбакъуиплIкIэ; нэхъ Iэмалыр
Евгений ищIэу, макIуэ ар,
КъеIэт кIэрахъуэ узэдар.
Иджыри лъэбакъуитху мэбакъуэ,
И нэ сэмэгур щIиукъуэнцIащ,
Иригъапщэу Ленскэми щIидзащ;
КъоIу асыхьэту уэгъуэ закъуэ:
УсакIуэм усэр иухащ,
Щылъщ ар, кIэрахъуэр Iэпыхуащ.

## Еянэ Iыхьэ

*Fare thee well, and if for ever*
*Still for ever fare thee well.*
*Byron*[11]

## Онегин Татьянэ хуитха тхыгъэр

КъемыкIуу, сощIэр, къыпщыхъунщ,
ПхуэсIуатэм схуэмыхьыж гухэлъыр.
Уи плъэкIэм къикIым, къыумыпсэлъым,
СигъэикIэнкIи Iейуэ хъунщ.
Сэ псэр, симыIэу тепыIэгъуэ,
ПхузэIусхыну щхьэ сыхуей?
Нэхъ бзаджэм ар хуэхъунт гуфIэгъуэ,
ЩхьэусыгъуэфI къэгъуэтыгъуей!
Сыпэмыплъауэ, сыщыпхуэзэм,
Сэ зысщIу гъащIэм сыхуэIэзэу,
Ескуакъым си нэм дзыхь хуэсщIын,

А уи щабагъэм, хьэл дахагъэм
КъэсщIакъым и пщIэр, ущыслъагъум,
Сыхуитым сфIэфIти, дауэ сщIынт?
ДищIащ нэгъуэщIми зэпэIэщIэ...
ТхьэмыщкIэу Ленский щыкIуэдам...
СиIам хэкIыпIэ, си псэм ещIэ,
А махуэм мыхъужыну щтам;
Сы хамэт хэт щхьэкIи игъащIэм,
ЩхьэхуитыныгъэР сфIэнэхъыфIт,
Си зэхэщIыкIыр, ди Тхьэ, кIыфIт!
Ар къысхуэгъуакъым, мыхъуми, мащIэу;
СыщIэшынар-тIэ къысщыщIащ:
Иджы схуэшэчкъым узмылъагъуу,
Къэслъыхъур дэнэкIи уэращ,
Уи плъэкIэр, гуфIэр гум и лъагъуэу;
Сыбауэм уи гъунэгъуу, здэнт,
Зэхозгъэхынт сигу хьисэпыншэр,
Уи пащхьэм, жыпIэм, сыщылIэнт,
ЩымыIэу жысIэу уэр нэхъ дзыншэ,
Къыслъыскъым ауэ ар. Уэращ,
КъэсщIам, уздэкIуэм сыщIэджадэр,
Сыхьэтыр, махуэр збжын сешащ,
Сохь сыпхуэезэшу гъащIэ хуадэр,
Армырми, гъащIэр хьэлъэ сфIохъу,
СхуабжакIэу махуэхэр къысщохъу.
Еух, сэ сощIэр, си лIэщIыгъуэр;
Си гъащIэр, пэжу, хъунт нэхъ кIыхь,
СиIам пщэдджыжьым фIэщхъуныгъэ,
А махуэм услъагъуну щIыхь...
СыщIэгузавэр зыщ: лъэIу Iэсэм
Уи плъэкIэ пхъашэм хилъэгъуэнщ
Ещхь гуэр хьилагъэ зумыпэсым —
Уи гием ари къыхэхъуэнщ.
Уэ пщIэуэ пIэрэ, зэрыхьэлъэр
ФIылъагъуныгъэм и пIейтейм
Лъыр щищIым пщтыр, къарууэ пхэлъыр
Зрибгъэкъун, ббзыщIын ар хуейм;
IэплIэ хуумыщIу уи лъэгуажьэм,
Уджалэу лъакъуэ цIыкIухэм дей,
ЖумыIэу илъыр уигу жьэражьэм,

Пшэчынур дауэ аркъудейр?
Сабыру зыпщIу, акъылыфIэу,
Iэдэбу теплъэр, Iэсэу бзэр,
Зэ псалъи, урикъунщ а зэр,
Абы нэмыщIкIэ, щыт нэщхъыфIэу!..
Апхуэдэу сызэзэуэжыну,
Къару сиIэжкъым афIэкIа.
Иджы уэ жыIэ: сыт сщIэжынур,
ПIэщIэлъщ си гъащIэ сIэщIэкIар.

XLVI

«... Онегин, фIащми гъуэзэджагъэ,
Мы псом щхьа щыIэкъым сэ уэст,
Нэхъ лейуэ сиIэкъым пагагъэ;
ЩIыху къэкIуэрейщ, зэщIэзыгъэст
Яхэтщ дунейр, пщы гуащэщ жаIэу,
Iэуэлъауэшхуэ си деж щаIэм;
Мы уардэунэ къещIэкIар
Схъуэжынт, симыIэм афIэкIа
Си тхылъ телъхьэпIэр, ди жыг хадэр,
Мыинми ар, сыздыпхуэзар,
Сэ япэу сигу здэпэзэзар,
Кхъэ щэхур, здыщIалъхьар си адэр,
ЗдыщIэлъыр фызыжь сызыпIар,
Иджы жыг жьауэ зытепIар.

XLVII

Гъунэгъут насыпыр, улъэIэсу!
Нэгъуэщiу, ауэ, къыщIэкIащ,
МыкIуами си щхьэр гур здынэсым,
Си гъащIэм и унафэр сщIащ:
ЛъэIуащ си анэр, нэпс къежэхыу,
И Танэм къимыщтэн щхьа щIэхыу
Унафэ щIезыгъэгъуэжын,
Сыт ищIэжынт — дэкIуар и бынт,
Къылъыхъуми хэт и фIэзэхуэдэу;
Иджы умыщI си лъэIур кIыхь,
Упагэщ, сощIэр, уиIэщ щIыхь,

Пшэчын хуейщ, уэ сэ сыпфIэкIуэдым:
НэгъуэщIщ сэ лIыуэ сызратар,
СылIэхукIэ згъэпэжынущ ар».

XLIX

Хэт умыхъуами, си тхылъеджэ,
СумыщIми, сыпщIми бий, ухейщ,
Ныбжьэгъуу нобэ укъэзэджэу,
Укъэзгъэнэну сэ сыхуейщ.
Лъыхъуами уи псэр си пычыгъуэм
КъызэщIэстауэ, пщIэж едзыгъуэм,
Зыбгъэпсэхуами, уезэшам,
Къыхэпхыу псалъэ жан, уеджам,
Улъыхъуэу къэбгъуэтам щыуагъэ,
Тхьэм жиIэм, мы тхылъ цIыкIум уэ
ЩIэныгъэ узэрыдэуэн,
Е псэм къыдэкIуэу зы хущхъуагъэ,
Зыгуэр пфIэIэфIу уигу къинэнщ,
Къысхуэбгъэгъуам, укъэзгъэнэнщ!

L

Угъусэ гъэщIэгъуэнт, си ягъэ
КъокIакъым. УэрикI — щапхъэ нэс.
Упсэууэ, уэрикI, гу мызагъэ,
Си гущIэм уилъщ иджыри къэс.
Хъуэпсэгъуэ вдилъэгъуащ усакIуэм:
Тщыгъупщэу псори, гъащIэ гуакIуэм
ЩIалэгъуэ дахэр щедгъэхьам,
Ныбжьэгъу зэхуэсхэр щыдиIам.
НыбжьыщIэу къызощIэж Татьянэ,
Онегини абы бгъэдэтт,
Си япэ пщIыхьым тIури хэтт,
Зэриухынум си романыр,
А пIалъэ слъагъум хэтт мыIупщI,
ЩIыхьами фигу — фыкъызэмыупщI.

LI

Слъагъужкъым щыщ ныбжьэгъу зэхуэсым,
Япэ едзыгъуэм сыздеджам,
ЩыIэжкъым зыр, зыр кIуащ здынэсым,
Ар Сади[12] ещхыщ зэрыжиIам.
Онегиныр, хэмыту ахэр,
Стха хъуащ. Адрейми щапхъэ трахыр —
Татьянэ — щапхъэ нэгъэсащ,
Мызахуэу гъащIэ къылъысащ!
КъикIащ и Iуэхур кIуэжым щIэхыу
Махуэшхуэм, фадэр иухыху
Емыжьэу, емыдаIуэу цIыху,
Романыр иухыхукIэ, мэхыу,
Емыджэм, къээзыгъанэм ар —
Сэ си Онегин къээзгъэнар.

## ЕIуэлIапхъэхэр

[1] *Рим Ижьрейм и усакIуэ Гораций Квинт (лат. Quintus Horatius Flaccus) и тхылъ «ЗэпсэлъылIэныгъэхэр» жыхуиIэм хэт сатырым и къыщIэдзапIэщ. Езы сатырыр: «O rus, quando ego te aspiciam!..»; абы къикIыр: «Уэ къуажэ (губгъуэ), дапщэщ ущыслъагъужынур!» Пушкин, дауикI, ищIэрт латиныбзэ, ауэ мы псалъэхэм я гъусэу итхырт: «О Русь!». Ахэр я къэпсэлъыкIэкIи зэщхьт, абы нэмыщIкIэ, Россиер, къанэ щIагъуэ щымыIэу, къуажэ-къуажэурэ зэхэт къэралт.*

[2] *Лéта (греч. Λήθη) — алыдж ижьрейхэм я мифологием къикI, лIахэр здэкIуэж псыежэх. Абы и псыр ирафырти, гъащIэ блэкIар ящыгъупщэжырт.*

[3] *Алыдж ижьрейхэм я мифологием къызэрикIымкIэ, аонúдхэр гъуазджэм и мэзгуащэхэт.*

[4] *«Ар хъыджэбзт, ар егуэкIуат» (франц.), Пушкин къигъэсэбэпащ француз усакIуэ Мальфилатр Шарль Луи Кленшан (1733-1767) и поэмэ «Нарцисс» жыхуаIэм щыщ псалъэхэр.*

*[5] Урыс усакIуэ Жуковский В. А. (1783-1852) и поэмэ «Светлана»-р зытеухуа пщащэм и цIэ. ТIэу абы дыхуозэ: ет-хуанэ Iыхьэм и эпиграфыр а поэмэм щыщ псалъэхэщ, адыгэ-бзэкIэ зэдзэкIауэ.*

*[6] «ЦIыхугъэр езы щIыуэпсым къыхохъукI». Жак Неккéр (франц. Jacques Necker, 1732-1804) – дуней псом къыщацIыхуу, Францем финанс IуэхухэмкIэ и министру щытащ.*

*[7] Франсуа Рене де Шатобриан (фр. François-René, viconte de Chateaubriand, 1768-1848) – француз тхакIуэшхуэ, дипломат, Францием и пэр. Абы хуэдэу щэныфIэу, нэмысыфIагъэ хэлъу, зыри лъагъуныгъэм темытхыхьауэ жаIэ.*

*[8] Мыбдеж Пушкин мэгушыIэ, и ныбжьэгъу усакIуэ Вяземскэм (П. А. Вяземский, 1792 –1878) итха лъагъуныгъэ усэ «Япэ уэс» жыхуиIэр игу къигъэкIыжу.*



*[9] Пушкиным зи гугъу ищIыр и ныбжьэгъу, усакIуэ Баратынскэр арщ. Абы Финляндием къулыкъу щызэрихьащ, фин пщащэм теухуауэ «Эда» – тхыгъэр итхащ.(Е. А. Баратынский, 1800-1844).*

*[10] «Здэпшэбэм, махуэр здэкIэщI щIыналъэм къыщыхъунущ лIэныгъэм щымышынэ лъэпкъ». Петраркэ (итал.).*

*[11] «ДызэпокIыж. ИгъащIэкIэ дызэпыкIыжмэ, абы ухуейм, дызэпокIыж».*

*Джордж Байрон (индж.) и поэмэ «ДызэпокIыж (Fare Thee Well)» жыхуиIэм щыщ псалъэхэщ.*

*[12] Саади Ширази (1213-1293) – Персием и усакIуэшхуэ, гупсысакIуэшхуэ.*

*ЗэзыдзэкIар* **ХЬЭМЫЗ Руслан**щ

# XX ЛIЭЩIЫГЪУЭМ И 60-80 ГЪЭХЭМ КЪЭБЭРДЕЙ НОВЕЛЛЭМ ЗЭРЫЗИУЖЬАР

*(Мэзыхьэ Борисрэ IутIыж Борисрэ я новеллэхэм япкъ иткIэ)*

Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) новеллэм къикIуа гъуэгуанэр мыкIыхь дыдэми, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу (XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм къыщыщIэдзауэ нобэ къэсыху) жанрым и хабзэ нэхъыщхьэхэр щызэфIэувауэ, ар къэгъэIэрыхуэнымкIэ ехъулIэныгъэхэри зыIэригъэхьауэ, абы и жыпхъэм къитIасэу тха щапхъэ нэгъэсахэри хэплъагъуэу ди лъэпкъ литературэр иджырей лъэхъэнэм къэсащ. Новеллэ жанрыр адыгэ литературэм зэрыщызэфIэувар, XXI лIэщIыгъуэм къэсыху къызэрыгъуэгурыкIуар зыубгъуауэ къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и ещанэ къыдэкIыгъуэм (мы къыдэкIыгъуэм ипэкIэ дунейм къытехьам) тетащ. Абы жанрым и къежьапIэр, зэрызиужьа щIыкIэхэр къыщытхутащ, новеллэм и япэ щапхъэхэу Къущхьэ СулътIан, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Журт Биберд сымэ я Iэдакъэ къыщIэкIахэм дыщыхэплъащ, лъэпкъ новеллистикэм хэлъхьэныгъэ нэхъ ин дыдэ хуэзыщIа Нало Заур и тхыгъэхэр щыдджащ, щIэныгъэр и лъабжьэу щызэпкърытхащ. АдэкIэ ди къэхутэныгъэм къызэрыпытщэнур зи гугъу тщIы жанрыр зэфIэувэным псэемыблэжу зи гуащIэ хэзылъхьа Мэзыхьэ Борис и IэдакъэщIэкIхэр джынырщ, а Iуэхум зи гуащIэ езыхьэлIа IутIыж Борис и философие новеллэхэр зэпкърыхынырщ.



БлэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм къыщыщIэдзауэ Мэзыхьэ Б. и творчествэм прозэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм (нэхъыбэу рассказымрэ новеллэмрэ) зыщаужьащ. Илъэс 60-м щIигъукIэ литературэм хэлэжьыхьа тхакIуэм и къалэмыпэм къыпыкIа рассказхэр, новеллэхэр, повестхэр щызэхуэхьэса тхылъ куэд къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIи урысыбзэкIи дунейм къытехьащ: «Гъуэгупэ псалъэ» (1966), «Вагъуэзэшибл» (1969), «ПцIащхъуэ хужь» (1970), «Мазэхэ жэщ» (1975), «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ» (1982), «Къуажэ пшыхьхэр» (1986), «Тхыгъэхэр» (2000), «Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ» (2003), «Бжьыхьэ макъамэхэр» (2008), «Тхыгъэ къыхэхахэр» (2015), нэгъуэщIхэри.

Мэзыхьэ Б. и творчествэм пэщIэдзэ хуэхъуа «Гъуэгупэ псалъэ» тхылъыр къызэрыдэкIыу, ар лъэпкъ литературэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэнухэм, зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэщIэхэм хуэзышэнухэм зэращыщым критикхэмрэ литературэдж щIэныгъэлIхэмрэ гу лъатауэ щытащ. Тхылъыр дунейм къытехьа нэужь тхакIуэ, критик, публицист Теунэ Хьэчим итхыгъащ: *«Нэхъыжьхэм литературэм щыхаша гъуэгум Борис ирикIуакъым, атIэ езым и лъагъуэ хишыжащ. Абы и рассказхэм хэт лIыхъужьхэм я гур къабзэщ, я псэр нэхущ. Тхыгъэхэр сюжет щIэщыгъуэкIэ убзыхуащ. ТхакIуэм и бзэр къабзэщ, гурыIуэгъуэщ. Борис хэгупсысыхьауэ матхэ. Ар ди нобэрей гъащIэм и усакIуэу убж хъунущ. ГурыщIэ къабзэ яхуиIэу, IэкIуэлъакIуэу ар тотхыхь колхозхэтхэм, зи хэкур зыхъумэжурэ зи псэр зытахэм, ди лъэхъэнэгъухэм я гъащIэ мытыншым, зэIумыбзым».*

«Гъуэгупэ псалъэ» тхылъыр тхакIуэм и творчествэм псыпэ лъэужьыфIэ хуэхъуам и мызакъуэу, лъэпкъ прозэми и хэлъхьэныгъэ нэсу къыщIэкIащ. Тхылъым ихуа «Бжьыхьэ уафэхъуэпскI», «Щхьэц налъэ», «Сэлэт дамэтелъ», «Къэгъэзэжыныгъэ», «ГъащIэр зэрыбгъакIуэщ», «Зэхэмыта хьэгъуэлIыгъуэ», «Щымыгугъам къыщыщIэкIащ» жыхуиIэ тхыгъэхэр рассказым и жыпхъэм изагъэу тха хъуахэщ, жанрым и зыужьыныгъэм зы къуэпсу хэувахэщ.

Мэзыхьэ Б. нэхъыбэрэ щылэжьар прозэм и жанр кIэщIхэрщ – рассказымрэ новеллэмрэщ. Иужьрейм и гугъу пщIымэ, тхакIуэр лъэпкъ новеллистикэм нэхъыбэ дыдэ хуэзылэжьахэм ящыщщ. Абы и щыхьэтщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI IутIыж Борис и псалъэхэри: *«Новеллэ тхынкIэ Нало Зауррэ Мэзыхьэ Борисрэ япэхъун зэкIэ димыIэу си щхьэкIэ къысщохъу. АтIэми, шэч къытезыхьэн щыIэу ди гукъэкъым новеллэ и IуэхукIэ а тхакIуитIым я цIэ-унэцIэхэр зэкIэлъыкIуэу ди литературэм зэрыхэувам»,* – итхыгъащ абы.

ТхакIуэ къэс езым и хъэтI зэриIэжым хуэдэу, новеллэ зытхми жанрым и къэгъэIэрыхуэкIэ иIэжщ, ар (новеллэр) хабзэ хэхахэм тету гъэпсауэ зэрыщытыпхъэм емылъытауи. Псалъэм папщIэ, Нало Заур и новеллэхэр я сюжет зэхэлъыкIэ-ухуэкIэкIэ КъуэкIыпIэ къэралхэм «щызэхэзекIуэ» («бытование» къидгъэкIыу) притчэхэм пэгъунэгъумэ, сыт хуэдэ лъэхъэни хэзагъэ, дунейри хьэршри къызэщIэзыубыдэ философие куукIэ псыхьамэ, Мэзыхьэ Борис ейхэр нэхъ «щIылъэхуэплъэщ» – жылагъуэм и зэхэтыкIэм, цIыхухэм я зэхущытыкIэм нэхъ къегъэзащ.



Мэзыхьэм и новеллэхэм я сюжетхэр нэхъыбэрэ зытегъэщIар махуэ къэскIэ узрихьэлIэн Iуэхугъуэ къызэрыгуэкIхэрщ. Ауэ, жанрым зэрыщыхабзэу, зэ еплъыгъуэкIэ мыхьэнэ щIагъуи ямыIэу пфIэщIыну къэхъугъэхэр тхакIуэм гъэщIэгъуэну къегъэлъагъуэ. Абы щыгъуэми тхыгъэхэм я сюжетхэр кIэщIщ, къетхэкI лейхэмкIэ кудакъым.

Мэзыхьэ Б. новеллэ тхынымкIэ зэфIэкI зэриIэр «Вагъуэзэшибл» тхылъым ихуа «Сын», «Нартыху Iэбжьыб» тхыгъэхэм, нэгъуэщI зыбжанэми япэу наIуэ щыхъуауэ щытащ. Ахэр тхылъым рассказу зэрыхыхьам емылъытауэ, тхыгъэхэм новеллэм и нэщэнэ куэд яхэплъагъуэрт. ЖытIэм и щыхьэтщ а тхыгъэ дыдэхэр 2015 гъэм тхакIуэм и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьа «Тхыгъэ къыхэхахэм» новеллэу зэрыхыхьар. КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, зи гугъу тщIы тхылъым новеллэ 40-м нэблагъэ щызэхуэхьэсащ, ар тхакIуэм новеллэ творчествэ убгъуа къызэрызэринэкIар хьэкъ тщызыщIщ.

«Сын» фIэщыгъэм щIэт тхыгъэм психологие новеллэм и нэщэнэхэр хыболъагъуэ. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэ Хьэжудэ и адэм сын хуигъэувын Iуэху зэрихуэу сюжетым къыщIедзэ. АдэкIэ Жынус (Хьэжудэ и адэм) и дуней тетыкIар, кIуэдыпIэ хуэхъуар тхакIуэм мащIэмащIэурэ къызэкIуэцIех. Зауэ зэманым ар и хэку епцIыжри, бийм я гъусэу ежьэжауэ щытащ, абы иужькIэ Жынус и щхьэ кърикIуами, и кIуэдыкIэ хъуами, и кхъащхьэ здэщыIэми зыри щыгъуазэкъым. Сыт хуэдиз лей щIылъэм щызэримыхьами, и адэм IэщIэщIахэр гукIэ щызэригъэзахуэкIэ, Хьэжудэ ар захуэу къыщIригъэдзыну хэтщ, абы и щыуагъэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр къыхуилъыхъуэкIэрэ: *«Ди*

*адэм хуэдэ куэд ежэжьауэ щытащ, – егупсысырт ар. – Ауэ хуэфащэ тезыр тралъхьэри хей ящIыжащ. Хэбгъэзыхьмэ, апхуэдэ куэдым иджы къулыкъу иратыжащ. ЦIыху псори зэхуэдэ – хэти къыгурыIуэшхуэ щыIэкъым, хэти нэхъ Iущщ. ЦIыху емыджам илэжьыр уэим пщIы хъунукъым. СлIо, ди адэм щIэныгъэу бгъэдэлъар? Iэ тедзэжыкIэ къудей ищIэртэкъым. Щыуэпами, си адэм и тхъэмыщкIагъэр къэзышар зауэракъэ? Ари, дауи щрети, зауэм ихьащ»*.

Тхыгъэм и сюжетым зиужьыхукIэ, Хьэжудэ и зэхэщIыкIми, адэм ехьэлIауэ иIэ гупсысэхэми щхьэусыгъуэ зыбжанэхэм япкъ иткIэ захъуэж: япэрауэ, адэм и сыныр гъэувыным ирищIэкIа дауэдапщэм и гъунэгъу дыдэхэри къекIуалIэркъым, етIуанэрауэ, зауэм лIыхъужьыгъэ щызезыхьэу къэзыгъэзэжа Хьэжмурат хэкум епцIыжа Жынус и сыныр абы папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъ мывэхэм бгъурагъэувэну арэзыкъым. А псоми Хьэжудэ и зэхэщIыкIыр къызэрагъэдзэкI, куэдым гу лърагъэтэж икIи тхыгъэм и кIэухым деж, новеллэм зэрыщыхабзэу, щIэджыкIакIуэр зыпэмыплъэ Iуэхугъуэ къохъу: лIыхъужьу кIуэдахэм я фэеплъ сын куэд зи Iэдакъэ къыщIэкIа сынымщIэм (сын зыщIым) щыуагъэкIэ Жынус и сынымщхьэми вагъуэ плъыжьым и дамыгъэр хищIыхьати, сыныр хаса нэужь, Хьэжудэ гу лъитэри, вагъуэ плъыжьыр лэч фIыцIэкIэ хигъэгъуэщэжащ. Мыбдежым тхыгъэм и персонаж нэхъыщхьэр псэ бэнэныгъэ хохуэ: акъылкIэ фIы дыдэу къыгурыIуэрт адэм илэжьар зэрыкъуаншагъэр, ауэ сыным вагъуэр щытригъэкIыжым, *«ар ежьэрт «апхуэдэу щхьэ пщIырэ, тегъэт, сыт хуэпщIэр», – жаIэным, арщхьэкIэ кхъэм дэт псоми зыри ямылъагъу нэпцI защIат»*.

«Сын» новеллэм философие гупсысэ куухэмкIэ кIэIунэ етыжащ: *«ПцIыщ жаIэр, кхъэми, къызэрыщIэкIымкIэ, цIыхухэр зэхуэдэ щыхъужыркъым, цIыхухэми зыри ящыгъупщэркъым. Ди адэм иужьрей егъэзыпIэ хуэхъужари езым къилэжьыжарщ», – гупсысэурэ Хьэжудэ кхъэм къыдэкIыжащ»*.

«Вагъуэзэшибл» тхыгъэри психологие мотивхэр щытепщэу тхащ. Мыбы и сюжетми лъабжьэ хуэхъуар зауэ блэкIам и зы фэбжь мыхъужщ. Тхыгъэм и персонаж нэхъыщхьэр – Бынэ – бынунагъуэ насыпыфIэм хэпсэукI, фIыуэ къэзылъагъу щхьэгъусэ зиIэ бзылъхугъэщ, ауэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ гъащIэр IэфIыншэ къыщищIу абы и гум зы IэпапIэ фIыцIагъэу телъщ – ар и лъагъуныгъэ блэкIарщ. Бынэ япэ дыдэ гухэлъ зыхуищIа щIалэр – Хьэсэн – зауэм хэкIуэдащ, ауэ ар зэикI игу ихуркъым, абы фэеплъу къыхуигъэна Вагъуэзэшиблым худэплъей зэпыту гъащIэр ехь. Зэрынэрылъагъущи, «Вагъуэзэшибл» новеллэм и сюжетыр гукъэкIыжхэм, гупсысэ нэщхъейхэм тещIыхьащ. ТхакIуэм и тхыгъэм психологие кууагъ щIилъхьэн лъэкIащ, ауэ жанрым и хабзэ нэхъыщхьэхэм къапекIуэкIащ: новеллэм иIэн хуей узыпэмыплъэ, укъэзыгъэуIэбжь кIэухыр мыбы хэтлъагъуэркъым, гуащIэу екIуэкI, зызыужь Iуэхугъуи дыщрихьэлIэркъым. Апхуэдэ щыщIэныгъэхэм «Вагъуэзэшибл» тхыгъэр и купщIэкIи, и ухуэкIэкIи рассказым нэхъ пэгъунэгъуу къэтлъытэнымкIэ шэсыпIэ драгъэхьэ.

«Тхыгъэ къыхэхахэм» новеллэу хыхьами, Мэзыхьэ Б. и «Гукъанэри» рассказым и жыпхъэм нэхъ йозагъэ. Образ нэхъыщхьэу тхыгъэм къыхэщыр зауэм лIыхъужьу хэта Темыркъанщ. Ар езым хуэдэ



10 Заказ №406

лIыхъужьхэр ягъэлъэпIэну къуажэ клубым щащI дауэдапщэм ирагъэблагъэркъым, дадэм ар игу щIохьэ, гукъанэ ещI. Темыркъан зэIущIэм зэрыщымыIэм абы кърихьэлIа полковникым гу лъетэри, дадэр къашэну къызэгъэпэщакIуэхэм яжреIэ, икIи къашэ. Тхыгъэм и сюжетыр зэрыхъур аращ, ауэ абы щIэлъ философиер куущ, психологие кууагъ хэлъу персонаж нэхъыщхьэм и гурыгъу-гурыщIэхэр къыщыгъэлъэгъуэжащ.

И ухуэкIэкIи купщIэкIи «Гукъанэр» новеллэу къыпхуэлъытэнукъым, ар зи IэдакъэщIэкI тхакIуэм «новеллэ» зэрыфIищам емылъытауи. «Вагъуэзэшиблми» хуэдэу, мы тхыгъэми гуащIэу екIуэкI Iуэхугъуэ ущрихьэлIэркъым, новеллэм зэрыщыхабзэу, сюжетым зэуэ зызэридзэкIыркъым, узыпэмыплъэ кIэухи иIэкъым, ееблэмэ кIэухыншэ щIыкIэу, Темыркъан и гупсысэ кIапэлъапэхэмкIэ къызэтоувыIэ: *«Темыркъани хьэщIэм щIыгъуу пщыхьэщхьэшхэ Iэнэм яшащ. «Ей сыщхьэцпэщтэIуэщ сэ, – егупсысырт ар, – Iэмбатэ зэрымытым Iэтэ изгъэуващ, гукъанэ лей сщIащ». Ауэ абы игу лъащIэм иджыри мыарэзыныгъэ гуэр ильт. Псалъэ гуапэхэм гуауэр яхуэгъэвыжыртэкъым икIи жыжьэу гу лъащIэм щыгъэпщкIуа гупсысэм – «полковникыр къэмыкIуатэмэ-щэ» – зэрегупсысым абы и гуфIэгъуэм ныбжь къытридзэрт»*. Зэрынэрылъагъущи, тхыгъэм и кIэухым деж щIэджыкIакIуэр зыпэмыплъэ Iуэхугъуэ е гупсысэ гуэри тхакIуэм къигъэлъагъуэркъым е къиIуатэркъым. А псом къыхэкIкIэ, «Гукъанэри» рассказым и жыпхъэм нэхъ изагъэу къэлъытапхъэщ.



ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа тхыгъэхэм («Вагъуэзэшиблымрэ» «Гукъанэмрэ») хуэдэщ «Фызышэри». Абыхэми хуэдэу, мы тхыгъэми къэхъугъэ гъэщIэгъуэн гуэри хэплъагъуэркъым. Пщымырзэ жэщым къызэщоури, и тхьэкIумэм гъы макъ къоIуэ. Гузэвэгъуэ макъыу зэхихыр хьэблэм унагъуэу дэсым яхуехь, арщхьэкIэ ар джэду пщIэу макъыу къыщIокIыж. Аркъудейщ мы тхыгъэми щIэлъ гупсысэр зэрыхъур: и сюжетым хуэдэу, езыри кIэщIщ.

Новеллэм и нэщэнэ нэхъыбэ яхэлъу гъэпсахэм, а жанрым тхакIуэм нэхъ къыщехъулIахэм ящыщщ «ХьэтIэхъу и лъагъуныгъэ», «Лимон хуэла», «ПIэщхьагъ къурэ», «Нартыху Iэбжьыб» жыхуиIэхэр.

«ХьэтIэхъу и лъагъуныгъэ» новеллэм и пэщIэдзэм щызэхэубла Iуэхур зыхуэкIуэнур тхыгъэм и кIэм нэсыху тхакIуэм сэтей къищIыркъым. ХьэтIэхъу щынэхэр ирегъэукI, и бынхэр къызэхуешэсыж, хьэблэдэсхэри къреджэри, я пщIантIэм дауэдапщэ щызэхешэ, ауэ ар зытеухуар, зэхьэлIа Iуэхур зыми ищIэркъым. Псори наIуэ щыхъур тхыгъэм и кIэух сатырхэм дежщ. ХьэтIэхъу и щхьэгъусэ дунейм ехыжам зэгуэр жиIэгъат: *«Я дэ ди тхъэ, сыту гъащIэфI зиIэ щыIэ? Ильэс щэ ныкъуэкIэ зэдэпсэуа щыIэщ жоIэ-тIэ. Ей, лIы, апхуэдизкIэ уэрэ сэрэ дызэдэпсэумэ, хьэгъуэлIыгъуэ дыгъэщIыж»*.

ХьэтIэхъу щхьэгъусэм и лъэIур игъэзэщIауэ арат: а махуэм илъэс щэ ныкъуэ ирикъурт абыхэм унагъуэ зэрызэдаухуэрэ. Мыпхуэдэ узыпэмыплъэ къэхъугъэ гъэщIэгъуэным иужькIэ, ХьэтIэгъу и гурыгъухэр психологие кууагъ хэлъу къызэпкърызых, новеллэм и мыхамэу щыт драматизмэр зыхэлъ псалъэхэмкIэ тхыгъэр еух: *«МыукIытамэ, кIуэнти сыным Iэ дильэнт, ауэ емыкIум игъэбакъуэркъым. ЛIыжьыр, лъэныкъуэкIэ еба сыну, Iуащхьэкум итщ. Нэхъ гъу-*

*нэгъуу убгъэдыхьамэ, плъагъунт ар зэрыпыгуфIыкIыр. Плъагъуми, чэфу къыпфIэщIынщ. Пэжщ, чэфщ. Хьэуэ, чэфыжьыпкъэщ. Илъэс щэ ныкъуэ япэкIэ ищIа лъагъуныгъэм и чэфыр пкърыкIыжакъым. Лъагъуныгъэм и чэфыжьыпкъэм щхьэри, гури, псэри ес».*

Драматизмэр ебэкIыу тха хъуащ «Нартыху Iэбжьыб», «Лимон хуэла» новеллэхэри. «Нартыху Iэбжьыбым» зауэм и лъэхъэнэ гуащIэм цIыхухэм гугъуехьу я нэгу щIэкIар къыщыгъэлъэгъуэжащ. Новеллэм и хабзэхэм къызэрагъэувщи, абы и сюжетыр зы Iуэхугъуэм тещIыхьащ, зы унэтIыныгъэкIэ шэщIащ («однособытийность» е «монособытийность» жыхуаIэм тету). Зи адэр зауэм кIуа сабийр ныбэкIэ гугъу йохь: щхьэгъусэм и шырыкъуитIыр ищэу шхын тIэкIу къихьыну бэзэрым кIуа и анэм поплъэ, апщIондэхукIэ гъунэгъу сабийм иIыгъ пIастэм йохъуапсэ... Апхуэдэ гугъуехьхэр тхакIуэм гущIыхьэу къретхэкI, ауэ зауэм къиша насыпыншагъэхэм я гугъу зэрищIым къыдэкIуэуи, цIыхугъэм и щапхъэ нэси тхыгъэм къыщегъэлъагъуэ. Ар зэхьэлIар сабий мэжэщIалIэм пIастэ Iыхьэ, кхъуей шыпс тIэкIу, нартыху IэбжьыбитI къезыта Луцэ нанэ и образырщ. Абы къылъыкъуэкIа цIыхугъэ лъагэмрэ гуапагъэмрэ тхыгъэм и лIыхъужьым зэикI щыгъупщэркъым, зауэр иухыу езыри балигъ хъужа пэтми: *«... нобэр къыздэсым си фIэщ хъуркъым абы нэхъ ерыскъы IэфI сIухуауэ. Ар сэ ныбэрылъ схуэхъуа сфIощI. ПIастэ хуабэр кхъуей шыпс шыугъэ, гъуэтэрымэ мащIи къызыхихым хэгъэуауэ пшхыныр сыту гухэхъуэгъуэт! Абы и IэфIагъыр зыхуэдизыр чыщмыщкIэ япIам къыгурыIуэнкъым. Ауэ зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм ящIэ».*

Новеллэм и нэщэнэ зыбжанэ хэтлъагъуэми, «Нартыху Iэбжьыб» тхыгъэм укъэзыгъэуIэбжь кIэух иIэкъым, щIэджыкIакIуэр зыпэмыплъэ Iуэхугъуи къыщыхъуркъым. Апхуэдэ дыдэу, драматизмэр щытепщэу, психологие лъабжьэ иIэу, ауэ гуащIэу екIуэкI Iуэху, конфликт хэмылъу гъэпсащ «Лимон хуэла» тхыгъэри.

«Лимон хуэлам» лъабжьэ хуэхъуар анэмрэ бынымрэ я зэхущытыкIэрщ. Тхыгъэм хэт ЛатIиф и ныбжьэгъу Хьэрэбий и машинэмкIэ зрегъашэри, и анэм деж къуажэм мэкIуэж. Новеллэм къызэрыхэщымкIэ, ар куэд щIауэ и адэ лъапсэ ихьэжакъым, пIэм хэлъ и анэри куэду къыхуэзэшат. Тхыгъэм хэлъ драматизмэр къэзыгъэщIыр къуэм и гур анэм зэрыхуэщIыIэрщ: ЛатIиф и анэм зэрыхущытыр абы хуихьа зы лимон хуэламкIэ къэгъэлъэгъуа хъуащ. Къуэм анэм хуищIа гулъыти щыIэкъым, атIэ нысэм (и къуэшым и щхьэгъусэм) къытригъэува фадэм ефэщ, шхыным хэIэбэри, анэм сэлам къудеи иримыхыжу, и гъуэгу техьэжащ.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIахэри Мэзыхьэм и нэгъуэщI тхыгъэ кIэщIхэри нэщэнэхэмкIэ (символхэмкIэ) къулейщ. Псалъэм папщIэ: *лимон хуэлар* (къуэр анэм зэрыхущытыр къэзыгъэлъагъуэр), *пIэщхьагъ къурэр* (зи щхьэгъусэр дунейм ехыжа дадэм, сыт хуэдэ пIэщхьагъ щIамыдзми, къурэу къызэрыщыхъур), *нартыху Iэбжьыбыр* (цIыхугъэм, гуапагъэм и нэщэнэу сабийм игу къинэжар), н.ку. Символхэм къищынэмыщIауи, Мэзыхьэ Б. и новеллэхэр психологизм лъэщкIэ псыхьащ, философие гупсысэ куухэм уащрохьэлIэ. Апхуэдэхэщ: «Сэ ныбжьэгъу сиIэщ», «Жэщ мазэхэ», «Хамэ», «ПщIыхьэпIэ» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Мэзыхьэ Борис и новеллэ псори а жанрым и хабзэхэм тету, нэгъэсауэ а жыпхъэм изагъэу тхауэ пхужыIэнукъым. Новеллэм и нэщэнэ зыбжанэ (псалъэм папщIэ, тхыгъэхэр зэрыкIэщIыр, сюжетыр зы Iуэхугъуэм зэрытегъэпсыхьар, зы унэтIыныгъэм зэрытетыр) ядэплъагъуми, абыхэм я щыщIэныгъэ нэхъыщхьэщ нэмыцэ философ, тхакIуэ Гёте зи гугъу ищIа нэщэнэ нэхъыщхьэр – «зыми зэхамыхауэ (ямылъэгъуауэ) къэхъуакъэщIар» («случившееся неслыханное происшествие») – жыхуаIэр зэрахэмылъыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Мэзыхьэ Б. и новеллэхэм я сюжетым зэуэ зихъуэжу, узыпэмыплъэ, укъэзыгъэуIэбжь къэхъугъэ телъыджэ гуэр къыщыгъэлъэгъуауэ, фантастикэм е мистикэм я кIапэлъапэ, мифологием щыщ мотив сыт хуэдэхэм уащрихьэлIэркъым, гуащIэу екIуэкI Iуэхугъуэ (конфликт) хэплъагъуэркъым.

Хэхауэ и новеллэ творчествэм и фIагъ е щыщIэныгъэ емылъытауэ, Мэзыхьэ Борис лъэпкъ прозэм хэлъхьэныгъэ нэхъ ин дыдэ хуэзыщIахэм зэращыщыр къэгъэлъэгъуапхъэщ: жанр кIэщIхэм нэмыщIуи, ар повесть жанрым Iэзэу щылэжьащ («Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ», «Мыл чэщанэ», «Къуажэ пшыхьхэр», «Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ», «Мамэ, лIы сыдокIуэ»).

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70-80 гъэхэр къэбэрдей новеллистикэм нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьа лъэхъэнэщ. Абы и щыхьэтщ Нало Зауррэ Мэзыхьэ Борисрэ я IэдакъэщIэкIхэр, псом хуэмыдэжу лъэпкъ новеллэм зиужьынымкIэ мыхьэнэ ин иIащ, нобэкIи иIэщ Нало Заур и новеллэхэр щызэхуэхьэсауэ 1981 гъэм дунейм къытехьа «Къру закъуэ» тхылъым (мыбы теухуа къэхутэныгъэ «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуащ – №3, 2020.).



Къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнэм къэбэрдей новеллэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм ящыщщ IутIыж Бориси. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ философие новеллэ гупышхуэ, къыщыIэта темэкIэ зы лъэхъэнэ гуэрым емыхьэлIауэ, ауэ щыхъукIи сыт хуэдэ зэмани хэзагъэу. Апхуэдэу «зи пIалъэ имыкIыж» тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъу хабзэщ гъащIэм сыт щыгъуи нэхъыщхьэу къыдекIуэкI лъапIагъэхэр – цIыхугъэр, гуапагъэр, фIымрэ емрэ я зэпэщIэтыныгъэр, н.ку. Абыхэм тегъэщIащ IутIыжым и «Жэнэтбзу» (1971), «Гум и тезыр» (1971), «МэракIуэщыпэ» (1974), «Гухэлъ жыг» (1977), «Фызабэ» (1978), «Мазэгъуэ жэщ» (1980), «Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ» (1989), «ГъащIэмрэ нэужьымрэ я зэхуакум» (2000) новеллэхэм щIэлъ гупсысэхэри. Зи цIэ къитIуа новеллэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ илъэс зэхуэмыдэхэм къытехуащ, иужькIэ 2005 гъэм тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьа «Къудамэхэр» тхылъым иту къыдэкIащ.

«Гухэлъ жыг» новеллэр и ухуэкIэкIэ миниатюрэм пэгъунэгъущ: лъагъуныгъэ насыпыншэм и сурэт абы псалъэкIэ щытхащ. Тхыгъэм зызыужь сюжет иIэкъым, ар персонаж нэхъыщхьэм – Анзор – и гукъэкIыжхэм тещIыхьащ: ар зэгуэрым насыпыфIэу щытащ, ауэ а насыпымрэ и лъагъуныгъэ къабзэмрэ зэрыщIэбэнын лIыгъэ къыкъуэкIакъым. Зы зэман лъагъуныгъэшхуэм и нэщэнэу щытыгъа жыгыр иджы гухэлъ щэщэжам и фэеплъу къэнэжащ. Анзор и насыпыр гъащIэм щигъэувынымкIэ лъэпощхьэпоуэ къэувахэр

тхакIуэм къигъэлъагъуэркъым, абы фIыуэ илъэгъуа пщащэм адэкIэ и Iуэху зыхуэкIуэри, и щхьэ кърикIуахэри новеллэм щызэIубзкъым. IутIыжым хэхауэ и нэIэ зытригъэтыр тхыгъэм и лIыхъужьым псэкIэ игъэвхэрщ, абы и психологиер къызэкIуэцIыхынырщ, игу лъащIэм иплъэнырщ. Абы папщIэ тхакIуэм монолог Iэмалыр и тхыгъэм Iэзэу къыщегъэсэбэп. Новеллэм и лIыхъужьым и зы монологым «шынэ»-кIэ зэджэр, ар зищIысыр, къызыпкърыкIыр щызэпкърыхащ: *«ЦIыхум иIэщ къыхалъхьауэ къыдекIуэкI шынэ. Куэдрэ къытщохъу дэ ар тфIэкIуэдауэ, ткIэрыхуу зыщIыпIэ къыщынауэ, афIэкIа и лъахъэр ди гурыщIэхэм къаримылъхъэжыфыну. Абдежым дэ догушхуэ, дожажьэ, псори ди Iэрылъхьэу къыдолъытэж... АрщхьэкIэ къыддекIуэкI шынэр дэ къыткIэлъоплъ. КъыдощакIуэ. ЗымащIэкIэ дзыхьмыщIу дыкъилъэгъуакъэ, – лъынтхуэхэм закъыхегуашэри, батэкъутэр зыгъэшыну уи гугъа IэпкълъэпкъкъыкIир щIегъалIэ... Сэри къысщыщIар арат: Iэджэми сегупсысащ, дзыхьмыщIу дыщызыгъэт а шынэм куэдыIуэрэ сечэнджэщащ... Махуищ нэхъыбэкIэ...».*

IутIыж Б. и новеллэхэм щытепщэр философие гупсысэхэрщ, тхакIуэм нэхъыбэу гулъытэ зыхуищIыр абы и философие, психологие лъабжьэрщ. Абы щыгъуэми, тхыгъэхэр жанрым и жыпхъэхэм щимытIасэ къохъу. Новеллэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщу IутIыжым и IэдакъэщIэкIхэм нэхъыбэрэ ядэплъагъуухэм ящыщщ сюжетыр кIэщIу, зы Iуэхугъуэ къызэпкърыхыным хуэунэтIауэ, драматизм хэлъу зэрыухуар. АрщхьэкIэ, Мэзыхьэ Б. и новеллэхэми хуэдэу, IутIыж Б. ейхэми гуащIэу екIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ сюжетым щIэджыкIакIуэм здыхуимыгъэфэщамкIэ зигъэзэнымрэ («резкий поворот сюжета» жыхуаIэращ) куэдрэ ущрихьэлIэркъым. Ауэ щыхъукIи, а нэщэнэ (признак), ухуэкIэ хабзэхэр новеллэ жанрым щынэхъыщхьэщ.

«Гум и тезыр» тхыгъэр IутIыж Б. новеллэ жанрым нэхъыфIу къыщехъулIахэм ящыщщ. Сюжетым и кIэухым деж наIуэ зэрыщыхъумкIэ, абы щекIуэкI псори къэзыIуатэр образ нэхъыщхьэм – Марят – и гурщ. Абы езыр зи бгъэгум къыщеуэ бзылъхугъэм хуигъэгъуркъым зэгуэр и щхьэгъусэм кIэлъызэрихьа лейр. Марятрэ Жансэхъурэ я псэ зы чысэ илъу фIыуэ зэрылъагъу зэщхьэгъусэхэт, ауэ Жансэхъу машинэ зэжьэхэуэм хэхуэу и лъакъуитIри паха нэужь, унагъуэм къытегуплIа насыпыншагъэм Марят и психикэр пэлъэщыркъым. Бзылъхугъэр зэрикIыжын щхьэусыгъуэ лъыхъуэу хуожьэ, псори къызыгурыIуэ Жансэхъуи ар «щхьэхуит ещIыж». Марят етIуанэуи щхьэгъусэ егъуэтыж, зыхуей лъэпкъ хуэмыныкъуэуи мэпсэу, ауэ япэу и псэм фIыуэ илъэгъуа Жансэхъу зы махуи игу ихуркъым. Тхыгъэм и кIэухым деж абы и гум мыпхуэдэ псалъэ Iущхэр къыжреIэ: *«... Ауэ щыIэщ дуней мылъкуми къыщIэмыкIын фIыгъуэшхуэ гуэр. Ар – цIыхубзым цIыхухъум деж къыщилъыхъуэ нурырщ. Уи насыпыншагъэу къыщIэкIынти, уэ уащыщщ, Марят, а нурыр имыгъуэту мыпсэуфыну бзылъхугъэхэм. Уи щхьэгъусэр (етIуанэ щхьэгъусэрщ зи гугъу ищIыр. – ХъЛ.) – а нурым щыщ гуэри къызыщхьэщимыхыу цIыхухъухэм... Псори хуэму, щыму, телъэщIауэ йокIуэкI, ауэ сэ зыращ зыщIэр, Марят, уэ уи гъащIэм и щэхур. Зэманыр кIуэтэху нэхъ IупщI хъууэ уэ уи нэгум къыщIоувэж Жансэхъу и теплъэр. Къуаншагъэ ин гуэр зэрыббгъэдэлъыр уощIэжри, уэ а гукъэкIыжхэм защыбгъэпщкIуну*

*ухэтщ, ауэ плъэкIкъым. ПлъэкIкъым а цIыхум сэ, уи гур, септащи... Гур зэщ тыгъэ зэращIыр, Марят. Зэ закъуэщ. ИкIи сылъысыжынукъым сэ нэгъуэщIым...».*

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, «Гум и тезыр» новеллэм гъащIэм и хабзэ ткIийхэр (псалъэм папщIэ, «е пщIауэ фIым узэрыщымыгугъынур», «уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, узэрыIущIэжыр», «зым и насыпыншагъэм адрей насып зэрыхимыщIыкIыфынур») къыхощ. ЩIагъыбзэ куукIэ тхыгъэм щIэгъэпщкIуащ лей зезыхьэм илэжьар къыпезыгъэкIуэкIыж къару лъэщ ди щхьэщыгу къызэритыр. Апхуэдэ гупсысэ куухэм икIи гугъусыгъухэм къадэкIуэуи, тхакIуэм и тхыгъэм лирикэ макъамэ мащIэ зэрыщIилъхьэным хущIэкъуащ. Ар къагъэлъагъуэ мыпхуэдэ псалъэхэм: *«Аргуэру гъатхэщ... Аргуэру гъэгъащ сиренхэр. Аргуэру бзухэм я уэрэдым щIадзэжащ. Аргуэру зыщIыпIэкIэ къоIукI гущIэр къызэзыгъэдзэкI пшыналъэр... Гукъинэж хъуа пшыналъэр [пшыналъэ дахащэр]...».* Мы сатырхэм новеллэм и ублапIэуи кIэIунэ езытыж Iыхьэуи тхакIуэм къегъэсэбэп, ауэ абыхэм тхыгъэм и пэщIэдзэмрэ и кIэухымрэ щагъэзащIэ къалэныр зэхуэдэкъым, нэщэнэ щIыкIэу ягъэнахуэ Iуэхухэри зэтехуэркъым. Новеллэм и пэщIэдзэм деж ахэр лъагъуныгъэ къабзэм, дахэм и нэщэнэщ, фIытеIуэ, фIыпежьэ мыхьэнэ яIэщ, кIэухым деж – лъагъуныгъэм и хъыбарыр иухыу гъадэщIыдэм зэрыхыхьэжам, къэхъуам емылъытауи, дунейр зэрымыкъутэжам, гъащIэр адэкIэ зэрыкIуатэм и щыхьэтщ.



ИщхьэкIэ дызыхэплъахэр къызэщIэткъуэжмэ, Мэзыхьэ Борисрэ IутIыж Борисрэ я новеллэхэм сыт щыгъуи жанрым и хабзэ псори гъэзэщIа щыхъуауэ щыткъым, щыщIэныгъэ гуэрхэми урохьэлIэ, арщхьэкIэ ахэр XX лIэщIыгъуэм и 60-80 гъэхэм лъэпкъ новеллистикэм адэкIэ зэрызиужьыну унэтIыныгъэхэр зыубзыхуа тхыгъэхэщ. Къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнэм мы тхакIуэхэм я новеллэхэм философие, лирикэ мотивхэр нэхъ щыщIохуабжьэ, апхуэдэуи а жанрым иту ятх тхыгъэхэр психологие кууагъ ящIэлъу, персонажхэм я гурыгъугурыщIэхэр къызэпкърыхыным нэхъ тегъэщIауэ гъэпса мэхъу. Зи гугъу тщIыхэр къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэм (90 гъэхэм къыщыщIэдзауэ) дунейм къытехьа новеллэхэми (КIыщокъуэ А., Къэрмокъуэ М., Ацкъан Р., Апажэ А., ГъукIэ-Мэремкъул М. сымэ, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэм) къапкърыщащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# ЩIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ



*Ди щIыналъэм и мэкъумэш IэнатIэм, абы ехъэлIа щIэныгъэм зегъэужьыным зи гуащIэ хэзылъхьа цIыху куэд диIэкъым. А зырызхэм ящыщщ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор КIуэкIуэ Тэлэдин Нахъуэ и къуэр. И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу Тэлэдин «УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныммкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ, и цIэр Дунейпсо адыгэ щIэнгъуазэм иратхащ. Мэкъумэш IэнатIэм и лъэныкъуэ куэдым гумызагъэу телажьэ ди тхъэмадэфIым и ныбжьыр мы гъэм илъэс 80 ирокъури, дигуми ди псэми къыбгъэдэкIыу дохъуэхъу и IуэхущIафэр фIым я щапхъэу, езыри щIалэгъуалэм я гъуазэу илъэс куэдкIэ тхуэузыншэну!*

## КIуэкIуэ Нахъуэ и унагъуэр



Нахъуэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, и IуэхущIафэкIэ лIыгъэ зыдалъагъу цIыху цIэрыIуэу Малкэ дэсащ. Абы и щхьэгъусэ СэIимэти лъэпкъыфI къыхэкIат, губзыгъэт. Нахъуэрэ СэIимэтрэ я унагъуэр къуажэдэс псоми щапхъэ яхуэхъуфын хуэдэу къыщIэкIащ: щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхум зэрызиузэщIыр, абы и гъуэгуанэр нэхъ нэху зэрыхъур, лъэпкъми къэралми хуилэжьыфынур зыхуэдизыр къызыгурыIуэ зэщхьэгъусэхэм, а зэман гугъум быныфI хапIыкIыфащ. Абыхэм къыхаха IэщIагъэхэр къуэпс зэхуэмыдэ защIэу къыщIэкIри, плIыри щIэныгъэм щехъулIащ. Жэмалдин – филологием, Тэлэдин мэкъумэш щIэныгъэм я доктор, профессор хъуахэщ, Тамарэ – химие, Хьэсэнбий – физикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ. ЖыпIэнурамэ, зы унагъуэм щапIа зэанэкъилъхухэр щапхъэ зытрах цIыху гумызагъэу, зыхэтым пщIэ къыхуащIу цIэрыIуэ хъуащ. Нэхъ гъэщIэгъуэныжыращи, абы къатехъукIыжа я бынхэм (бгъу мэхъури) псоми школри еджапIэ нэхъыщхьэхэри ехъулIэныгъэкIэ къаухауэ, щыр профессорщ, хыр кандидат, доктор хъуахэщ. Аращ «псыпэр зэрыкIуэм псыкIэр ирожэ» щIыжиIар пасэрейм.

## Псыпэр къыщежьар Балъкъ псыхъуэт...

КIуэкIуэ Тэлэдин Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Малкэ къуажэм 1940 гъэм мартым и 4-м къыщалъхуащ. Къуажэ курыт еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, ар 1958 гъэм КъБКъУ-м и мэкъумэш къудамэм Iэщ гъэхъун IэщIагъэм щыхуеджэну щIэтIысхьащ. ЩIалэ гурыхуэр занщIэу Iуэхум дихьэхащ икIи IэнатIэр зэребгъэфIакIуэ хъуну щIыкIэм, абы и Iэмал щэхухэм елэжьын щIидзащ. Къэхутэныгъэ лэ-

жьыгъэхэр иригъэкIуэкIрэ университетым щызэхашэ щIэныгъэ конференцхэм утыку къыщрихьэу фIыуэ хуеджащ къыхиха IэщIагъэм. Университетыр къиуха нэужь, Тэлэдин зоотехник нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ а зэманым пашэу щыта IуэхущIапIэхэм ящыщу Къармэхьэблэ дэта Iэщ гъэхъупIэм. А зэманыращ абы къихутэу щыхуежьар Iэщым и Iусыпхъэм хэлъ минералхэм я мардэр. АрщхьэкIэ лэжьыгъэ къудейкIэ узыпэмылъэщын щIэныгъэ хуейт абы.

1965 гъэм Тэлэдин щIэтIысхьащ Владикавказ дэт мэкъумэш университетым и аспирантурэм. 1968 гъэм и кандидат диссертацэр ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIри, егъэджакIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къигъэзэжащ, икIи Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер (иджы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет) къызэIуахыху абы щылэжьащ. Псэм къыхиха IэщIагъэм Тэлэдин ноби хуэпэжщ.

## Узэгугъур къогугъуж

Мэкъумэш республикэм и дежкIэ уасэ зимыIэ лэжьыгъэщ адыгэ щIэныгъэлI пажэм и IуэхущIафэ псор, ар къэхутэныгъэ щIэныгъэ ирехъу, егъэджакIуэ IэщIагъэуи щрырети. Мэкъумэш академием къызэрыгуэкI и егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзэу щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и проректорым нэсыху Тэлэдин и пщэ дэлъащ къалэн куэд. Гудзакъэ иIэу зи IэнатIэ езыхьэкIырщ лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэфри, дэхуэха Iуэхур къэзыIэтыжыфри. Къэралым щекIуэкI кризисыр щIэныгъэми лъэIэсу дэхуэха щыхъум, Тэлэдин хуэдэу а къалэным пэлъэщын зэрыщымыIэр академием и унафэщIхэм къагурыIуэри, проректор къалэныр къыхуагъэфэщат. А зэманым щегъэжьауэ еджапIэм къыщыщIэрэщIэжауэ щыташ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр, и фIагъкIэ зиужьарэ икIи зиубгъуауэ, хэлъэт зиIэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэри къыхэша хъуауэ.

ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу, академием щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр я лъабжьэу, дунейм къытехьащ монографие 30-м щIигъу, щIэныгъэ конференцхэм къыщагъэлъэгъуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъих. КъэхутэныгъэщIэхэм патент иратащ. Мэкъумэш IэнатIэхэмкIэ министерствэм къигъэув къалэнхэм пэджэжырт къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри: мэкъумэшым и лэжьакIуэхэм, щхьэж и IэщIагъэ елъытауэ, къахуэщхьэпэну чэнджэщхэр ярыту тхылъ 20 яIэрыхьауэ щытащ. Езы Тэлэдин и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэр зи лъабжьэ лэжьыгъэрэ зэрырагъаджэ тхылъу 100-м щIигъу, монографиеу 4. А щIэныгъэлIым и унафэм щIэту кандидат лэжьыгъэу 5-рэ зы доктор диссертацэрэ пхагъэкIащ. Аграрнэ университетми Осетие Ищхъэрэми доктор диссертацэхэр пхыгъэкIынымкIэ я советхэм хэтщ.

КIуэкIуэр зэгугъуа щIэныгъэр республикэ псом хъеркIэ къегугъужащ!

# ФIыщIэ

КIуэкIуэ Тэлэдин лэжьыгъэу и пщэ дэлъым, къэхутэныгъэу илэжьым, тхылъу дунейм къытригъэхьэм, доктор диссертацэхэр пхыгъэкIынымкIэ советхэм зэрыхэтым и закъуэкъым ехъулIэныгъэу иIэр. Апхуэдэ хэкулIыр, егъэджакIуэр щIалэгъуалэм, гъуазэ яхуэхъун къэзылъыхъуэ щIэблэм яхэтыныр куэд дыдэ и уасэщ. Абы и дуней тетыкIэри, и лэжьэкIэри, и унагъуэри дахэщ, узэхъуэпсэн хуэдэщ. Тэлэдин чэнджэщэгъу къызэрыпхуэмыхъуфын Iуэхугъуэ щыIэу фIэщщIыгъуейщ, апхуэдизкIэ гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым хещIыкI, акъыл гъэтIысакIэ сыт хуэдэ Iуэхуми бгъэдохьэри. Захуагъэр, пэжыр и гъащIэ гъуазэщи, абы хуэмылажьэ, хуэмыпсэу цIыху хуэзэмэ, дигъуэр ехьэкI-къехьэкI хэмылъу жриIэнущ, игъэгупсысэнущ, игъэукIытэнущ... Арагъэнщ апхуэдиз ехъулIэныгъэ щIиIэри, зыхэтым пщIэ къыщIыхуащIри.

Мы тхыгъэм кIэух хуэтщIынщ КIуэкIуэ Тэлэдин щылажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым и ректор Апажэ Аслъэн жиIэр: «Сэ езгъэлейуэ къэслъытэркъым ди республикэм и аграрнэ щIэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъар КIуэкIуэ Тэлэдинрэ агромелиоративнэ институтым и япэ ректор ФиIэпщэ Борисрэщ жысIэкIэ. Нобэ дызэрыгушхуэн, дызыгъэлъапIэ ехъулIэныгъэ а щIэныгъэм щыдиIэмэ, фIыщIэр зыдэтлъагъун хуейр а цIыхуитIырщ».

**АБРОКЪУЭ Бэллэ**

*Нарт хъыбархэр*

# МафIэ дэпым и хъыбар

Зы нарт гъуэгу техьауэ жэщ къытехъуэри епсыхащ, и шым уанэ трихри, мафIэ ищIащ. МафIэм здыбгъэдэсым, испы шу къыбгъэдыхьэри къепсыхащ, ари мафIэм къыбгъэдэтIысхьащ.

ТIури мафIэм бгъэдэсурэ, зы дэп къэлъейри, испым и джанэ куэщIыр пхисыкIащ. Испым и джанэр зыщихри, мафIэм пэридзащ. Нартым зыри жиIакъым.

Нэху щыри, мафIэр зэщIагъэстыжащ. МафIэр зэщIагъэстыжауэ, зы дэп къэлъейри, нартым и джанэ куэщIыр пхисыкIащ. Дэпым пхисыкIа джанэр зыщихри, мафIэм пэридзащ нартым.

Испыр пыдыхьэшхыкIащ.

– Щхьэ удыхьэшхрэ? – еупщIащ нартыр испым.

– СыщIэдыхьэшхыращ, – жиIащ испым, – ди гуащэм и лъхуэгъуэ хъуауэ унэм сыкъикIати, дэпыр къэлъейуэ щIалэ къызэралъхуамкIэ хъыбар къыщызигъащIэм, сыгуфIэри, си джанэр мафIэм пэрыздзащ, гуфIапщIэ хъунщ жысIэри. Уэ щхьэ пэрыбдза уи джанэр мафIэм?

– Дэпыр къыщылъейм пэрыздзащ, дыгъуэпшыхь уэ зэрыпэрыбдзар слъэгъуати, – жиIащ нартым.

– Дэпым зи хъыбар къыпхуихьар пщIэрэ?

– СщIэркъым.

– УмыщIэмэ, сэ бжесIэнщ. Дэпым уэ къыпхуихьар хъыбар щIагъуэкъым: гъуэгу утетыху, фи бийр къыфлъихьэри, фи жылэр зэрипхъуащ. Абы и хъыбарщ дэпым къыпхуихьар, – жиIащ испым.

Шым зридзри, нартыр и бийм ялъежьащ.

# Ахынрэ испым я пщымрэ

Щхьэгуащэ псыхъуэ испыпщ дэст. Испыпщым пхъу дахэ иIэти, псэлъыхъур и куэдт. Нартхэми зэхахащ испыпщым ипхъу дахэм и хъыбар. Нарт щауэхэр лъыхъуащ испыпщым и пхъум. Къаритакъым, мыр къажриIащ:

– Си пхъур зэстынур Щхьэгуащэ псыхъуэ зэпрылъыфырщ.

Щхьэгуащэ псыхъуэ зэпрылъын къахэкIакъым нарт щауэхэм.

Нартхэ зы жэмыхъуэ яIэт, АхынкIэ еджэу. Нартхэ я жэмыхъуэри лъыхъуащ испыпщым и пхъум. И Iэхъуэ башыр къиищтэри, Ахын испыпщым деж кIуащ, башыр зыщIигъакъуэри, Щхьэгуащэ псыхъуэ зэпрылъащ.

Испым я пщым сыт ищIэжынт: и пхъур Ахын къритащ.

Испыпщым и пхъур ихьри, Ахын хъупIэм ихьэжащ.

И пхъур нартхэ я жэмыхъуэм зэрыритам хущIегъуэжащ испым я пщыр – къытрихыжын мурад ищIащ.

Ахын и Iэщыр хъуакIуэ дихуамэ, хъупIэр яуфэбгъурт, апхуэдизкIэ куэдти. Езыр чом дэст, чор къитIыхьри, щIытIым псы дигъэлъэдэжауэ. Гъуэлъамэ, тхьэмахуэкIэ къызэщыуртэкъым нартхэ я жэмыхъуэр. ТхьэмахуэкIэ жейрти, къызэщыужа нэужь, и Iэщыр хъуакIуэ дихурт, тхьэмахуэкIэ имыгъэхъуэкIуауэ ирихулIэжыртэкъым. Чом

къыщыдэкIкIэ башыр зыщIигъакъуэурэ щIытIым къызэпрылъ и хабзэт нартхэ я жэмыхъуэм.

Ахын и Iэщыр хъуакIуэ дихуауэ ирихьэлIэри, испым я пщыр чом дыхьащ, Iуэм ихьэри, шхалъэм зыдиудыгъуащ.

Испыпщым шхалъэм зыдиудыгъуауэ, Ахын къыдыхьэжащ, Iэщыр игъэзэгъэжщ, и Iэхъуэ башыр шхалъэм ириупсейри гъуэлъащ, жэщибл-махуиблкIэ жеин хуейти.

Ахын жея нэужь, испыпщыр шхалъэм къыдэкIащ, шхалъэм еупсея башыр ирибзэри, чом къыдэкIыжащ.

Тхьэмахуэкlэ жейри, Ахын къэтэджыжащ, шхалъэм еупсея башыр къиищтэри, Iэщыр къиутIыпщащ.

Iэщыр псым къызэприхури, Ахын башым зытригъэщIащ, щIытIым къызэпрылъын хуейти. ЩIытIым къыщызэпрылъым, башыр зэфIэщIыкIащ, испыпщым ирибзати. Башыр зэфIэщIыкIри, Ахын щIытIым дэхуащ; щIытIым къыдэкIыжыфакъым – псым итхьэлащ.

Испыпщым и пхъур чом къыдихыжри, Щхьэгуащэ псыхъуэ ихыжащ.

## Нартымрэ испымрэ

Зы нарт шурэ зы испы лъэсрэ гъуэгум щызэрихьэлIащ. ТIуми дадзыхын я щхьэ тралъхьакъым.

Нарт шур губжьащ, зихъунщIащ, ипкIащ-илъащ, гъуэгур къызэптыркъым жери.



Нартыр щихъу-щилъым, испыр жьым зэридзэ хъуащ.

Жьым зэридзэ щыхъум, испыр гъуэгу Iуфэм Iут чыцэм епхъуащ, жьым зримыгъэхьын щхьэкIэ.

– Сыт пщIэр? – хуилъащ нартыр испым.

– СщIэр плъагъуркъэ: чы къурагъ къэсщтэнурэ уи щхьэр къескъутэхынущ, – жиIащ испым.

– Iэгъу! Iэгъу! – жери нартым дидзыхащ.

# Я ГУМ ФIЫКIЭ КЪИНАЩ



Мы дунейм зы цIыхуи зэрымыщIэкIэ, мыхьэнэ имыIэу къытехьэркъым. Тхьэшхуэр къытхуэупсащ дыхэдэу гум Iэпих IэщIагъэр къыхэтхыну дызэрыхуитымкIэ. ФIыуэ плъагъу IэнатIэм уIуту цIыхум, дунейм сэбэп уахуэхъуным нэхъыфI сыт щыIэ?!

Хэти дохутырщ, хэти егъэджакIуэщ, хэти щIым йолэжь, хэти щIэныгъэлIщ, хэти усакIуэщ, хэти уэрэджыIакIуэщ. IэщIагъэу щыIэр куэдрэ къыубжэкIыфынущ, ауэ абы языхэзми гурэ псэкIэ убгъэдыхьэн хуейщ. Iэмал иIэкъым апхуэдэ лэжьыгъэм гу къылъамытэну, фIыщIэ ямыщIыну. Гуапагъэ, пэжыгъэ, цIыхугъэ яхэлъу дунейм тетахэм я цIэр фIыкIэ куэдрэ къраIуэ, езыхэр дунейм ехыжами.

Апхуэдэ цIыхухэм яхыубжэ хъунущ, шэч хэмылъу, Къатинэ Верэ. Хэку зауэшхуэр екIуэкIыу дунейм къытехьа сабийм зыхищIащ абы и бэлыхьхэр. И шыпхъу цIыкIумрэ Верэрэ пасэу адэншэу къэнащ. Гугъу ехьами, абыхэм я анэ Нану хузэфIэкIащ гъэсэныгъэ дахэ зэшыпхъуитIым яхилъхьэну, щIэныгъи IэщIагъи яритыну.

Верэ педучилищэр къиухри, распределенэкIэ егъэджакIуэу Аргудан Ипщэ школым ягъэкIуащ. НыбжькIэ щIалэми, имыцIыху гуп хэхуами, щытхъу псалъэ къилэжьыфащ.

ИужькIэ Аргудан курыт еджапIэ №1-м пенсэм кIуэхукIэ щылэжьащ, сабий нэхъ цIыкIу дыдэхэр тхэкIэ, еджэкIэ иригъасэу. Илъэс щэщIым щIигъукIэ сабий куэд иригъэджащ Верэ. Балигъ хъури, гъуэгу зэрызыхххэкIэ зэбгрыкIащ а сабийхэр, ауэ псоми я гум къинащ я япэ егъэджакIуэр.

Мэзкуу сымаджэщым пщIэрэ щIыхьрэ иIэу нейрохирургыу щылажьэ Бжьэдыгъу Мухьэмэд мыращ жиIэр и япэ егъэджакIуэм теухуауэ: «Школ жаIэмэ, уигу къэкIыжыр уи сабиигъуэр аращ. Япэ егъэджакIуэм и мыхьэнэр анэм и пэлъытэщ. Дэ анэ етIуанэу диIащ Къатинэ Верэ Хьэутий и пхъур. Классыр сабий 31-рэ дыхъурти, псоми бгъэдыхьэкIэ зырыз къытхуигъуэтащ, дыкъигъэдэIуащ абы. Сэ сощIэж къыддеджэ щIалэ цIыкIу гуэр япэ классым дыщIэсу сымаджэ дыдэ хъуауэ зэрыщытар. Абы и зэранкIэ школым къэмыкIуэфу куэдрэ сымаджэщым щIэлъат ар. КъэкIуэжа нэужь хьарзынэу къыткIэрыхуауэ къыщIэкIащ. Ауэ Верэ ар нэгъуэщI класс имыгъэкIуэжу елIалIэурэ къытлъэщIигъэхьэжат. Апхуэдэ егъэджакIуэхэрщ сабийхэм щапхъэ яхуэхъур, гъуэгу тезыгъэувэхэр. Сэри, къыздеджахэми дыпсэуху Верэ ди гум илъынущ цIыху гуапэу, щабэу, ди Анэ етIуанэу».

Аргудан курыт еджапIэм щылажьэ ЛIымахуэ Маринэ игу къегъэкIыж: «Верэ и нэIэ зытетахэм егъэджакIуэфI хъуа куэд къахэкIащ. ЦIыху щэджащэу, хабзэшхуэ, нэмыс дахэ хэлъу, егъэджакIуэ пажэу диIащ, акъыл къыдбгъэдилъхьащ, дигъэсащ. И IэщIагъэм дыдригъэхьэхати, и гъуэгум дрикIуащ. ЕгъэджакIуэ IэнатIэ гугъум пэрытащ цIыхум пщIэ къыхуащIу. ГъэсакIуэ гумызагъэу, егъэджакIуэ гъуэзэджэу щы-

тащ, лъагъуныгъэшхуэ къытхуиIащи, дыхуэарэзыщ, Алыхьыр арэзы къыхухъу!»

Илъэс бжыгъэ куэдкIэ зэныбжьэгъуу, зэдэлажьэу къэгъуэгурыкIуа МыкIуэф ШэIимэт Верэ щхьэкIэ жеIэ: «Илъэс 40-кIэ дызэдэлэжьащ Верэ сэрэ. Апхуэдизрэ си гъуса Верэ теухуауэ мыдахэу, мыфIу зыри схужыIэнукъым. Псом ящхьэр ар цIыху пэжу, нэмыс хэлъу зэрыщытарщ. Адыгэ цIыхубзым хэлъын хуей хьэл-щэн дахэ псори хэлът абы».

«ГъащIэм куэдым ущрохьэлIэ, щызэхыбох, зэрыжаIэщи, ар фэзэхъуэкIщ. Ауэ Къатинэ Верэ зы фэрэ зы хьэлрэ иIэу дунейм тетащ. ЦIыхуфIагъкIэ, хьэл-щэнкIэ, и IэщIагъэм зэрыхищIыкIымкIэ къилэжьащ ноби и цIэр фIыкIэ зэрыжаIэр». – Апхуэдэу тетщ школ блыным фIэлъ «ЩIыхь зиIэ ди егъэджакIуэхэр» пхъэбгъум.

Зи гугъу сщIы цIыхубзыр сэ си анэшхуэщ. ЗэрысщIэжрэ ди нанэ тхылъ еджэн фIэфIу щытащ. Уз куэд игъэващ, ауэ тIэкIунитIэ нэхъыфI къызэрыхъуу «Iуащхьэмахуэ» журналымкIэ Iэбэрт. Си гуапэ хъунт си нанэ Верэ теухуауэ стха усэр фи журналым къысхутевдзамэ.

* * *

*Си анэшхуэ Къатинэ Верэ и фэеплъу*

ЗэтеспIэм нэр, гупсысэм срехьэжьэ.
СылъэщIэмыхьэу сабиигъуэм сыхехьэж.
Уэрамым, аддэ, нанэ къыщыспожьэ.
И IэплIэм сису пщIантIэм сыдехьэж.

Си IитIыр быдэу и пщэм есшэкIауэ,
Ар сымыутIыпщ, страхыжын къысфIощI.
«УдэмыпкIей, ухъуа уэ цIыкIур пкIауэ?»
КъызжиIэурэ си нэкIум ба къыхуещI.

И гъэтIылъыгъэ щэхухэм срешалIэ.
Къыспэплъэу абы Iэджэ зэхуехьэс.
СрегъэтIысхьэ и пIэм къызэлIалIэу.
КъысфIощIыр си гуфIэгъуэр уафэм нэс.

Ар си хъыбар къодаIуэ зы жимыIэу,
КъыздилъэурэIэр щабэу погуфIыкI.
Абы нэхъ гъэщIэгъуэн щымыIэ хуэдэ,
Хъыбарыр сымыухыу збгъэдэмыкI.

Зэманыр блокI, ирахужьауэ пIащIэу.
Ухэмытыж уэ, нанэ, си пщэдейм.
Уи IэплIэм сызэрисыр сэ сфIэмащIэу,
Къызэтесхыну си нэр сыхуэмей.

**БЭЧБО-ШЫПШ Залинэ.**
*Аргудан къуажэ*

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ




*ЕкIуэкIыу:* **5.** Адыгэ усакIуэ. **6.** Зигу фIы къыпхуимылъ, фIыуэ укъэзымылъагъу цIыху. **10.** КъэкIыгъэ зытрасэ щIы Iыхьэ. **11.** «Гъуэжькуий» романыр зи IэдакъэщIэкI тхакIуэ. **12.** «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романыр зытхар. **13.** Iэмал имыIэу гъэзэщIэн хуейуэ уи пщэ дэлъ Iуэху. **15.** Пщэдейрей ... нэхърэ — нобэрей бзу *(псалъэжь)*. **16.** «... лъапсэ» — хьэрып тхакIуэ цIэрыIуэ Юсеф ас-Сибаи и роман. **17.** ... умыгъуэтмэ, сыкъэщтэж *(псалъэжь)*. **21.** БжыгъэкIэ мымащIэ, куэд. **22.** Уэзджынэ цIыкIу. **23.** Данэ щэкI пIащIэ лъэпкъ, и фIыпIэмкIэ тецIуукIыу. **25.** Псы, шэ, нэгъуэщIхэри зэрызэрахьэ щыкъу, и щIэмкIэ Iузэрэ и щхьэмкIэ быхъуу. **27.** Зи кIапэ лъэныкъуэм фIэгъэнапIэ иIэ пхъэ кIыхь; къурыкъу. **28.** Нэмэз щIыным и пэкIэ духьэ къабжурэ Iэри, напэри,

лъакъуэхэри зэратхьэщIым ироджэ. **29.** КIыщокъуэ Алим и «Хъуэпсэгъуэ нур» романым хэт лIыхъужь.

*Къехыу:* **1.** Адыгэ композитор, КъБАССР-м искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ. **2.** МахуэцIэ. **3.** Гъэм и зэман. **4.** Кууагъ зимыIэ. **7.** ПIастэ щащIкIэ къагъэсэбэп пхъэ хьэнцэ цIыкIу. **8.** IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм къыхэщыж адыгэ лъэпкъ. **9.** Гуныкъуэгъуэ, гупсысэ Iей. **14.** Уи ... къритхам уфIэкIынукъым *(псалъэжь)*. **15.** ... кIэлъыджэркъым, кIэлъокIуэ *(псалъэжь)*. **18.** Цы зэрадж е зэрыщIаджэж Iэмэпсымэ. **19.** УэрэджыIакIуэ, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист. **20.** Адыгэ режиссёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист. **23.** Гъудэбадзэ лIэужьыгъуэ. **24.** Зызогъэхьри — яшэм ..., зызогъашэри, яхьым ... *(псалъэжь)*. **26.** ЩоджэнцIыкIу Алий и усэ. **27.** Адыгэш лъэпкъ.



## Ещанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

*ЕкIуэкIыу:* **1.** Шэнтщ. **2.** ХьэщIэщ. **8.** Хьэхурэ. **10.** Псэ. **11.** ЩIым. **12.** Нобэ. **14.** Игурэ. **16.** Илъагъуу. **19.** Фащэм. **22.** УIэгъэ. **24.** Фыз. **25.** Щэн. **26.** Дзэр. **27.** Iутщ. **28.** Зэзым. **30.** Дахэщ. **33.** Зэкъуэш. **35.** Хуэщщ. **37.** ЕмыкIу. **38.** Хьэр. **40.** Лым. **41.** АнэкIэ. **42.** Къалэн. **43.** Мэшэс.

*Къехыу:* **2.** Напэ. **3.** Щхьэри. **4.** Ихуэ. **5.** ХьэщIэу. **6.** ЩIэми. **7.** Хьэнэф. **9.** Узэщэ. **13.** Бэщ. **15.** ГуIэ. **17.** Лъагъуныгъэ. **18.** Гъурыдзэрэ. **20.** Адыгэ. **21.** Мащэм. **22.** Уэрэд. **23.** Гъатхэ. **28.** Захуэщ. **29.** Зыщ. **31.** Хым. **32.** ЩакIуэр. **33.** Зэран. **34.** Шылэм. **36.** Щхьэл. **37.** Емыш. **39.** IэфI.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№4**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков,
Борис Бижоев, Адам Гутов, Хамид Кармоков,
Астемир Татроков, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Залина Истепанова (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 07.08.20. Выход в свет 31.08.20
Формат 70x108 $^{1}/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 11,7.Уч-изд. л. 14,0. Тираж 2.003 экз. Заказ №406
Подписная цена на 2 месяца 34р. 73к.
Подписная цена на 6 месяцев 104р. 19к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Ленинум и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, ООО «Тетраграф».